**J. PIRNIYAZOV, P. NURJANOV, J. UMATOVA**

# A’DEBIYAT

5-KLASS USHI’N SABAQLI’Q-XRESTOMATIYA

*Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Xali’q bilimlendiriw ministrligi tasti’yi’qlag’an*

*Yekinshi basi’li’mi’*

NO’KIS
«BILIM»
2015

UOK 83.3 (2-Qar)
P-67
KBK 630037(075)

**J. Pirniyazov, P. Nurjanov, J. Umatova. A'debiyat**. 5-klass ushi'n sabaqli'q-xrestomatiya. No'kis. «Bilim» 2015. 240 bet.

UOK 83.3 (2-Qar)
P-67
KBK 630037(075)

Pikir bildiriwshiler:

**M. Ma'mbetova** — *filologiya ilimlerinin' kandidati'*;
**J. Uspanova** — *Respublikali'q woqi'w-metodikali'q worayi'ni'n' jetekshi qa'nigesi;*
**P. Xalmuratova** — *No'kis qalasi', 28-sanli' uluwma worta bilim beriw mektebinin' qaraqalpaq tili ha'm a'debiyati' pa'ni mug'allimi;*
**S. Qa'dirimbetova** — *No'kis rayoni', 22-sanli' uluwma worta bilim beriw mektebinin' qaraqalpaq tili ha'm a'debiyati' pa'ni mug'allimi.*

**Respublika maqsetli kitap qori' yesabi'nan ijara ushi'n baspadan shi'g'ari'ldi'.**

ISBN 978-9943-327-11-5

**© «Bilim» baspasi', 2015.**

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI’NI’N’ MA’MLEKETLIK GIMNI

**So’zi:** I. Yusupov **Namasi’:** N. Muxammeddinov

Ja’yhun jag’asi’nda wo’sken bayterek,
Tu’bi bir, shaqasi’ mi’n’ bolar demek.
Sen sonday sayali’, quyashli’ yelsen’,
Ti’ni’shli’q ha’m i’g’bal sendegi tilek.

**Naqi’rati’:**

Diyqan baba na’pesi bar jerinde,
Juwsan an’qi’p, kiyik qashar sho’linde.
«Qaraqalpaqstan» degen ati’n’di’
A’wladlar a’diwler ju’rek to’rinde.

Aydi’n keleshekke shaqi’rar zaman,
Ma’rtlik, miynet, bilim jetkizer wog’an.
Xalqi’n’ bar azamat, dos ha’m mehriban,
Yerkin jaynap-jasnap, ma’n’gi bol aman.

**Naqi’rati’:**

Diyqan baba na’pesi bar jerinde,
Juwsan an’qi’p, kiyik qashar sho’linde.
«Qaraqalpaqstan» degen ati’n’di’
A’wladlar a’diwler ju’rek to’rinde.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

1. Sizler gimnnin’ qanday jerde ayti’latug’i’nli’g’i’n bilesizler me?
2. Gimn atqari’lg’anda adamlar wo’zlerin qalay tuti’wi’ kerek?
3. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ma’mleketlik gimnin namasi’ menen ayti’n’.

## BILIP QOYG'ANI'N'I'Z JAQSI'

### Yeste saqlan'!

**Gimn** so'zi grekshe *humnos* — saltanat yamasa maqtaw qosi'g'i' degendi an'latadi'. A'yyemgi grek poeziyasi'nda payda bolg'an lirikali'q janr. Grek gimnleri qudaylardi', qaharmanlardi', jen'impazlardi' maqtag'an. Gimnler emocional ta'sirshen' boli'p, ko'terin'ki stilde jazi'ladi'.

Ha'zirgi da'wirde gimnler ma'mleketlik ni'shan si'pati'nda jarati'lmaqta. Wolar ma'mleketti maqtani'sh yetetug'i'n qosi'qlar boli'p tabi'ladi'. Bul taqi'lettegi gimnlerde Watandi' su'yiw, woni' qa'dirlew, ma'mleketke sadi'q boli'w ideyalari' beriledi.

## G'A'REZSIZLIK JOLI' — AYDI'N JOL

### 1-SENTYABR—O'ZBEKISTAN RESPUBLIKASI'NI'N' G'A'REZSIZLIK ALG'AN KU'NI

### HESHKIMGE BERMEYMIZ O'ZBEKISTANDI'

Anadan tuwi'li'p, yerjetip wo'stik,
Appaq su'tin yemip, aq duzi'n ishtik.
G'a'rezsizlik ali'p, mol boldi' nesip,
Heshkimge bermeymiz O'zbekistandi'...

Qar jami'lg'an biyik tawlardi'n' basi',
Ata-ma'kani'mi'z topi'rag'i' hasi'l,
Ken' dala, woypatli'q gilemdey jasi'l,
Heshkimge bermeymiz O'zbekistandi'...

Bul u'lkenin' to'rt pasi'li' jaz bolg'an,
Ko'llerine u'yrek penen g'az qong'an,
Jer asti'na neft penen gaz tolg'an,
Heshkimge bermeymiz O'zbekistandi'...

G’a’rezsizlik da’wir ma’n’gige turg’ay,
Tabi’lmas heshqashan ja’nnet jer bunday,
Saqlaymi’z wo’zin’di ko’z qarashi’g’i’nday,
Heshkimge bermeymiz O’zbekistandi’...

Ti’ni’sh wo’mir tilep ha’r atqan tan’nan,
Bekkem birlik penen i’g’bali’ jang’an,
Ulli’ maqseti bar aldi’na qoyg’an,
Heshkimge bermeymiz O’zbekistandi’.

*(X. Saparov)*

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

1. G’a’rezsizlik degenimiz ne?
2. Qosi’qta O’zbekistanni’n’ g’a’rezsizlik ji’llari’nda yerisken tabi’slari’ qalayi’nsha su’wretlengen?
3. «Bul u’lkenin’ to’rt pasi’li’ jaz bolg’an» degen qosi’q qatari’ni’n’ ma’nisin tu’sindirin’.
4. Qosi’qti’ ko’rkemlep woqi’n’ ha’m yadlap ali’n’.

## KIRISIW

«A’debiyat» degen termin arabti’n’ «a’dep» so’zinen ali’n-g’an boli’p, wol bir jag’i’nan, turmi’sti’ ko’rkemlik penen tani’w degen ma’nini an’latsa, yekinshi jag’i’nan, xatqa tu’sirilgen, ja’miyetlik mazmung’a iye ko’rkem shi’g’armalar degendi bildiredi. Bul termin arqali’ qaraqalpaq a’debiyati’nda terme, tolg’aw, XIX a’sir qaraqalpaq klassik a’debiyati’nda qosi’qti’n’ a’lwan tu’rleri, g’a’zzel, yekilik, to’rtlik, sonday-aq lirikali’q poema ha’m da’stanlar tu’sinilgen. Al, folklorda bolsa a’debiyat «da’stanlar», «qi’ssalar», «yertekler», «naqi’l-maqallar», «jumbaqlar», «qosi’qlar», «ayti’slar», «an’i’z-a’n’gimeler» ha’m t.b. atamalar menen ju’rgizilgen.

Ko’rkem a’debiyat adamlarg’a wo’tmishimizdegi ha’m ha’zirgi zamandag’i’ turmi’s shi’nli’g’i’n ko’rkem obrazlar arqali’ su’wretlep beredi. Ha’rbir insan a’debiy shi’g’armalardi’ woqi’w arqali’ wolardan ta’sirlenedi, jaqsi’li’q ha’m jamanli’qti’n’ parqi’n tu’sinedi. Ana — Watang’a degen su’yis-penshilik sezimleri woyani’p, ruwxi’y du’nyasi’n bayi’tadi’. Na’tiyjede, wo’sip kiyati’rg’an jas a’wladti’ zaman talabi’na say ta’rbiyalawda duri’s jol-joba ko’rsetedi.

Ko’rkem a’debiyat awi’zeki ha’m jazba a’debiyat boli’p yeki tu’rge bo’linedi. Awi’zeki a’debiyattag’i’ «Tumaris», «Shi’raq» an’i’zlari’nda, «Alpami’s», «Qi’rq qi’z», «Yedige» h.t.b da’stanlari’nda wo’z xalqi’n, wo’z yelin si’rtqi’ ha’m ishki dushpanlardan qorg’awda u’lken ma’rtlik ko’rsetken xali’qti’n’ ul-qi’zlari’ maqtani’sh yetiledi.

Al, jazba a’debiyatta bolsa, qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ayani’shli’ turmi’si’, Xiywa xanli’g’i’ni’n’ zuli’mli’qlari’, dushpanlarg’a qarsi’ milliy azatli’q ha’reketleri, Jiyen Ji’raw-di’n’ «Posqan yel», A’jiniyaz shayi’rdi’n’ «Bozataw», Berdaq shayi’rdi’n’ «Aydos biy», «Amangeldi», «Yernazar biy» poemalari’nda ko’rkem so’z arqali’ bayanlaydi’. Bunda

tiykarg'i' maqset woqi'wshi'larg'a tek tariyxi'y mag'luwmat berip qoymastan, al wo'zlerinin' qaharmanli'q isleri menen tariyxta ati'n qaldi'rg'an ma'rt ata-babalari'mi'zdi'n' obrazlari' arqali' keleshek a'wladlardi'n' qa'lbinde wo'z tariyxi'y, a'debiy miyraslari'na bolg'an su'yispenshilikti, wolardi' qa'dirlep, qa'sterlew sezimlerin woyatadi'.

Ha'rqanday xali'qti'n' a'debiyati'n woni'n' tari'yxi'nan bo'lip ali'p qarawg'a bolmaydi'. Sebebi, tariyxta bolg'an yelewli waqi'yalar, ha'diyseler, ko'pshilikti izine yertip, haqi'yqatli'q ushi'n gu'resken tulg'alar, wo'z xalqi'ni'n' yerkinligi, basi'p ali'wshi'lardi'n' zuli'mli'g'i' menen jawi'z niyetlerine qarsi' gu'resiwshi insanlar haqqi'nda xali'qti'n' awi'zeki ha'm jazba a'debiy shi'g'armalari'nda so'z yetilgen.

# QARAQALPAQ XALI'Q AWI'ZEKI DO'RETPESI – XALI'Q AYNASI'

## XALI'Q AWI'ZEKI DO'RETPESI HAQQI'NDA TU'SINIK

Basqa xali'qlar si'yaqli' qaraqalpaq xalqi' da yele wo'zinin' xat jazi'wi'na, baspaso'zine iye bolmastan a'dewir buri'n-aq, wo'zinin' awi'zeki do'retpelerin «da'stanlar», «yertekler», «qosi'qlar», «jumbaqlar», «ayti'slar» ha'm t. b. da atamalar menen ju'ritip kelgen.

Wolarda xali'qti'n' arzi'w-a'rmanlari', tilekleri, qorshag'an wortali'qqa degen ko'zqaraslari' sa'wlelengen. Keyin ala awi'zeki do'retpelerdi qoldan ko'shirip, jazba tu'rinde xali'q arasi'na taratqan.

Xali'q awi'zeki do'retpelerinin' wo'zine ta'n wo'zgesheligi sonnan ibarat, wolardi'n' wo'z atqari'wshi'lari' bolg'an. Xali'q awi'zeki do'retpelerinin' bizge shekem jetip keliwinde atqari'wshi'lardi'n' xi'zmeti wog'ada u'lken. Ma'selen, da'stanlardi' baqsi'-ji'rawlar atqarg'an, qi'ssaxanlar woqi'g'an. Bulardan basqa, xali'q awi'zeki do'retiwshiliginin' ha'rqi'yli' janrlari'ni'n' ken'nen tarali'wi'nda yertekshiler, qosi'qshi'lar, shayi'rlar, naqi'lshi'lar, qullasi' so'zge sheshen adamlar u'lken xi'zmet islegen.

Qosi'qlar menen da'stanlardi', terme-tolg'awlardi' milliy namalari'mi'zg'a qosi'p, ji'raw menen baqsi'lar qobi'z ha'm duwtar ja'rdeminde atqarg'an. Xali'q awi'zeki do'retiwshiliginin' u'lken bir bo'legin balalar qosi'qlari', jan'i'ltpashlar, jumbaqlar, naqi'l-maqallar quraydi'. Wolar kishkenelerdin' sanasezimin wo'siriwde, til alg'i'sh, haq kewilli insan boli'p ka'malg'a keliwinde u'lken a'hmiyetke iye.

Balalarg'a arnalg'an «Tu'lkishek», «A'welemen-du'welemen», «Ha'kke qayda?», «Ha' tu'yeler, tu'yeler» si'yaqli' qosi'qlar, sonday-aq yertekler, naqi'l-maqallar, jumbaqlar, da'stanlar do'retilgen. Bul do'retpeler aradan birneshe ju'z ji'llar wo'ti-

wine qaramastan, atadan-balag'a, a'wladtan-a'wladqa wo'tip, bu'gingi ku'nge jetip kelgen. Wonday do'retpeler bizin' zamani'mi'zg'a wo'zgerissiz kelip jetpesten, wolardi' aytqan ha'rbir adam woni'n' geypara jerlerine wo'z betinshe qosi'p, ayi'ri'm jerlerin qaldi'ri'p ketip aytqan. Sonli'qtan, wonday shi'g'armalardi'n' uluwma mazmuni' saqlang'ani' menen, wolar ha'r tu'rli boli'p ayti'lg'an.

Demek, xali'q awi'zeki a'debiyati' a'yyemgi zamannan berli ha'rbir xali'qti'n' yen' ag'la ruwxi'y du'nyasi' boli'p tabi'ladi'. Sonli'qtan, woni'n' wo'sip kiyati'rg'an jas a'wladti'n' ha'r ta'repleme jetilisken, ka'mil insan boli'p jetilisiwindegi a'hmiyeti ju'da' u'lken.

## BALALAR QOSI'QLARI'

Xalqi'mi'z balani' wo'zinin' keleshegi, ibratli' islerinin' dawamshi'si', u'lkeygende yeldin' ari'n arlawshi', ji'ri'n ji'rlawshi' a'wlad si'pati'nda wolardi'n' ta'lim-ta'rbiyasi'na ayri'qsha kewil bo'lgen. Usi' maqsette balalardi'n' woylaw qa'biletine, ruwxi'y du'nyasi'na sa'ykes keletug'i'n shi'g'armalar do'retilgen. Usi'lardi'n' biri — balalar qosi'qlari'.

Qaraqalpaq folklori'n izertlewshiler balalar qosi'qlari'n to'mendegi u'sh tu'rge bo'lgen:

1. Taqmaq qosi'qlar.
2. Woyi'n-zawi'q qosi'qlari'.
3. Wo'tirik wo'len'ler.

Balalar qosi'qlari'ni'n' ishindegi yen' ken' tarqalg'ani' «Tu'lkishek» qosi'g'i', wonda tu'lkishek penen bala wortasi'nda soraw-juwap ju'rgiziledi. Qosi'qti'n' ta'rbiyali'q a'hmiyeti u'lken. Balani' teren' woylawg'a, tapqi'rli'qqa, duri's so'ylewge, so'zlerden wori'nli' paydalani'wg'a u'yretedi.

«Ha' tu'yeler, tu'yeler» qosi'g'i' da balalardi'n' qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n artti'radi'. Jen'il til menen jazi'lg'an qosi'q qatarlari' arqali' balalarg'a poeziya ku'shin, go'zzalli'q sezimlerin sin'dire alg'an.

Qosi'q qatarlari'ndag'i' «Tu'yeler», «Duzi'n' qayda», «Jemis», «Juwsan», «Qoy», «Qoshantay», «Qonaq», «Qamshi'si'n ko'lge tasladi'», «Ko'l», «Su'yrik», «G'az», «Ma'yek» degen so'zler xali'qti'n' ku'n-ko'risine, ka'sibine tiyisli

yekenligi a'piwayi' ug'i'mlar menen an'sat ha'm i'qsham yetip tu'sindirip tur.

Ha'tteki, «Qoshantayi'n qonaqqa berdim» — dep balalarg'a qaraqalpaq xalqi'na ta'n miymandosli'q da'stu'rin uqti'radi'.

«Jawma ku'nim, jawma» qosi'g'i' bolsa, xalqi'mi'zdi'n' diyqanshi'li'q ka'sibine baylani'sli' do'retilgen. Bul taqmaq qosi'g'i' balalardi'n' diyqan ata-analarg'a tilekleslik ideyasi'nan do'regen.

Woyi'n-zawi'q qosi'qlari'ni'n' ishinde «Ha'kke qayda?», «A'welemen du'welemen» qosi'qlari' di'qqatqa i'layi'q.

«Ha'kke qayda?» soraw-juwap woyi'ni' arqali' balalarg'a keste tigiwden baslap, sanlardan az-azlap («yeki atlasan' wo'tesen'») tu'sinikler beriwge, «jarti' nannan bir nanni'n'» ko'birek yekenligine, woyi'n arqali' qusti', kesteni, da'rwazani', san birligin, paydani' ug'i'p, ku'ndelikli turmi'sqa beyimlestiredi.

Al, «A'welemen du'welemen» qosi'g'i'nda san birligi, ji'l ma'wsimleri haqqi'nda tu'sinik beriledi. Uluwma aytqanda, a'piwayi' g'ana woyi'n qosi'qlari'nda qanshama si'r jati'r deysen'.

«Wo'tirik wo'len'ler» balalardi'n' sana-sezimin, sezgirligin, woylaw qa'biletin, tapqi'rli'g'i'n, ziyrekligin rawajlandi'ri'wda ayri'qsha ta'rbiyali'q a'hmiyetke iye. «Wo'tirik wo'len'ler» adamlardi' ha'm ku'ldiredi, ha'm woylandi'radi', ha'm turmi'sli'q jag'daylardi' tani'wg'a bag'dar beredi.

«Wo'tirik wo'len'ler» yertektin' qosi'q tu'rinde jazi'lg'an bir u'lgisi boli'p, balalardi' xosh kewilli ku'lki la'zzetlerine bo'leydi.

## TU'LKISHEK

— Ha' tu'lkishek, tu'lkishek,
Tu'nde qayda barasan'?
— Mamamni'n' u'yine baraman.
— Maman' sag'an ne berer?
— Yeshki sawi'p su't berer.
— Yeshkisinin' su'ti joq,
I'lag'i'ni'n' puti' joq.

— Taram-taram yet berer.
— Woni' qayda qoyasan'?
— Tal tu'bine qoyaman.
— Iyt ali'p ketse ne qi'lasan'?
— Iyt awzi'nan alaman,
Bati'y xang'a baraman.
— Bati'y xanni'n' nesi bar?
— Ushar-ushar qusi' bar.
— Ushi'p ketti hawag'a,
Qayti'p tu'sti da'ryag'a,
Da'rya suwi'n quri'tti',
Aq shabag'i'n shiritti,
Yeki baydi'n' jurti'nda,
Yeki ti'shqan uri'sti'.

## HA'KKE QAYDA?

— Ha'kke qayda?
— Uyasi'nda.
— Ne qi'li'p ati'r?
— Keste tigip ati'r.
— Kestesi qanday?
— Alaqanday.
— Kimler ushi'n?
— Begler ushi'n.
— Da'rwazani'n' awzi' qaydan?
— Wo'te berin' bunnan.
— Neshe atlasam wo'temen?
— Yeki atlasan' wo'tesen'.
— I'rjaqlaysan' ba?
Birjaqlaysan' ba?
— Birjaqlayman.
— Jarti' nan jeysen' be?
— Pu'tin bir nan jeymen.
— Al basla.

## A'WELEMEN, DU'WELEMEN

— A'welemen, du'welemen,
Salqan iyttin' sani' menen,

Qara qoydi’n’ qani’ menen.
A’wez molla qayda ketti?
— Duzg’a ketti.
— Qashan keler?
— Jaz keler.
— Jaz kelmese?
— Gu’z keler.
— Pa’lla’mpish.
— Sen tur,
Sen shi’q.

## HA’ TU’YELER, TU’YELER

— Ha’ tu’yeler, tu’yeler!
— Duzi’n’ qayda tu’yeler?
— Balqan tawdi’n’ basi’nda,
Bali’q woynar tusi’nda.
Jemisim jerge to’gildi,
Jer juwsani’n berdi,
Juwsani’n qoyg’a berdim.
Qoy qoshantayi’n berdi,
Qoshantayi’n qonaqqa berdim.
Qonaq qamshi’si’n berdi,
Qamshi’si’n ko’lge tasladi’m.
Ko’l su’yrigin berdi,
Su’yrigin g’azg’a berdim,
G’az ma’yegin berdi.

## WO’TIRIK WO’LEN’

Men wo’zim jas gezimde baqa baqti’m,
Baqamni’n’ ari’g’i’na jabi’w japti’m.
Qurbaqam Wori’nborg’a ushi’p ketti,
Bir baqa su’yinshi ayti’p zorg’a tapti’m.

Qoy qi’li’p qumi’ri’sqamdi’ qozi’ baqti’m,
Qon’i’zdi’ ingen qi’li’p men bozlatti’m.
Basi’nda may to’benin’ shaqmaq shaqti’m,
Jarati’p kesirtkeni atqi’p shapti’m.

Bizlerge wo’tirik so’z buyi’rmag’an,
Bo’deneni tezek dep wotqa jaqti’m.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

1. Qosi’qlarda ushi’rasqan u’y haywanlari’ni’n’ atlari’n ayti’p berin’.
2. Balalar qosi’qlari’ ishinde sizge qaysi’ qosi’q ko’birek unadi’?
3. Bul qosi’qlar ha’m woyi’nlar sizlerge tani’s pa?
4. Qosi’qlardi’ rollerge bo’lip atqari’n’.
5. «Wo’tirik wo’len’ler» qosi’g’i’n yadlap ali’n’.

## JUMBAQLAR

**Jumbaq** — xali’q awi’zeki do’retpelerinin’ bir tu’ri. Az so’z benen ko’p ma’ni beretug’i’n ha’m woylani’p sheshiliwdi talap yetetug’i’n juplasti’ri’li’p ayti’lg’an so’z. Jumbaq so’zinin’ wo’zi «judi’ri’qqa jasi’ri’lg’an na’rseni tap» degen tu’sinikti beredi. Haqi’yqati’nda da, jumbaqti’ bir adam aytadi’, yekinshi bir adam woni’ sheshedi. Jumbaq uzaq ji’llar dawami’nda wo’mir su’rdi. Wo’tken waqi’tlarda wot basi’nda, mereke-meyliste keshki payi’tlarda naqi’l, jumbaq, jan’i’ltpash, qosi’q, da’stan ayti’p wo’tkeriw — qaraqalpaq awi’llari’nda wog’ada sa’n-saltanatli’ da’stu’r bolg’an. Jumbaqlar mazmuni’na qaray ha’r qi’yli’ boli’p keledi. Ku’ndelikli turmi’sta ju’da’ za’ru’r bolg’an u’y-ruwzi’gershilik zatlar ha’m buyi’mlar, jani’warlar, ta’biyat ha’m ta’biyat qubi’li’slari’, dani’shpanli’q haqqi’nda ha’m tag’i’ basqa temalar do’gereginde jumbaqlar ushi’rasadi’.

## JUMBAQ U’LGILERI:

**1.** Kewlin’e nur shashi’p tur,
Ha’r qag’azi’ so’ylep tur.

**2.** Tarsi’ldap jerge tu’sedi,
Woni’ ko’rgen balalar,
Quwi’rmash pa desedi?
Ku’nnin’ ko’zin ko’riwden,
G’ayi’bana boli’p ketedi.

**3.** U’zip ali’p ko’kleyden,
Ko’kleyinde ko’p jeysen’.

Sarg'ayi'p pisip ketken son',
Jewdi u'rdis yetpeysen'.

**4.** Uzi'n-uzi'n uz kiyati'r,
Uzi'n boyli' qi'z kiyati'r.
Qasqanasi' qalti'rap,
Ko'zgenesi ji'lti'rap.

**5**. Du'nyada tamam na'rsenin' ati' bar.
Bir na'rsenin' ati' joq.

**6**. Won yeki tu'ye.
Won biye,
Tog'i'z si'yi'r,
Bes yeshki
Yeki yari'm qoyan,
U'sh tu'lki.

**7**. Alti'n ayaq, gu'mis ayaq,
Juwi'ri'p jete almadi'm jalan'ayaq.

**8**. Aspannan gu'bi tu'sti,
Gu'binin' tu'bi tu'sti.

**9**. Qal degende qalmaydi',
Wo'zi ju're almaydi'.

**10**. Jerden shi'g'ar tarali'p,
Tum-tusi'na qarani'p,
Jigit ag'asi' bolg'anda,
Basi'na sa'lle worani'p.

**11**. Uzi'n terek, ishi gewek.

**12**. Wo'zi da'nnen tuwi'lg'an,
Beli qi'si'p buwi'lg'an,
U'y ishindegi si'pi'ri'q,
Aldi'na tu'sip juwi'rg'an.

**13**. Qarap tursam ta'wir gilem,
Ko'tere almas awi'r gilem.

**14**. Ayag'i' joq qashadi',
Qanati' joq ushadi'.

**15**. To'rt tayag'i' bar,
Segiz tuyag'i' bar,
Uzi'n qamshi'si' bar,
To'rt bulag'i' bar,

Qos nayzasi' bar,
Adamg'a paydasi' bar.

**16**. Sahra sho'lde jasag'an,
Ku'ta' u'rkek qashag'an.
Ayni'mag'an kelbeti,
Tap yeshkige usag'an.

**17**. Ha'r ta'repke ushadi',
Gu'l po'pegin qushadi'.
Ku'ni menen tapqani'n,
Bir i'di'sqa qosadi'.

**18**. Qarmaqtay yeki ayag'i',
Tumsi'g'i'nda tayag'i'.
To'besinde gu'li bar,
Alabajaq tu'ri bar.
Ko'p shi'rayli' ba'ha'rde,
Qosi'q aytqan ma'ha'lde.
Ju'zi to'men turadi',
Basi'n yekshep uradi'.

**19**. Bir wo'simlik dolang'an,
Quri' japi'raq worang'an.
Diyqan su'yip yegedi,
Awqat ushi'n jaralg'an.

**20**. Awzi' pitew aq wotaw,
Awzi' murni' joq wotaw,

**21**. Jerge tu'sse shapshi'g'an,
Balalar woynap qaqshi'g'an.

**22**. Tetigin bassan' jalt yetken,
Qaran'g'i'ni' jaqti' yetken.

**23**. Pisse qi'zi'l monshaq deysen',
Ko'p miyweden buri'n jeysen'.

**Jumbaqlardi'n' juwabi':**

1. Kitap. 2. Burshaq. 3. Qi'yar. 4. Ji'lan. 5. Pi'shi'qti'n' balasi'. 6. Usi' haywanlardi'n' tuwi'latug'i'n waqti'. 7. Ko'len'ke. 8. Gu'ldirmama, jawi'n. 9. Ko'len'ke. 10. Ju'weri. 11. Qami's 12. Sipse. 13. Jer. 14. Tu'tin. 15. Si'yi'r. 16. Kiyik. 17. Pal ha'rresi. 18. Wo'pepek. 19. Kapusta. 20. Ma'yek. 21. Top. 22. Shi'ra. 23. Shiye.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar*:**

1. Jumbaqlar qanday wo'zgeshelikke iye?
2. Berilgen jumbaqlardi' woqi'n', sheshimin bilip, ma'nisin tu'sindirin'.
3. U'yde wo'z betin'izshe birneshe jumbaq jazi'p kelin'.
4. «Soraw-bizden, juwap sizden» woyi'ni'n wo'tkerin'.

## JAN'I'LTPASHLAR

Qaraqalpaq awi'zeki a'debiyati'ni'n' yerteden kiyati'rg'an belgili bir tu'ri — **jan'i'ltpashlar**. Woni' xalqi'mi'z atadan-balag'a miyras yetip qaldi'ri'p, usi' waqi'tqa deyin qi'zi'g'i'p ayti'p kiyati'r.

Jan'i'ltpashlardi'n' buri'nnan ayti'li'p ju'rgen u'lgileri menen bizge ha'zirgi ku'nnin' talabi'na i'layi'q jan'a tu'rleri de payda boli'p, baspaso'zde ja'riyalanbaqta.

Jan'i'ltpash balalardi'n' duri's ha'm shaqqan so'ylew uqi'pli'li'g'i'n rawajlandi'ri'wda ku'ta' a'hmiyetli. Woni' duri's ayti'w ushi'n ayti'wshi'ni'n' wo'zi tez ha'm jan'i'lmay ayti'wi' kerek.

Al, jan'i'ltpashti' u'yreniwshi woni' duri's ayti'wda so'zlerdi qaytalap ayti'p, wol so'zlerdin' ma'nisin tu'sinip ali'wdi' talap yetedi. Usi' jag'dayda g'ana wol jan'i'ltpashti' duri's ha'm tez aljaspay ayta aladi'. Jan'i'ltpash — qaytalani'p tez ayti'la-tug'i'n, aljasti'rmay woylani'p ayti'wdi' talap yetetug'i'n xali'qti'n' ko'rkem so'z wo'neri.

Juwbaqlar woylani'p sheshiwdi talap yetse, naqi'l-maqallar az so'z benen ko'p ma'nis berse, jan'i'ltpashlar tildi shi'ni'qti'ri'wg'a ha'm jan'i'lmay tez so'ylewge u'yretedi.

## JAN'I'LTPASH U'LGILERI:

**1.** Sheshe, keshe neshe kese si'ndi',
Keshe sheshe neshe kese si'ndi'.

**2.** Ketpennin' basi'n bassa,
Tiyedi sabi' basqa.
Al yeger sabi'n bassa,
Tiyeme basi' basqa.

**3.** Qi'rda qi'rq qi'rg'awi'l,
Qi'rq qi'rg'awi'l ishinde,

Qi’rq ji’l qi’si’r qalg’an,
Qi’zi’l qi’l quyri’qli’ qi’rg’awi’l.

**5.** Apam menin’ ko’ylegime,
Jan’a jag’a saldi’.
Jan’a jag’ani’,
Jan’a saldi’.

*(Xali’q awzi’nan)*

## HA’ZIRGI DA’WIRDEGI JAN’I’LTPASHLARDAN U’LGILER

### I

Menin’ atam yertek aytar,
Arasi’nda ji’l qaytarar,
Qartaysa da quwnaq yele,
Jaylaw jaqtan mal qaytarar,
Qartaysa da tez qaytarar...

*(X. Saparov)*

### II

Qami’rdi’ men zuwalaladi’m,
Zuwalalag’anda da tez zuwalaladi’m.
Ba’rin tep-ten’ zuwalaladi’m...

*(R. Yernasheva)*

### III

Bizin’ ko’she,
Sizin’ ko’she,
Bizin’ ko’shede ko’p sho’je,
Sizin’ ko’shede ko’p sho’je,
Ba’ri de ko’p sho’je,
Ko’p sho’je-ko’k sho’je,
Ko’k sho’je-ko’p sho’je...

## IV

Aq sho'je, sari' sho'je, qi'zi'l sho'je,
Anaw shetki bizin' sho'je,
Qaysi'si' sizin' sho'je,
Qaysi'si' bizin' sho'je...

## V

Jol shetinde ana g'arg'a,
Ana g'arg'a ala g'arg'a,
Ala g'arg'ani'n' qasi'nda bala g'arg'a,
Ala g'arg'a bala g'arg'a,
Ba'rin tuwg'an ana g'arg'a,
Ana g'arg'a da ala g'arg'a.

*(W. Xojaniyazov)*

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar*:**

1. Jan'i'ltpashlardi' ata-babalari'mi'z ne ushi'n do'retti?
2. Jan'i'ltpash dep nege aytami'z?
3. Berilgen jan'i'ltpashlardi' aljaspay qayta-qayta woqi'n'. So'zlerdi tez ayti'wda qa'telespen'.
4. U'yde wo'zlerin'iz woqi'g'an yamasa yesitken jan'i'ltpashlardan yekewin jazi'p kelin'.
5. «Jan'i'ltpashtan jan'i'lmayman» estafeta jari'si'n wo'tkerin'.

## NAQI'L-MAQALLAR

Turmi'sta ushi'rasatug'i'n tu'rli ha'diyselerge baylani'sli' tuwri'lap, naqma-naq juplasti'ri'p ayti'lg'an ma'nili so'zler naqi'l dep ataladi'. Tilimizde qollani'li'p ju'rgen naqi'l-maqallar uzaq da'wirlerden berli xali'q awzi'nda saqlani'p kelip, atadan-balag'a, awi'zdan-awi'zg'a wo'tip, pisip jetilisken, qa'liplesken obrazli' so'zler.

Diyqanlar wo'z turmi'si'nan: «Ne yeksen' soni' worasan'», «Qoli' qi'ymi'ldag'anni'n' awzi' qi'ymi'ldaydi'», «Jer aydasan' gu'z ayda, gu'z aydamasan' ju'z ayda» si'yaqli' naqi'llardi' do'retse, sharwalar: «At awnag'an jerde tu'k qalar», «Aqsaq qoy jati'p semirer» dese, sawdag'a baylani'sli': «Arzan satqan tez satar», «Puli' arzanni'n', sorpasi' tati'mas», ha'm t.b. usi' si'yaqli' naqi'l-maqallardi' do'retken.

Naqi’l-maqallardi’n’ bahali’ boli’w sebebi, ko’binese mi’sal tu’rinde ayti’ladi’. Astarli’ ma’nige iye boladi’. Sonli’qtan so’ylewshi adam wo’z pikirine i’layi’qli’ degen naqi’l-maqaldi’ saylap ali’p, so’ylew bari’si’nda qa’legen wori’nda qollana beredi: «Birewge go’r qazba, wo’zin’ tu’sersen’», «So’z ju’yesin tapsa, mal iyesin tabadi’», «A’jelli g’arg’a bu’rkit penen woynaydi’» si’yaqli’ naqi’l-maqallar xali’q awzi’nda wog’ada ko’p.

Naqi’l-maqallar yadlap ali’wg’a qolayli’, ku’ta’ qi’sqa, jup-lasti’ri’p ayti’ladi’.

Naqi’l-maqallar mazmuni’na qaray Watandi’ qorg’aw, miynet yetiw, birlik, dosli’q, a’dillik ha’m haqi’yqatli’q tuwrali’, diyqanshi’li’q, sharwashi’li’q, bali’qshi’li’q ha’m saw-dag’a baylani’sli’, tazali’q, densawli’qqa baylani’sli’, ta’biyat qubi’li’slari’, ji’l ma’wsimlerine baylani’sli’ ha’m tag’i’ basqa da tu’rlerge bo’linedi.

***Sorawlar:***

1. Naqi’l-maqallardi’n’ jumbaq ha’m jan’i’ltpashlardan wo’zgesheligi qanday?
2. Naqi’l-maqallar arqali’ nelerdi u’yrenemiz?
3. Ne ushi’n «Aqi’l ko’rki — naqi’l» delinedi?

## NAQI’L-MAQALLAR U’LGILERINEN

### I

**1.** Xali’q aytsa, qali’p aytpaydi’.
**2.** Yer jigit yeli ushi’n tuwi’ladi’,
Yeli ushi’n wo’ledi.
**3.** Bati’r yel i’ri’si’,
Jawi’n jer i’ri’si’.
**4.** Ko’p tu’kirse, ko’l bolar.
**5.** Ko’pti jamanlag’an ko’miwsiz qaladi’.

### II

**1.** Alti’n wotta belli,
Adam miynette belli.
**2.** Ne yeksen’, soni’ worasan’.

**3.** Ken’esli yel azbas,
Ken’ kiyim tozbas.

**4.** Altaw ala bolsa,
Awzi’ndag’i’ni’ aldi’rar,
To’rtew tu’wel bolsa,
To’bedegini tu’sirer.

**5.** Shi’n dos basi’n’a is tu’skende biliner.

**6.** Dos ji’lati’p, dushpan ku’ldirip aytadi’.

**7.** Jaqsi’li’q jerde qalmas.

**8.** Betke aytqanni’n’ ayi’bi’ joq.

## III

**1.** Alti’n, gu’mis tas yeken,
Arpa, biyday as yeken.

**2.** Miynet yetpey yelge wo’kpeleme,
To’gin to’kpey jerge wo’kpeleme.

**3.** Jalqawdi’n’ jani’ tatli’,
Miynettin’ nani’ tatli’.

**4.** Yen’bek yetsen’, yemersen’.

**5.** Jigerli jumi’s basi’nda,
Jalqaw u’ydin’ qasi’nda.

**6.** Ha’reketke bereket.

**7.** Qapta qalg’ansha,
Tapta qalsi’n.

**8.** Jer qatti’ bolsa,
Wo’giz-wo’gizden ko’redi.

**9.** Sali’ni’n’ arqasi’nda,
Shigin suw ishedi.

**10.** Yegin yeksen’, yerte yek,
Ag’ash tiksen’, ba’ha’r tik.

**11.** Yekkende joq, tikkende joq, qi’rmanda tayar.

**12.** Ag’ash yekpegen sayasi’nda jatpas.

## IV

**1.** Ayamawi’z alti’ ku’n,
Alti’ ay qi’stan qatti’ ku’n.

**2.** Qi’li’shi’n su’yrep qi’s kiyati’r.

3. Ji’ldi’n’ kelisi Nawri’zda belli.
4. G’az kelgeni, jaz kelgeni.

## V

1. Densawli’q — teren’ bayli’q.
2. Yerte jati’p, yerte tur,
Bedenin’ bolsi’n salamat.
3. Tazali’q — densawli’qti’n’ girewi.
4. Awi’ri’w astan,
Daw qari’ndastan.
5. Densawli’qti’n’ qa’dirin bil,
Qa’ste bolmastan buri’n.
6. Awi’ri’w qalsa da,
A’det qalmaydi’.

## VI

1. Woqi’san’ wozarsan’,
Woqi’masan’ tozarsan’.
2. Bilimli yerge nur jawar.
3. Wo’zin’ bilsen’ basqag’a u’yret.
4. Woqi’w — woy azi’g’i’,
Bilim — yer azi’g’i’.
5. Jigitke qi’rq wo’ner de az.
6. Bilim — aqi’ldi’n’ shi’rag’i’.
7. Jasta alg’an bilimin’,
Tasqa jazg’an xat penen ten’.
8. Aqi’l ko’pke jetkizer,
Wo’ner ko’kke jetkizer.
9. Ustazi’ jaqsi’ni’n’ ustami’ jaqsi’.
10. So’z gu’mis, u’ndemew alti’n.
11. Til — buwi’nsi’z, woy — tu’psiz.
12. U’ndemegen u’ydey ba’leden quti’ladi’.
13. Duri’s so’z qi’li’shtan wo’tkir.
14. Ata na’siyati’n ko’p alg’an ka’tquda boladi’.
15. Ata dan’qi’ menen ul wo’sedi,
Ana dan’qi’ menen qi’z wo’sedi.

## VII

**1.** U'ydegi yesapti' bazardag'i' ni'rq buzar.
**2.** Alarmang'a altaw az,
Berermenge besew ko'p.
**3.** Ko'plegen qonaq atqaradi'.
**4.** Bardi'n' bazari' jani'nda,
Joqti'n' bazari' yadi'nda.
**5.** Qassap tani'si'na su'yek beredi.
**6.** Arzan satqan tez satar.
**7.** Biyda'wlet bazarg'a barsa,
Sum xabar tabadi'.

**So'zlik**

**yegleme** — irikpe
**ayamawi'z** — ma'wsimlerdin' almasi'w waqti'nda ayazli' ku'nler.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Naqi'l-maqallardi' dawi'slap woqi'n'. Ma'nisin tu'sindirin'.
2. Naqi'l-maqallardi' mazmuni' jag'i'nan tu'rlerge aji'rati'n'.

# YERTEKLER JAQSI'LI'QQA JETEKLER

## YERTEKLER HAQQI'NDA TU'SINIK

Awi'zeki xali'q do'retpesinin' arasi'nda yen' ko'p taralg'an, yen' bay ha'm yeski tu'rinin' biri — **yertekler**. Adamni'n' minez-qulqi'n, adamlar arasi'ndag'i' qatnaslardi'n' turmi'sta bolg'an waqi'ya tu'rinde shi'nli'q yamasa qi'yali'y, astarli' ha'm ku'lkili tu'rde su'wretlep beriwshi awi'zeki gu'rrin'ler — **yertek** dep ataladi'.

Yertekler mazmuni'na qaray to'mendegishe bo'linedi.

1. Qi'yali'y yertekler.
2. Haywanat haqqi'ndag'i' yertekler.
3. Turmi'sli'q yertekler.

Qi'yali'y yerteklerde tiykari'nan adamlar menen birge da'wler, periler, aydarhalar, ji'lanlar, ka'ramatli' quslar, terekler, taraqlar, aynalar, qi'li'shlar, gilemlerdin' ushi'wi', suwdi'n', tasti'n' so'ylewi, awqat tayarlaytug'i'n dasturqanlar qatnasadi'. Qi'yali'y yerteklerge «Ti'yi'n», «Ten'izdi tolti'rg'an

yegiz bati'rlar», «Alti'n tawi'q», «Alti'n basli' aydarha» yertekleri kiredi.

Haywanatlar haqqi'ndag'i' yerteklerde tiykari'nan tu'lki, qoraz, shag'al, qasqi'r, g'arg'a, ti'shqan, yeshki, qoy, wo'giz, tu'ye, ari'slan, jolbari's, yeshek, qurbaqa, qoyan, bo'dene si'yaqli' haywanlar qatnasti'ri'ladi'. Wolarg'a «Tu'lki, tasbaq, taskene», «Sumli'g'i' basi'na jetken tu'lki», «Shonti'q tu'lki» yertekleri kiredi.

Turmi'sqa baylani'sli' yertekler qi'yali'y ha'm haywanatlarg'a baylani'sli' yerteklerden turmi'sqa, wo'mirge jaqi'nli'g'i' menen aji'rali'p turadi'. Wolarda adam wo'mirinin' ha'r qi'yli' ta'replerine kewil bo'linedi. Turmi'sli'q yerteklerde aqi'lli' ha'm aqmaq patshalar, sheshen, jetim bala ha'm qi'zlardi', an'qaw ha'm aqi'lli' g'arri'lardi'n' obrazi'n ko'riwimizge boladi'. «Sheshen bala», «Miynet penen tabi'lg'an aqsha», «Aqi'lli' g'arri'» yertekleri turmi'sli'q yerteklerge kiredi.

Yerteklerdi adamlar wo'z ara ha'r jerde ha'm ha'r tu'rli jag'dayda bir-birine aytadi'. Wo'ytkeni, yertekti ayti'w ushi'n da'stanlardi' aytatug'i'n adamlarday belgili qi'ssaxanlar, ji'rawlar talap yetilmeydi.

Yertekler miynetkesh xali'q arasi'nda do'retilgen, wolardi'n' turmi'si'n, haqi'yqatli'q ushi'n gu'reslerin ko'rsetedi. Haram tamaq, jalqaw, sati'lg'an ha'm yekiju'zlilerdi masqaralaydi', ku'lkige aladi', shi'damli'li'q ha'm g'ayrat penen sol jaramsaqlarg'a qarsi' gu'resiwshilerdi, wo'z maqsetine jetiw ha'm ha'rqanday tosqi'nli'qlardi' jen'ip shi'g'i'w ushi'n talpi'ni'wshi' bati'rlardi', azamatlardi' maqtani'sh yetedi.

Bizge belgili, yerteklerdin' ko'pshiligi yerte zamanlarda do'retilgen. Wolar atadan balag'a wo'tip, bizin' zamani'mi'zg'a jetken.

Yeski zamanlarda do'retilgen yerteklerde qi'yali'y na'rseler: da'w, peri, a'wliye, jin, shaytan, aydarha qusag'an ka'ramatli' ku'shler ushi'rasadi'. Haywanlar menen quslar adamday boli'p so'ylesedi. Yerteklerdegi qaharmanlar ha'dden zi'yat ku'shli, bati'r boli'p su'wretlenedi. Wolar awi'r qi'yi'nshi'li'qlardi' jen'ip, murat-maqsetine jetedi. Mi'sali', geypara yerteklerde adamlar gilemge minip, yaki qanat baylap aspanda ushi'p ju'redi. Bunda yerte zamanlardan berli adamlardi'n' u'lken

bir a'rmani' hawada usha alatug'i'n zatlardi' woylap shi'g'i'w tilegi bolg'an.

Yerteklerdin' ko'pshiligi miynetkesh xali'qti'n' azatli'q ushi'n gu'res sezimi menen suwg'ari'lg'an ha'm bul gu'reste wolardi'n' jen'ip shi'g'i'wg'a isenimin, uqi'pli'li'g'i'n, u'mitin, arzi'w-a'rmanlari'n su'wretlep beredi.

## SHESHEN BALA

*(Xali'q yertegi)*

Qaraqalpaqlardi'n' Xiywa xani'na bag'i'ni'shli' boli'p turg'an waqti' yedi. Qaraqalpaqlardi'n' won to'rt biyi Xiywa xanni'n' shaqi'ri'g'i'na ketip barati'ri'p, jolda adasi'pti'. Wolar bir qumni'n' yeteginde qoy bag'i'p ju'rgen bir balag'a gezlesipti ha'm wonnan jol sorapti'.

— Jeter jerde yel joq. Bu'ginshe bizin' i'lashi'qta miyman bolag'oyi'n', — depti bala.

Biyler balani' da'lkek yetipti:

— Qonsaq ne beresen'? — depti. Bala tayag'i'na su'yenip turi'p:

— Tapsam birewin, tappasam yekewin soyi'p beremen, — depti.

— Haw, mi'na balani'n' deni saw ma? — deydi biylerdin' birewi, — tapsan' birewin soysan', al tappasan' qalay yekewin soyasan'? Wol qalay?

Bala u'ndemepti. Sonda tag'i' birewi turi'p ga'rdiyip:

— I'lashi'g'i'n' tar, jayg'aspaymi'z! Bizler won to'rt adambi'z, — depti.

— Wo'zimnin' kewlim tarli'q yetpese, i'lashi'g'i'm ken', sarayday, tu'se berin'ler, — depti bala taq-taq yetip.

— Qoy, won'li'raq bir jer tabayi'q. Ju'rin'ler! — depti biylerdin' birewi za'n'gige shirenip.

— Bara berin', qaran'g'i' tu'sken son', «a'ttegen-ay» degennin' u'yine jetersiz, — dep tayag'i'n uslap qala beripti.

Biyler birneshe saat jol ju'redi. Atlari' qara suw boladi'. Qi'zi'l qi'ya qum, ko'zge hesh na'rse ko'rinbeydi. Tastay qaran'g'i'da jol tappay jo'n aldi' qarabaraq qan'g'i'p ju're-ju're sharshaydi'. Biylerdin' birewi:

— A’y, a’ttegen-ay, jan’ag’i’ balani’n’ u’yinde qoni’p-aq ketiwimiz kerek yeken, — deydi. Buni’n’ so’zin basqalari’ da maqullap «yele de sol balag’a bari’p, i’lashi’g’i’nda qoni’p, azanda jol sorayi’q. Wol bala tegin bala yemes, qumdi’ gezgen bala, bir na’rse biler, — dep ha’mmesi atlari’n keyin buri’p, tu’n jarpi’ awg’anda wo’lip-tali’p, atlari’ aq ko’bik boli’p balani’n’ i’lashi’g’i’n tawi’p ali’pti’. Uyqi’lap ati’rg’an bala atlardi’n’ du’sirlisinen shorshi’p woyani’p, si’rtqa shi’qsa, qayti’p kelgen biylerdi ko’redi. Bala la’m-lim demesten biylerdin’ atlari’n jayg’asti’ra beredi.

Bala ha’mme atlardi’n’ jabi’wlari’n ali’p, i’lashi’g’i’ni’n’ aldi’na to’seydi. Biyler shay iship woti’rg’anda, ko’p waqi’ttan keyin bala bir wo’lgen i’laqti’ qushaqlap, biylerdin’ aldi’na kelip:

— Wotag’asi’lar, men tapsam birewin, tappasam yekewin soyaman degenimde ku’lip yedin’ler, menin’ yenshime tiygen bir g’ana tuwsham bar yedi, wo’zi de genje buwaz yedi. A’ne, basqa mal tappag’an son’, soyi’p yedim, mi’naw soni’n’ ishinen shi’qqan i’lag’i’, — dep yeshkinin’ jari’ go’shin asi’p, jari’si’n ka’bap yetip beripti:

— Mi’na qoylar kimdiki, wo’zin’ kimnin’ balasi’san’, ati’n’ kim? — dep biyler jabi’rlasi’p soray baslapti’.

— Qoylardi’n’ ba’ri pa’len’kes baydiki. Wo’zim «Qalbay ko’kjal» degennin’ balasi’man. A’kem Xiywa xani’nan aq pi’shaq alg’an kisi, bari’p turg’an wo’jet yedi, — deydi bala. Biylerdin’ birewi:

— Al, a’ken’ qayda, wo’zin’ nege yelsiz sho’listanli’qta qoy bag’i’p ju’rsen’? — deydi.

— Way wotag’asi’, woni’n’ wo’zi uzaq a’n’gime g’oy, — depti bala. Sonda biyler:

— Tan’ uzaq, ayta ber inim, ti’n’laymi’z, — dep jabi’rlasi’pti’.

— Yaqshi’, wonda sizler jali’qpasan’i’z, men ayti’wg’a yerinbeyin, — dep bala ku’nge ku’ygen qara ko’zlerin biyik qumg’a bir qadap, a’n’gimege kirisipti.

— Menin’ ata jurti’m anaw ten’izde, bir atawda a’kem bali’q uslap, anam shi’pta toqi’p ku’neltip woti’ratug’i’n yedi. A’kem bari’p turg’an wo’jet adam yedi.

Bir ku'ni biydikine Xiywa xani'nan sali'q ji'ynawshi' kelipti degen menen wog'an a'kem jay-jag'daydi' aytayi'n dep, awi'l bali'qshi'lari' menen barsa, wol zan'g'ar sa'lem berip qoli'n sozg'an adamlarg'a won' ayag'i'n usi'ni'pti'. Barli'q adamlar buni'n' tuti'mi'na tan'lansa da bir na'rse dewge bati'na almay, usi'ng'an ayag'i'na qoli'n tiygizip, «sa'lemlesip» kete beripti. Sa'lemlesiw gezegi bizin' a'keme de kelipti. A'kem bari'p «qa'ne taqsi'r, qoli'n'i'zdi' berin'» — dep qoli'n sozsa, qol worni'na peshexanani' ko'terip bir ayaq shi'g'i'pti'. Wo'jet adamni'n' bunnan arti'q qalay ashi'wi'n keltiriw mu'mkin deysen', qaltasi'nan shaqqi'si'n suwi'ri'p ali'p bas barmaqtan sali'p jiberipti de, woljag'a tu'sirgen barmag'i'n qaltasi'na sali'p, duwri' u'yge qayti'pti'.

Ti'n'lap woti'rg'an biyler «im... m... awa» dep xoshlap woti'ri'pti'. Bala a'n'gimeni ayta beripti.

— Wonnan keyin ashi'wi'na buwli'qqan biy: «Qalbay ko'kjaldi' baylan', — depti. Kelgen jasawi'llarg'a bizin' a'kem: — «Sizler meni baylaman'lar, biydin' aldi'na wo'zim baraman» — dep, birewinin' arti'na mingesip, biydin' aldi'na kelipti.

— «Biy ag'a, siz qapa bolman', mag'an bir at berin', men wo'zim bari'p Xiywa xani' menen so'ylesip kelemen degende, biy ashi'wlani'p: «Ma' sag'an, Xiywa xani'! Ha'm adam soyi'p ha'm xannan jarli'q ali'p qaytatug'i'n, sen kimsen'? Qa'ne, ko'p bi'lshi'ldama, jazan'di' beremen. Haw jigitler, baylan' mi'na atan'a na'letti! Buni'n' xandi' bassi'ng'anday ne ku'shi bar yeken?» — dep g'a'zeplenipti. Biraq, umti'lg'an jigitlerdin' ba'rin ji'g'i'p sali'p, ag'am beldewdegi biy menen meterdin' qos ati'ni'n' birin minip turi'p, — «Ha', shabazi'm, men Xi'ywag'a barati'rman, bes ayda kele almasam, darg'a asi'li'p wo'lgenim. Wonda as-abati'mdi' berip, ishin'degi bala bolsa ati'n Jalg'i'zbay qoyarsan', qi'z tuwsan' wo'zin' bil», — dep atqa qamshi'ni' basi'p tarti'p ketipti. Sonda usi' qumlardi' basi'p wo'tipti, — dep bala qumni'n' biyigindegi shanshi'wli' turg'an si'ri'qti' ko'rsetipti. Biraq, biyler si'ri'qqa qarasa da, balani'n' si'ri'na tu'sinbey, «im...m» desip ti'n'lap woti'ra beripti. Bala so'zin dawam yete beripti:

— A’kem usi’ qumlardi’ basi’p wo’tip, qos atti’ alma gezek minip, salqi’n menen ju’rip woti’ri’pti’. Neshshe ku’nler jol ju’rip, hari’p-tali’p, Xiywag’a jetipti. Woni’ xan sarayi’ aldi’nda da’rwazamanlari’ ku’tip ali’p soray baslapti’.

Sonda a’kem: — «Qaraqalpaqti’n’ biyimen, xan shaqi’rtqan yeken, sog’an keldim», — depti. Tan’i’rqag’an da’rwazaman: — «Haw, qaraqalpaqqa biy bolsan’, mi’na u’stin’degi la’ttelerin’ ne? Qoy, sen biy yemes, uri’ shi’g’arsan’, senin’ bul turi’si’n’nan biy bolmay tap, patsha bolsan’ da xani’mi’z qabi’l yetpeydi, tur ayda» — depti. I’zalang’an a’kem: «Jolda uri’larg’a joli’g’i’p, wo’ltiretug’i’n bolg’an son’ kiyimlerimdi, ten’gelerimdi berip, zorg’a quti’li’p kiyati’rman, jiberin’ler, ishke kirip, azi’raq ti’ni’g’ayi’n», — dep da’rwazamanlardi’ aldap ishke kiripti.

Tar qapi’li’ ken’ saraydan wo’tip, xanni’n’ aldi’na bari’p sa’lemin beripti.

— Taqsi’r, bizin’ yelge bir meterin’izdi jibergen yekensiz. Bari’p sa’lem bersek, ba’rimiz benen de peshexanada jati’p, ayag’i’ menen sa’lemlesedi. Barg’an adamg’a ayag’i’n su’ydiredi, qoli’n bermeydi. Sonnan keyin usi’ng’an ayag’i’ni’n’ bas barmag’i’n kesip ali’p, jalg’i’z wo’zim kelip woti’rman, taqsi’r», — dep xanni’n’ aldi’na basbarmaqti’ shi’g’ari’p qoyi’pti’.

Xan sol ku’nnin’ yerten’ine qos jasawi’l jiberip, bayag’i’ ta’kabbi’r meterdi quwdi’ri’p ali’p, darg’a asti’ri’pti’. Bizin’ a’keme biylik da’rejesin berip, sarpay jawi’p, yeline qaytari’pti’. Xali’q buri’ng’i’ zali’m biydin’ kelmeske ketkenine quwani’p qali’pti’. Biraq, aradan birneshe ku’n wo’tkennen keyin bayag’i’ kekli biydin’ ga’zzaplari’ a’kemdi an’li’p jati’p, wo’ltirip ketipti. A’ne sonnan qalg’an Jalg’i’zbay men yedim. Anaw jalg’i’z qa’bir menin’ a’kemnin’ qa’biri, — dep bala yen’kildep ji’lap jiberipti.

—Balam, wonnan son’ bul jerge qalay keldin’ ayta ber, —dep biyler, jabi’rlasi’p, sorap qoymag’an son’, bala soli’g’i’n basi’p:

—Wo’lgen xabari’n yesitip, izlep, yelden shi’g’i’p kettim. Kelsem go’shlerin g’arg’a-quzg’i’n jep, tek sawsag’an su’yekleri qali’pti’. Ba’rin ji’ynap, sol to’bege ko’mip, yelime kettim. Yelime barg’annan son’, yeki aydan keyin, anam da wo’ldi.

Woni’ da jayg’asti’ri’p, yendi qayda keterimdi bilmey, wo’lgen a’kemnin’ qa’birinin’ basi’na kelip jatsam, tu’simde a’kem mag’an «won’ ta’repin’de ku’nnin’ asti’na bir ku’n-shilik jol ju’r. Bir bayg’a ushi’raysan’, sog’an shopan boli’p, wotli’ jer tapti’m dep, usi’ jerge qoylari’n’di’ aydap kel, so’yt te jata ber, balam,» — dedi. Aytqani’nday baydi’ tawi’p ali’p, shopan boldi’m, mi’naw qoy-yeshkiler soni’ki,—dep bala so’zin ayaqlapti’.

Biyler qula du’zde japadan jalg’i’z wo’zi wo’mir su’rip ju’rgenine, woni’n’ aqi’li’na, danali’g’i’na hayran qali’p, azanda woylasi’p, biyler ali’p ketiwdi maqul ko’redi. Solay yetip, qoylari’n bayg’a tapsi’ri’p, balani’ ali’p, Xiywag’a jol tartadi’. Bala jolda ketip barati’ri’p Xiywa xani’ni’n’ ten’iz boyi’nda, Xiywadan uzaqta jasawshi’ puqaralari’na «yabi’n’di’ kisnetpe, almawi’ti’ baytali’m ish taslaydi’» dep a’jiwa qi’la-tug’i’n so’zleri yadi’na tu’sip, Xiywa xani’na bir pa’nt bere-yin dep woyladi’. Neshe ku’n jol ju’rip, Xiywag’a jetedi.

Bala qalani’n’ shetinde bir jerde biylerdi toqtati’p, bir mi’lti’q, bir tu’ye, bir yeshki a’kelip beriwdi soraydi’. Biyler ha’mmesin tayi’n, inam yetedi. Bala ko’she boylap iyt ko’rinse ati’p, wo’ltire beredi. Bul xabar xang’a jetip, xan balani’ shaqi’ri’p aladi’. Bunnan keyin bala tu’yege minip, yeshkini aldi’na wo’ngerip, sarayg’a kirip bari’pti’. G’a’zep-lengen xan balag’a:

— Qaydan kelgen balasan’, nege iytlerdi ati’p ju’rsen’? — depti. Bala:

—Men ten’iz yetegindegi uzaqtag’i’ puqaralari’n’i’zdi’n’ birimen. Iytlerin’izdin’ dawi’si’nan bizler ti’ni’sh uyqi’lay almadi’q, wonnan keyin kelip, ati’p ati’rman, — depti. Xan ashi’wlani’p:

—Haw, aqmaq bala yekensen’ g’oy, tuw ali’stag’i’ sizin’ yelge Xiywani’n’ iytlerinin’ dawi’si’ qalay jetedi? — dep balani’ so’gipti.

—Taqsi’r, bizin’ yabi’lari’mi’zdi’n’ kisnegeni sizin’ alma-wi’ti’ baytali’n’i’zdi’n’ qulag’i’na jetkende, iytlerin’izdin’ dawi’si’ bizlerge jetpey me?— depti. Balani’n’ mi’na so’zine tuti’lg’an xan ne derin bilmey, to’men qarapti’. Sonda xanni’n’ «aqi’lli’» wa’ziri:

—A’y bala, sen jekkemisen’ ya jasi’ u’lkenin’ bar ma?— depti.

Bala tu’yeni ko’rsetip:

—Mi’naw menin’ jasi’ u’lkenim,—depti.

—Haw, jasi’ u’lken degennin’ ma’nisin de bilmeytug’i’n biyshara yekensen’-aw, aldi’n’da saqali’ selkildegen jasi’ u’lke-nin’ bar ma, dep sorap ati’rman?—depti wa’zir.

—Ha’, saqalli’ jasi’ u’lkendi soraysan’ ba,—dep yeshkisinin’ saqali’n uslap turi’p:—Mine, saqalli’ jasi’ u’lkenimiz,—depti. Usi’ waqi’tta tunji’rap woti’rg’an xan ku’lip jiberipti, qasi’n-dag’i’ sheshen wa’zirinin’ de baladan jen’ilip qalg’ani’na hayran boli’pti’.

Xan qasi’na shaqi’ri’p ali’p:

—Bala, sen uzaqtan, ten’izdin’ boyi’nan kelgen bolsan’ kim degennin’ balasi’san’? Bunda nege keldin’?— dep soray beripti.

—Taqsi’r, a’kem Qalbay ko’kjal degen, wo’z ati’m Jalg’i’zbay. Menin’ sizden tilegim usi’ waqi’tqa shekem bizin’ yeldi qorlap, adam qatari’na qospay keldin’iz. Ji’lda sali’qti’ basi’p sali’p, xali’qti’ qi’ratug’i’n boldi’n’i’z. Mine, sonsha g’a’ziynelerin’ toli’ alti’ndi’ xali’qqa jumsamay, quri’ saqlap qoyi’psi’z, wo’zin’iz wo’lgen son’, sonnan buyi’ratug’i’ni’ bir kepinlik shi’t. Xalqi’n’ ash-jalan’ash boli’p ati’rg’anda, sizin’ alti’n saqlap woti’rg’ani’n’i’z adamgershilikke tuwri’ kele me, taqsi’r?» — depti.

Sonnan keyin xan da, xanni’n’ wa’zirleri de, bul balani’n’ dani’shpanli’g’i’na, sheshenligine, ma’rtligine hayran qali’pti’. Neshshe ku’nler xanni’n’ sheshenleri ayti’si’p, ba’rin jen’ipti. Bala biylerin shaqi’ri’p ali’p, ten’iz boyi’ndag’i’ yellerdi Xiywa xani’nan bir ji’lg’a ali’m sali’qtan qutqari’p, xalqi’ toq qurg’i’n jasap, murat-maqsetine jetipti.

**So’zlik**

**la’m-lim demesten** — u’ndemesten, hesh na’rse aytpastan
**wotag’asi’lar** — jasi’ u’lkenler
**yenshime** — qaramag’i’ma, payi’ma
**meter** — xanni’n’ xi’zmetkeri (ha’meldar)
**la’tte** — go’ne, kir, patas kiyim
**ti’ni’g’ayi’n** — dem alayi’n

**kekli** — wo'shpenli
**tuwsha** — bir-yeki ma'rte tuwg'an jas yeshki.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Biyler kimge joli'qti', wolar ne tuwrali' so'ylesti?
2. «Tapsam birewin, tappasam yekewin soyaman» degen qatarlardi'n' ma'nisin tu'sindirin'.
3. Balani'n' a'kesin ne ushi'n «Qalbay ko'kjal» dep atag'an?
4. Yertekti ta'sirli woqi'p, mazmuni'n so'ylep berin'.

## TU'LKI, TASBAQA HA'M TASKENE

*(Qaraqalpaq xalıq yertegi)*

Bayag'i'da bir tu'lki hiylekerlik yetip, taskene menen tasbaqani' shaqi'rti'p ali'p wolarg'a:

— U'shewimiz sherik boli'p diyqanshi'li'q yeteyik. Sizler mag'an tek ja'rdemshi bolsan'i'z bolg'ani', al qalg'an jag'i'ni'n' ba'rin wo'zim isleymen, — depti. Wolar da kelisim beripti. So'ytip, u'shewi bir ku'nge wa'delesip, bir da'ryani'n' quyar jerine bari'p, bir tanap jerdi wo'lshep ali'p, to'rt mu'yeshine qazi'q qag'i'p belgilepti. Wonnan son' tu'lki suwman'lap:

— Men mi'na awi'ldan gu'nde, ag'ash moyi'nti'ri'q ha'm pazna sorap a'keleyin, sizler azi'-kem ku'te turi'n'lar, — deydi de wo'zi ketip qali'pti'.

Tu'lki sol ketkennen qayti'p kelmepti. Tu'lki kelmegennen son', tasbaqa menen taskene woylasi'p:

— Yendi bul jerdi taslap ketsek bolmas, nede bolsa, ta'wekel, tari'ni' yege bereyik, — dep yekewi sherik boli'p tari' yegipti. Al, tu'lki bolsa, bular ne qi'lar yeken dep si'rttan ha'r waq bir xabar ali'p ju're beripti.

Gu'z boli'pti'. Tari' pisipti. Tasbaqa menen taskene pisken tari'ni' wori'p, qi'rmandi' qi'zi'llap, buyi'rsa bu'gin keshte qi'rman su'zemiz, dep niyet yeti'p woti'rsa, bayag'i' tu'lki qabi'n iynine sali'p jalaqlap:

— Qi'rman tassi'n, joralar, qa'ne, kelin' qi'rmandi' su'zeyik! — dep tayi'n boli'pti'. Sol waqi'tta tasbaqa menen taskene bug'an hayran boli'p:

— Senin’ qi’rman menen ne jumi’si’n’ bar? — depti. Tu’lki daw shi’g’ari’pti’, daw ko’pke sozi’li’pti’.

— Men de usi’ qi’rmang’a sherikpen! — depti tu’lki. Bug’an tasbaqa ashi’wlani’p:

— Tu’lki jora, buni’n’ qalay? Yegisinde joqsan’, worag’i’nda joqsan’, seniki jo’nsizlik! — depti. Sonda tu’lki qag’i’lg’an qazi’qti’ ko’rsetip:

— Men wo’zim bas boli’p, mi’na jerdi wo’lshep, qazi’q qag’i’p belgiledim. Duri’s pa? Ayti’n’, qa’ne mi’na qazi’qti’ kim qaqti’? — dep taskene menen tasbaqani’ so’zden utajaq boli’pti’. Sonda taskene aqi’lli’li’q yetip:

— Wolay bolsa, qa’ne u’shewimiz juwi’ri’sami’z. Kim buri’n wozi’p kelse, qi’rmandi’, sol alsi’n, — dep usi’ni’s yetipti. Tu’lki bul usi’ni’sqa ku’ta’ quwani’pti’.

— Men tu’lkiden wozi’p kelemen, al sen de ilaji’n tabarsan’, — depti taskene tasbaqag’a. Tasbaqa da bul so’zge tu’sinip:

— Jaqsi’! — dep kelisim beripti. U’shewi bir dalan’li’qqa shi’g’i’p juwi’ri’satug’i’n jerge bari’pti’. Tu’lki wortada, tasbaqa won’ jaqta, taskene shep jaqta turi’pti’. Tu’lki juwi’rar wag’i’nda won’ jag’i’na bir qarap, shep jag’i’na bir qarap, quyri’g’i’n tawlap jiberipti. Sol waqi’tta taskene shaqqanli’q yetip tu’lkinin’ quyri’g’i’na jabi’si’p ali’pti’. Tu’lki ha’mmeden buri’n kelgenine maqtani’p, quyri’g’i’n qi’rman betke qaray tawlay bergeninde, taskene art betinde turi’p:

— Tu’lki jora, arman tur, tap sen buri’n wozi’p kelgendey, ko’zin’ hesh na’rseni ko’rmeydi g’oy. Yamasa, kishkenenin’ jazi’g’i’ bar ma? — dep shawqi’m sali’pti’.

Tu’lki arti’na qarasa, taskenenin’ qi’rmanni’n’ u’stinde mardi’yi’p woti’rg’ani’n ko’ripti. Tu’lki hayran qali’p:

— Sen qashan kelip qaldi’n’? — deydi.

— Menin’ kelgenim qashshan. Demimdi ali’p woti’rg’ani’ma da biraz waqi’t boldi’. Sendey quyri’qti’ tawlap ju’reyin be? — deydi.

Tu’lki taskenenin’ qalay buri’n kelgenine hayran boli’p, pa’nt jep, ne qi’lari’n bilmey tursa, moyni’ sala qulash boli’p, tarban’lap kiyati’rg’an tasbaqani’ ko’redi. Pa’nt jep turg’an tu’lki tasbaqadan:

— Sen nege keshiktin’? — dep soraydi’. Sonda tasbaqa tu’lkige:

— Hey tu’lki jora, sorama, bir-birewge dos bolg’an son’, dosti’n’di’ wo’limge qi’ymaydi’ yekensen’. Senin’ ushi’n wo’tirik ayti’p, uw jalap wo’ldim azarda bir ba’leden quti’li’p kiyati’rman. Dosti’m ju’rimin’ bar yeken.

— Wol qanday ba’le? — dep soraydi’ tu’lki. — Aytshi’, dosti’m?

Tasbaqa tu’lkige:

— Asti’nda atlari’, qoli’nda bu’rkitleri, izinde tazi’lari’ bar bes-alti’ an’shi’ senin’ izin’di ko’rip quwi’p kiyati’rg’an yeken. Wolar meni ko’rip toqtadi’ da:

— Tu’lkini ko’rdin’ be? — dep soradi’. Wo’lmey ko’rdim dep aytaman ba? Men an’shi’lardi’ go’ne bir izge sali’p aldap jiberdim. Biraq, tazi’lari’ sonday izshil yeken. Sira’ seni tappay ti’ni’shlanbas dep qorqaman. Paydali’si’ sol: Sen bul jerde ko’p turma, tezirek basi’n’ni’n’ g’ami’n je, dosti’m! Aqi’li’mdi’ alsan’, bul jerden ha’zir ket! — dep wo’zinin’ an’shi’lardi’ «ko’rgen jag’i’n» ko’rsetedi.

Sol waqi’tta tu’lkige «ti’shqan tesigi mi’n’ ten’ge» boli’p, kirerge tesik tappay, qayda keterin bilmey albi’rap, taskeneden aqi’l soraydi’. Tu’lkinin’ tez ketiwin ku’tip turg’an taskene:

— «Bi’lay qaray ket» — dep an’shi’lar ko’p ju’retug’i’n jaqqa qoli’n silteydi. Tu’lki qorqqani’nan hawli’g’i’p, qabi’na da qaramay tura qashadi’. Sonda tasbaqa qashi’p barati’rg’an tu’lkinin’ izinen:

— Tu’lki jora, qabi’n’a az g’ana kewsen sali’p bereyin, ali’p ket! — dep baqi’radi’.

— Qap dep ju’rip, qa’pelimde sap boli’p qalarman. Qabi’ da quri’si’n, tari’si’ da quri’si’n, — dep tu’lki arti’na da qayi’ri’lmapti’. Sol ketisinen zi’mg’ayi’p boli’p ketipti’.

So’ytip, tari’ qi’rmandi’ miynet yetip man’layi’n terletken tasbaqa menen taskene ten’dey yetip, bo’lisip ali’pti’.

### So’zlik

**gu’nde** — jer su’riw qurali’
**moyi’nti’ri’q** — gu’ndeni tutasti’ri’wshi’ qural
**pazna** — gu’ndeni jerge sin’iretug’i’n, temirden islengen qural

***Soraw ha’m tapsi’rmalar:***

1. Yertekte tu’lki, tasbaqa ha’m taskene obrazlari’ arqali’ qanday minezli adamlar su’wretlengen?
2. Yertekti woqi’p shi’g’i’p, tu’lki, tasbaqa ha’m taskenenin’ qalay sherik bolg’ani’n tu’sindirin’.
3. Wo’ngen zu’ra’a’ttin’ kimge tiyisli yekenin wo’z so’zlerin’ menen ayti’p berin’.
4. Tasbaqani’n’ tu’lkini qorqi’tqan so’zlerin woqi’p, ma’nisin tu’sindirin’.

## Naqi’llar

1. Ko’pke juwi’rg’an, azdan bos qalar.
2. Miynet tu’bi — ra’ha’t, qi’rman tu’bi — bereket.
3. Miynetsiz ra’ha’t joq.
4. Sag’adag’i’ suw ishedi,<br>Ayaqtag’i’ uw ishedi.
5. Yekkende joq, tikkende joq, qi’rmanda tayar.
6. Miynet yetsen’ yerinbey,<br>Toyadi’ qarni’n’ tilenbey.

## TI’YI’N

*(Qaraqalpaq xalıq yertegi)*

Buri’ng’i’ wo’tken zamanda bir gedey bolg’an yeken. Wol gedeydin’ bir uli’, bir qi’zi’ boli’pti’. Uli’ni’n’ ati’ Ti’yi’n, qi’zi’ni’n’ ati’ Toti’ yeken. Ku’nlerdin’ ku’ninde bulardi’n’ ata-anasi’ wo’lip, jetim qali’pti’. Jetim ul menen qi’zg’a qa’wender tabi’lmapti’. Ag’asi’ qari’ndasi’na:

— Qarag’i’m, ku’n ko’riw qi’yi’n boldi’. Bul jerlerden basi’mi’zdi’ ali’p keteyik, — deydi. Qari’ndasi’:

— Maqul boladi’, ag’a, — dep izine yere berdi. Ti’yi’n qari’ndasi’n yertip basqa bir yelatlarg’a ku’n ko’riw ushi’n talap izlep ketedi. Birneshe ku’n jol ju’rip, u’lken bir patshani’n’ yeline keledi. Bala ulli’ patshali’qti’n’ seyislerinde boladi’. Seyisxanadag’i’ atlardi’n’ asti’n tazalaydi’. Wot sali’p bag’adi’. Ti’yi’n kem-kemnen xanni’n’ yesiginin’ aldi’n si’pi’ratug’i’n boladi’. So’yte-so’yte xanni’n’ shayi’n da demlep beretug’i’n boladi’. Bara-bara xang’a xi’zmeti jag’i’p ma’hrem boladi’.

Bir ku'ni xan wo'zine jaqsi' qara u'y soqti'rmaqshi' boli'p, woni' neden islew kerekligin ha'meldarlari' menen woylasadi'. Sonda ha'meldarlari' turi'p:

— Uwi'g'i' gu'misten, keregesi alti'nnan, u'ydin' to'rt jag'i'na to'rt ga'whari' shamshi'raq wornati'lg'an bolsi'n, — deydi.

Patsha aqi'lgo'ylerinin' aytqani'nday yetip u'y du'zettiriw ushi'n gu'llan sheber ustalardi' ji'ydi'radi'.

Ti'yi'n ku'nde bir waqi'tta patshag'a sa'lemge keletug'i'n yedi. Patsha sarayi'na keletug'i'n jolda u'lken bir bayterek bar yedi. Sol bayterektin' basi'na u'lken bir qara qus qoni'p woti'rg'an yeken. Ti'yi'n bayterektin' qasi'nan wo'te bergende, qara qus Ti'yi'ng'a qarap:

— Ha' Ti'yi'ni'm, Ti'yi'ni'm, meni jaqsi' ko'resen' be, qari'ndasi'n'di' mag'an beresen' be? — deydi. Usi'lay yetip, bul qara qus Ti'yi'ng'a u'sh ma'rtebe aytadi'. A'welgi yeki ma'rte wo'tkeninde qusqa hesh na'rse dep juwap qaytarmaydi'. Son'g'i' u'shinshi sapar ayti'wi'nda Ti'yi'n qari'ndasi'na kelip:

— Ha' Ti'yi'ni'm, Ti'yi'ni'm, meni jaqsi' ko'resen' be, qari'ndasi'n'di' mag'an beresen' be? — deydi de turadi', bir qara qus. Men a'weli yeki sorawi'na juwap bermedim. Yendi wog'an men ne dep juwap beremen? — dep qari'ndasi'nan soraydi'. Sonda qari'ndasi':

— Men woti'ri'p shan'araq bolaman ba, wo'zin' bilesen'. Kimge bersen' de, men kete beremen, ag'a, — dedi qari'ndasi'.

Qari'ndasi' ja'ne biraz woylandi' da:

— Menin' jasi'm jetti. Nashardi'n' jasi' jetken son' woti'ri'wi' qi'yi'n. Qus ta bolsa, ag'a, meni sog'an bere g'oy. Wol tegin qus yemes shi'g'ar. Sag'an sharapati' tiyip ju'rer me yeken? — dedi.

Ag'asi' qari'ndasi'na:

— Qarag'i'm, qali'n' mali'n'a ne alsaq boladi'? — deydi.

Qari'ndasi':

— Qudayg'a shu'kir, ha'zir ku'n ko'rgendey hali'n' bar. Ha'zir qali'n' mal ali'p ne qi'lasan', kerek waqi'tlari'nda alarsan', — dep juwap berdi.

Tan’ atti’. Ti’yi’n azan menen ja’ne patshag’a sa’lemge wo’tip barati’ri’p, bayag’i’ qara qusti’ ja’ne ko’rdi. Bayterektin’ basi’nda woti’rg’an qara qus Ti’yi’ng’a qarap:

— Ha’ Ti’yi’njan, bayag’i’ aytqani’mdi’ ne qi’ldi’n’? — dedi.

Ti’yi’n:

— Sag’an qari’ndasi’mdi’ beretug’i’n boldi’m.

Qara qus:

— Wonday bolsa qari’ndasi’n’di’ ha’zir a’kelip ber.

Ti’yi’n g’i’rra izine qayti’p, qari’ndasi’n izine yertip qara qusqa a’kelip berdi.

Qara qus:

— Qali’n’ mali’na ne alasan’?

Ti’yi’n:

— Ha’zir kerek yemes, son’ alarman, — deydi.

Qara qus qi’zdi’ u’stine mingizip, Ti’yi’n menen xoshlasi’p, «Mi’na pa’rdi usi’ terektin’ asti’na kelip ku’ydirsen’ tayi’n bolaman» dep, bir pa’rdi berdi de, ushi’p ketti.

Ti’yi’n xanni’n’ qasi’na baradi’.

Xan bayag’i’ u’ydin’ keregesin alti’nnan, uwi’g’i’n gu’misten isletip boldi’. Keregesinin’ to’rt jerine to’rt ga’whar wornatti’. Yendi u’yge shan’araq kerek boladi’. Shan’araqti’ neden islew haqqi’nda wo’zinin’ ha’meldar, wa’zirlerin ken’esiwge shaqi’radi’. Ken’eske kelgenlerdin’ ko’bisi shan’araqti’ da’ndannan islewdi maqul tapti’. Xan:

— Da’ndandi’ kim tabadi’? — deydi.

Wa’zirler:

—Ti’yi’njan tabadi’, wog’an qi’rq ku’n ma’wlet beriw kerek. Qi’rq ku’n ishinde tapsa tapqani’, tappasa wo’ltiriliwi kerek, — desti.

Bundag’i’ maqset Ti’yi’n wa’zirlerinen ko’re abi’royli’, aqi’lli’, xali’qqa jag’i’mli’ bolg’anli’qtan Ti’yi’ndi’ joq yetiw ushi’n wa’zirler ta’repinen ayti’lg’an yedi. Ti’yi’ng’a da’ndandi’ tawi’p keliw ushi’n qi’rq ku’n ma’wlet berildi. Ti’yi’nni’n’ basi’na jalg’i’zli’q tu’sip, qa’wender, qostar tappay, u’yine mun’ayi’p qaytti’. Jo’nekey kiyati’ri’p bayterektin’ qasi’na kelgende bayag’i’ qara qusti’n’ berip ketken pa’ri yadi’na tu’sip, woni’ wotqa sali’p tu’tetti. Sol waqi’tta bayag’i’ Qara qus tayi’n boldi’.

Qara qus:

— Ag'a, basi'n'a ne is tu'sti? — dedi.

Ti'yi'n:

— Shug'i'llardi'n' so'zi menen xan soqti'ri'p ati'rg'an u'yinin' shan'arag'i' ushi'n qi'rq ku'n ishinde mag'an da'ndan tawi'p keliwdi buyi'rdi', — dedi.

Qara qus:

— Woni'n' ushi'n qapa bolma. Menin' menen ju'r, qari'n-dasi'n'di' da ko'rip qaytarsan', da'ndandi' da tawi'p bereyin, — dedi.

Ti'yi'n u'yine de barmastan, qara qusti'n' arqasi'na minip, qari'ndasi'ni'n' u'yine ketti. U'yine jaqi'nlag'an waqi'tlarda qari'ndasi' ag'asi'ni'n' aldi'na juwi'ri'p shi'qti'. Bir-biri menen qushaqlasi'p ko'risti. Ag'asi'n u'yine ali'p bardi'. Qari'ndasi' ag'asi'ni'n' ko'rgen azaplari'n yesitti. Qari'ndasi'ni'n' u'yinde bir ku'n bolg'annan son' qara qus Ti'yi'ng'a:

— Ag'a, arqama min, — dedi. Jolg'a shi'g'i'p barati'ri'p Ti'yi'ng'a:

— Bir jalmawi'z kempir bar. Woni'n' yeki tisi bar. Kerek waqti'nda awzi'na sali'p tis qi'ladi', kerek yemes waqti'nda awzi'nan shi'g'ari'p to'rine su'yep qoyadi'. Men seni arqama mindirip yesikten kiremen, shan'araqtan usharman, sol waqi'tta to'rde su'yewli turg'an yeki tisti al, — dedi.

Qara qus sol bari'stan tuppa-tuwri' i'lashi'qti'n' awzi'nan kirdi. Ti'yi'n to'rde su'yewli turg'an yeki tisti da'rriw aldi'na wo'n'gerip aldi' da, shan'araqtan shi'g'i'p yekewi bayag'i' bayterekke ushi'p kete berdi. Jalmawi'z kempir tisinen ayi'-ri'li'p qaldi'. Tisinin' ashi'wi'na shi'damay, birewdin' ali'p ketkenin bilip, wo'zin tawdan taslap wo'ledi. Qara qus Ti'yi'ndi' bayterekke aman-saw a'kelip, woni'n' menen xosh-lasi'p yeline qaytadi'. Ti'yi'n xang'a a'kelgen yeki da'ndan tisti ali'p baradi'. Xan da'ndandi' ustalarg'a berdi. Ustalar da'ndannan da'rriw shan'araq isledi. U'yinin' su'yegi pitti. Xan wa'zirlerin ji'ynap ali'p:

— U'yine ne jabami'z, ushi'g'a jabami'z ba, ya maqpal ma? — dep soradi'.

Wa'zirler:

— Wol aytqanlari'n' bul u'yge miyasar yemes g'oy,—desti.

Patsha:

— Wonda, ne miyasar boladi’? — deydi.

Wa’zirler turi’p:

— Bizden basqa bir jurtta jarti’ jag’i’ zerbaraq, jarti’ jag’i’ gu’mis bir qoy bar. Sol qoydi’ tapti’ri’p a’kelip, kiyiz basti’ri’p japsan’i’z boladi’, — dedi.

Patsha:

— Buni’ kim tabadi’?

Wa’zirler:

— Ti’yi’njan tabadi’, wog’an qi’rq ku’n ma’wlet beriw kerek. Qi’rq ku’n ishinde tapsa tapqani’, tappasa wo’ltiriliwi kerek, — desti.

Patshani’n’ qi’si’wmetine shi’day almay, tappasli’qqa bolmay, Ti’yi’n tag’i’ da qara qusti’ shaqi’radi’.

— Ne boldi’, ag’a?

— Xan mag’an tuwi’n tikti. Jarti’si’ gu’mis, jarti’si’ zerbaraq ju’nli won qoy tabasan’ dedi. Buni’ taba almayman. Bunnan wo’lip ketkenim jaqsi’. Senin’ menen aqi’llasi’wdi’ maqul tawi’p, seni shaqi’rdi’m, — dedi. Qara qus:

— Sen wo’lme, qapa da bolma, qayg’i’rma da, jeti ku’nnen son’ usi’ bayterektin’ tu’binen won qoyi’n’di’ bizden al, — dep qara qus ushi’p ketti. Jetinshi ku’n degende qara qus won qoydi’ tayi’nlap a’kelip berdi. Ti’yi’n menen xoshlasi’p, qayti’p ushi’p ketti.

Ti’yi’n qoydi’ patshag’a a’kelip berdi. Patsha bir jag’i’ zerbaraq, bir jag’i’ gu’mis won qoydi’n’ ju’ninen kiyiz basti’ri’p, u’zik tiktirip u’yine japti’. Patsha wa’zirleri menen u’yge kirdi ha’m wa’zirlerine qarap:

–Bul u’ydin’ qanday kemisi bar? — dedi.

Wa’zirler:

— Sizin’ u’yin’izge i’layi’qli’ bir azada qi’z kemis, — dedi.

Patsha:

— Al, yendi wol qi’zdi’ qaydan tabami’z? — dedi.

Wa’zirler:

— Peri patshasi’ A’bdiraman patshani’n’ qi’zi’ bar, sol sizge miyasar desti.

Patsha:

— Woni’ kim a’keledi?

— Ti’yi’njan a’keledi, — dedi. Qi’zdi’ qi’rq ku’nde a’kele almasa woni’ wo’limdar yetin’iz.

Patsha Ti’yi’ndi’ shaqi’ri’p ali’p qi’zdi’ tawi’p a’keliwdi buyi’radi’.

— Qi’rq ku’n ishinde sol qi’zdi’ a’kelmesen’ wo’ltiremen! — dedi.

Ti’yi’n:

— Ne ilaj, jaqsi’, — dep shi’g’i’p ketti.

Patshani’n’ u’yinen shi’g’i’p, bayterektin’ qasi’na kelse, won-nan buri’n qara qus kelip ji’lap woti’r yeken. Ti’yi’n qara qus penen amanli’q sorasti’. Qara qus Ti’yi’ng’a:

— Menin’ basi’ma mu’shkil isti saldi’n’. A’jelim sonnan bolmasa yedi, — dep az g’ana qamsi’qti’ da, Ti’yi’ndi’ u’stine mindirip ushi’p u’yine ali’p bardi’. Sol ku’ni qoni’p, tag’i’ da woni’ arqasi’na mindirip, qi’ya sho’lge ali’p ushti’. Biraz ushqannan son’ qara qus Ti’yi’ng’a:

— Aldi’n’da u’lken bir taw bar. Sol tawdi’n’ geweginde jalg’i’z wo’jire bar. Sol wo’jirenin’ ishinde jeti ku’nde bir tamaq iship woti’rg’an, su’yegi shaqqan bir g’arri’ bar. Sol g’arri’g’a bari’p, men sorqaynag’an adamman dep ji’lay ber. G’arri’, sen ne azap shektin’ dep sorar. Patshadan ko’rgen azabi’n’di’ ayt. Menin’ a’kelgenimdi aytpa, — dedi.

So’ytip, wo’zi jerde qali’p, Ti’yi’ndi’ g’arri’g’a jiberedi. Ti’yi’n g’arri’ni’ tabadi’. Sa’lem berip, g’arri’ni’n’ qoli’nan aladi’. Mun’i’n ayti’p, Ti’yi’n ji’lay beredi. G’arri’:

— Sag’an ne boldi’? — dep soraydi’.

Ti’yi’n basi’nan keshken awhallardi’n’ barli’g’i’n birim-birim aytti’.

G’arri’:

— Awzi’nan qani’ kelgir qara qus, sag’an meni aytqan yeken, qartayg’anda u’lken awi’r jumi’s boldi’. Patshani’n’ qi’zi’n bu’gin a’kelip beremen. Sen jolg’a shi’g’i’p tur, — dedi.

Ti’yi’ndi’ jolg’a shi’g’ari’p, bir silkinip haqi’yqat ju’rmel at boli’p shayqati’li’p, jorg’alap, shomi’li’p ati’rg’an qi’zlardi’n’ u’stine qarap jo’neldi. Qi’zlardi’n’ u’stinen arman bir, berman bir jorg’alap wo’tedi. Jorg’a atti’ uslap ha’r qi’z bir minip

jorg'a su'redi. Yen' son'i'nda A'bdiraman patshani'n' qi'zi' minedi. So'ytip, g'arri' adam hali'na kelip:

— Kim zuli'mli'q qi'lsa, ja'birleniwshi jaqsi'li'qqa shi'g'adi'. Menmenliktin' zawali' bar, kemliktin' ka'mali' bar, balam, ka'mali'n'a jetersen'. Ali'p barg'an qi'zi'n'di' wo'zin' alarsan'. Bul qi'zdi' wo'zin'e bag'i'sh yettik. Xanni'n' don'i'z boli'p, sag'an jamanli'q yetken wa'zirlerdin' iyt boli'p, patshani'n' sani'nan ali'p quwalap ju'rgeninin' u'stine barasan'. Bunnan bari'p qari'ndasi'n'di' ali'p ketersen', — dedi Baba.

Jigit wo'z yelati'na qayti'p, jolg'a tu'sip rawana boldi'. G'arri' «Awzi'na qani' kelgir» degende qara qus wo'lgen yeken. Qara qusti' jayg'asti'ri'p Ti'yi'n yeline qayti'pti'. Qalasi'na jaqi'nlag'anda u'lken shawqi'm shi'qti'. Qarasa patshasi' don'i'z boli'p, wa'zirleri iyt boli'p, patshani'n' sani'nan ali'p ju'rgen yeken. Bir g'arri' ko'ptin' wortasi'nan shi'g'i'p:

— Da'wlet qusi'n ushi'ri'n', kimnin' basi'na qonsa, sol patsha bolsi'n, — dedi!

Qus ushadi', Ti'yi'nni'n' basi'na qonadi'. Qan'g'i'ri'p ju'rgen jalan'ayaqqa da'wlet qusi' qonatug'i'n ba yedi dep ko'pshilik shataq shi'g'ardi'. Qaytadan u'sh sapar ushi'radi'. U'shewinde de da'wlet qusi' Ti'yi'nni'n' basi'na qonadi'. Xali'q patshali'q gedeyge mu'na'sip yeken dep, Ti'yi'ndi' patsha saylap qoyadi'. Bayag'i' perinin' qi'zi'n wo'zi ali'p, maqset-muradi'na jetedi.

### So'zlik

**kerege** — tog'ay taldan ha'm jin'ishke qara taldi'n' qadasi'nan islengen qara u'ydin' qaptal bo'leginin' bir bo'legi

**uwi'q** — qara u'ydin' negizgi bo'leklerinin' biri, iymek jag'i' keregenin' basi'na bekitilip, su'ymek ushi' shan'araqqa kirgizilip, woni' ko'terip turatug'i'n qada, si'ri'q.

**shan'araq** — qara u'ydin' uwi'qlari'n biriktirip uslap turatug'i'n tog'i'nnan islengen do'n'gelek shen'ber.

**u'zik** — qara u'ydin' uwi'g'i'ni'n' u'stin aylandi'ri'p jabatug'i'n kiyiz.

**da'nda'n** — tis, pildin' su'yegi

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Ti'yi'n ne sebep awi'ldan ko'shiwge ma'jbu'r boladi'?

2. Qara qus Ti'yi'ng'a ne dedi?
3. Wa'zirler Ti'yi'ng'a qanday jamanli'q isleydi?
4. Ti'yi'n xanni'n' tapsi'rmalari'n qalay wori'nlaydi'?
5. Yertekti woqi'p shi'g'i'p, mazmuni'n so'ylep berin'.

## MIYNET PENEN TABI'LG'AN AQSHA

Bir adamni'n' balasi' jalqaw bolg'an yeken. A'kesi azannan keshke shekem jumi's islepti, al balasi' bolsa azannan keshke shekem biykar ju'redi yeken. Adamlardi'n' qalay jumi's isleytug'i'nli'g'i'n tu'singisi de kelmepti. Tayar awqatti' iship-jep, basqalar tigip bergen kiyimlerdi kiyip ali'p ju're beredi yeken. Woni'n' u'stine a'kesinin' aqshasi'n ayamastan, sapi'ri'p sawi'p ju're beripti.

Wol a'kesinin' a'bden jani'na tiyipti. Wol balasi'n miynetke u'yretip, woni' wo'z isine puqta adam yetip shi'g'armaqshi' boli'p, balasi'n qon'si'las awi'lg'a apari'p, ji'li'na bir alti'n ten'gege jumi's islewge beripti.

Jalqaw jumi's islewge barg'i'si' kelmepti, biraq ne ilaj? Xojayi'n jalqawdi' gedeydin' balasi' yemes yekenligin bilip, bi'lay woylani'pti':

«Mag'an bul jigitti, menin' basqa xi'zmetkerlerim si'yaqli' jumi's islewge ma'jbu'rley beriwdin' ne keregi bar? Sebebi, woni' mag'an jumi's islewge a'kelmegen shi'g'ar. Yeger de, men woni' jumi's isletip, ha'lsiretip alsam, a'kesi irenjip ju'riwi mu'mkin g'oy!».

So'ytip, xojayi'n jalqawdi' jumi's islewge ma'jbu'rlemepti. Wol is jaqpasti' jaqsi'lap awqatlandi'ri'p ha'm kiyindiripti. So'ytip ju'rgende aradan bir ji'l da wo'tip, xojayi'n jalqawdi' kelisim boyi'nsha bir alti'n ten'ge berip, u'yine qaytari'p jiberipti.

Balasi' u'yine kelipti.

— Qalay, balam, jumi's isledin' be? — dep a'kesi sorapti'.

— Isledim.

— Islegen miynetin'e haqi' aldi'n' ba?

— Aldi'm.

— Qa'ne, mag'an ber! Balasi' xojayi'nnan alg'an bir alti'n ten'geni beripti. A'kesi alti'n ten'geni alip, ha'tte wog'an qaramastan-aq da'ryag'a qaray i'laqti'ri'p jiberipti. Balasi'

a'kesinin' bunday yersi isine tan'lanbapti', kewil de bermepti. Aqsha degen ne, barli'g'i' boli'p bir alti'n ten'ge g'oy!

— Qa'ne, balam, — depti a'kesi, usi'nnan tag'i' bir ji'l jumi's isle!

Woni' yertip bir awi'lg'a apari'p, bir xojayi'ng'a beripti. Wol bul xojayi'n menen balasi' bir ji'l xi'zmet islegennen son' miynet haqi'si' ushi'n bir altin ten'ge beriwge kelisipti. Bul xojayi'n da birinshi xojayi'n si'yaqli' bi'lay woylani'pti':

«Mag'an bul jas jigitti menin' qanday adam yekenligimdi si'naw ushi'n jibergen boli'wi' kerek. Woni' jumi's islewge ma'jbu'rlemegenim jaqsi', bolmasa keyin meni reyimsiz adam yeken dep ju'riwi mu'mkin!»

So'ytip, wol jalqawdi' jumi's islewge ma'jbu'rlemepti. «Qa'lesen' isle, qa'lemesen' ju're ber», — depti. Jalqawdi' jaqsi'lap awqatlandi'ri'pti' ha'm kiyindiripti. Aradan bir ji'l wo'tkennen keyin, xojayi'n wog'an bir alti'n ten'geni berip u'yine qaytari'pti'. So'ytip, balasi' uyine kelipti:

— Qa'ne, balam, jumi's isledin' be? — dep sorapti' a'kesi.

— Isledim.

— Islegen jumi'si'n'a aqsha aldi'n' ba?

— Aldi'm.

— Wolardi' mag'an ber!

Balasi' a'kesine bir alti'n ten'geni beripti. A'kesi alti'ndi' ali'p, woni' da'ryag'a qaray i'laqti'ri'pti'. Balasi' a'kesinin' bunday qi'li'g'i'na heshqanday kewil bo'lmepti ha'm de wonnan «alti'ndi' ne ushi'n tasladi'n'?» — dep te soramapti'. A'kesi istin' wo'zinin' qa'legenindey boli'p shi'qpag'ani'n tu'sinipti.

Wol balasi'n u'shinshi ji'li' uzaqtag'i' bir awi'lg'a apari'p jumi's islewge beripti.

— Menin'she sen, — depti xojayi'ng'a, bay adam yemes ko'rinesen', soni'n' ushi'n men balani'n' miyneti ushi'n heshqanday haqi' soramayman. Pulsi'z isley bersin!

Sonda xojayi'n: «Bul jas jigitti mag'an biykarg'a a'kelmegen boli'wi' kerek» — dep pa'mlepti. Wol birinshi ku'nnen baslap-aq woni' jumi's islewge ma'jbu'rlepti. Bir minut woti'ri'p dem ali'wg'a ruqsat yetpepti. Wog'an keshte, ku'n batqan waqi'tta g'ana bari'p awqat beripti. Usi'layi'nsha

ku'nler wo'te beripti. Xojayi'n tan' ati'wdan worni'nan turi'p jalqawdi' da woyati'p jumi'sqa kirisipti. Wo'zi sharshamastan jumi's islep, jigitti de biykar turi'wg'a ruqsat yetpepti. Jalqawg'a miynet awi'r boli'p ko'rinipti. Wol «uh» dep i'n'i'rani'p terge shomi'li'pti'. Al, xojayi'n bolsa, woni' sezbegendey boli'pti'.

Wog'an tek mi'nalardi' g'ana qaytalay beripti:

— Men qalay islesem, sen de solay isleysen'! Mennen heshqanday qali'spa! Jalqaw bolma! Haram tamaq bolma!

Jalqaw jumi'stan qashi'wg'a bolmaytug'i'ni'n bilipti. Wol sol waqi'ttan baslap, jumi's islewge sonday shi'ni'g'i'p ketipti. Woni' asi'qti'ri'wdi'n' keregi de bolmay qali'pti'. Buri'nlari' xojayi'n woni' asi'qti'ri'p uri'satug'i'n bolsa, yendi basqasha geyde maqtay baslaydi'.

So'ytip, jigit bir ji'l islepti. Qollari' da a'bden qabari'pti', suli'w taza kiyimleri de tozi'pti'. Ma'wletli waqi't pitkennen keyin xojayi'n bi'lay depti:

— Senin' a'ken' seni islegen miynetin' ushi'n heshqanday haqi' sorag'an joq, biraq sen sonday jaqsi' islegenin' ushi'n seni quri' qol jiberiwge bolmaydi'. Ma', sag'an yeki alti'n ten'ge. U'yin'e kete ber!

So'ytip u'yine ketipti. A'kesi wog'an ser sali'p qarap sezdirmey mi'yi'q tarti'p ku'lip jiberip:

— Qa'ne, qa'dirli balam, jumi's isledin' be? — dep sorapti'.

— Isledim.

— Jaqsi' isledin' be?

— Jaqsi' isledim.

— Xojayi'n senin' miynetin' ushi'n sag'an haqi' to'ledi me?

— Yeki alti'n ten'ge to'ledi.

— Wolardi' mag'an ber!

So'ytip, balasi' yeki alti'n ten'gesin a'kesine beripti. A'kesi wol alti'n ten'gelerdi da'ryag'a taslaw ushi'n umti'la bergende, balasi' juwi'ri'p bari'p, woni'n' qoli'na asi'li'pti'.

A'kesi wog'an qarap:

— Sen ne bunshelli qorqi'p kettin'? — dep sorapti'.

Sonda:

— Ag'a, bul alti'nlardi' suwg'a taslama! Men wolardi' awi'r miynettin' arqasi'nda tapti'm! — depti.

Sonda a'kesi ku'limsirep:

— Balam, bul senin' miynet penen tapqan aqshan' yekenligin sezip turman! Miynet penen tapqan aqshani' biykarg'a shashi'wg'a bolmaydi'. Yendi sen bug'an tu'sindin' be? — depti.

— Tu'sindim, ag'a! — depti balasi'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. A'kesi balasi'n miynet yetiwge u'yretiw ushi'n ne isledi?
2. Jumsawshi' xojayi'n bala tuwrali' ne woyladi'?
3. A'kesi balasi'n qalay si'nadi'? Sol qatarlardi' yertekten tawi'p, woqi'p berin'.
4. Bala miynet yetiwdi qalay u'yrenedi?
5. Bala ne sebep a'kesinin' qoli'na asi'ladi'? Balani'n' so'zin tekstten tawi'p woqi'n'?
6. Yertekti ta'sirli woqi'p, mazmuni'n so'ylep berin'.

## Naqi'l

Qoli' qi'ymi'ldag'anni'n' awzi' qi'ymi'ldaydi'.

## AN'I'ZLAR

An'i'zlar xali'q awi'zeki a'debiyati'ni'n' bir tu'ri. Wol tiykari'nan gu'rrin' yaki qosi'q tu'rinde de boli'wi' mu'mkin.

An'i'zlar belgili bir adamni'n' ati'na, is-ha'reketine baylani'sli' do'retiliwi de mu'mkin. Geyde an'i'zlar haqi'yqat bolg'an waqi'yag'a tiykarlanadi' yamasa qi'yali'y woylar basi'm boli'p ta keledi. Sonli'qtan wol yerteklerge de jaqi'n boli'p turadi'. Woni'n' tiykarg'i' ayi'rmasi': an'i'zlar ko'binese tariyxta bolg'an adamni'n' islegen isine, belgili bir da'wirde atqarg'an xi'zmetine baylani'sli' boladi'. Wol bati'r, yel basshi'si' yamasa tilge ziyrek sheshen, qullasi' xali'q da'rtin ji'rlawshi' janku'yer boli'wi' mu'mkin.

Wonday adamlar tuwrali' ayti'lg'an an'i'zlar awi'zdan-awi'zg'a, atadan-balag'a wo'tip, xali'q do'retpesi boli'p qala beredi.

An'i'zlarg'a qi'yali'y woylar, qanshama ko'p so'zler aralassa da, tiykarg'i' an'i'zg'a aylang'an adamni'n' wo'zi qa'dimgi qarapayi'm adamni'n' qatari'nda qala beredi. Mi'sali', qaraqalpaq an'i'zlari'ndag'i' «Tumaris», «Shi'raq», «Soppasli' Si'pi'ra ji'raw», «Asan qayg'i'», «Jiyrenshe sheshen» ha'm tag'i' basqalar ba'ri xali'q qaharmanlari'.

## TUMARIS

Kaspiy ten'izinin' ku'nshi'g'ar ta'repinde qus ushi'p wo'te almaytug'i'n sheksiz sho'l ha'm qi'rlarda massagetler jasar yedi. Iran patshasi' Kir wolardi'n' jerlerin basi'p almaqshi' boli'p, saparg'a atlani'pti'...

Wol zamanlarda massagetlerge Tumaris degen aqi'lli', dana bir hayal basshi'li'q yetken. Kir Tumaristi hiyle menen wo'zine boysi'ndi'rmaqshi' boli'pti'. Tumaristin' yeri wo'lgenligin yesitken Kir, woni' wo'zine hayal qi'li'p ali'w joli' menen massagetler jerine iyelik yetiw rejesin du'zipti. Tumariske jawshi' jiberipti. Ziyrek Tumaris ma'kkar patshani'n' jawi'z niyetin sezipti. Patshag'a qati'n yemes, massagetler yeli kerekligin bayqapti' ha'm jawshi'lardi' qabi'l yetpepti.

Kir wo'zinin' hiylesinen is pitpesligin sezedi. Wol Araks da'ryasi' ta'repten, sallardan ko'pir islep, a'skerin ha'm qural-saymanlari'n sallarg'a sali'p da'ryani'n' arg'i' jag'i'na wo'tedi.

Tumaris woni'n' barli'q is-ha'reketinen xabardar boli'p, tezlik penen wog'an shabarman jiberip, mi'na so'zlerdi jetkizipti: — «A'y, midiyali'q maqtanshaq patsha! Bul niyetin'nen qayt, sebebi, islep ati'rg'an islerin'nen wo'zin'e payda ya zi'yan tiyiwin bilmeysen'. Ti'ni'shli'q ha'm awi'zbirshilik penen wo'z jurti'n'da hu'kimdarli'q qi'l, bizin' jurti'mi'zdi' wo'zimizge qaldi'r. Biraq, biz bilemiz, sen ti'ni'shli'qti' qa'lemeysen', soni'n' sebebinen, a'dil ma'sla'ha'timizdi ti'n'lamaysan', massagetler menen gu'resiwdi qa'leysen', ko'pir jasayman dep a'were bolma. Bizge aytsan', biz sag'an tiymeymiz, da'ryadan u'sh ku'nlik jolg'a ko'ship ketemiz, biyma'lel da'ryadan wo'tsen', son' ju'zbe-ju'z uri'sami'z. Yeger, biz benen da'ryani'n' jag'asi'nda ushi'raspaqshi' bolsan', woni' ayt, biz de bug'an i'razi', tek na'ma'rtlik qi'lma»!

Bul a’dil ga’plerdi yesitip Kir albi’rapti’ ha’m tezlik penen Iran sa’rdarlari’n toplapti’. Wolarg’a waqi’yani’ ayti’p beripti, ma’sla’ha’t sorapti’. Ko’pshilik Tumaristi Irang’a a’kelip uri’si’wdi’ ma’sla’ha’t yetipti. Tek qa’ha’rli wa’ziri Krez bul pikirge qarsi’ shi’g’i’pti’. Wol Tumaristin’ jerinde uri’s ashi’wdi’ talap yetip, jol ko’rsetipti.

Sonnan son’ Kir Tumaristin’ jag’adan uzaqlasi’wdi’ sorap, da’ryani’n’ Tumaris turg’an betinde uri’s qi’li’wdi’ bildiripti. Tumaris wa’desinde turi’p u’sh ku’nlik jol basi’p ketipti.

Kir wo’zinin’ a’skerleri menen da’ryadan wo’tipti. Kir da’ryani’n’ sol jag’asi’nda segiz ku’n jol ju’ripti. Keyin Krezdin’ ma’sla’ha’ti menen massagetlerge hiyle duzag’i’n quri’pti’. Hiylesi na’tiyjesinde massegetlerdin’ ko’p a’skerleri qolg’a tu’sipti. Woni’n’ ishinde Tumaristin’ uli’ Sparangiz de bar yedi. Sparangiz wo’z-wo’zinen pushayman boli’p, wo’zin wo’ltiripti...

Qatti’ sawash baslani’pti’. Ayti’wi’na qarag’anda, ko’shpeli qa’wimler bunday ayawsi’z uri’sti’ ko’rmegen yeken.

Aqi’ri’ massagetler bul qi’rg’i’nda jen’ipti. Kirdi wo’ltiripti. Sonda Tumaris bir mesti adam qani’ menen tolti’ri’pti’ ha’m Kirdin’ basi’n ali’p keliwdi sorapti’. Tumaris woni’n’ basi’n meske bati’ri’p, bi’lay depti:

— «A’y na’ma’rt, sen meni, uri’sti’ a’dillik penen jen’ip shi’qqan bir hayaldi’, ma’kkarli’q penen uli’nan ayi’ri’p, perzent dag’i’nda ku’ydirdin’. Sen wo’mir boyi’ qang’a toymadi’n’, men anti’ma sadi’q qali’p seni qan menen suwg’ardi’m. Birewdin’ jurti’na zorli’q penen basti’ri’p kirgenlerdin’ jazasi’ sol!»

## WOQI’N’

Wa Tumaris, yesin’de me,
Yerjetkenshe ko’nbey u’yge,
Du’zde qashi’p, kiyiklerge,
Keter yedin’ geyde-geyde?
Ash bu’rkitti sari’jaydan,
Mult ketkizbey atar yedin’,
Qaqti’n’ suwi’n iship saydan,
Juldi’z qarap jatar yedin’.

*(I. Yusupov)*

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Tumaris qaysi' qa'wimge basshi'li'q yetti?
2. Kir Tumariske qanday hiyle isletti?
3. Tumaristin' ma'rtligin nelerde ko're aldi'n'i'z?
4. Tumaris Kirdin' basi'n ne qi'ldi'?
5. Balasi'nan ayri'lg'an Tumaristin' awhali'n tu'sindirin'.
6. «Massaget jeri Tumaris ushi'n a'ziz» degen temada sa'wbet wo'tkerin'.
7. Bala ana ushi'n yen' birinshi bayli'q yekenin tasti'yi'qlawshi' naqi'l-maqal tawi'p jazi'n'.

## SHI'RAQ

Yerte zamanda Si'rda'rya boyi'nda ko'ship ju'riw menen tirishilik yetken Sak qa'wiminin' basi'na awi'r awhal tu'sti. Iran patshasi' Dara Worta Aziyani'n' wo'nimdar jerlerin basi'p ali'w ushi'n ushi'-qi'yi'ri' joq a'skerleri menen A'miwda'ryadan wo'tti. Saklardi'n' ulli' jasi' u'lken aqsaqallari' Saksfar, Umarg, Oamarisler bir wotawg'a ji'ynali'p, dushpandi' qanday yetip jen'iwdi ma'sla'ha'tlesip woti'rg'an yedi.

Ma'sla'ha't wotawi'ni'n' aldi'na bir adam kelipti de ruqsat sorap ishke kiripti.

Bul Shi'raq isimli a'piwayi' bir padashi' yeken. Shi'raq qanday niyette, bul jerge kelgenin ken'es ag'zalari'na ayti'p bergende, wolardi' hayran qaldi'ri'pti'. Wol: «Yeger de sizler menin' balalari'mdi' ha'm aqli'qlari'mdi' toydi'ri'p ja'ne kiyindiriwdi wo'z moyi'nlari'n'i'zg'a alsan'i'z, men wo'z jani'mdi' ayamay, hiyle menen iranli'lardi'n' la'shkerlerin qi'ri'p taslayman,» — depti.

Aqsaqallar woni'n' iltimasi'n qabi'l ali'p ant ishti. Shi'raq birden qaltasi'nan wo'tkir pi'shag'i'n suwi'ri'p ali'p, qulaq ha'm murni'n sharta kesipti. Beti-ju'zi jan tu'rshigerlik awhalg'a tu'sipti. Solay yetip, wol wo'z yeline qi'yanet qi'lg'an kisi si'qi'li'nda dushpan ta'repke jol ali'pti'.

Darani'n' qasi'na bari'p, Shi'raq wo'z qa'wiminin' u'stinen shag'i'm yetipti. Wol Darag'a usi' taqi'lette so'z ayti'pti': — «A'y patshalar patshasi', men sizge bolg'an dosli'g'i'm ushi'n usi' awhalg'a tu'stim. Ag'ayinlerim arasi'nda Dara ha'ziretlerine boysi'nayi'q, degen yedim, wolar mag'an

jabi'li'p, rehimsizlik penen qulaq-murni'mdi' kesip aldi'. Niyetime jetip wolardan wo'sh ali'wi'ma ja'rdem berin'!»

Dara Shi'raqti'n' so'zlerin yesitip isenipti, ayani'shli' awhali'n ko'rip ayapti'. Shi'raq pursattan paydalani'p Darag'a yele de isenimli ko'riniw ushi'n: — «Men dushpanlari'mnan wo'sh ali'w ushi'n sizlerdin' ja'rdemin'izge mu'ta'jben. Men sizlerge jol ko'rsetemen. Jeti ku'nge jetetug'i'n awqat ha'm suw ali'p shi'g'i'n'lar», — deydi.

Shopanni'n' bul so'zlerin yesitip iranli'lar g'ayratlani'pti'. Dara woni' jol baslawshi' yetip tayi'nlapti'. Wolar Shi'raqti'n' aytqani'nday jeti ku'nlik azi'q ali'p shi'g'i'pti'.

Ku'ndiz-tu'n demey ju'rip woti'ri'pti'. Shi'raqtan qansha ku'nde jetemiz dese, wol jaqi'n qaldi' dey beripti...

Sho'listan, a'ptap, i'ssi' a'skerlerdi sharshati'pti'. Jetinshi ku'n de jetip kelipti. La'shkerbasi' Ranosbat aldang'ani'n bilipti. Wol: — «Wa'den'nin' u'stinen shi'qpadi'n', su'yegi pa's. Ha'mme jaq sho'listan, sahrali'q. Bul jerlerde adam ju'rse ayag'i', qus ushsa qanati' ku'yedi. Ko'rip tursan' ba, bizde azi'q-awqat tawsi'ldi'. Sen ulli' patshani' aldadi'n'. Seni ne ma'jbu'rledi?» — dep sorapti'.

Shi'raq la'shkerbasi'ni'n' qan toli'p turg'an ko'zine tiklenip qaradi'. Wol quwani'shli' tu'rde ku'lip jiberdi. — «Men jen'dim, jalg'i'z wo'zim pu'tkil a'skerlerdi jen'dim, — dep quwani'sh aralas dawi'si' menen baqi'rdi', — janajan qa'wimim saklar ha'm ana topi'rag'i'm basi'na kelgen ba'leni ali'p tasladi'm, basqi'nshi' iranli'lar la'shkerin ha'lek yettim, to'rt ta'repin'izdin' ha'rqaysi'si' jeti ku'nlik jol, qa'legen ta'repin'izge kete berin'. Ba'ri bir ha'mmen'izdi ashli'q ha'm suwsi'zli'q nabi't yetedi. Al, menin' qani'm bolsa usi' jerde to'giledi».

Bul ashshi' haqi'yqat Ranosbatti'n' ju'regine nayzaday qadaladi'. Wol haywanlarsha qi'li'sh penen Shi'raqti'n' basi'n u'zip taslaydi'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. An'i'zdi' dawi'slap woqi'n'.
2. Mazmuni'n so'ylep berin'.
3. Yel basi'na tu'sken qi'yi'nshi'li'qti' Shi'raq qalay jen'di?

4. Bul an'i'zdi' woqi'p woti'ri'p sizde qanday sezim payda boldi'?
5. «Tuwi'lg'an jer — alti'n besik» temasi'nda gu'rrin' wo'tkerin'.

### Naqi'l

Yer basi'na ku'n tuwsa,
Yetigi menen suw isher.

## SHESHENLIK WO'NERI

### JIYRENSHE SHESHEN HAQQI'NDA

Buri'ng'i' wo'tken zamanda qaraqalpaqlardi'n' arasi'nda Jiyrenshe degen aqi'lli', so'zdin' ma'nisin keltirip so'yleytug'i'n sheshen adam boli'pti'. Woni' xali'q ko'rgenlikten Jiyrenshe sheshen dep atag'an. Sol zamanda Ja'nibek degen xan boli'p, Jiyrensheni so'zden uti'p wo'ltiriw ushi'n ko'p hiyle islegen. Biraq ta, Jiyrenshe tapqi'rli'g'i'nan, aqi'lli'li'g'i'nan xanni'n' qi'yi'n sorawlari'na duri's juwap berip, wo'limnen aman qali'p woti'rg'an. Jiyrenshe menen Ja'nibek xan arasi'ndag'i' gu'rrin'ler xali'q arasi'nda wog'ada ken' taralg'an. Solardan qi'sqasha u'zindiler keltiremiz.

Usi' kitapta berilgen Jiyrenshe sheshen ha'miyshe wo'z pikirlerin awi'zeki sheshenlik so'z benen aytqan.

Son'g'i' izertlewlerde Jiyrenshe sheshendi Ja'nibek xanni'n' zamani'nda jasag'an, tariyxta bolg'an adam si'pati'nda ko'rsetedi. Jiyrenshenin' an'i'zlari' 1962-ji'li' «Qaraqalpaqstan» baspasi'nda «Qaraqalpaq xali'q legendalari' ha'm anekdotlari'» degen toplamda basi'ldi'. Sonday-aq, 1992-ji'li' A. Pirnazarovti'n' «Jiyrenshe sheshen» degen miyneti baspadan shi'qti'.

* * *

Jiyrenshe sheshennin' u'lken bir bag'i' bar yeken. Bag'di' wo'zi yegip, wo'zi ta'rbiyalap ka'malg'a keltiripti. Bir ku'ni Ja'nibek xan Jiyrenshenin' bag'i'ni'n' bar yekenin yesitip, so'zden jen'ip, jazali' yetiw maqsetinde, u'stine diywanani'n' kiyimlerin kiyip, wo'zin tani'tpay, Jiyrenshenin' bag'i'na kelip,

wonnan bir kese a’nar suwi’n sorapti’. Jiyrenshe diywanag’a bir kese a’nar suwi’n beripti. Yerten’ine xan tag’i’ diywana si’pati’nda, bag’qa kelipti.

Jiyrensheden:

— Ha’r tanap bag’i’n’a neshe ten’geden sali’q sali’wg’a bolar? — dep sorapti’.

— Wol jag’i’n xan taqsi’rdi’n’ wo’zi biledi dag’i’, — dep juwap beripti Jiyrenshe.

Xan sarayi’na qayti’p ketip Jiyrenshege ko’p yetip sali’q sali’pti’. Jiyrenshe u’yinde woti’ri’p, bul xannan kelgen ba’le yekenin bilipti. Aradan bes-alti’ ku’n wo’tkennen keyin xan tag’i’ da diywana si’pati’nda bag’qa kelip Jiyrensheden a’nar suwi’n sorapti’. Jiyrenshe a’nar suwi’n beriw ushi’n, u’yine kirip keshigin’kirep shi’g’adi’. Bir kesege a’nar suwi’n jarti’ yetip quyi’p diywanag’a usi’ni’pti’. Diywana sonda Jiyrensheden ne ushi’n u’yinen keshigip shi’qqani’n ha’m a’nar suwi’n jarti’ yetip a’kelip bergenin sorapti’.

Sonda Jiyrenshe:

— Buri’n yeki a’nardan bir kese a’nar suwi’n alatug’i’n yedim, al bes-alti’ ku’nnen berli jeti-segiz a’narg’a da bir kese tolmay qaladi’. Buni’n’ sebebi, ha’zir xani’mi’zdan a’dalat ketti, sol ushi’n, a’nar suwi’nan da bereket ketti, — dep juwap beripti.

Xan sarayi’na qayti’p kelip, Jiyrenshenin’ sali’g’i’n qi’sqarti’p, yerten’ine tag’i’ da diywana si’pati’nda bag’qa baradi’. Bul ku’ni Jiyrenshe xang’a bir kese a’nar suwi’n tolti’ri’p a’kelip beredi.

Xan sonda:

— Ne ushi’n bu’gin kesen’iz toli’ boli’p keldi? — dep soraydi’.

— Keshe xan sali’qti’ ko’p sali’p, biraz a’dalatsi’zli’q yetip yedi, al bu’gin sali’qti’ qi’sqarti’p ta’wbege keldi, sol ushi’n a’nar suwi’na bereket kirip, kese toli’ keldi, — deydi Jiyrenshe.

Sol jerde xan wo’zin Jiyrenshege tani’sti’ri’p, so’zden uti’lg’ani’n moyi’nlap, yendigiden bi’lay Jiyrenshege sali’q salmawg’a wa’de beripti.

* * *

Jiyrenshe sheshen Ja'nibek xan menen birge ju'redi yeken. Wol xang'a jag'i'p, abi'royi' da joqari'lapti'. Buni' xanni'n' wa'zirleri jaqti'rmapti'. Wolar Jiyrenshenin' abi'royi'ni'n' wo'siwinen qorqi'p, woni' xang'a jamanlap, wo'ltirtpekshi boli'pti'. Biraq, xan Jiyrensheni wo'ltireyin dese ayi'bi'n taba almapti'.

Bir ku'ni xan Jiyrenshe menen an'g'a shi'g'i'p, jolda kiyati'ri'p, bir ko'lge ushi'rasi'pti'. Sonda turi'p xan Jiyrensheden:

— Ko'ldin' ishindegi qami'slar ne ushi'n bas shi'g'armay tur? — dep sorapti'.

— Bul qami'slar sho'llep turi'pti', taqsi'r, — dep juwap beripti Jiyrenshe. Sonda xan Jiyrenshe menin' sorawi'ma duri's juwap bere almadi', yendi nag'i'z wo'limdar boldi' dep woylap ju're beripti. Bir jerlerge kelgende, xan Jiyrenshege at suwg'ari'p alayi'q depti. Buni' Jiyrenshe de maqul ko'rip, ati'n ko'ldin' ishine aydap jiberip, atti'n' basi'n qan'tari'p tura beripti. Sonda xan:

— Sen ne qi'li'p tursan', ati'n'di' suwg'a jibermey? — dep sorapti'.

— Ati'mdi' tuyag'i'nan suwg'ari'p qoyi'ppan, — dep juwap beripti Jiyrenshe.

— Atti'n' tuyag'i'nan suw ishkenin ko'rmedik, sen wo'limdar boldi'n', — dep xan tag'i' ju'rip kete beripti. Sonda ketip barati'ri'p Jiyrenshe xang'a:

— Taqsi'r, bir qasi'q qani'mnan keshsen'iz, joldag'i' bergen sorawlari'n'i'zg'a bergen juwaplari'mni'n' ma'nisin ayti'p bereyin.

Birinshisinde qami'sti' sho'llep tur degenimnin' ma'nisi; ko'pten berli jawi'n jawmag'anli'qtan ko'ldin' suwi' ashshi' boladi', sonli'qtan qami's ta bas shi'g'armaydi'.

Yekinshisinde atti' tuyag'i'nan suwg'ari'p turi'ppan degenim, ko'ldin' suwi' ashshi' bolg'anli'qtan, ko'ldin' suwi'n ishken atti'n' ishi wo'tedi, al tuyag'i'nan na'r ali'p, atti'n' sho'li qanadi', — dep juwap beripti. So'ytip Jiyrenshe wo'limnen quti'li'p qali'pti'.

## Naqi'l

So'z ju'yesin tapsa,
Mal iyesin tabadi'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Jiyrenshe degen kim? Tekstten woqi'n' ha'm mug'allimnin' ja'rdemi menen woni'n' mazmuni'n talqi'lan'.
2. Jiyrensheni xan qanday jollar menen si'nadi'?
3. Jiyrenshe awi'r sali'qtan qalay quti'ladi'? Tekstten tawi'p woqi'p, wo'z so'zlerin' menen so'ylep berin'.
4. Jiyrensheni xanni'n' wa'zirleri ne ushi'n jaqti'rmadi'?
5. An'g'a shi'g'i'w sapari'nda xan woni' ne ushi'n gu'nali' yetti? Jiyrenshenin' xanni'n' sorawlari'na bergen juwaplari'n tekstten woqi'p, ma'nisin tu'sindirin'.
6. Jiyrenshe sheshen tuwrali' yesitken, woqi'g'an an'i'z so'zlerin'iz bolsa ayti'p berin'.

## KU'LDIRGI SO'ZLER

Ku'ldirgi so'zler — bular belgili bir qi'sqa syujetke quri'lg'an, ayti'lg'anda ku'lki tuwdi'ratug'i'n, ko'lemi u'lken bolmag'an awi'zeki prozali'q do'retpeler.

Ku'ldirgi so'zler wo'zlerinin' do'reliwi, tarali'wi' ha'm qollani'li'wi' jag'i'nan uzaq da'wirden baslap ha'zirgi ku'nde de ken' ayti'li'p ju'rgen awi'zeki xali'q do'retpesinin' bir tu'ri. Ku'ldirgi so'zlerdin' bahasi' ba'rinen de buri'n, wolardi' do'retiwshilerinin' tapqi'rli'g'i'nda.

Ha'rbir xali'qta ku'ldirgi so'zler belgili bir adamlardi'n' ati'na baylani'sli' ayti'li'p, son' qaharman qi'li'p ayti'w da'stu'r boli'p ketken. Bul jag'day pu'tkil du'nya xali'qlari'nda ushi'rasadi'. Al, shi'g'i's xali'qlari'ni'n' barli'g'i'nda derlik Xoja Nasraddin ati' an'i'zg'a aylang'an. Bul xali'qlardi'n' ha'mmesinde ayti'lg'an, ayti'li'p kiyati'rg'an ku'ldirgi so'zler Xoja Nasraddin ati'na baylani'sti'ri'ladi'. Al, qaraqalpaqlardi'n' ku'ldirgi so'zleri Xoja Nasraddin, Aldar ko'se atlari'na baylani'sti'ri'li'p ayti'lsa da, bizin' xalqi'mi'zdi'n' ku'ldirgi so'zinin' tiykarg'i' qaharmani' — Wo'mirbek laqqi' boli'p yesaplanadi'. Laqqi' dep ku'ldirgi so'z ayta-

tug'i'n adamlardi', wo'z so'zi menen ku'ldiretug'i'n, basqi'shi'l, so'z basqi'si'ni'n' ustasi'n, sheberin aytadi'.

Wo'mirbek laqqi', haqi'yqati'nda da, XIX a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda Shi'mbay do'gereginde jasag'an adam. Wol wo'z da'wirinde-aq ushi'rma so'z ayti'w boyi'nsha ati'-hawazi' pu'tkil yelimizge jayi'lg'an ko'rkem so'z jari'sti'ri'wda aldi'na adam salmag'an kisi bolg'an. Qaraqalpaqlar arasi'nda ayti'lg'an ku'ldirgi so'zlerdin' barli'g'i' derlik Wo'mirbektin' ati'na baylani'sli' ayti'ladi'.

## WO'MIRBEK LAQQI'

### SHAPPASAN'I'Z DA JETESIZ

Wo'mirbektin' jas waqti' yeken. Wo'mirbek bir ku'ni joldi'n' boyi'nda tursa, bir topar xanni'n' jasawi'llari' kele beripti.

Wolar Wo'mirbektin' jani'na kelip irkildi de:

— Yabi'ni'n' joli' qaysi'? — dep soraydi'.

— Attan tu'sip kelin', ko'rsetemen, — depti Wo'mirbek.

Jasawi'llar attan tu'sip Wo'mirbektin' jani'na kelipti. Sonda Wo'mirbek joldi'n' wortasi'nda taltayi'p turi'p:

— Mi'naw arbani'n' degershiginin' joli', — dep ko'rsetipti.

— Shabi'n', u'yi ku'ygirdin' balasi'n! — depti jasawi'llar.

— Shappasan'i'z da jetesiz, jol jaqi'n, — depti Wo'mirbek.

— Berip jiberin', aqmaqti'n' balasi'na! — degende Wo'mirbek:

— Bersen'iz berin', qaytarsi'n alarsi'z, — depti.

— Sali'p jiberin', nadanni'n' man'layi'na! — depti jasawi'llar. Wo'mirbek:

— Salsan'i'z sali'p jiberin', ayi'ri'li'sqan jerde alasi'z, — dep juwap beripti.

Jasawi'llar ne derin bilmey shawi'p wo'te beripti.

* * *

Ketip barati'rg'an jolawshi'lar Wo'mirbekten: — Jasi' u'lken, mi'na jol qayaqqa baradi' — depti. Sonda Wo'mirbek:

— Men ha'zir 40 jasqa shi'qti'm, usi' da'wir ishinde bul joldi'n' hesh jaqqa barg'ani'n ko'rgen joqpan. Usi' jerde turadi' da qoyadi', — depti.

* * *

Bir ku'ni Wo'mirbekten jorasi' neshege keldin', — dep sorapti'.

— Jasi'm yeliwde, — dep juwap beripti Wo'mirbek.

Ja'ne bir 5 — 6 ji'ldan keyin sorag'anda da «50» de dep juwap beripti.

Jorasi' Wo'mirbekke: — «Men sennen bunnan 10 ji'l buri'n sorag'anda da «yeliwde» dep juwap berdin'. Sira', sen alpi'sqa shi'qpaysan' ba?» — degen yeken. Wo'mirbek wog'an, adam degen bir so'zli boli'wi' kerek, yeliw degen bolsam, sol yeliwde tura beremen, — dep juwap bergen yeken.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Wo'mirbek wo'z worni' menen qalay so'ylegen?
2. Wo'mirbek haqqi'nda bilgenlerin'izdi ayti'n'.
3. Wo'mirbektin' so'zlerin woqi'n', so'ylep berin'.

## XOJA NASRADDIN

Bir ku'ni Xoja Nasraddin dosti'si'ni'n' u'yine kelse wol u'yin tazalap ati'r yeken. Xoja wonnan:

— Ha'y dosti'm! Ne islep ati'rsan'? — dep sorapti'.

— A', Xoja yekensen' g'oy! Mi'naw yeskirgen kiyim, qag'az, kitap — ba'rin wo'rteyin dep ati'r yedim, — deydi dosti'.

— Qoy dosti'm! Kiyim yeskirgeni menen kitap yeskirmeydi. Kitapti'n' si'rti' yeskirgeni menen ishindegi aqi'l so'zi yeskirmeydi, — depti sonda Xoja Nasraddin.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Ne ushi'n Xoja Nasraddin kitapti' wo'rteme deydi?
2. Xoja Nasraddin haqqi'nda nelerli bilesiz?
3. Kitapti'n' a'hmiyeti haqqi'nda ayti'p berin'.

## A’DEBIYAT TEORIYASI’NAN MAG’LUWMAT

### XALI’Q AWI’ZEKI DO’RETPESI MENEN JAZBA A’DEBIYATTI’N’ BAYLANI’SI’ HA’M WO’ZGESHELIGI

Ko’rkem a’debiyat — xali’qti’n’ wo’mir aynasi’. Ko’rkem a’debiyat xali’q awi’zeki do’retpesi ha’m jazba a’debiyat boli’p bo’linedi. Ha’rqanday ko’rkem shi’g’armani’ si’patlap turatug’i’n belgiler bul yekewine de tiyisli. Barli’q a’debiy shi’g’armalar si’yaqli’ folklorli’q shi’g’armalar da turmi’sti’ ko’rkemlep su’wretlep, obrazlar arqali’ tani’ydi’. Turmi’s ha’diyselerin woqi’wshi’ni’n’ ko’z aldi’na yesletedi.

Soni’n’ menen birge, xali’qti’n’ awi’zeki do’retpesi tiykari’nan awi’zsha do’retiledi ha’m taraladi’. Wolar birewden-birew yadlap ali’w yamasa jazi’p ali’w joli’ menen taraladi’. Atqari’wshi’lar boladi’, waqi’tti’n’ wo’tiwi menen shi’g’armani’n’ da’slepki do’retiwshisi umi’ti’li’p, xali’q mu’lkine aynali’p ketedi.

Al, jazba a’debiyatta bolsa, shi’g’armani’n’ avtori’ belgili boli’p, woni’n’ avtori’ saqlani’p keledi’. Wolarg’a atqari’wshi’lar wo’z da’wirine say wo’zgerisler kirgiziwi mu’mkin. Sonli’qtan da, awi’zeki a’debiyattag’i’ do’retpeler bir-birinen ayri’li’p, ko’p variantli’ boli’p keledi. Mi’sali’, bir yertek yamasa bir da’standi’ ayti’wshi’lar wo’zinshe aytadi’. Wolar bir-birinen ayi’ri’li’p turadi’.

Al jazba a’debiyatta ko’p variantli’li’q bolmaydi’. Jazi’wshi’ni’n’ wo’zi qayta islegende g’ana basqasha varianti’n jazi’wi’ mu’mkin, biraq wol ko’pshiliktin’ shi’g’armasi’ yemes, sol jazi’wshi’g’a tiyisli.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

1. A’debiyat so’zi qaysi’ tilden ali’ng’an ha’m qanday ma’nini bildiredi?
2. Sen qaysi’ tilde jazi’lg’an ko’rkem shi’g’armalardi’ woqi’g’i’n’ keledi?

## JAZBA A’DEBIYATTAG’I’ YERTEKLER

### JAZBA A’DEBIYATTAG’I’ YERTEK HAQQI’NDA TU’SINIK

Belgili xali’q shayi’rlari’ ha’m jazi’wshi’lari’ xali’q awi’zeki do’retpeleri bolg’an folklordan ken’ paydalanadi’. Wolar

naqi'llardi', aforizmlik so'zlerdi wo'zlerinin' shi'g'armalari'na kirgizedi.

Sonday-aq, folklorli'q shi'g'armalardi'n' syujetin, ayi'ri'm obrazlari'n da paydalani'p shi'g'arma do'retedi.

Wo'zlerinin' do'retpelerin rawajlandi'ri'wda folklordan paydalanbag'an jazi'wshi' ha'm shayi'rlardi' tabi'w qi'yi'n.

Belgili qaraqalpaq shayi'ri' Berdaq G'arg'abay uli' wo'zinin' «Aqmaq patsha» da'stani'ni'n' syujetin yerteklerden ali'p jazdi'. Al, woqi'wshi'lari'mi'zg'a wo'zlerinin' shi'g'armalari' arqali' tani'lg'an su'yikli shayi'r ha'm jazi'wshi'lari'mi'z N. Da'wqaraev, A'. Shamuratov, I. Yusupov, T. Jumamuratov ha'm tag'i' basqalardi'n' do'retpelerinde yerteklerdin' syujetinen paydalani'p jazi'lg'an shi'g'armalar wog'ada ko'p.

Du'nya a'debiyati'na belgili shayi'r A. S. Pushkin de folklordi'n' yertek janri'nan paydalani'p, balalar ushi'n bir neshe poema ha'm yertekler do'retti. Mi'sali', usi' kitapqa kirgizilip woti'rg'an M. Da'ribaevti'n' «Alti'n ju'zik», T. Jumamuratovti'n' «Kiyiktin' yeki i'lag'i'», A. S. Pushkinnin' «Bali'qshi' ha'm alti'n bali'q haqqi'nda yertek» jazba a'debiyattag'i' yerteklerge jatadi'. Solay yetip, jazba a'debiyat awi'zeki a'debiyat penen ti'g'i'z baylani'sta rawajlanadi'.

## MI'RZAG'ALIY DA'RIBAEV

*(1909 — 1942)*

M. Da'ribaev — shayi'r, jazi'wshi' ha'm dramaturg. Wol 1909-ji'li' Qon'i'rat rayoni'nda tuwi'lg'an. Woni'n' «Qosi'qlar», «Gu'reste jen'iwshiler», «Qa'lbiyke» ha'm tag'i' basqa qosi'qlar toplamlari', «Ko'klen bati'r», «A'rman», «G'a'rip-Ashi'q», «Jan'a adamlar» atli' pyesalari' bar. Jazi'wshi'ni'n' «Mi'n'lardi'n' biri» povesti qaraqalpaq prozasi'ni'n' qa'liplesiwinde ayri'qsha a'hmiyetke iye.

M. Da'ribaev 1942-ji'li' du'nyadan wo'tti.

### ALTI'N JU'ZIK

Bir bar yeken, bir joq yeken,
Ash yeken de, toq yeken,
Ala g'arg'a azanshi' yeken,
Qara g'arg'a qazanshi' yeken.

Sonda Berdimurat degen bir bay bar yeken.

Wol wog'ada bay yeken,
Mali'-jayi' say yeken,
Baydi'n' kewli jay yeken,
Jeri jipektey jaynag'an,
Bo'dene, bu'lbu'l sayrag'an,
Bir qali'n' tog'ayli'q wortasi'nda yeken.

Woni'n' su'riw-su'riw qoyi', pada-pada mali', u'yir-u'yir ji'lqi'lari':

Biri jati'p, biri turi'p,
Biri gu'ysep, biri ju'rip,

tog'ayda yemin-yerkin, jayi'latug'i'n yedi. Uri'dan, bo'riden saqlani'w ushi'n ha'r tu'lik mali'na yeki-yekiden malay saldi'.

Yesigindegi gu'lla'n malaylari',
Kesh jati'p, yerte turi'p,
Ash ju'rip, din'kesi quri'p,
Di'm qi'yi'n wo'mir su'rip,
Ti'nbay jumi'slar qi'li'p,
Ji'lap-yen'irep ju're berdi.
Berdimurat
Jaqsi' kiyimler kiyinip,
Qabag'i'n u'yip,
Mushi'n tu'yip,
Malaylari'n uri'p,
Tabani'n tilip,
Duzli' suw quyi'p,
Shadlani'p shalqi'p tasi'p,
Taltan'lap ayag'i'n basi'p ju're berdi.
Baydi'n' qozi'si'n bag'i'p,
Ayag'i'n tomar qag'i'p,
Ko'z jasi' moyni'na ag'i'p.

Segiz jasar Seytjan degen qara domalaq jetim bala da ju'rdi. Beti-qoli' batpan kir, kiyimi joq, jo'nli bir qarasa-tug'i'n adami' da joq, baqani'n' qarni'nday qarni' bir

qampayi’p, bir toymadi’. Woni’n’ u’stine jumi’stan heshbir ti’nbaydi’. Sonli’qtan azi’p-tozi’p, moyni’ i’rg’ayday, biyti torg’ayday, si’yrag’i’ si’rnayday boli’p ju’da’ ju’dedi.

— Qarag’i’m, dep qarasi’p, bawi’ri’na basi’p, tamaq berip, biytin qarap, kiyimin juwi’p beredi degen jalg’i’z anasi’ bolsa, Berdimuratti’n’ u’yinin’ digirmani’n tarti’p, woti’ni’n tasi’p, woti’n jag’i’p, basi’nan biyti ag’i’p, wo’zi menen wo’zi boli’p ju’ripti.

Bir ku’ni yerte turi’p,
Baydi’n’ u’yine kirdi,
Tamaq sorap az turdi’,
Biraq tamaq bermesten,
Berdimurat woni’ urdi’.

Sonli’qtan ji’lap-ji’lap, Seytjan qozi’lardi’ bag’i’p, wo’riske ketti:

Qozi’ni’ jaqsi’lap bag’i’p,
Sho’lletpey suwg’ari’p,
Awi’lg’a keldi tu’ske ali’p.

Seytjan wo’zi ash bolg’an menen baqqan qozi’lari’ wog’ada toydi’, sonli’qtan jayi’li’wdi’ da qoydi’. Ku’n i’ssi’, tal tu’s bolg’an yedi, qozi’lardi’ shertektin’ sayasi’na jatqi’zi’p, wo’zi baydi’n’ u’yine keldi. Maydan i’ssi’ bolg’an menen u’ydin’ tu’n’ligi jabi’wli’, wog’ada salqi’n yedi. U’yde adam joq, tek g’ana ko’kiregi qi’ri’ldap, targ’i’l pi’shi’q g’ana jati’r. Seytjan az g’ana turdi’ da, dasturqandag’i’ zag’arani’ ko’rdi. «Adam joq qoy, mi’na zag’aradan yari’m zag’ara ali’p, shertektin’ asti’na bari’p jeyin, urli’q bolmas, azannan berli na’rse tatpay ju’regim sazi’p, wo’letug’i’n boldi’m g’oy,» — dep yari’m zag’arani’ ko’yleginin’ ishine, qolti’g’i’na ti’qti’ da, juwi’ri’p shi’g’i’p ketti.

Seytjan maydang’a shi’g’a bergende:

«Jetim ku’shik, ne ali’p barati’rsan’?» — dep baqi’rdi’, Berdimuratti’n’ qi’zi’ Qa’nigu’l. Wol pi’shi’qtay, ju’rmege yerinip, balpan’lap basi’p, qaptali’ndag’i’ qon’si’ u’yinen kiyati’r yedi.

«Hesh na’rse» — dedi de, Seytjan qolti’qti’ qi’si’n’qi’rap, juwi’ri’p ju’rip ketti. Qa’nigu’l u’yge kirdi.

* * *

Aradan az g'ana waqi't wo'ter-wo'tpesten Qa'nigu'l shertektin' asti'nda zag'ara jep jatqan Seytjandi' shaqi'rdi'. Bir tislem nani' qali'p yedi, woni' Seytjan yeki shaynap bir juti'p, juwi'ri'p keldi de:

— Ha', ne deysen'?

— Ju'zikti nege aldi'n'?

— Ju'zik degen ne?

— Ber da'rhal!

— Haw, tu'sindirip aytsan'-a, ju'zik degen ne?

— Iliwli turg'an kamzoli'mni'n' kisesinen alti'n ju'zigimdi urlap ali'psan', soni' ber deymen.

— Apajan-aw, alg'ani'm joq yedi g'oy, — dep Seytjan azar-bezer boldi'.

— Sennen basqa heshkim alg'an joq, jan'a sen ali'p ketipsen', — dep Qa'nigu'l du'mpishtin' asti'na ali'p, wo'lgeyliden urdi'.

Almag'an alti'n ju'zigin qaydan tawi'p bersin. Seytjan «apajan, alg'ani'm joq», — dep ji'laydi'. Buni' Seytjanni'n' apasi' ko'rip, «balamdi' urg'ansha wo'zimdi ur» — dep Seytjanni'n' u'stine ji'g'i'ldi'. Soni'n' arasi'nda Qa'nigu'ldin' atasi' Berdimurat penen anasi' keldi. Qa'nigu'l ji'lamsi'rap turi'p: «Alti'n ju'zigimdi jetim ku'shik aldi'» — dep ata-anasi'na shag'i'ndi'. Berdimurat Seytjandi' shaqi'ri'p ali'p, mushi'n tu'yip, qabag'i'n u'yip, qa'ha'rin jayi'p ashi'w toni'n kiyip turi'p:

Iyttin' uri' balasi',
Ber ju'zikti wo'lersen',
Ha'zir qorli'q ko'rersen' —

dep gijindi. Seytjan «alg'ani'm joq» — dep wog'an da aytti'. Biraq, Berdimurat «Sennen basqa heshkim de alg'an joq» — dep Seytjandi' iytke taslatpaqshi' boldi'. Seytjanni'n' anasi' «Balamdi' wo'ltirgenshe wo'zimdi wo'ltir» — dep Berdimuratti'n' ayag'i'na ji'g'i'ldi'. Soni'n' arasi'nda Berdimurat wo'zinin' adamlari'n shaqi'ri'p ali'p, Seytjanni'n' anasi'n birewge bek-kem uslati'p qoydi' da, Seytjandi' baylawli' turg'an qabawi'q iyttin' aldi'na ali'p bari'p tasladi'.

Jolli’ julmalap talay basladi’. Qa’nigu’l qi’zi’g’i’na qarap ku’limsirep qoydi’.

Seytjandi’ iyt talap, shala jansar yetken waqi’tta, iytten ali’p, bi’lay su’yrep tasladi’. Anasi’: «Seytjani’m» dep qushag’i’n ashi’p u’stine quladi’.

Soni’n’ arasi’nda awi’ldi’n’ balalari’ menen suwg’a shomi’li’p ju’rgen Berdimuratti’n’ kishi qi’zi’ Gu’ljan keldi. Wol bag’ana ju’ziktin’ aynalasi’na shu’berek worap, apasi’ni’n’ alti’n ju’zigin qoli’na sali’p ketip yedi. Keliwi menen-aq «Apa, ma’ alti’n ju’zigin’», — dep Qa’nigu’lge berdi. Qa’nigu’l ku’limsirep ju’zigin aldi’.

Sol ma’ha’lde Seytjan «a-p-a» dep azi’raq qozg’alayi’n dedi.

Buni’ mag’an, bayag’i’da, bala ku’nimde a’kem ayti’p bergen yedi.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

1. Berdimurat degen kim?
2. Seytjan ha’m woni’n’ apasi’ni’n’ ku’n-ko’risi qalay? Yertekten tawi’p woqi’n’.
3. Seytjan ne sebep jazalandi’?
4. Qa’nigu’ldin’ jala jabi’wi’ duri’s pa?
5. Alti’n ju’zik kimnen tabi’ladi’?
6. Yertekti woqi’p, a’dillik penen a’dilsizliktin’, jaqsi’li’q penen jawi’zli’qti’n’ parqi’n tu’sindirin’.
7. «Awzi’ qi’ysi’q bolsa da, baydi’n’ uli’ so’ylesin» degen naqi’ldi’n’ ma’nisin, yertekke baylani’sti’ri’p so’ylep berin’.

## Naqi’llar

1. I’laq man’i’ray suw kesher,
   Jetim ji’lay ku’n kesher.
2. Birewge yetsen’ jamanli’q,
   Bolmaydi’ keyni amanli’q.
3. An’lamay so’ylegen,
   Awi’rmay wo’ledi.
4. Woynap so’ylesen’ de,
   Woylap so’yle.



## TILEWBERGEN JUMAMURATOV

*(1915 — 1990)*

T. Jumamuratov lirik ha'm satirik shayi'r. Shayi'rdi'n' da's-lepki lirikali'q qosi'qlari' 1956-ji'li' «Ju'rek muhabbati'» degen qosi'qlar toplami'nda basi'li'p shi'qti'. Woni'n' «Dosli'q», «Zamanlaslari'm», «Da'wran juldi'zlari'», «Tolqi'nda», «Ka'ramatli' tulg'a», «Tu'rli wo'tkeller» atli' toplamlari' baspadan shi'qti'. Woni'n' gu'rrin'leri ha'm ocherkleri «Muhabbat si'ri'» kitabi'nda ja'riyalandi'. Woni'n' lirikali'q qosi'qlari' menen ataqli' «Ma'karya suli'w» da'stani' rus, wo'zbek, tatar ha'm tag'i' basqa tillerge awdari'li'p baspadan shi'qti'. Shayi'r yumor-satirali'q qosi'qlar menen birge ti'msal qosi'qlari'n da do'retti.

### KIYIKTIN' YEKI I'LAG'I'

### I

Munarlang'an shi'n' biyik,
Shi'g'i's jag'i' tumg'uyi'q.
Ken' U'stiritti jaylag'an,
Neshe talay mi'n' kiyik.

Qoya tursi'n basqasi',
Ushi'rap tawdi'n' jasqasi'.

Adasti’ bir aq quyri’q,
Basi’nda bar qasqasi’.

Qasi’nda yeki i’lag’i’,
Tikireygen qulag’i’.
Say jag’alay woynaqlap,
U’shewi shi’n’nan quladi’.

Kelgendey-aq qonaqqa,
Gezlesti bir bulaqqa.
Suwi’ shiyrin, woti’ mol,
Kiyik penen i’laqqa.

Jay turadi’, jay jati’p,
Balalari’n woynati’p,
Ha’zlik qurdi’ u’shewi,
Ketkeninshe ku’n bati’p.

Qali’p sonda ku’neltti,
Aradan neshe ku’n wo’tti.
Qa’wipsiz ju’rip jani’war,
Tamashani’ u’detti.

Ko’rmey heshbir ja’birdi,
Wo’tkerdi solay wo’mirdi.
U’shewi de kem-kemnen,
Tuli’ptay boli’p semirdi.

Gezlespes topar jaqi’ni’,
Ne bolar istin’ aqi’ri’?...
«Bo’lingendi bo’ri jer»,
Degen xali’qti’n’ naqi’li’.

«Bir tawdag’i’ bir kiyik»,
Pa’rwaysi’z ju’rip zin’kiyip.
Pati’ratqa duslasti’,
Bul ju’riske «ko’z tiyip».

Talay qoydi’ sulaytqan,
Neshshe jandi’ ji’latqan.
Qasqi’rdi’n’ ko’kjal si’rtlani’,
Suw iship ati’r bulaqtan.

Zan’g’ardi’n’ ma’lim talabi’,
Kiyikti ko’zi shaladi’.
«Qi’zi’l ko’rgen g’arg’aday»
Telmirip jaman qaradi’.

Keledi kiyik shapqi’lap,
Wol da ko’rdi, saq biraq.
Qashi’wg’a meyil bergende,
Tan’lani’p turdi’ aq i’laq.

Sezbeydi dushpan yeken dep,
Qaraydi’ qayta yerkelep.
Qi’yali’ buzi’q sum qasqi’r,
Qarsi’ ju’rdi yentelep.

Kiyik qashti’ hapli’g’i’p,
Wo’z demine manti’g’i’p.
Yermey yeki i’lag’i’,
Qi’si’ldi’ qatti’ jan shi’g’i’p.

Izine qayta woraldi’,
Ja’n-jag’i’na qarandi’.
Qaytari’wg’a shama joq,
Mi’naw ko’kjal haramdi’.

Kirerine say da joq,
Qashi’wdan basqa payda joq.
Mo’ldir ko’zli jaslarda,
Dushpan degen woyda joq.

Qa’seken’ keler jalaqlap,
Qi’zi’l tili salaqlap.

Woynaqshi'ydi' ko'zleri,
I'laqlarg'a qarap tap.

Minekey, jawdi'n' jamani',
Anani'n' quri'p hamali'.
Birim-birim i'laqti',
Qamti'p qashti' shamali'.

I'laqlar sonda zi'p berdi,
Qasqi'r da da'rhal ta'p berdi.
Qalpallaw qawi'p sani'nan,
Kiyikke tisin wo'tkerdi.

Kiyik birden tuwladi',
Tula boyi' juwladi'.
Anasi' qayi'm kelgen son',
I'laqti' qasqi'r quwmadi'.

Sol waqta tuyaq sart yetti,
Jawi'zdi'n' ko'zi jarq yetti.
Balani'n', janni'n' ashi'wi',
Kiyikti de ma'rt yetti.

Qasqi'rdi'n' shi'g'i'p bir ko'zi,
Qan'si'lap qaldi' bir wo'zi...
Usi'ni'n' menen toqtadi',
An'shi'ni'n' aytqan bul so'zi.

## II

Yekinshi so'zi tag'i' bar,
(An'shi'dan ga'p tabi'lar).
Jeldey zi'tqi'p jawi'nnan,
Quti'ldi' u'sh jani'war.

Jaman jeri biraq ta,
Shi'g'i'ndi' tag'i' uzaqqa.
Bari'w yendi qa'wipli,
U'yrenisken bulaqqa.

Kelgen jeri jay yemes,
Wot-sho'pke de bay yemes.
Adam bag'ar deytug'i'n,
Yeshki yemes, qoy yemes.

Suwi' da ju'da' tam-tari's,
Wo'ris qaldi' ap-ali's.
Ushi'ray ma dep te qorqadi',
Ya qasqi'r, ya jolbari's.

So'ytse de dushpan dari'may,
Awqatqa, suwg'a jari'may.
Qan'g'alaqlap ju'rgende,
Tag'i' wo'tti yari'm ay.

Sho'p ko'rinse jep boli'p,
Bul ju'ris te ko'p boli'p.
Awi'ri'p kiyik biyshara,
Azi'p qaldi' sho'p boli'p.

Bolmadi' heshbir taqati',
Ju'riwge kelmey shag'ati'.
Ko'zinen jasi' mo'ltildep,
Monshaqlani'p ag'adi'.

Jetkeninshe shamasi',
Woyi' tek yeki balasi'.
Gu'ptey boli'p asqi'ng'an,
Qasqi'rdi'n' qapqan jarasi'.

Telmirip yeki i'lag'i',
Jawdi'rar ko'zler qi'rag'i'.
Ha'lsiregen anasi'
Yet-betinen quladi'.

Manawradi', alqi'ndi',
A'ri-beri talpi'ndi'.

So'ytip, ta'g'dir kiyiktin',
Ken' du'nyasi'n tar qi'ldi'.

Si'lq yetip basi' ji'g'i'ldi',
Ko'zi de a'tten', jumi'ldi'.
Sonda da bari'p i'laqlar,
Anasi'na ti'g'i'ldi'.

Ketiwge ko'zler qi'ymaydi',
Yemdi, a'ste ti'rnadi'.
Ne ha'reket yetse de,
Biyshara ana turmadi'.

Moyni'nan, bastan jalaydi',
Sezilip tur bir qayg'i'.
Jetim qalg'an i'laqlar,
Bir-birine qaraydi'.

Anasi'n qatti' ayadi',
Qi'ldi'ri'qtay ayag'i'.
Sozi'p soni' qaptallap,
Anag'a jaqi'n qoyadi'.

Tu'nerip sa'l ku'n asti',
Hawani' kem-kem bult basti'.
Du'beleyli jawi'nda
Bayag'i' qasqi'r ushi'rasti'!

Soqi'r ko'z tu'spey wo'lige,
I'laqti' quwdi' jelige.
Jetimlerge ko'p boldi',
Anag'a jaqi'n jeri de.

Ya quti'li'p ketti me,
Ya dushpani' jetti me?...
Ma'limsiz boldi' aqi'ri',
Zi'm-zi'ya boli'p ketti de.

I’zi’ldadi’ jer qatti’,
Qaran’g’i’ tu’sti, ku’n batti’.
Gu’ldirmama gu’ldirep,
Ko’shken bultti’ uzatti’.

Yeki jetim i’laqti’n’,
Ta’g’diri neshik uzaq tu’n?
Ya qasqi’rg’a jem boldi’,
Ya ishinde azapti’n’...

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

1. Poemadan mug’allimnin’ ko’rsetken wori’nlari’n terip woqi’n’.
2. An’shi’ni’n’ birinshi a’n’gimesi boyi’nsha ana kiyiktin’ ha’m qasqi’rdi’n’ ta’g’diri qalay bolg’ani’n wo’z so’zlerin’iz benen ayti’p berin’.
3. Poemani’ woqi’p ati’ri’p ko’z aldi’n’i’zg’a ne sa’wlelengenligin ayti’p berin’.
4. «Bo’lingendi bo’ri jer» degen qosi’q qatarlari’ni’n’ ma’nisin tu’sindirin’.



## JUMANIYAZ WO'TENIYAZOV

*(1959)*

Shayi'r J. Wo'teniyazov 1959-ji'li' Taxtako'pir rayoni'nda tuwi'lg'an.

Shayi'rdi'n' «Jan'a ji'l», «Sholaq jayi'n», «Yeki maqtanshaq», «Ti'ni'shli'q saqshi'lari'», «U'mit shug'lasi'», «Uzi'n ha'm kelte», «Watani'n'di' su'yip jasa» degen toplamlari', «Ana kewli», «Sekseninshi ji'llar», «Wo'tesh bati'r», «Aydos biydin' a'rmani'» poemalari' baspadan shi'qti'.

Wol A. S. Pushkin, Yu. M. Lermontov, V. Gogol, K. D. Ushinskiy, K. Chukovskiydin' bir qatar shi'g'armalari'n qaraqalpaq tiline awdarg'an.

### YEKI MAQTANSHAQ

***1***

Uzi'n murti'
Ha'rriygen,
Nandi' jemey,
Ga'rdiygen.
Ko'zi jang'an,
Shi'raqtay,
Ti'rnaqlari'
Woraqtay.
Qulaqlari'

Qalqanday,
Quyri'g'i' da
Arqanday.
Ha'r ti'rnag'i'
Bir qari's,
Misli kishi
Jolbari's.
Bizin' u'yde pi'shi'q bar.
Wol bar jerde
Qi'zi'q bar.

Ku'ndiz uyqi'lar
Pi'ri'ldap,
Ko'kiregi
Si'ri'ldap.
Yerkeleydi
Inimdey,
Betin «juwar»
Yerinbey.
U'sti-basi'n
Jalaydi',
«Pish-pish» desem
Qaraydi'.
Menin' menen
Jari'ssa,
Sekiredi
Ali'sqa.
Bir woynasa
Ti'nbaydi'.
Ku'shik quwsa,
Ti'rnaydi',
Wo'rmeleydi
Ag'ashqa,
Zi'n'g'i'p shi'g'ar
Tambasqa.
Qarawi'lday
Qori'g'an,
Tu'tin shi'qsa

Mori'dan.
Sog'an qarap
Woti'rar,
So'ytip ku'ndi
Bati'rar.

*2*

Tu'nde «an'g'a»,
Shi'g'ar wol,
Tasa jerde
Bug'ar wol.
Wo'tirikke
Qalg'i'ydi',
Ti'shqanlardi'
An'li'ydi'.

*3*

Poldi' tesip,
Kemirgen.
Nan urlap jep,
Semirgen.

Ti'shqan shi'g'ar
Tesikten,
Shu'ykildisin
Yesitken.
Pi'shi'q tayi'n,
Turadi',
Bara pa'nje
Uradi'.
An'sat wolja,
Aladi'.

*4*

Pi'shi'q bir ku'ni
Ti'shqandi'.
Uslap ali'p

Maqtandi':
— Sen qash!
Tag'i' uslayi'n.
Qi'zi'q woyi'n,
Baslayi'n!
Wol ti'shqandi'
Jiberdi.
Ne boldi' den',
Al yendi:

Ti'shqan kirdi,
Yetikke.
Shi'g'i'p ketti,
Tesikten.
Pi'shi'q kirip,
Qoni'shqa,
Bara almadi'
Ali'sqa.

Ti'shqan aytti'
Pi'shi'qqa:
— Ha'y, maqtanshaq
Asi'qpa!
Yendi uslay
Almaysan',
Jurtti' nege
Aldaysan'?
Sen hiyleni
Basladi'n'.
An'li'p kelip
Usladi'n'!
Yendi meni
Uri'p ko'r!
Bul tesikke
Kirip ko'r!
Seni tislep,
Ti'rnayman.
Ayqasqanda,
Qalmayman!

A'ne, yeki
Maqtanshaq,
Tarti'si'p ju'r
Ti'n'lasaq.
Ayti'n' qa'ne,
Balalar:
Bizin' pi'shi'q
Shaqqan ba?
Ya'ki ti'shqan
Shaqqan ba?

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar.***

1. Pi'shi'qti'n' ha'reketleri tuwrali' ayti'p berin'.
2. Pi'shi'q ti'shqang'a ne dep maqtandi'?
3. Ti'shqan pi'shi'qqa ne dedi?
4. Pi'shi'q ti'shqannan qalay aldani'p qaldi'.

## A. S. PUSHKIN

*(1779 — 1837)*

Pushkin 1799-ji'li' Moskvada dvoryan shan'arag'i'nda du'nyag'a kelgen. Jasli'g'i'nda xali'q do'retiwshiligine ayri'qsha mehir menen qarag'an. Shayi'rdi'n' da'slepki «Uyqi'» qosi'g'i' xali'q kewlinen ayri'qsha wori'n iyeledi. Wol liceyde woqi'p ju'rgen waqi'tlari'nda a'debiyatqa i'qlasi' woyanadi'. Wol wo'mirinin' ko'pshiligin su'rginde wo'tkerdi. Ko'p qalalarda do'retiwshilik penen shug'i'llandi'. «Kavkaz tutqi'ni'», «Baqsha saray fontani'» shi'g'armalari'n jazdi'. Odessa, Mixaylovsk, Moskva, Kishinyov, Orenburg qalalari'nda boladi'.

Woni'n' «Yerkinlik», «Awi'l», «Ha'ykel» si'yaqli' qosi'qlari' talanti'ni'n' biybaha ga'whari' yesaplanadi'.

## BALI'QSHI' HA'M ALTI'N BALI'Q HAQQI'NDA YERTEK

Munarlang'an ko'k ten'izdin' qasi'nda,
Qostari' bar qosi'li'sqan jasi'nda.
Woti'z u'sh ji'l ji'rti'q to'le panalap,
Bir g'arri' shal jasap keldi usi'nda.

G'arri' ji'li'm menen bali'q awladi',
Kempir jip iyirip, urshi'q tawladi'.
Bir sapari' ji'li'm salsa ten'izge,
Shalan' ilindi de, bali'q bolmadi'.

Ja'ne tag'i' taslap yedi ji'li'mdi',
Ten'izdin' tek sho'p-sharlari' ilindi.
Son'g'i' ret salg'ani'nda ji'li'mdi',
Bir bali'qti'n' tu'skenligi bilindi.

Tutasi'nan alti'n yeken sol bali'q,
Jali'nadi' qalayi'nsha u'n sali'p.
Nag'i'z adam dawi'si'nda so'yleydi:
«Ten'izime jiber meni qun ali'p.

Wo'zim ushi'n qi'mbat na'rse to'leyin,
Ne tilesen', tilegin'di bereyin», —
Degen waqta hayran qali'p qorqadi'.
Hesh ko'rmegen bunday istin' hu'reyin.

Ko'k ten'izde islep ju'rip sonsha ji'l,
Bali'q so'ylegenin yesitpegen bul.
Alti'n bali'qti' jiberdi jayi'na,
Jag'i'mli' so'z benen wog'an qatti' til:

— «Aytqani'n'di' wori'nlayi'n, bali'g'i'm,
Quni'n' kerek yemes aytsam ani'g'i'n.
Bar kete ber ten'izin'nin' ishine,
Qi'di'ra ber, teren' suwdi'n' barli'g'i'n».

* * *

So'ytip, g'arri' kempirine qaytadi'.
Tan' qalarli'q waqi'yani' aytadi':
«Usi' bu'gin usladi'm bir bali'qti'.
Nag'i'z alti'n, ushi'raspag'an woydag'i'.

Jali'nadi', so'z so'yleydi bizin'she:
«Ko'k ten'izde u'y-jayi'm bar wo'zimshe.

Azat yetsen’ wo’z quni’mdi’ to’leyin,
Keregin’nin’ barli’g’i’n al wo’zin’she!» —

Dedi, menin’ dawamadi’ ju’regim.
Na’rse almay wori’nladi’m tilegin».
Sonda kempir topi’ladi’ g’arri’g’a:
«An’qaw, aqmaq tu’welmedi keregin’?!...

Ne sebepten wonnan wolja almadi’n’,
Kersennin’ de pi’t-shi’t boli’p qalg’ani’n.
Bilesen’ g’oy bir jan’asi’n soramay,
Senin’ sonsha qalay aqmaq bolg’ani’n’?!».

Ko’k ten’izge ketti g’arri’ sharshamay,
(Ten’iz tolqi’p, woynaqshi’di’ azg’antay.)
Qaydasan’, dep shaqi’rg’anda dawi’slap,
Alti’n bali’q jetip keldi toqtamay:

«Qanday na’rse kerek boldi’, atajan?»—
Dep soradi’ alti’n bali’q, g’arri’dan.
Sonda g’arri’ basi’n iyip bali’qqa:
— «Ra’him yet, alti’n bali’q taqsi’rxan!

Kempir uri’si’p, hesh ti’ni’shli’q bermedi,
Qi’ynay berdi, g’arri’li’qti’ ko’rmedi.
Tozi’p qalg’an u’yde jalg’i’z aslawi’,
Soni’n’ bir jan’asi’n sorap kel, — dedi».

Alti’n bali’q juwap berdi sol manda,
«Woni’n’ ushi’n bola ko’rme a’rmanda!
Aytqani’n’ni’n’ tayi’n bolar jan’asi’,
Sen ko’rersen’ wo’z u’yin’e barg’anda».

* * *

G’arri’ kelse kempirine asi’g’a,
Jarqi’rag’an kersen’i tur qasi’nda.
Kempir tag’i’ topi’ladi’ tu’nerip:
— «Sen bir ladan, miy qalmag’an basi’n’da!

Kersennen de bizge du’nya boli’p pa?
Tezden, qayta jo’ne alti’n bali’qqa!
Basi’n’di’ iy, sora bizge jay bersin,
Aqmaq bolmay sol na’rseni ani’qla!»

Ko’k ten’izge g’arri’ ketip baradi’,
(Ko’kshil ten’iz i’laylani’p turadi’).
Bari’p shaqi’rg’anda alti’n bali’qti’,
Wo’zi kelip bul g’arri’dan soradi’:

«Qanday na’rse ha’jet boldi’, atajan?»,
Bas iyip soradi’ g’arri’ bali’qtan:
«Kempir uri’si’p, ja’ne tag’i’ tu’nerdi,
Ra’him yet, alti’n bali’q taqsi’rxan!

Men g’arri’g’a hesh ti’ni’shli’q bermedi,
Wol biyhaya bir jay sorap kel», — dedi.
Sonda bali’q: «Tayi’n bolar jayi’n’i’z,
Woni’n’ ushi’n qapalanba sen», — dedi.

* * *

Yendi g’arri’ qayti’p kelse jalma-jan,
To’lesinin’ belgisi de qalmag’an.
Ko’z aldi’nda jarqi’rap tur ko’rkem jay,
To’besine aq truba wornag’an.

Da’rwazasi’ mi’qli’, bekkem yemennen,
So’kti kempir, g’arri’ keldi degennen.
Turi’p ali’p terezenin’ aldi’nda,
Dedi: «Jay sorag’an nag’i’z aqmaq sen!

Da’rhal bar da jali’n alti’n bali’qqa,
Mag’an jay puqara boli’w qali’p pa?!
Saltanatli’ to’re hayal bolaman,
Aqmaq, geshshe, usi’ni’ sen ani’qla!»

Ketip g’arri’ ko’k ten’izge baradi’.
(Ten’iz biyjay tolqi’nlani’p turadi’).

Shaqi'radi' g'arri' alti'n bali'qti',
Bali'q jaqi'n ju'zip kelip soradi':

«Qanday na'rse ha'jet boldi', atajan?»
Basi'n iyip soradi' bul bali'qtan:
«Kempir mag'an ti'ni'm bermey asqi'ndi',
Ra'him yet, alti'n bali'q, taqsi'rxan!

Jay puqara boli'wdi' wol qa'lemes,
Saltanatli' to'relikke di'm ha'wes».
Alti'n bali'q juwap berdi g'arri'g'a:
«Qapalanba wol hesh qi'yi'n is yemes».

* * *

Kempirine qayti'p keldi toqtamay,
Neni ko'rdi? Qabat-qabat biyik jay!
Tekshesinde kempir woti'r mardi'yi'p,
Boli'p qalg'an kereginin' ba'ri say.

Kiyinipti i'lg'i'y qamqa hasi'ldan,
Moyni'na merwert monshaq asi'ng'an.
Ayag'i'nda qi'zi'l yetik jalti'rap,
Qollari'na ju'zik salg'an alti'nnan.

Xi'zmetshiler aldi'nda taq turadi'.
Wolardi' da qatan' keyip, uradi'.
— «Sa'lem, to're, kewlin'degi boli'pti'» —
Dedi g'arri', kempirine qaradi'.

Kempir bug'an ashi'wlandi', aqi'rdi',
At bag'i'wg'a jiberdi bul paqi'rdi'.
Ha'pte wo'tip, ja'ne ha'pte jetken son',
Bali'g'i'na jollaw ushi'n shaqi'rdi'.

Kempir ju'da' ha'dden asqan mardi'yi'p,
Dedi: Jetker bali'g'i'n'a bas iyip.
Yendi to're hayal bolg'i'm kelmeydi,
Men bolaman yerkin patsha zor biyik».

G’arri’ shorshi’p kempirine jali’ndi’,
«Ma’jgu’n bolma, hayal, qi’ynap jani’n’di’.
Patsha boli’w woyi’nshi’q pa sen ushi’n,
Ne sebepten bilmeysen’ sen hali’n’di’?»

Kempir bug’an qatti’ ashi’w yetedi,
Yerin qaq shekeden sali’p ketedi:
«Men to’remen, sen kim menen woynaysan’,
Jay puqara so’zin’ jaman wo’tedi!

Yerkin’ menen jo’nelip qal ten’izge,
Yeregiske shaman’ qalay jetedi?!»

* * *

G’arri’ ketip, ten’izge de baradi’,
(Ko’kshil ten’iz qarawi’ti’p turadi’).
Shaqi’radi’ g’arri’ alti’n bali’qti’,
Bali’q wo’zi kelip, bunnan soradi’:

— «Qanday na’rse ha’jet boldi’, atajan?»
Bas iyip soradi’ g’arri’ bali’qtan:
«Bizin’ kempir ju’da’ ha’dden asqi’ndi’,
Ra’him yet, alti’n bali’q, taqsi’rxan!

To’re hayal boli’wdi’ wol qa’lemes,
Yerkin patsha bolmaqli’qqa di’m ha’wes».
Alti’n bali’q bi’lay dedi g’arri’g’a:
«Qapalanba, wol da qi’yi’n is yemes.

Qutli’ bolsi’n! Kempir patsha boladi’!»
Kempirine g’arri’ jetip baradi’.
Bul ne? Ko’z aldi’nda patsha sarayi’,
Kempir patsha sol sarayda turadi’.

Ko’rse, kempir taxt u’stinde woti’rg’an,
Wa’zir-to’re a’mirine taq turg’an.

Sharap quyi’p, tatli’ awqat tayarlap, —
Ha’mme wog’an xi’zmet yetip ati’rg’an.

Tu’si suwi’q saqshi’lar ko’p qorshag’an,
Aybaltasi’n alg’a tuti’p uslag’an.
Buni’ ko’rip qorqi’p g’arri’, kempirdin’
Ayag’i’na bas uradi’ jalma-jan.

Dedi: «Sa’lem, qa’hri qatti’ patsham-ay!
Mine, yendi boldi’ senin’ kewlin’ jay».
— «Shi’g’ari’n’!» — dep, birewlerge i’m qaqti’,
Kempir patsha g’arri’si’na qaramay.

Ha’meldarlar yeserlenip bulqi’di’,
Jelkesinen su’yrep shaldi’ julqi’di’.
Shi’g’ar jerde aybaltali’ saqshi’lar,
Shawmaq boli’p, g’arri’ zordan quti’ldi’.

Bug’an qarap ku’listi xali’q arti’nan
«Sazayi’n’ sol an’qaw g’arri’ alji’g’an!
Jo’nsiz jerde jat shanag’a jarmasi’p,
Ju’rmeslikke sabaq aldi’n’ sen nadan»

* * *

Mine, tag’i’ ha’pte, ku’nler wo’tedi,
Kempir ja’ne biyhayali’q yetedi.
«Izlep tap!» dep patsha buyri’q bergen son’,
Ha’meldarlar yerin ali’p ketedi.

G’arri’si’na aytti’ kempir bi’lay dep:
«Turg’i’m kelmes yerkin patsha boli’p tek.
Bari’p jali’n bali’g’i’n’a bas iyip,
Turg’i’m keldi ten’izdi de iyelep.

Sayranlayman ten’iz, okean aralap,
Alti’n bali’q xi’zmetimde tursi’n taq!
Men bolaman barli’g’i’ni’n’ xojasi’,
Wol ju’redi, buyri’g’i’mdi’ wori’nlap».

G'arri' wog'an ayta almadi' qarsi' so'z,
Ko'k ten'izge ju'rip ketti tezbe-tez.
Ko'k ten'izde qara dawi'l i'sqi'ri'p,
Asaw tolqi'n hallasladi' barg'an gez.

Suwlar burqi'p, uyqi'-tuyqi' boli'pti',
Shaqi'radi' g'arri' alti'n bali'qti'.
— «Qanday na'rse ha'jet boldi', ata?» — dep,
Bali'q kelip, suw betine joli'qti'.

Basi'n iyip aytti' g'arri' bi'lay dep:
«Bali'q taqsi'r, ra'him yet, keshir tek.
Kempir aytti', «Yendi patsha bolmayman,
Tursam, — deydi ten'izdi de iyelep.

Sayranlayman ten'iz, okean aralap,
Alti'n bali'q xi'zmetimde tursi'n taq!
Dedi, bolmaq barli'g'i'ni'n' xojasi',
Ne islermen, ha'dden asti' wol aqmaq!»

Bali'q bug'an qaytarmadi' hesh juwap,
Sekirdi de, qalashlari'n bir tawlap.
Su'n'gip ketti teren'ine ten'izdin',
G'arri' wonnan juwap ku'tti biraz waq.

Ku'te-ku'te aqi'ri'nda jali'qti',
Qayti'p kelse, ji'rti'q to'le qali'pti'.
Kempir woti'r bosag'ada melshiyip,
Qaptali'nda aslawi' tur jari'qli'.

*(T. Jumamuratov awdarmasi')*

**So'zlik**

**ji'li'm** — bali'q awlaytug'i'n qural.
**urshi'q** — jip iyiretug'i'n qural.
**shalan'** — suwdi'n' asti'nda wo'setug'i'n wo'simlik.
**puqara** — jarli' miynetkesh xali'q.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Bali'qshi' g'arri' qanday turmi's keshiretug'i'n yedi? Woqi'n' ha'm tu'sindirin'.
2. Alti'n bali'qtan g'arri' nelerdi wo'tinish qi'ldi'? Tawi'p woqi'n'.
3. Kempir g'arri'g'a qanday tapsi'rmalar berdi? Wol alti'n bali'q arqali' qalay wori'nlandi'? Woqi'n'.
4. Ne sebep kempirdin' son'g'i' tilegi wori'nlanbadi'? Tu'sindirin'.
5. Ten'iz ko'rinisi su'wretlengen jerlerdi da'pterlerin'izge ko'shirip jazi'n'.
6. Tekstten g'arri'ni'n', alti'n bali'qti'n', kempirdin' so'zlerin rollerge bo'lip woqi'n'.

# TUWI'LG'AN JER TA'BIYATI'



## SEYFULG'A'BIT MA'JITOV

*(1869 — 1938)*

S. Ma'jitov — XX a'sirdegi qaraqalpaq a'debiyati'n baslawshi'lari'ni'n' biri, u'lken g'ayratker, shayi'r, prozaik ha'm dramaturg. Wol 1869-ji'li' Qazan guberniyasi'ni'n' Arshan rayoni'nda tuwi'lg'an. Woni'n' bir qatar shi'g'armalari' wo'zi du'zgen «A'lipbe», «Woqi'w kitabi'», «Yegedeler sawati'», «Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' ji'yi'nti'g'i'» ha'm wo'zinin' «Tan'lamali' shi'g'armalari'»nda wori'n alg'an. Son'g'i' ji'llari' shayi'rdi'n' «A'kesi menen balasi'» degen gu'rrin'ler toplami' basi'li'p shi'qti'.

S. Ma'jitov dramaturgiya tarawi'nda «Son'g'i' selten'», «Sabaq», «Jigit boldi'q», «Yernazar alako'z», «Bag'dagu'l», «Gu'lim — Tayman» si'yaqli' piyesalari', «Qulmurat», «Won tog'i'z», «Su'yin ha'm Sara» romanlari'n jazg'an.

## TO'RT MA'WSIM

To'rt ma'wsimnin' aldi' ba'ha'r,
Jan ha'z yeter ba'ha'r kelse.
Jasi'l do'nip giya wo'ner,
Jerge jelli ba'ha'r kelse.

Giya wo'nip, ko'lge, sho'lge,
Quslar sayrap qonar gu'lge,
Yosh yener ha'rbir kewilge,
Dawi'slari' sa'ha'r kelse.

Sharwani'n' da mali' tuwar,
Bir qarasi' yeki bolar,
Qos shi'g'ari'p jerin su'zer,
Diyqan da'rriw sezer kelse.

Yekinshi ma'wsim jaz keler,
Bunda ti'ni'shli'q az bolar,
Bir ji'ldi'n' g'ami' saz bolar,
Diyqanda is u'der kelse.

Shi'g'i'r aydar, to'gin jayi'p,
Iste ha'mme aqsaq-mayi'p,
Aq shi'g'i'p, azi'q molayi'p,
Sharwalar ma's gezer kelse.

Jiberse shu'digardi' basi'p,
Jerge ag'ar suwi' tasi'p,
I'ssi'li'q ha'ddinen asi'p,
Jali'nli' jel yeser kelse.

U'shinshi ma'wsim gu'z deydi,
Jazdan u'mitin'di u'z deydi,
Isin'di sazla, du'z deydi,
Alda qi's bar yeger kelse.

Bejerilmegen isler bar,
Qi'rmanlar tez bolsi'n tayar,
I'zg'ar ali'p zaya bolar,
Qara jawi'n no'ser kelse.

To'rtinshi ma'wsim qi'sti',
Qi's degen bir awi'r isti,

Qardan toli'p jerdin' u'sti,
U'ydi u'rgin ko'mer kelse.

Jarli'g'a ku'n boli'p qi'ran,
Suwi'q u'yde ji'rti'q shapan,
Ku'nde boran, ku'nde si'ran,
Du'zde hayat so'ner kelse.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Seyfulg'a'bit Ma'jitov tuwrali' qi'sqasha mag'luwmat berin'.
2. Ji'l ma'wsimlerinin' bir-birinen qanday wo'zgesheligi bar?
3. Sag'an qaysi' ma'wsim unaydi'? Ne ushi'n?
4. Ji'l ma'wsimlerine baylani'sli' adamlardi'n' is-ha'reketin tawi'p, woqi'p berin'.

**So'zlik**

**aq shi'g'i'p** — qati'q, su'ttin' molayi'wi'
**u'der** — jumi'sti'n' ko'beyiwi
**shu'digar** — su'rilgen jer.
**hayat** — turmi's



## BAYNIYAZ QAYI’PNAZAROV

*(1916 — 2001)*

B. Qayi’pnazarov belgili shayi’r. Wol 1916-ji’li’ 25-avgustta Shi’mbay rayoni’nda tuwi’lg’an. Woni’n’ «Qosi’qlar», «Alti’n gu’z», «Ko’k yemen», «Qi’zi’l gu’l», «Yeki ayaz» «Men senin’ bir shaqan’man», «Jarli’ adam ha’m g’arg’alar patshasi’» ha’m tag’i’ basqa qosi’qlar toplamlari’ basi’li’p shi’qti’.

B. Qayi’pnazarov — Qaraqalpaqstan xali’q shayi’ri’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Berdaq ati’ndag’i’ ma’mleketlik si’yli’g’i’ni’n’ laureati’ hu’rmetli ataqlari’na iye.

B. Qayi’pnazarov 2001-ji’li’ du’nyadan wo’tti.

## GU’Z KELDI

Ti’ni’p aqti’ japta suwlar,
Ku’n i’rayi’ salqi’n tarti’p.
Bag’da jasi’l japi’raqlar
Sarg’aydi’ gu’z keldi qayti’p.

G’az, ti’rnalar ushi’p wo’tti,
Ka’rwanlar dizilip qatar.
Sesleri jan’g’i’rti’p ko’kti,
Wo’zlerinshe qosi’q aytar.

U’stimizden ji’lda wo’ter,
Sesti tani’s wo’zimizge.
Ko’kte ko’rdik, uzap keter,
Qi’sta tu’spes ko’zimizge.

Araladi’q bag’ arasi’n,
Japi’raq jerge tu’sipti.
Qi’di’rdi’q kolxoz dalasi’n,
Yeginler toli’q pisipti.

Sari’ atlas ko’ylek kiyip,
Shaqalari’n to’men iyip.
Ko’rindi bag’ gu’zgi waqta,
Ashi’li’p turi’pti’ paxta.

Deydi gu’z — mine ali’n’i’z,
Qushag’i’m toli’ zu’ra’a’t.
Ji’ynawg’a g’ayrat sali’n’i’z,
Miynetten ko’rin’ ra’ha’t.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

1. Qosi’qta gu’zdegi ta’biyat ko’rinisi qalay su’wretlenedi?
2. Gu’zdin’ belgilerin wo’zin’izdin’ baqlawi’n’i’z boyi’nsha so’ylep berin’.
3. «Watani’m — menin’ baxti’m» degen temada kishi ko’lemli shi’g’arma jazi’n’.



## BABASH ISMAYLOV

*(1926 — 1985)*

B. Ismaylov — shayi'r, awdarmashi', si'nshi' ha'm a'debiyat izertlewshisi. Wol 1926-ji'li' 12-iyunde A'miwda'rya rayoni'nda tuwi'lg'an. Woni'n' «Gu'llen Respublikam», «Gey birewdi ashbu'yirden», «Ji'llar ha'm aylar», «Woqi'wshi'larg'a yestelik» ha'm tag'i' basqa qosi'qlar toplamlari' basi'li'p shi'qti'. Wol Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen ma'deniyat xi'zmetkeri, O'zbekistan Respublikasi'na miyneti sin'gen ma'deniyat xi'zmetkeri, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Berdaq ati'ndag'i' ma'mleketlik si'yli'g'i'ni'n' laureati' hu'rmetli ataqlari'na iye boldi'.

### AWI'LI'M HAQQI'NDA QOSI'Q

Seni desem tuwi'lg'an awi'li'm,
Kewlim tasa beredi.
A'miw yan'li' jasli'q ji'ri',
Tolqi'nlasa beredi.
Bunday sezim mende yemes tek,
Million jigit, qi'zda bar.
Sen dep zawi'qqa toli'p ju'rek,
Maqtani'sh, shadli'q boydi' alar.

Ko’rkeytip ha’m ko’rk su’ydirer,
Kolxozdi’n’ ko’rkem dalasi’.
Ju’rekti terbep, jiger berer,
Miynettin’ tasqi’n arnasi’.
Bag’i’n’a kirsem, qosi’p shi’ray,
Jas gu’ldey ko’rkemlenemen,
Shadli’q tasi’p sayray-sayray,
Bag’di’n’ bu’lbu’limen deymen.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar***

1. Qosi’qta tuwi’lg’an jerge bolg’an su’yispenshilik qalay berilgen?
2. Qosi’qti’ tu’sinip woqi’p, mazmuni’n so’ylep berin’.
3. «Tuwi’lg’an jer — alti’n besik» temasi’nda gu’rrin’lesiw wo’tkerin’.

## A’DEBIYAT TEORIYASI’NAN MAG’LUWMAT

### PEYZAJ HAQQI’NDA TU’SINIK

Peyzaj — (francuz tilinen ali’ng’an *paysage* — ma’mleket, ma’kan, yel ma’nisinde) ko’rkem shi’g’armalarda ta’biyat ko’rinislerinin’ sa’wleleniwi. A’debiyatti’n’ qa’legen janri’ndag’i’ ko’rkem shi’g’armalarda qaharmanlar ha’reket yetip turg’an sharayatti’ ha’r ta’repleme su’wretlew ushi’n da, wolardi’n’ ishki ruwxi’y du’nyasi’n teren’nen ashi’p beriw maqsetinde de ta’biyat ko’rinislerin beriw u’lken a’hmiyetke iye. Soni’n’ menen birge, tek g’ana ta’biyat ko’rinislerine arnalg’an poeziyali’q, qosi’q tu’rindegi shi’g’armalar da jiyi ushi’rasadi’ ha’m wolardi’ a’debiyat iliminde «peyzajli’q lirika» dep te ataydi’. Mi’sal ushi’n Abaydi’n’ «Qi’s», «Jaz», «Gu’z» atli’ shi’g’armalari’, Abbaz shayi’rdi’n’ «Ba’ha’r» qosi’qlari’ peyzajli’q lirikani’n’ u’lgileri. Bularda ji’ldi’n’ ha’r qi’yli’ ma’wsimlerin su’wretlewdin’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri bolsa da, al tiykari’nan ta’biyat kartinasi’ woqi’wshi’larda go’zzalli’qqa qushtarli’qti’ ta’rbiyalaydi’, estetikali’q zawi’qlani’w payda yetedi.

## XALQI’MI’ZDI’N’ WO’TMISHTEGI MIYRASLARI’NAN U’LGILER

### JIYEN AMANLI’Q ULI’
*(XVIII a’sir)*

### I’LAG’I’M

I’laq baqti’m salag’a,
Bas qosi’p yeki balag’a.
Shi’rmawi’qqa jayi’ldi’,
Qoli’mnan shi’qpay dalag’a.
Ko’shpek woynap biz sorli’,
Kirisip yedik woyi’ng’a.
Men baslap yedim woyi’ndi’,
Qaldi’m ulli’ jalag’a.
Biyikke shi’qsam wo’rmelep,
I’laqlari’m qashi’p ju’r,
Bir qasqi’rdan du’rkirep.
Qasqi’r qang’a bati’pti’,
Jas i’laqti’ to’belep,
Tamaqlapti’ birazi’n,
Qani’n jerge sebelep.
Keyninen quwi’p, qi’yqi’wlap,
Juwi’rdi’m sonda yentelep.
Qasi’mdag’i’ ko’pekti,
Yerksizden jetelep.
Jas tolti’rdi’ ko’zimdi,
Qasi’mdag’i’ ko’pegim,
Qabadi’ sonda wo’zimdi,
Jetekke ju’rmey dirildep.
Iyt jaqsi’li’q qi’lar ma,
Ne na’rseler qi’lsan’ da?
Qa’dirin’di bilmegen,
Qasqi’r ko’rip u’rmegen,
Ko’pek joldas bolar ma?
Qolg’a ali’p tayaqti’,
Shaqqan basi’p ayaqti’,
Bir qi’rlardi’ asqanda,

Ko’zim tu’sti ali’stan,
Qan ishken qasqi’r shunaqti’.
Keyninen quwdi’m irkilmey,
Neshshe tislep barmaqti’,
Ku’n awg’anda shali’g’i’p,
Yeliw tog’i’z i’laqti’.
Ji’rdi’m zordan qasqi’rdan,
I’laqlardi’ ji’ynadi’m,
Shi’bi’n jandi’ qi’ynadi’m.
Qamap qoyi’p bir woyg’a,
Qayta-qayta sanadi’m.
Tabani’ma tiydi shoq,
Sanap ko’rsem ag’alar,
Won i’lag’i’m birden joq.
Qula du’zde ji’ladi’m,
Wo’lgenin bildim i’laqti’n’,
Jer bawi’rlap quladi’m.
Yendi meni ala g’oy dep,
Qudaydan wo’lim soradi’m.
Yesimdi ji’ynap bir waqta,
Ja’n-jag’i’ma qaradi’m.
Yeki ko’zim jaynaydi’,
Ju’riwge joq dimari’m,
Woylayman sonda qi’ynali’p,
Qalay bolar hallari’m?
Won i’laqti’ qasqi’rg’a,
Jegizgen son’ bir ku’nde,
Qi’yi’n boldi’ woylasam,
Bul du’nyada jasari’m.
Wo’lgenin ali’p ketermen,
Joq ag’alar-ag’alar,
Bul ku’nim de ko’p boli’p,
Aqi’ret penen azapta,
Shi’g’ar boldi’ janlari’m.
Ishim g’i’j-g’i’j qaynaydi’,
Ko’n’lime tu’sip uwayi’m,
Bolg’an son’ jetim wozaldan,
Ashi’lmag’an man’layi’m.

U'stem boli'p mi'naw is,
Ketti a'bden qolayi'm.
A'were ushi'n jaratqan,
A'zelde bizdi qudayi'm.

**So'zlik**

**salag'a** — sayg'a
**ko'shpek** — qoy yamasa yeshki qumalag'i' menen woynalatug'i'n woyi'n tu'ri.
**ko'zlerimiz alaqlap** — qorqi'p, albi'rap
**yentelep** — asi'g'i'p
**shali'g'i'p** — sharshap
**ji'rdi'm** — ayi'rdi'm
**shoq** — wot (i'ssi')
**qula du'zde** — adam joq jer
**dimari'm** — ku'shim
**g'i'j-g'i'j** — ku'yip.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Jiyen ji'rawdi'n' balali'g'i' haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Qasqi'r i'laqlardi' qashan wayranlaydi'?
3. Jiyennin' azaplani'wi' tuwrali' tu'sindirip berin'.
4. «Bizler baxi'tli' balalarmi'z» degen temada kishi gu'rrin' jazi'n'.

# XIX A'SIRDEGI A'DEBIYAT



## KU'NXOJA IBRAYI'M ULI'

*(1799 — 1880)*

Ku'nxoja — woni'n' a'debiy laqabi', wo'zinin' shi'n ati' Jiyemurat.

Ku'nxoja — qaraqalpaq xalqi' Xorezmge ko'ship kelgennen keyingi bizge belgili birinshi shayi'r.

Ku'nxojani'n' a'kesi Ibrayi'm jarli' adam bolg'an. A'kesi qayti's boli'p, Ku'nxoja jaslay Nurxoja, Ayxoja degen inileri menen jetim qalg'an. Shayi'rdi'n' anasi' da qayti's boladi'. Bul jag'daylardi' shayi'rdi'n' «Ne boldi'm», «A'rmanda», «Wo'lim» degen qosi'qlari'nan bilemiz.

Ata-anasi' wo'lgennen keyin joqshi'li'q azabi'nan woni'n' turmi'si' ju'da' awi'rlasadi'. Uzaq jaqlarg'a talap izlep ketip, ku'nlikshilik yetken, qoy baqqan, isher asqa, kiyer kiyimge jari'mag'an.

Ku'nxoja xali'q basi'ndag'i' awi'r jag'daylardi', ku'nlikshi shopan, diyqan tag'i' basqa da jallanba miynet adamlari'ni'n' turmi'si'n su'wretleydi. Mi'sali': «Shopanlar», «Woraqshi'lar», «Ku'n qayda?» ha'm tag'i' basqa qosi'qlari' usi' temag'a arnalg'an. A'sirese, woni'n' «Jaylawi'm» degen wo'mirbayanli'q qosi'g'i'nda shayi'rdi'n' tuwi'li'p wo'sken jer atlari'n ko'rsetetug'i'n qatarlar bar. Mi'sali':

Ata jurti'm Tu'rkistannan kelgeli,
Ata-babam qoni's basqan, jaylawi'm...

Qami's wori'p altaw-jetew woraqli',
Teristo'be, Uzi'nqayi'r jaylawi'm...
Yerjanataw menen shi'g'i'si' I'rza,
Ten'izlerde awqat yetken, jaylawi'm...

Bali'q awlap Toqtas, Manti'q boyi'nan..
Jaylawi'm Jalayi'r Ko'pir ha'm Bo'get...
A'wel-ha wo'skenim Ko'ko'zek boyi'...

Shayi'r usi' atalg'an jerlerdin' birewinde tuwi'lg'an. Biraq, turmi's qi'sqi'si'na giriptar bolg'an shayi'r bul jerlerde ko'p jasay almay basqa jerlerde wo'mir su'rgen.

## JAYLAWI'M

Ata jurti'm Tu'rkistannan kelgeli,
Ata-babam qoni's basqan, jaylawi'm.
Anadan tuwg'ali', yesti bilgeli,
Qatar menen woynap-wo'sken, jaylawi'm.

Ku'n boyi'na bayi'r yetip turaqli',
Men ketermen a'rman menen ji'raqli',
Qami's worg'an altaw-jetew woraqli',
Teristo'be, Uzi'nqayi'r, jaylawi'm.

Bali'q awlap Toqtas, Manti'q boyi'nan,
Bali'q shanshi'p, jazda ju'rgen woyi'nan,
Shanshi'p saylap ju'rip jayi'n moyni'nan,
Ata-babam awqat yetken, jaylawi'm.

Alasat tabi'lsa, barli'q yel ko'sher,
Ko'beyip tur arami'zdan qan isher,
Jetim ji'lay, i'laq man'i'ray ku'n kesher,
A'rman menen ju'rmen men de, jaylawi'm.

Jaylawi'm Jalayi'r, Ko'pir ha'm Aqbo'get,
Suw keler me degen bizde bar u'mit!
Shaqaq urar aqi'r bir ku'n qi'z-jigit,
A'rman bilen qayg'i'da wo'sken, jaylawi'm.

A'wel-ha wo'skenim Ko'ko'zek boyi',
Adamni'n' jeter me shug'i'lg'a woyi',
Puqarani'n' taymag'aylar baq-ku'yi,
Arzi'w-a'rman bilen wo'sken, jaylawi'm.

Bekman Shag'al, Jan'a suwdi'n' boylari',
Shaqi'rawi'q, Mu'yten bo'get jaylari',
Jayi'lg'an baylardi'n' sansi'z qoylari',
Ko'zime toti'ya ju'rgen, jaylawi'm.

Ko'lsag'a, Ayi'rsha, Terbenbes ten'iz,
A'sirese, Ayi'rshada wo'skenbiz,
Birikkende ko'keylerin keskenbiz,
A'rman bilen ayra tu'sken, jaylawi'm.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Qosi'qti'n' qaysi' kupletinde shayi'rdi'n' tuwi'p wo'sken jaylawi' so'z yetiledi?
2. Jer, suw, ten'iz atlari'n da'pterlerin'izge ko'shirip jazi'n'.
3. Shayi'r tuwi'lg'an jerinde ne ushi'n jasay almag'an?
4. Wo'zlerin'izdin' tuwi'li'p wo'sken jerin'iz tuwrali' so'ylep berin'.
5. Qosi'qti' ta'sirli woqi'p, mazmuni'n ayti'p berin'.

## Naqi'llar

1. Kisi yelinde patsha bolg'ansha,
   Wo'z yelin'de shopan bol.
2. Yer jigit yelinde qa'dirli.
3. Yerdin' ku'ni yel menen,
   Yeldin' ku'ni jer menen.
4. Qoli' qi'ymi'ldag'anni'n',
   Awzi' qi'ymi'ldaydi'.

# JIGIT QALQAN BOLAR ANA JURTI’NA



## A’JINIYAZ QOSI’BAY ULI’

*(1824 — 1878)*

Ziywar — woni’n’ a’debiy laqabi’. Qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ yen’ belgili shayi’ri’. Moynaq rayoni’nda tuwi’lg’an. Ata-babalari’ bali’qshi’li’q, an’shi’li’q ha’m yegin yegip ku’n ko’retug’i’n adamlar bolg’an. Shayi’rdi’n’ «Yellerim bardi’», «Bardur», «Ayri’lsa», «Kerek», «Bozataw» ha’m tag’i’ basqa shi’g’armalari’ bar.

A’sirese, «Yellerim bardi’» qosi’g’i’nda watandi’, xali’qti’ ji’rlaydi’. Tuwi’li’p wo’sken jerin maqtani’sh yetedi.

Mi’sali’:

Tabi’ladi’ izlegennin’ keregi,
Ko’linde bar qasqaldag’i’, u’yregi,
Quwlari’, g’azi’ni’n’ pu’tin bu’yregi,
Du’nyani’n’ an’lari’ ko’linde bardi’.

Wol tu’rkiy tilinde shi’g’armalar jazg’an. Tu’rkiy tili menen bir qatarda arab ha’m parsi’ tillerin bilgen.

Jaslayi’nan-aq woqi’wg’a berilgen, ziyrek bala boli’p wo’sken.

## BARDI’

Ruwi’m — Qon’i’ratdur, milletim — qalpaq,
Keneges, man’g’i’ti’, qi’tayi’-qi’pshaq,
Tuwi’sqan deydiler qalpag’i’-qazaq,
Won to’rtke bo’lingen ruwi’m bardi’.

Bir yeli — Xorezm, bir yeli — Tuwran,
Urgenish, Qon’i’rati’w, sha’hri Samarqand,
Ka’rwanlari’ barur Buxar, Ashtarxan,
Ne bir suli’w-suli’w sha’ha’rim bardi’.

Bizin’ yeldi won to’rt ruw diyerler,
Qi’z-jawani’ qi’zi’l-yashi’l kiyerler,
Haytta, toyda at arbag’a minerler,
Ne bir go’zzal, suli’w qi’zlari’ bardi’.

Qi’z-jigiti juwap aytar da’sme-da’s,
Kiygen kiyimleri atlasi’w-lipas,
Asti’g’a to’sener meshhediy palas,
Shahsa’nem, Shiyrindek qi’zlari’ bardi’.

U’sh ay sawi’ni’ bar, u’sh ay shabag’i’,
U’sh ay qawi’ni’ bar, u’sh ay qabag’i’,
To’rt ma’wsima’ yetar ani’n’ tahami’,
Ne bir shiyrin-shiyrin jemisi bardi’.

Biri su’tilmekdur, biri a’tshoqay,
Sobi’g’i’n jesen’iz sheker a’seldey,
Jambi’lsha, qawi’ni’, shiyrin pa’shektey,
Ji’li’na u’sh piser miywasi’ bardi’.

Ja’yhun, Sayxun yeki da’rya arasi’,
Tu’p sag’ami’z bir kisinin’ balasi’,
A’nes, Ma’lik — yeki yeldin’ arasi’,
Ati’ qaraqalpaq yellerim bardi’.

Bizin’ yelge yerte kelur ba’ha’r-jaz,
G’an’qi’ldasi’p quwi’-g’azi’ salar saz,
Bul bayazdi’ yazg’an molla A’jiniyaz,
Ziywardi’n’ girdeli yelleri bardi’.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar***

1. Xali’qti’n’ milliy etnografiyali’q wo’zgesheligi qaysi’ qatarda berilgen?
2. Sahra jemislerinin’ atlari’n atan’.
3. Tuwi’lg’an yelin, qi’z-jigitlerdi qalay maqtani’sh yetken?
4. Wo’zin’izdin’ tuwi’lg’an ma’kani’n’i’z haqqi’nda so’ylep berin’.
5. Qosi’qti’ ta’sirli yetip woqi’p, wo’zin’ su’ygen qatarlardi’ yatqa ayti’p ber.



## BERDAQ G'ARG'ABAY ULI'

*(1827 — 1900)*

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' klassik shayi'ri' Berdaq (Berdimurat) 1827-ji'li' Moynaq rayoni'nda tuwi'ldi'. Berdaqti'n' a'kesi G'arg'abay wo'mirinshe kisi yesiginde ju'rip ku'n ko'rgen.

Shayi'r jas ku'nlerinen baslap-aq qaraqalpaq xalqi'ni'n' basi'nan keshirgen awi'r awhallari'n wo'z ko'zi menen ko'rgen ha'm basi'nan keshirgen.

Berdaq wo'z zamani'na i'layi'q woqi'g'an, bilimli adam bolg'an.

Nawayi', Fizuliy, Maqti'mquli' ha'm basqa da klassik shayi'rlardi'n' shi'g'armalari'n ko'p woqi'g'an.

Wol ko'p qosi'qlar, poemalar do'retti. Woni'n' «Nadan bolma», «Xali'q ushi'n», «Jaqsi'raq», «Bu'lbu'l», «Bolg'an yemes» si'yaqli' qosi'qlari', sonday-aq «Aqmaq patsha», «Yernazar biy», «Ra'wshan», «Amangeldi» degen poemalari' bar. Wol wo'z shi'g'armalari'nda xali'qti'n' qayg'i'li' turmi'si'n su'wretlegen, xali'qqa azatli'q tileydi. Xanlardi'n', biylerdin' zuli'mli'g'i'n a'shkaralag'an, wolarg'a qarsi' wo'zinin' narazi'li'g'i'n bildirgen.

## XALI'Q USHI'N

Jigit bolsan', ari'slanday tuwi'lg'an,
Xi'zmet yetkil udayi'na xali'q ushi'n.

Jigit bolsan', ari'slanday tuwi'lg'an,
Heshqashan da, jumi's yetpes wo'zi ushi'n.

Jetersen' muratqa xi'zmetler yetsen',
Yelati'n' siltese, g'ayri' yelge ketsen',
Dushpanni'n' ha'rqashan basi'na jetsen',
Ayanbag'i'l xi'zmetin'di xali'q ushi'n.

Zali'mlar ti'n'lamas mo'hminnin' zari'n,
Wolar woylar, wo'zlerinin' won'ari'n,
Hesh waqi'tta zali'm qoli'nda bari'n,
Jaratpaslar bar bolsa da xali'q ushi'n.

Jaqsi' xi'zmet yeter haq murat yetip,
Dushpani'n mun'ayti'p, dosti'n shad yetip,
Keshe-ku'ndiz ata-anasi'n yad yetip,
Xi'zmet yeter ata-anani'n' haqi' ushi'n.

Jaqsi' adam dushpanlari'n ku'ldirmes,
Qoldan kelse an'a da'wran su'rdirmes,
Bo'ri ari'g'i'n hesh waqi'tta bildirmes,
Sol jigittin' jani' qurban xali'q ushi'n.

Dosli'q penen ha'rbir iske taq tursan',
Jan ayamay, yel-jurt ushi'n taq tursan',
Qayg'i'lanbay ulli' iske qol ursan',
Kewlim isiyan urar, anda, xali'q ushi'n.

Jaman adam, bilmes ga'pinin' parqi'n,
Ba'rqulla jamanlar ag'ayi'n jati'n.
Ko'teremen deyip, wo'zinin' dan'qi'n,
Udayi'na zi'yan yeter xali'q ushi'n.

## JAQSI'RAQ

Aq buwdayi' turi'p, suli' sepkennen,
Taza sali' turi'p, shigin yekkennen,

Jo’nsiz qi’rq ku’n qayg’i’-uwayi’m shekkennen,
Densawli’qta bir ku’n shadli’q jaqsi’raq.

Du’nyag’a shi’qqan son’, baxti’n’ ashi’lsa,
Dushpanlari’n’ ayag’i’n’a bas ursa,
Jaw bag’i’ni’p, yeki qoli’n qawsi’rsa,
Ko’zdi alartqannan, izzet jaqsi’raq.

Adam balasi’nda bolsi’n ar-nami’s,
Yen’ kemi ju’z bolsi’n, ko’z ko’rgen tani’s,
Ma’gar bilmey, qoldi’ qi’ysa bir qami’s,
Sol waq qani’n ti’yg’an, ardan jaqsi’raq.

Bul so’zimdi ti’n’la Nurmurat axun,
Woraysan’ sa’llenin’ ha’rreytip shaqi’n,
Aldap miynetkeshtin’, ko’p jersen’ haqi’n,
Sennen qayta ala g’arg’a jaqsi’raq.

Berdimurat aytar, ko’re almay jaqti’,
Wo’lip keter boldi’, ashi’lmay baxti’,
Berdimurat — xali’qti’, xali’q — Berdaqti’,
Jalg’i’zi’nday ko’rer, jannan jaqsi’raq.

***Soraw ha’m tapsi’rmalar:***

1. Shayi’r xalqi’mi’zdi’n’ yer jigitlerine ne dep wa’siyat yetedi?
2. Shayi’r «Jaqsi’raq» qosi’g’i’nda qanday aqi’l-na’siyat pikirlerdi alg’a su’redi.
3. Mug’allimnin’ ja’rdemi menen «Xali’q ushi’n» ha’m «Jaqsi’raq» qosi’q-lari’nan 5 shuwmaqtan yadlan’.

# XX A'SIRDEGI A'DEBIYAT



## A'MET SHAMURATOV

*(1912 — 1953)*

A'. Shamuratov 1912-ji'li' Xojeli rayoni'nda tuwi'lg'an. Wol shayi'r, jazi'wshi' ha'm ja'miyetlik isker. Woni'n' «Yeski mektepte», «Si'yli'q», «Watan haqqi'nda qosi'qlar» ha'm tag'i' basqa da kitaplari' bar.

Balalar a'debiyati'nda birinshi ret iri ko'lemli balalar povestin do'retti. 1946-ji'li' qi'zi'qli' waqi'yalarg'a quri'lg'an «Menin' jolbari'slar menen joli'g'i'si'wlari'm» shi'g'armasi'n do'retti. Bul shi'g'arma turmi'sta ushi'rasqan qi'zi'qli' waqi'yalar menen yeldin' arasi'ndag'i' jolbari's haqqi'ndag'i' an'i'zlardan ta'sirlenip jazi'lg'an.

## MENIN' JOLBARI'S PENEN JOLI'G'I'SI'WLARI'M

*(u'zindi)*

### JOLBARI'S TI'RNAG'ANDA

Bali'q awlaw da ku'ta' qi'zi'q na'rse. Bali'q awlaw degende qanday qi'yi'nshi'li'qlar bolsa da tu'rine qaramay-tug'i'n yedim.

A'miwda'rya burqi'p, topi'rag'i' gu'rlep i'laylani'p aqsa da bali'g'i' mol da'rya. Bunda i'laqani'n' yen' taynapi'r 5 — 6

batpan keletug'i'nlari' bar, su'wen, sazan, bekirenin' de irileri bar. Marqa, aqshabaq tag'i' basqa tu'rleri toli'p ati'r! Bulardi' uslaw kimlerdi qi'zi'qti'rmaydi'?!

Biraq, usi' bali'qlardi'n' awlanatug'i'n ha'r tu'rli ma'wsimi boladi'. Iyul, avgust aylari'ndag'i' topan tasi'wda su'wen, u'lken jayi'n i'laqalar ko'p awlanadi'.

Iri jayi'nlardi' kershi yamasa u'lken i'laqa qarmaqlar menen ha'm shani'shqi' menen uslamasan' awlardi' ji'rti'p ketedi. Men bul ma'wsimdi quri' wo'tkergim kelmeytug'i'n ha'r ji'lg'i' a'detim.

Avgust aylari'ni'n' bir ku'nleri A'miwda'ryani'n' iyrimli aylanbasi'na kershi ha'm qarmaq sali'p woti'rman. Arqam tog'ayli'q. Waqi't yari'm aqshamnan wo'tti. Ay su'ttey jari'q. Arqadan tan' samali' yesip tur. Tik jardag'i' qami'slardi'n' si'ti'rli'si' A'miwda'ryani'n' shi'lpi'ldag'an dawi'si'na qosi'li'p, awi'r bir ha'diysenin' aldi'nan shertiletug'i'n sazday boli'p turi'pti'. Kershim de, qarmaqlari'm da hesh wo't qaqpadi'.

I'q bettegi quri'p qoyg'an qarmaqlari'mdi' tekseriwge qami'sli'qti'n' arasi' menen ju'rdim. Qoli'mda shani'shqi'm da bar. Ha'r qarmaqti'n' arasi' ju'z qa'demdey jer yedi.

Birinshi qarmaqtan wo'tip, yekinshi qarmaqqa barsam, bir i'laqa ilinip, shambi'rlap ati'r. Bari'p jipten tartsam hesh ku'sh bermeydi. Qoli'mdag'i' shani'shqi'm menen shani'shqani'm, qaptallap tiyse kerek, zorg'a degende jan'a tarti'p alg'ani'mda won' jag'i'mnan bir na'rse i'ri'ldap kele, pa't penen da'ryani'n' i'rashi'na qag'i'p jiberdi. Yentigip bari'p tu'stim. Jolbari's yekenin bile qoydi'm. Ja'ne i'ri'ldap keldi de, won' qoli'mnan tislep i'yi'g'i'na qag'i'p saldi', so'ytti de tog'ay ishi menen ju're berdi.

Menin' tek su'lderim kiyati'r. Aradan biraz waqi't wo'tkennen son' wo'zime kele basladi'm. Ga' tar soqpaq penen, ga' shatli'qti'n' arasi' menen kiyati'rman. U'sti-basi'mni'n' i'ri'm-ji'ri'm bolg'ani' bi'lay tursi'n, ha'mme jerimnin' tikenge ti'rnali'wi', bet-awzi'mni'n' shi'jbayi' shi'g'i'p qanawi' jani'ma wo'tip barati'r. Sa'l qozg'alayi'n desem, qoli'ma tislerin bati'ri'n'qi'rap i'ri'ldap qoyadi'.

Usi'lay kiyati'ri'p, wo'zimnen basqani' woylaw mu'mkin bolmadi'. Jolbari's 2 — 3 ji'ldan adamni'n' go'shine jeriydi

deytug'i'n yedi, sol i'ras bolg'ani', men sorli' buni'n' jerik asi'na duwshar bolg'ani'm, dep woyladi'm.

Tag'i' da jolbari's ashi'wli'-kekli boladi' deytug'i'n yedi. Bul bayag'i' ati'p wo'ltirgen jolbari'sti'n' kegin alayi'n dep ju'rgen shi'g'ar. Yeger naq sol bolsa, meni ku'ta' qi'ynap wo'ltiredi-aw, dep te woyladi'm.

Jigildikli qali'n' tog'aydan wo'tip, qopali' qami'sli'qti'n' arasi'nan ju'rip kiyati'r. Bul ma'ha'lde tan' da ata basladi'. A'tirapta si'lt yetken ses, ji'n' yetken dawi's joq.

«Basqa tu'sse baspaqshi' bolarsan'» degendey wo'limge de ko'ndim. Bul minutlarda menin' basi'ma neler kelip ketpedi. Anamnan tuwi'li'p, yesimdi bilgennen usi' jigirma jasi'ma kelgenimdegi da'wirdin' ba'ri yesime tu'sti.

Du'nyada ha'rkimnin' ha'r tu'rli wo'limi bar. Birewler awi'ri'wdan, birewler suwg'a ketip, birewler ulli' sawashlarda yelinin', xalqi'ni'n' ar-nami'si' ushi'n wo'ledi. Adam balasi' du'nyag'a kelgende qatari'nan kem bolmawdi', ma'rtlikti woylaydi', ku'seydi.

Ma'rtlik, bati'rli'q dep, qara basti'n' g'ami' ushi'n yetilgen isti aytpaydi'. Xali'q ushi'n, yel ushi'n yetilgen isti, g'ayratti' aytadi'. Yesi-aqi'li' pu'tin kim bolsa da ma'rt boli'wdi', ar-nami'sli' boli'wdi', bati'r boli'wdi', wo'le-wo'lgenshe xali'q ushi'n, yel ushi'n xi'zmet yetiwdi maqset yetedi.

Al, men bolsam, g'i'ri'stay ku'shime toli'si'p turg'an waqti'mda adamlar ayti'p ju'rgendey waqi'ya bolmay-aq, bir haywanni'n' qi'si'mi'nda a'jelim jetkeni me?

— Al, yendi qoli'n'a tu'stim, wo'ltirsen' wo'ltir, — dep mu'layi'msi'wi'mni'n' jo'ni qalay? Qoy, ha'dden asqan qorqaqshi'li'qti'n' keregi ne?! «Wo'lim qorqaqqa wo'sh» degendi bilmeysen' be? Wo'lim-wo'lim bir wo'lim. Anadan bir tuwi'lmaq, bir wo'lmek bar. Ko'p bolsa qi'ynali'n'qi'rap wo'lermen. Qoli'mnan kelgeninshe, ku'shimnin' bari'nsha quti'li'wdi'n' joli'nda bolayi'n, — degen pikirdi tasti'yi'qladi'm.

Ku'n qi'zari'p shi'g'i'p kiyati'r. Ko'zimdi ashi'p, ko'zimnin' jetken jerine qarap kiyati'rman.

Yeger de, bos kiyati'rg'an qoli'm menen jolbari'sti'n' jutqi'nshag'i'nan bekkem uslap buwsam demigip wo'lmes pe yeken degen de jospar bar. Joq, qalay degen menen jolbari's g'oy!

— Ha’sseniy... — dep woylani’p, ja’ne: — Birdey jani’mnan taslamay ju’retug’i’n polat qanjari’mdi’ da usi’ sapari’ taslap ketkenimdi qoya ber!

Usi’lay ju’rip kiyati’rg’anda qali’n’ qami’sli’qti’n’ arasi’nan sog’i’lg’an qossi’maq jayg’a keldik. Woni’n’ awzi’na barg’anda jolbari’s quyri’g’i’n bi’lg’an’latti’. Qoli’ma tisin bati’ri’n’qi’rap, mag’an abay yetip i’ri’ldan’qi’rap qoydi’. So’ytti de, qoli’mdi’ jiberdi.

Men bul i’ri’ldawi’na «ti’ni’sh qi’lt yetpey tur» degeni shi’g’ar dep tu’sindim. Wol aldi’ng’i’ shep ayag’i’ ha’m awzi’ menen qosti’n’ i’ti’yajlani’p bekitilgen awzi’n asha basladi’.

Yesik ashi’li’wdan yemshekten ayi’ri’lg’an ko’pek iyttin’ ku’shigindey sarg’i’sh ju’nli jolbari’sti’n’ balasi’ aldi’na woynaqshi’p shi’qti’.

Meni qosti’n’ to’rine apari’p i’laqti’ri’p urdi’. Balasi’ mag’an kelip, iyiskep-iyiskep, ha’r jerimnen tislep tarti’p, woynay berdi.

Jolbari’s balasi’n yeki-u’sh jaladi’ da, mag’an qarap bir i’ri’ldap qoydi’. Yesik awzi’na kesesine tu’sip jata basladi’. Ko’p uzamay basi’n ja’ne bir ko’terip, mag’an i’ri’ldap qoydi’.

Balasi’ wog’an qulag’i’n tikireytip qaradi’ da, menin’ menen ja’ne woynay berdi. Bul abay yetiwlerdin’ ba’ri de men haqqi’mda shi’g’ar dep tu’sindim. Bul istin’ keyini ne bolar yeken dep a’ste dem ali’p jata berdim. Al, balasi’ menin’ yetigimdi qayzap, kiyimimnen tarti’p woynap ju’r.

Aradan won minuttay waqi’t wo’tti. Jolbari’s quri’ldap uyqi’g’a kiristi. Qatti’ quri’ldawi’na qarag’anda jolbari’s ku’ta’ sharshasa kerek, tu’ni menen jeytug’i’n woljani’n’ reti bolmag’annan son’ gezip-gezip aqi’ri’nda meni tapqan yeken g’oy, — dep woyladi’m.

— «Al, Sha’bik mergen, ha’meli bolsa wo’letug’i’n waqti’n’ keldi» — dedim ishimnen wo’zime-wo’zim.

Qosti’n’ woyaq-buyag’i’na yerkin qaray basladi’m. Qos qanday jaqsi’, puqta du’zetilgen. Qopali’qti’n’ tu’bin qazi’p, asti’na qali’n’ yetip qami’sti’n’ u’pildirik basi’n to’segen. A’tirap qami’s penen qorshalg’an, ku’n betti qali’n’i’raq

yetip, iymeytip saya yetken. A'ytewir, bir usta adam soqqanday.

Jolbari'sti'n' balasi' da sharshap uyqi'g'a kiristi.

— Qa'ne, yendi ne qi'lsam yeken? Usi' waqi'tta bir ta'sil woylap tappasam, qalg'ani'm. Wo'zimnen u'mitti u'ziwim tiyis.

Qami'sli'qtan atlap wo'teyin desem, qami's si'ldi'rlap jolbari'sti' woyatadi'. Woti'rg'an jerimnen qopali'qti'n' asti'n teseyin desem, qopali'q qali'n', qami's qi'spaday, wonda biraz waqi't kerek.

A'ste-aqi'ri'n worni'mnan turdi'm. Jolbari'sqa qaray ju'rdim. Qorqpadi'm.

Du'rsildegen ju'regimdi basi'p, yerkin hawadan teren' dem aldi'm. Ken' ta'biyat, jarqi'rag'an ku'nnin' jaqti'si' meni qushag'i'na qi'si'p bawi'ri'na basqanday tatli' samal menen ko'terip hawalap ushqanday boli'p tur. Deneme biraz ku'sh yengendey boldi'. Ja'ne de teren'nen demimdi bir aldi'm da, — ya baxi't! — dep ku'shimdi ji'ydi'm.

Jolbari's tumsi'g'i'n ishke ali'p jati'r. Quyri'q beti si'rtta, jambaslap yele quri'ldawi' menen uyqi'lap ati'r.

Men jolbari'sti'n' tu'bine bari'p, artqi' yeki ayag'i'ni'n' qasi'na won' ayag'i'mdi' qoyi'p, jayshi'li'q penen atladi'm. Yekinshi ret umti'li'p si'rtqa shi'qti'm. Ko'p yeglenip turmastan, ti'rs yetkizbey alg'a basti'm. Ani'q won qa'demdey uzaqlag'annan son' qanat baylap ushi'p woti'rdi'm.

Ushqani'm yemey ne? Joldag'i' qali'n' shen'gel, siresken jantaq, shatasqan shatli'q birewi de ko'zime ko'ringen joq. Saqpang'a salg'an kesektey zi'tqi'p kiyati'rman.

Arg'i' basi' 15 — 20 minut ishinde da'ryag'a kelip jettim. Kelgen jerim biyik tik jar, nag'i'z ag'i'sli' jer yeken. Hesh irkilip turmadi'm. Woylani'wg'a pursat joq. Sol keliw pa'time da'ryag'a wo'zimdi atti'm.

Wo'zimnin' talay wo'tip ju'rgen A'miwda'ryam g'oy, ha' demey-aq, qi'yalap i'qlap, arjag'i'na wo'ttim. Mayg'a tu'sken ti'shqanday boli'p jag'ag'a shi'g'i'p kiyimlerimdi si'g'i'p tursam, arjaqtag'i' menin' da'ryag'a taslag'an jerimnin' shan'i' aspang'a shi'g'i'p ati'r. Abaylap qarasam, bag'anag'i' jolbari'si'm. Woni'n' jer ti'rnalap aqi'rg'ani' tap qulag'i'm qasi'nan shi'qqanday.

Shala-sharpi' kiyindim de, alg'a qaray jo'neldim.

Sol barg'annan awi'lda yeki ku'n jati'p, u'shinshi ku'ni jora-joldaslari'm menen qari'w-jaraq ali'p, da'ryani'n' arjag'i'n-dag'i' kershige, qarmaqlarg'a kemeli barsaq, bayag'i' i'laqa da'ryag'a i'rg'i'p tu'sip, yele ilinip tur yeken. Woni' ali'p kemege saldi'q. Joralari'ma jolbari'sqa bende bolg'an jerimdi ko'rsettim.

Kershige kelsek, yeki su'wen tu'sip tur yeken. Bizler de buyi'rg'ani' usi' shi'g'ar dep ali'p, kershi, qarmaqlardi' ji'yi'p qayta berdik.

Sonnan baslap qanday da awg'a shi'qsam da, qari'w-jaraqti' taslamayi'n dep sha'rt aytti'm.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Bali'qti'n' qanday tu'rlerin bilesiz? Bali'q qaysi' ma'wsimlerde ko'p awlanadi'?
2. Bali'qshi' jolbari'sqa qalay tuti'ldi', woni'n' qorqi'ni'shli' woylari'n ayti'n'.
3. Wol jolbari'stan qalay quti'ldi'?
4. Yendi wol an'g'a shi'qqanda qanday tayarli'q penen baratug'i'n boldi'?
5. Gu'rrin'di ta'sirli woqi'p, mazmuni'n so'ylep berin'.

## QA'WENDERSHILIK

Bir ku'ni jazg'i' tu'nde mergenshilikten kelgen sharshawi'm menen qara u'yde uyqi'lap ati'r yedim. Yari'm aqsham awg'an waqi't. Ay su'ttey jari'q. Yesik tarsi'ldap ashi'ldi'. Jalt qarasam, bas ushi'mda bir jolbari's woti'r.

Ju'regim suw yete qaldi', tap suw tu'bine ketkendey boldi'm. Tu'sim shi'g'ar deyin desem, won'i'm-aq. Qozg'ali'w mu'mkin yemesligi bi'lay tursi'n, mende tap sol ma'ha'lde hesh da'rman da joq boldi'.

Aradan 3 — 4 minut wo'tti. Demimdi a'ste ali'p ko'zimdi ashi'p jolbari'sqa qarasam, jolbari's buri'ng'i' jolbari'stay yemes buni'n' tu'ri mu'layi'm, si'n'si'p quyri'g'i'n bi'lg'an'-lati'p, artqi' sol ayag'i'n ko'terip woni' jalap qoya beredi. Men hayran boldi'm.

Birazdan son' ayaqlari'n to'sep jatti'. Sonda si'n'si'p jan'ag'i' ayag'i'n jalay berdi.

Aqi’ri’nda bug’an bir na’rsenin’ bolg’ani’n sezdim. Men wo’zim jerde jati’rg’annan son’ aldi’ng’i’ yeki ayag’i’ menin’ ko’pshigime tirelip turdi’. G’arri’lardi’n’ ayti’wi’nsha: «Sherim, sherim, jani’wari’m» dep qoli’m menen ayaqlari’n si’ypasam da, sol si’n’si’wi’n qoymadi’.

Sonnan son’ bul mennen bir ja’rdem ku’tip woti’r g’oy dep tu’sindim de, worni’mnan tura basladi’m. Jolbari’sti’n’ ashi’wi’ keler me desem joq, qayta quyri’g’i’n bi’lg’ap jati’r. Menin’ menen isi joq. Turi’p bari’p shi’rani’ jaqti’m. Woni’n’ ko’zi masaladay jani’p, shi’ra menen shag’i’li’sti’. Wo’zi mu’la’yimsip tursa da, turpati’nan adam qorqqanday. Sumli’qti’ bunnan da beter asi’rayi’n dep kelgen bayag’i’ jolbari’s pa dep te gu’manlanaman.

Jolbari’s kekli boladi’ degen so’zler woyi’ma qorqi’ni’sh sali’p qoyadi’.

Jolbari’s nege si’n’si’p artqi’ ayag’i’n jalay beredi dep artqi’ ayag’i’na qarasam, artqi’ sol ayag’i’nda qan bar. Qasi’na bari’p uslap, qanni’n’ shi’g’i’p turg’an jerin si’ypap ko’rsem, bir na’ha’n jiyde tiken. Si’g’alap qarasam, aldi’ng’i’ yeki ti’rnag’i’ni’n’ arasi’na qadalg’an yeken. Ti’rnag’i’ma zorg’a ilindirip tarti’p jibergenim, jolbari’s tuwlap shi’n’g’i’rdi’. Tiken ali’nbadi’. Si’n’si’p jalay berdi. Men ne de bolsa usi’ tikendi ali’p, bug’an jaqsi’li’q yetip jibereyin dep woyladi’m.

Mi’lti’qti’n’ azbi’raylari’ turatug’i’n qaltada kishkene g’ana qi’sqi’shi’m bar yedi. Soni’ ali’p kelip, yetke ni’qlan’qi’rap basi’p, tikendi qi’si’p tartti’m. Jolbari’s biyshara shi’n’g’i’ri’wi’ menen jati’r. Qi’sqi’shti’ qi’si’p tarti’p jibergenim, tiken suwi’ri’li’p shi’qti’. Uzi’nli’g’i’ u’sh barmaqtay bar yeken. Jolbari’sti’n’ shi’n’g’i’ri’wi’ jer jardi’.

— Sen de jani’n’ tatli’ yekenin biledi yekensen’ g’oy!! — dedim tu’sinbese de wog’an ku’lip, jan degen ku’shlige de, ku’shsizge de birdey shiyrin g’oy, a’sirese, ku’shli jolbari’s usag’an haywanlardan go’re, wo’zlerimiz anag’urli’m to’zimli yekenbiz g’oy dep woyladi’m. Men de usi’nday jolbari’sti’n’ bunnan da beter azabi’n ko’rip yedim-aw, sonda men bunnan beterirek azapqa shi’dadi’m g’oy dep maqtang’anday qi’yalda boldi’m.

Jolbari’s ti’nbay ayag’i’n jalap ati’r. Si’n’si’g’ani’n da qoydi’. Bir ma’ha’lde worni’nan turi’p, mag’an qaradi’. Betawzi’mnan yeki-u’sh ma’rtebe jaladi’ da, buri’li’p ju’re berdi. Men bunday bir bolg’an waqi’yani’n’ sa’tli wo’tiwine quwani’sh penen qala berdim.

* * *

Yerten’ine tu’nde jan’a uyqi’g’a ketip barati’r yedim, dalada bir na’rse gu’rs yetip jerge tu’sti. Da’rhal mi’lti’g’i’mdi’ ali’p, dalag’a shi’g’i’p qarasam keshegi jolbari’s. Wol bolg’annan son’ qorqpadi’m da, atpadi’m da. Jaqi’nlap bari’p qarasam, jan’ag’i’ gu’rsildegen bawi’zlang’an bir qoy. Jolbari’s mag’an qarap, ko’zlerin jawdi’ratti’ da, quyri’g’i’n bi’lg’an’lati’p qoyi’p kete berdi. Buni’n’ keshegi tikenin alg’ani’m ushi’n a’kelgenin ha’ demey-aq, sezdim. Bular da jaqsi’li’qqa jaqsi’li’q yetiwdi biledi yeken g’oy dep woyladi’m.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

1. Jolbari’s ne ushi’n adamdi’ panalap kelgen yedi?
2. Jolbari’sqa qanday ja’rdem ko’rsetildi?
3. Kelesi ku’ni tu’nde jolbari’s ne a’kelip tasladi’?
4. Gu’rrin’di ta’sirli woqi’p, jolbari’sqa qalay qa’wendershilik islegenin so’ylep berin’.

## JOLBARI’S PENEN AYQASTI’M

Meni sizler jolbari’s penen ayqasqan bolsa, bir da’w adam shi’g’ar yamasa aytayi’n dep woti’rg’ani’ wo’tirik g’oy dep uyg’ari’wi’n’i’z mu’mkin. Biraq, «Yebin tapqan yeki asar» degendey, buni’n’ da reti boldi’, sonli’qtan menin’ gu’resimde, heshqanday shek joq. Woni’n’ hasla wo’tirik yemesligine inani’n’!

Jazg’i’ «Topan tasi’w» ku’nleri kim Aqda’ryani’ jag’alap ju’rip ko’rse, wol ju’da’ jaqsi’ biledi. Suw da’ryag’a si’ymay yeki jag’asi’na jayi’ladi’. Suw da’ryadan 100 — 200 qa’demdey yeski qashi’larg’a bari’p tireledi.

Bul waqi’tlari’ sazan, su’wen bali’qlar sayi’zdag’i’ sho’p arasi’na shi’g’adi’. Qi’zi’q ko’remen dewshiler azanda shashi’rap shi’qqan ku’n menen birge turi’p, jag’ag’a shi’qsa, adam aytqi’si’z qi’zi’qqa batadi’. Aqda’ryani’n’ qi’rmashasi’na

bali'q uslawg'a kelgenime biraz ku'n boldi'. Usi' qi'zi'q-qi'zi'q penen u'yge qayti'wdi' da umi'ti'ppan.

Bir ku'ni birdeygi a'detim boyi'nsha qoli'ma shani'sh-qi'mdi' ali'p, qi'rmashadan bali'q shanshi'wg'a biraz joldas-lari'm menen yerte turi'p kiristim. Yeki saattay waqi'tti'n' ishinde woti'zg'a jaqi'n sazan shanshi'p aldi'm.

Bir na'ha'n sazan qashi'p kiyati'r. Men de suwdi' sham-bi'rlati'p quwi'p kiyati'rsam, wol wo'zin qali'n' uri'qli'qti'n' arasi'na ura bergende, shani'shqi'mdi' ali'p jibergenim tap qarsi' aldi'mnan bir jolbari's wo'zin mag'an qarap atti'. Woni'n' aldi'ng'i' yeki ayag'i' iynimnen asi'ri'li'p tu'sti. Men de belinen qushaqlay aldi'm. Taraq ali'p, basi'mdi' iyegime ti'g'i'p, hesh jazdi'rmadi'm. Ku'shimnin' bari'nsha iyzep qi'sa berdim. Da'slep g'awi'rlap ursa da, sheksiz abay yetip um-ti'lsa da, yesabi'nan jan'i'lg'an ali'p satarday buri'ng'i'day aybaraqlamadi'. Men de qushag'i'mdi' hesh jazdi'rmadi'm. Shamalawi'mnan jolbari'sti'n' beli si'nbasa da, berjag'i' boldi'-aw dep woyladi'm.

Ha'r tu'rli qi'yal kelip ketti. Yeger usi'dan jiberip qalsam, aldi'ng'i' ayaqlari' hesh na'rsege ilinbey turg'an jolbari's pi't-shi'ti'mdi' shi'g'ari'p, ashi'wi'n tarqatar dep woylayman. Yamasa, jolbari'sti'n' bir qa'siyeti, wol da'slep bir na'rseni islew niyetinde uri'ni'p, wonnan wo'zinin' shamasi'nan jan'i'li'si'p, degeni bolmasa wo'z jo'nine kete beredi-mish degendi yesitetug'i'n yedim. Yaki bir na'rsege ku'shi jetpey qalsa da, ma'rtlik yetip, tekke uri'nbay, si'r bermegendey boli'p wo'z jo'nine ju're beredi desetug'i'n yedi.

Kel, ta'wekel! Jibereyinshi dewimnen sol aldi' betine qarata jiberip, wo'zim keyin shi'g'i'p yedim, jolbari's buri'li'p ta qaramadi', hesh na'rse bilmegen, sezbegen boli'p, tura aldi'na sayi'z suwda adi'm-adi'm ju'rip kete berdi. Men bul awhalg'a hayran boli'w menen jolbari'sti'n' son'i'nan qarap qala berdim.

Bul waqi'yani' ko'rip, ali'sta meni naq wo'ledi dep ji'lasi'p, qorqi'p turg'an joldaslari'm da qasi'ma kelip:

— Sen nag'i'z palwansan' g'oy. Bari'p turg'an bati'r yeken-sen', bizler jolbari's penen ali'spaq tu'we senin' ali'si'p turg'ani'n'a qorqi'p turdi'q! — desti.

Men wolarg'a:
Yebin tapqan yeki asar.
Ko'zin tawi'p is qi'lg'an, — dedim.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. «Topan tasi'w» ku'nleri ne ushi'n bali'q ko'p boladi'?
2. Bali'qshi' jolbari's penen nege ayqasti'?
3. Bali'qshi' ne woyladi', qanday ta'wekelge keldi?
4. Waqi'yani' uzaqtan ko'rip turg'an adamlar ne ushi'n hayran qaldi'?
5. Gu'rrin'nin' mazmuni'n so'ylep berin'.
6. «Yebin tapqan yeki asar» maqali'ni'n' ma'nisin tu'sindirin'.

## G'AZ ATPAG'A BARG'ANDA

Qi'rmashadan shani'shqi' menen bali'q awlawdi' da qoydi'm. Sol Aqda'ryag'a jaqi'n Qarateren' degen jerde u'yrek, g'az, qasqaldaqlar bi'g'i'n-ji'g'i'n degendi yesittim.

Mi'lti'g'i'mdi' arqalap, Qarateren'ge jetip bardi'm. «Yetikshi yetikshige dos» degendey, Qarateren'de wo'mirinshe mergenshilik yetip kiyati'rg'an Nurli'bay g'arri' menen tani's yedim. Wol kisi ku'ta' ati'wg'a sheber, go'zlegenin quri' jibermeytug'i'n, qatan' mergen adam yedi. Usharg'a atsa da, ha'r wog'i'na yeki-u'shewin jalpi'ldatatug'i'n yedi.

Bunnan jeti-segiz ji'l buri'n yekewimizdin' awg'a shi'qqani'mi'z yesimizde. Tap usi' Qarateren'nin' ku'nbatar ta'repindegi bir kishilew ko'latqa kelip yedik, wortasi'ndag'i' kishkene g'ana aydi'ni'nda wonlag'an g'az tarani'p woti'r yeken. Yekewimiz da'rhal buqqi' tasladi'q. Ku'le shi'ray berip ha'm qumarlang'an tu'rinde mag'an qarap:

— Shi'rag'i'm balam, sen menin' qi'zi'g'i'ma qara, — dedi. A'lbette, jasi' ulli' adamni'n' so'zin ji'g'i'wg'a bola ma, sonsha qumarti'p turi'wi'ma qaramastan:

— A'jep boladi', — dedim. So'yttim de, woni'n' qi'zi'g'i'na qaradi'm.

Wol basi'na u'lken yetip uri'qtan sayaman usati'p worap aldi'. Aldi'na uri'qtan tikkesine qali'n' yetip tu'binen belbewine wo'tkerip shani'shti'. Tap uri'qti'n' qali'n' jerindey boladi'. Wol ha'tte mi'lti'g'i'n da uri'qqa worap, ati'wg'a go'zlep alg'a tutti'. So'ytti de, teren'ligi bir gezdey suwg'a tu'sip, alg'a ju'rip ketti. Aldi'nan qarag'anda araldi'n' shetshebirinde qami's, uri'qlar tu'biri menen shoq-shoq boli'p

i'g'i'p ju're beretug'i'n bir ko'shpeli qopaday boli'p ko'rindi. Wol si'lt yetpesten ketip barati'r. G'azlarg'a 70 — 80 adi'mday jer qaldi'. Men qi'zi'g'i'w menen shi'day almay qarap turman.

G'arri' mergen toqtadi'. Ati'wg'a go'zledi. Sizler ina-ni'n'i'z! G'arri' u'sh atqanda tog'i'z g'azdi'n' birewi de aman kete alg'an joq. G'arri' bir atqanda besewin, yekinshi atqanda u'shewin, u'shinshi atqanda ushi'p barati'rg'an birewin sulaytti'.

Quwang'ani'mnan qasi'na bari'p, g'arri'ni' qushaqlap aldi'm. Woni'n' ko'pti ko'rgen, so'ytese de ji'yri'qlari' wonsha ko'p yemes, ku'nge ku'yregen ju'zi mag'an i'si'q ko'rindi.

Mine, sonnan berli bul g'arri' mergendi wo'zimnin' usta-zi'mday ko'remen. Nurli'bay g'arri' sol ku'ni meni jibermey si'ylap qonaq yetti. G'az go'shin asi'p ta, quwi'ri'p ta berdi.

Yerten'ine yekewimiz ko'lge ja'ne shi'qti'q. Sawi'sqanday ko'lden-ko'lge awi'sti'q. Shi'jg'i'rg'an tu's boldi'. Yele men u'sh, wol yeki qasqaldaqtan basqa won'li' hesh ha'rse tappa-di'q. Ne de bolsa alg'a ju're berdik.

Bir ma'ha'lde qarsi' aldi'mi'zda yeki g'az ko'rdik. Birewi ju'z qa'demdey ari'da. Da'rhal buqqi' tasaladi'q. Men alda, g'arri' arti'mda jer bawi'rlap kiyati'rmi'z. Menin' yeki ko'zim g'azda, hesh jaqqa qaramastan, alag'ada bolmastan kiyati'rman. Bizlerdi biyikligi bir gezdey pishenlikler ko'r-setpey kiyati'r.

Atatug'i'n jerge jaqi'nlay bergenimde g'arri' kiyimimnen tarti'p:

— Toqta, toqta, keyin qayt! — degendey boldi'. Biraq, bul ma'ha'l attay keyinge sheginetug'i'n men be! Ti'n'lamay alg'a ju're berdim. Bir ma'ha'lde atatug'i'n boli'p toqtadi'm. Mi'lti'g'i'mdi' tuwri'lap ni'shanag'a jan'a mingezip, shu'rppeni tarti'p jibereyin dep qarasam, aldi'mdag'i' g'az joq. Haw, qalay jan'a g'ana tur yedi g'oy, — dep sa'l tiklenip qarasam, g'azdi' bir jolbari's ali'p ketip barati'r.

Yekinshisine qarasam, wol arjag'i'na qarap ushi'p barati'r. Bos qalmayi'n dep yekinshisin go'zlep ati'p jibergenim, jalp yete tu'sti. Atqan g'azdi' alayi'qshi' dep qarasam, woni'n' tu'si wo'zgerip mag'an qaradi' da:

— Aytti’m g’oy, jolbari’sti’n’ izin bag’ana seni tu’rtkende-aq ko’rip yedim. Sen ti’n’lamadi’n’, — dedi. Men woni’n’ qasi’na kele bergenimde ja’ne wol:

— Du’nyada jolbari’stay shalt maqluq joq, shi’rag’i’m! — dedi. Men wog’an uyalg’an tek turmas dep:

—Jigitler nege sonday shalt bolmaydi’ yeken? — dedim. Wol ku’limsirep ha’m basi’n shayqap:

— A’lbette, jigitine baylani’sli’ g’oy, — dedi. So’ytip, ati’lg’an jalg’i’z g’azdi’ ali’p qayta berdik.

*(A’. Shamuratov)*

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

1. Nurli’bay g’arri’ kim yedi?
2. Woni’n’ an’g’a shi’qqanda qanday usi’llari’ boldi’?
3. An’g’a yekinshi ret shi’qqanda neni ko’rdi?
4. Gu’rrin’di woqi’p, mazmuni’n so’ylep berin’.

## JOLBARI’STI’N’ TU’YEGE MINGENIN KO’RDIN’ BE?

«Mazandaran tog’aylari’ndag’i’ maymi’llar yeshekke qi’zi’q-si’ni’p minedi. Maymi’l uslawshi’lar yeshektin’ arqasi’na jelim jag’i’p, aydap jiberedi. Maymi’llardi’n’ u’sh-to’rtewi mingesip ayday beredi. So’ytip, maymi’llardi’n’ quyri’qlari’ yeshektin’ ar-qasi’na jabi’si’p qaladi’. Sonnan son’ maymi’llardi’ an’sat g’ana uslap ala qoyadi’ yeken», — degendi yesitetug’i’n yedik.

Al, maymi’l uslawshi’lar wo’zinin’ woyi’nshi’l maymi’llari’n yesheginin’ arti’na mingestirip, ali’p ju’rgenin talay ko’rdik. Wonnan basqa haywang’a haywan minip ju’r yeken degendi men tu’we, sizler de yesitpegen shi’g’arsi’z.

Biraq, men sonsha mergenshilik yetip ju’rip, wo’mirimde bir ma’rtebe g’ana jolbari’sti’n’ tu’yege minip shawi’p ju’rgenin ko’rdim.

Bul qi’zi’q waqi’ya yele yesimnen shi’qpaydi’. Wol yesime tu’skende, yerksiz ku’lip jiberemen. Wol waqi’tlari’ bizin’ awi’l Qi’yatjarg’an Shomanay degen yeski arnani’n’ ayaq jag’i’nda bolatug’i’n yedi.

Awi’l arnani’n’ arqa ta’repine wornalasqan. Awi’ldi’n’ aldi’ arnag’a barg’ansha bag’, ko’binese yerik ag’ashlari’.

Arnani’n’ qublasi’ buri’n yegislik boli’p, ha’zir hesh na’rse joq, topi’raqli’ maydan.

Bul waqi’ya tap yerik pisken ku’nleri gezlesken yedi. Yeriklerdin’ ishinde qi’rq-yelli ji’l jasag’an u’lken yerik bar yedi. Uwi’lji’p-qi’zari’p pisken yeken. Minip, shaqasi’nan wo’z qoli’m menen u’zip jewdi i’shqi’ yettim de, wo’rmelep shi’g’i’p, u’zip jep turi’p, arnani’n’ qubla ta’repine ko’z jibersem, arnag’a wonsha qashi’q yemes jerde jantaqqa toyi’p bir tu’ye sho’gip jati’r yeken. Tu’yenin’ art jag’i’nan a’ste-aqi’ri’nlap kiyati’rg’an iyt pe yeken desem, jolbari’s yeken. Barli’q intam sonda boldi’, a’tten’, mi’lti’g’i’m ali’sta ha’m tayi’n wog’i’m da joq. Din’kemdi qurtti’.

Sonsha ji’l mergenshilik yetsem de, usi’nday woyda joq awhal ushi’n woq tayarlap qoymag’ani’ma wo’zime-wo’zim uri’sti’m. Ilaj joq. Keyni ne bolar yeken dep qarap turman.

Jolbari’s tu’yenin’ won’ jag’i’n qolaylap kelip, tu’yege wo’zin atti’. Tu’yenin’ berjag’i’ woypawi’t bolg’anli’qtan, jolbari’sti’n’ artqi’ ayaqlari’ jerge tiye qoymadi’. Tu’ye birden tu’rgelip ketti. Jolbari’s wo’rkeshten tislewi menen salbi’rap tura berdi. Tu’ye baqi’ri’wi’ menen awi’lg’a qarap jeldi. Arnadan da wo’tip, bag’di’n’ ku’nshi’g’ar jag’i’ menen awi’lg’a kiyati’r.

Bul waqi’yani’ ko’rgen awi’l adamlari’, bala-shag’a uli’-shuwda qum-quwi’t qorqi’si’p, tu’yege kesek jawdi’ri’p, quwa basladi’.

Tu’ye bayg’us jan ashi’wi’ ha’m qorqi’wi’ menen yelden hesh ayi’ri’lg’i’si’ kelmedi, ursa da qa’ytip awi’lg’a ti’g’i’la berdi. Awi’ldi’ u’sh aynaldi’. Aqi’ri’nda awi’ldi’ jag’alay arqa betke shi’qti’. Wol jaqta yeski waqi’tlarda qazi’lg’an uralar bar yedi. Tu’yenin’ ayag’i’ bir urag’a tayi’p azlap su’rnigip ji’g’i’la jazlap yedi, jolbari’sti’n’ salbi’rap kiyati’rg’an artqi’ ayaqlari’ jerge tiydi. Ayag’i’ tiyiwden jolbari’s tu’yeni i’laqti’rdi’. Tu’ye 3 — 4 arshi’nday jerge ko’terilip jerge jalp yete qaldi’. So’ytti de, jolbari’s hesh na’rse menen isi bolmay, aqi’ri’nlap jo’nine kete berdi.

Tu’ye sespey qati’p, wo’lip qaldi’.

Bul waqi’yag’a bir men yemes, ha’mme xali’q boli’p hayran qaldi’q.



## TO'LEPBERGEN QAYI'PBERGENOV

*(1929 — 2010)*

T. Qayi'pbergenov — qaraqalpaq adebiyati'n du'nyag'a tani'tqan yen' talantli' jazi'wshi'. Wol 1929-ji'li' No'kis rayoni'nda tuwi'ldi'. Woni'n' «Mug'allimge raxmet», «Bloknot so'yleydi», «Uyqi'si'z tu'nler», «Qaraqalpaq qi'zi'», «Qaraqalpaq da'stani'», «Qaraqalpaqnama», «Ko'zdin' qarashi'g'i'», «Wo du'nyadag'i' atama xatlar», «Qaraqalpaqpan. Ta'wekelshimen» ha'm tag'i' basqa ko'plegen shi'g'armalari' bar. Bul shi'g'armalardi'n' ko'pshiligi wo'zbek, rus ha'm basqa da tillerde Moskva, Tashkent, Alma-Ata, Bishkek, Tallin ha'm tag'i' basqa da qalalarda birneshe ma'rtebe kitap boli'p basi'li'p shi'qti'. T. Qayi'pbergenov M. Qashqariy ha'm M. Sholoxov ati'ndag'i' xali'q arali'q si'yli'qlarg'a miyasar bolg'an jazi'wshi'. Wog'an 2003-ji'li' O'zbekistan Qaharmani' atag'i' berildi.

Jazi'wshi' «Mug'allimge raxmet» povesti ushi'n O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Hamza ati'ndag'i', «Qaraqalpaq qi'zi'» romani' ushi'n Berdaq ati'ndag'i' si'yli'qlarg'a miyasar boldi'.

«Mug'allimge raxmet» povestinde awi'l adamlari'ni'n' da'slepki mug'allimge bolg'an ko'zqaraslari', mug'allimnin' mashaqatli' isleri su'wretlenedi.

## MUG’ALLIMGE RAXMET

*(Povestten u’zindi)*

Wol awi’lda birinshi payda bolg’anda awi’l ishi alasapi’ran yedi. Yag’ni’y, u’lkenler wo’z ara kelise almay, birewleri «birigip jasayi’q» dese, yekinshileri «yaq, darawara jasaymi’z» desip qi’zi’l kegirdek boli’si’p ati’rg’an ku’nler yedi.

Al bizge, balalarg’a, sol u’lkenlerdin’ tarti’s-ja’njelleri qampa’tir, heshbirimiz awi’ldi’n’ ta’g’dirinen bizlerdin’ ta’g’dirimiz g’a’rezli yekenine woy jiberip ko’rmeymiz. Gilen’ balalar ji’yi’li’si’p ali’p, azannan qara keshke ko’sheni shan’g’i’ti’p top woynaymi’z, yamasa worpan’ topi’raqta woti’ri’p asi’q woynaymi’z...

... Joq, woylari’mdi’ alg’a shapti’rmay a’n’gimeni reti menen baslayi’n.

... Basqa awi’llarg’a wonsha bari’p ko’rgenim joq. Al, wo’zimizdin’ awi’ldi’n’ ko’rinisi mag’an ku’ta’ unaydi’. A’tirapi’mi’zdi’ qorshap alg’an qali’n’ tog’ay ba’rqulla ha’rem tuti’p qoyg’anday ko’rinedi. Qi’sta siyreklep, jaz bolsa do’nip, jasi’l japi’raqlardi’ jami’li’p shi’g’a keledi. Mine, woni’n’ ha’remnen ayi’rmasi’, usi’nnan g’ana dep sezemen. Tog’ay arasi’nda qi’di’ri’p ju’riw ba’rinen de kewilli. Qi’rg’i’y menen mi’yqi’ni’n’ palapanlari’n izlep azannan keshke deyin gezsen’ de, jali’qpaysan’. Turpati’ qara u’ydey boli’p ketken toran’g’i’llar da bar. Jaz bolsa to’besine qos sog’i’p, geyde dem ali’wg’a da boladi’. Al, bizin’ awi’ldi’n’ qoni’s jeri woypatlaw. Bati’s jag’i’mi’zda ko’ldin’ jiyegi ko’rinip tur. Wonda wo’sken nuw qarag’ay qami’slar gu’z bolsa u’peleklerin bizin’ awi’lg’a jollaydi’. Bir-yeki ji’lli’qta usi’ qami’sli’qti’n’ asti’nda suw bar yedi. Talay ma’rtebe wonnan g’azdi’n’ palapanlari’n uslap ta qaytqanbi’z. Baspaqlarg’a su’yriklerdi de, sol ko’lden a’keletug’i’n yedik. Ba’ha’r bolsa, qaymaqlasqan muz asti’nan ushlari’ iyiktey su’yriklerdi tawi’p alami’z.

Awi’li’mi’z usi’nday bolg’an son’ men qalay su’ysinbeyin? Wog’ada jaqsi’ ko’remen-aw! Bul ko’ldi ha’mme «Don’gelekko’l» deytug’i’n yedi. Sonli’qtan bizin’ awi’l da «Don’gelekko’l» boli’p atali’p ketken. Awi’ldi’n’ balalari’ menen

woylasi'p, «Don'gelekko'l»di talay ma'rtebe gezgenbiz. Bundag'i' maqsetimiz ne ushi'n usi'lay atalg'an? Mine, usi'ni' biliw yedi. Biraq, bile almadi'q.

Bi'yi'lg'i' jaz men biletug'i'n jazlardi'n' ishindegi yen' yerekshe jaz boldi'. Wo'ytkeni, wo'tken ji'li' bozdan jap jari'li'p, awi'li'mi'z wog'i'ri' sa'nlenip ketken yedi. Jan'a japti'n' boyi'nda wo'sken qami'slar du't tog'ay, shaqasi'na minip woti'ri'wg'a da boladi'. Yeger de, tu'bin balta menen shappasa, bir tu'p qami'sti' men qusag'an ha'lsiz balalar bir mezgil wori'p woti'ri'wi' kerek. Yeger jarg'i' bolg'anda wonshelli qi'yi'ng'a tu'spes yedi-aw dep woylayman. Sebebi, bir jola ag'ama qami's wori'wdi'n' bi'yi'l qi'yi'n bolatug'i'ni'n aytqani'mda «Shapi'rashi' shi'qqan jarg'i' kerek, balam» dep ku'lgen yedi. Haqi'yqati'nda da, shapi'rashli' jarg'i' bolmasa, an'sat yemes.

Ju'werileri de ayta qalg'anday. Shin'girikleri menin' balti'ri'mnan kem yemes. Ha'zir ba'ri de bali'qko'z boli'p kiyati'r. Baslari' da dorbaday. Qaysi' birin aytayi'n, awi'ldi'n' adamlari'nda daqi'l ko'p. Tari', ma'sh, gu'nji qay jerde bolsa, sol jerde adam boyi'. Paxta ati'zlari' da yenapattay. Biraq, yele wolar toli'q pispey ati'r. Go'rekleri tu'ymedey boli'p, awzi'n ashayi'n-ashayi'n dep tur. Bazda go'reklerin qoli'ma uslap ko'rip: «ashi'wlang'an adamni'n' awzi'nday tobarsi'p tursan' da, birden ku'lip jiberesen'-aw» deymen.

A'sirese, qawi'n degen iyti'rqi'n. Boz qari'qtan yegilgen qawi'nlardi'n' ha'rbirin adam tu'we arba zorg'a ko'terer. Yen' kishi degeni Du'ysen mollani'n' u'yindegi sadaqa qazanday bar dese de boladi'.

Men ko'binese Sayi'p, Qunnazar, Sa'rsenbaylar menen birge ju'retug'i'n yedim. Ku'ni menengi talabi'mi'z asi'q woyi'ni'. Aqshami'na qaray uyqi' da joq. Awi'ldi'n' qawi'nlari' jalan'ayaqtay boli'wdan-aq ti'ni'shi'mi'z ketti. Wo'zlerimizdin' qawi'ni'mi'z bolsa da, bir tu'ndi urli'qsi'z wo'tkermedik. Duri'si'n aytsam, datqag'a da shi'g'i'p boldi'q. Bunnan basqa bizlerde talap ta joq. Yeger de, adamlar qawi'nlari'na aylandi'ra qaqpan qursa, qon'si' awi'llarg'a tawi'q urlawg'a ketemiz.

Bu'gin yeki ku'nnen beri qawi'n urli'qti' awzi'mi'zg'a da almaytug'i'n boldi'q. Sebebi, ku'tilmegen jerden mi'naday

ha’diyse boli’p qaldi’: yeki ku’nlikte Sa’rsenbaydi’n’ jalg’i’z wo’zi qawi’n urli’qqa bari’pti’. Wol basqalari’mi’zdan ko’re shaqqani’raq ha’m a’sirese, sekerparalardi’ urlag’andi’ jaqsi’ ko’retug’i’n yedi. Geyde awi’sti’ri’p, u’yine yeki-u’sh sekerpara ali’p keletug’i’n a’deti de bar.

Awi’li’mi’zda Yesemurat degen g’arri’ bar yedi. Wo’zi qawi’n yegiwge di’m teperish. «Wo’mirinshe ha’lekke yegip ko’rmegen» desedi jurtti’n’ ba’ri. Al, sekerparani’ jurttan buri’n shi’g’aradi’. Bi’yi’l da sekerparasi’ sasi’p, iyt jep ati’r, degen g’alawi’t tu’sti. Sog’an «a’ne barayi’q, mine barayi’q» dep ju’rgende Sa’rsenbaydi’n’ qara basi’ bizlerge qaramay barg’an yeken. Ay qaran’g’i’ bolg’an son’, ag’asi’ni’n’ uzi’n qara beshpentin si’rti’nan kiyip alg’an. Tu’n ishinde torli’ qawi’n yemes si’ypalap biliwge, g’arbi’z bolsa yeken dizege qi’si’p ko’riwge, pisken sekerparani’ iyiskemey taba ala ma? Ha’rqaysi’si’n bir iyiskep, sari’si’n izlep ju’rgende Yesemurat g’arri’ shani’shqi’si’ menen Sa’rsenbaydi’ bali’qtay yetip, shanshi’p ali’pti’. Yesemurat g’arri’ woni’ iyt shi’g’ar dep woylag’an bolsa kerek. «Way-waylag’an» dawi’si’nan keyin g’ana bilipti. Qaydan bilsin, ku’nde sarg’ayg’an qawi’nlari’n iyt jey bergen son’ qoli’na shani’shqi’ ali’p an’li’g’an g’oy!

Sa’rsenbaydi’n’ wo’zi ayi’pli’ bolg’an son’, hesh na’rse ayta almay ji’lag’an da jata bergen. Yesemurat g’arri’ shani’shqi’si’n suwi’ri’p alayi’n dese, shani’shqi’ni’n’ tili qayti’p shi’qpag’an. So’ytip, azang’a shekem Sa’rsenbaydi’n’ ati’zda bu’klenip jati’rg’ani’ni’n’ u’stine bizler de bardi’q. Shani’shqi’ni’n’ u’sh tili de jambasi’na kirip ketipti. Ju’regimiz suw yete qaldi’. Bunday baxi’tsi’zli’qti’ heshkimnin’ basi’na salmag’ay.

A’kesi Du’ysen molla da keldi. Wol iyegi saqi’ldap, balasi’na qi’ynali’p tur. Sa’rsenbay tawlani’wi’ menen a’kesine bir qaradi’ da, betin arman buri’p, jen’i menen ko’zin basti’.

Awi’l adamlari’ qansha woylasi’p ko’rgen menen shani’shqi’ni’ suwi’ri’p ali’wdi’n’ ilaji’n taba almadi’. Suwi’ri’p ali’w tu’we sabi’ qi’ymi’ldap ketse de, Sa’rsenbay awi’r gu’rsinip, i’n’i’rsi’ydi’. Biraq, kisige qarag’anday beti joq. Nag’i’z uri’ boli’p ko’zge tu’sip ati’r. Yesemurat g’arri’ni’n’ wo’zi bari’p,

shani'shqi'ni'n' sabi'n ko'terip, kesip ati'rg'anda, Sa'rsenbaydi'n' quli'ndag'i' dawi'si' shi'qti'. Yele de tegaran', qi'ymi'ldati'n'-qi'rag'anda dawi'si' adamlardi'n' qulag'i'n ji'rti'p kete jazlar yedi. Ko'pshilik a'ri woylasti', beri woylasti'. Yesemurat g'arri'g'a heshkim pa'len-to'len demedi. Wol kisi wo'z ayi'bi'n bu'rkegisi keldi me, yamasa Sa'rsenbaydi' ayadi' ma, Du'ysen mollani'n' «jibermeymen» degenine qaramastan, Sa'rsenbaydi' arbag'a mingizip, wo'zi qalag'a yemlewxanag'a a'ketti...

Sonnan beri qawi'n urli'q dese quyqami'z juwlap, to'be shashi'mi'z tik turadi'. Yendigi talap ne? Ji'ynali'p ali'p asi'q woynaymi'z. Asi'q woyi'ng'a da berilip ketiwimiz sonshelli, ya kesh bolg'ani'n biliw tu'we, ash bolg'ani'mi'zdi' da umi'tami'z. Ku'nde u'yge wo'z waqti'nda qayti'wdi' da yesten shi'g'arami'z. Bul a'detimizdi men apamni'n' mi'naday bir hiylesinen keyin g'ana tu'sindim: Bir jola apam menin' asi'q woynap ati'rg'an jerime tabaq penen tamaq a'kelip berdi. Bul jag'dayg'a ten' qurbi' balalari'mnan uyalg'ani'mdi' qa'yteyin, jer jari'lmadi', men kirmedim. Izimnen tamaq a'kelgendey men qos aydap, yamasa ati'zg'a to'gin to'gip ati'rman ba? Solay yetip, men anamni'n' sol hiylesinen son' tamaq mezgili gezinde u'yge asi'g'i'p qaytatug'i'n boldi'm.

Mine, bu'gin de quyash sa'skelikke tireldi. Tu's bolg'ani'n umi'ti'p qalmayi'n degen woy menen qayta-qayta quyashqa qaray beremen. Asi'q woyi'ni' bolsa qi'zi'p ketken. «Pesha-pesh», «ya jampi'q», «Jup alshi'» dan balalardi'n' awzi' ti'nbaydi'. Bu'gin a'sirese, Sayi'pti'n' dawi' gu'jip ketti. Al, menin' dawi'm ju'rmey qaldi'. Ku'yip-pisip woti'rman. Tu's waqti' tirelip kiyati'r. U'yge qayti'wg'a da bolatug'i'n yemes. Bir qalta asi'g'i'm sap boldi'. Utti'ri'p-utti'ri'p qalay kete beremen? Minekey, woyi'nni'n' aqi'ri'na saqlap woti'rg'an yen' son'g'i' sha'bbemdi saldi'm. Bul ketse, wassalam! I'g'bali'ma bir degennen alshi' basti'. Quwang'ani'mnan ju'regim jari'li'p kete jazladi'. Sonda da sabi'rli'li'q penen asi'qlardi' asi'qpay ji'ynap ati'r yedim. Ha'mme balalar birden shorshi'p, tura-tura qasha jo'neldi. Bazi' birewlerinin' asi'g'i' tu'we ti'yi'nlari' shashi'li'p qalsa da, qarag'an joq.

Ku'ni menen uti'li'p, asi'g'i'm jan'a alshi' basqanda men qayda baraman? Ja'n-jag'i'ma qaramay asi'qlardi' tez-tez ji'ynap ati'r yedim:

— Sa'lem jigit! — dedi birew.

Tosi'nnan shi'qqan bul seske selk yete qaldi'm. Qarasam, jalan' bas, shashi' hayallardi'n' shashi'nan qi'sqalaw bolg'anli'qtan wo'rimge kelmeytug'i'n, sari' si'nli' jigit tur. Hayallardi'n' shashi'nan tag'i' bir ayi'rmasi' — yeki shekesin, jelke shashi'n pardozlapti'. Birden qasha qoymadi'm. So'ytse de, qorqi'n'qi'rap turman. Wol mag'an qarap ji'mi'yi'p ku'ldi.

Ku'lkisi mag'an unap ketti me, yamasa qorqqani'mdi' bildirmeyin dedim be, woni'n' woynaqshi'g'an qara ko'zlerine qadala men de i'rji'ydi'm... Aq ko'yleginin' jag'asi'n bo'lip turg'an anaw nag'i'sli' na'rsesin won' qoli' menen du'zep qoyi'p:

— Wo, bati'r, — dedi wol mag'an.

Ne ushi'n bati'r dep turg'ani'na tu'sinbedim. Abaylap qarasam, qasi'mdag'i' bag'anag'i' balalardi'n' birewi de qalmapti'. Da'rriw bir na'rse yesime tu'sip ketti: bizler ha'r sa'rsembi ha'm piyshembi ku'nlerinde Du'ysen mollag'a woqi'ytug'i'n yedik. Woqi'ytug'i'n jerimiz jer to'le. Ko'binese aqsham woqi'ymi'z. Tu'nde yeki jerde shu'tik shi'ra jag'i'ladi'. Azanda murni'mi'zdi'n' tesigi qara quri'mg'a ti'g'i'li'p qalatug'i'ni'n, mollani'n' shi'day almay bizlerdi taslap shi'g'i'p kete beretug'i'nli'g'i'n nesine so'z qi'layi'n. Biraq, molla woqi'ti'p boli'p keterimizde bazda yeki ret, jari'lqap waqti'mi'zdi' almayi'n dese, bir ret sabaq sayi'n bizlerge:

— Jaqi'nda mug'allim keledi. Wol sizlerdi wori'ssha woqi'ti'p, shoshqani'n' go'shin jewdi u'yretedi. Yeger birinshi kelgeninde aytqani'na ko'nbesen', sabaydi', — deytug'i'n yedi.

Bizlerdin' ha'mmemiz de shoshqani'n' go'shin yeki bastan jep ko'rgenimiz joq. Ata-analari'mi'z bolsa shoshqani'n' go'shin qazang'a salmaq tu'we, ati'n aytsan' zir yetip, to'be shashlari' tik turadi'. Ha'tteki, qawi'ng'a kelgen padali'lardi' da atpaytug'i'ni'n qa'ytersen'! Geyde wo'jetirek bir kisi ata qoysa da, jolamay tek iytlerdi g'ana jiberedi.

Mi'naw aldi'mda «albasli'day» boli'p turg'an shashli' jigit sol mug'allim be yeken dep woyladi'm.

Usi’ woy payda boli’wdan-aq, qashqi’m keldi. Biraq, quti’lg’anday tu’rim joq. To’bemde tur-aw! Adi’mi’mdi’ alti’ ashti’rmaydi’. Tayaq jewge de qayi’l boli’p, qashan urar yeken dep tursam, woylag’an jerimnen shi’qti’. Kem-kemnen mag’an jaqi’nlap kiyati’r. Men de wog’an tuti’lmaw ushi’n a’sten-a’sten keyin qarap ba’se basladi’m. Menin’ qorqqani’mdi’ sezse itimal;

— Toqta, ko’ylegin’nin’ yetegindegi shan’di’ qaq, — dedi wol mag’an.

Men woni’n’ so’zine qarap turayi’n ba, shalg’aylari’ma u’n’ilmesten, sheginip-sheginip bari’p birden zi’p berdim. Biraq yeki-u’sh adi’m atpay-aq qolg’a tu’stim. Wol menin’ qoli’mdi’ jibermey turi’p, ko’ylegimnin’ shan’ bolg’an yeteklerin aynala ju’rip wo’zi qag’a basladi’. Dirildep barati’rman. Baqi’rayi’n desem, do’gerekte heshkim ko’rinbeydi. I’rasi’n aytqanda, baqi’ri’wg’a wonnan ha’m tarti’naman. «Ba’lkim, shan’i’mdi’ qag’i’p boli’p, wo’lgenshe sabap keter» degen qi’yal da basi’mnan zuwlap wo’tti.

— Jan’ag’i’ balalar nege qashti’? — dedi wol bir waqi’tta menin’ qoli’mdi’ bosati’p.

Biytani’s jigittin’ bul sorawi’n naqolay ko’rsem de, dawi’si’n ku’ta’ unatti’m. «Albasli’day» degen da’slepki pikirime ishimnen qi’ylani’p:

— Bilmedim, — dep a’sten g’ana juwap berdim.

Wol bizlerdin’ jan’a asi’q woynag’an jerimizge ko’z jiberdi. Bir-yeki sari’ ti’yi’nlar, tag’i’ yeki-u’sh asi’q shashi’li’p jati’r yeken, ji’ldam terip aldi’ da, mag’an usi’ndi’:

— Ma’, senin’ asi’qlari’n’ shashi’li’p ati’r g’oy.

Qollari’m dirildep turi’p, asi’qlardi’ aldi’m.

— Ati’n’ kim? — dep soradi’ wol. Ati’mdi’ aytpag’a qorqsam da, basqa birewdin’ ati’n ayta qoyi’wdi’ na’ma’rtlik dep woyladi’m.

— Turdi’murat. Al, ne qi’lasan’?

— Turdi’murat, bu’ytip asi’qlari’n’di’ shashpa. I’qshamli’ bol. Albi’raqlama. Qorqpa, — dedi. Bunnan basqa hesh na’rse sorag’an da joq, hesh na’rse aytpadi’ da. Tek bolg’ani’:

— Joldaslari’n’a qosi’li’p woynay ber. U’stin’di pataslama! — dedi. So’ytti de, tuwri’ aqsaqaldi’n’ ken’sesine qaray ju’rip

ketti. Men de asi'qpastan jo'nime kettim. Sonda da woni'n' izinen qarag'i'm kele berdi. Wol ta'wir-aq jerge barg'annan keyin arti'na qayi'ri'li'p, won' qoli'n ko'terip, mag'an qayta-qayta siltey berdi. Woni'n' xoshlasqani'n yamasa mush ko'rsetip, «yerten' ko'remen!» degenin de tu'sine almadi'm. Sebebi, birewge gijinsek, wo'zlerimizdin' bi'layi'raq shi'g'i'p mush ko'rsetip, abay yetetug'i'n a'detimiz bar g'oy!

Mollani'n' a'n'gimesi yele yesimde. Ne de bolsa ati'mdi' biykar aytqan yekenmen. «Ko'rdin' be mag'an mushi'n ko'rsetip barati'rg'ani'n. Yerten' so'zsiz sabaydi'», — degen woyg'a kelip u'yge qaray bet burdi'm. Ayaqlari'ma batpan tas baylap qoyg'anday worni'nan zorg'a qozg'aladi'. Birew iyterip jiberse, ji'g'i'li'p ketejaqpan ba deymen. Wo'limsirep u'yge zorg'a kiyati'rsam, bag'anag'i' qashi'p ketken balalar ja'n-jag'i'mnan qorshap aldi'.

— Jan'ag'i' mug'allim sag'an ne dedi? — dep ha'mmesi birden jabi'rlasqanda selk yete qalsam kerek.

— Mug'allim qasi'n'a kelgende qorqpay, ketken son' qorqasan'-aw! — dedi Qunnazar. Qunnazarg'a sonday ashi'wi'm keldi. Wol meni qalay qorqaq deydi. Aldi' menen wo'zi qorqi'p qashi'p ketti. Soni'n' ushi'n da, tullani'p, jo'nimdi aytpastan ketip qaldi'm.



## IBRAYI’M YUSUPOV

*(1929 — 2008)*

I. Yusupov — yelimizdin’ wozi’q woyli’ shayi’ri’. Qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ rawajlani’wi’na u’lken u’les qosqan. Wol 1929-ji’li’ Shi’mbay qalasi’nda tuwi’lg’an. Jaslayi’nan kitap woqi’wg’a, a’debiyatqa qi’zi’qqan. Woni’n’ belgili «Baxi’t lirikasi’», «Ku’n shi’gi’s jolawshi’si’na», «Woylar», «Jeti asi’ri’m», «Dala a’rmanlari’», «Kewil kewilden suw isher» ha’m tag’i’ basqa da atamadag’i’ kitaplari’ bar.

I. Yusupov Qaraqalpaqstan xali’q shayi’ri’ ha’m O’zbekistan xali’q shayi’ri’ ataqlari’na iye. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Berdaq ati’ndag’i’ ma’mleketlik si’yli’g’i’na miyasar bolg’an.

Milliy a’debiyati’mi’z benen ma’deniyati’mi’zdi’n’ rawajlani’wi’na qosqan u’lesleri, g’a’rezsizlik ideologiyasi’n bekkemlewdegi xi’zmetleri ushi’n 2005-ji’li’ I. Yusupovqa O’zbekistan Qaharmani’ atag’i’ berildi.

Shayi’r 2008-ji’li’ du’nyadan wo’tti.

## JAQSI’ ADAMLAR

Jaqsi’ adamlarg’a joli’qqan ku’ni,
Uyqi’n’ pu’tin bolar, waqti’n’ xosh bolar,

Kewlin' ko'terin'ki, ilha'm-yosh bolar,
Jaqsi' adamlarg'a joli'qqan ku'ni.

Azanda avtobus ba'ndirgisinde,
«Juwi'r, juwi'r!» deser seni ko'riwden.
Wolar so'ytip ku'tpegende yeger de,
Jumi'stan keshigip qalar yedin' sen.

Sa'lemlesip, basqi'lasi'p alarsan',
Du'nyani'n' kemligin tez umi'tarsan',
Wo'mirdi sonshelli su'yip qalarsan',
Jaqsi' adamlarg'a joli'qqan ku'ni.

Wolarg'a ha'r ku'ni joli'qsan' payda,
Wolar ko'p, ushi'rassan' kewlin' pitedi.
Jumi'sta ya jolda, quwani'sh-qayg'i'da,
Mu'shkil islerin'di an'sat yetedi.

Wolar hesh waqi'tta seni satpaydi',
Woti'ri'spada wori'n ali'p yadlaydi',
Tolqi'nda qayi'g'i'n' suwg'a batpaydi',
Jaqsi' adamlarg'a joli'qqan ku'ni.

Wo'mirin' uzaq bolsi'n, la'zzetli bolsi'n,
Avtobusti' irkip azanda ha'r ku'ni.
«Juwi'r, juwi'r!» — desip shaqi'ri'p tursi'n,
Jaqsi' adamlarg'a joli'qqan ku'ni.

**So'zlik:**

**du'nyani'n' kemligin** — qi'yi'nshi'li'g'i' ma'nisinde.
**tolqi'nda qayi'g'i'n' suwg'a batpaydi'** — isin' alg'a ju'redi, irkilmeysen' ma'nisinde.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar:***

1. Qosi'qti'n' tekstine tiykarlani'p jaqsi' insani'yli'q pazi'yletleri haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Sizin'she, adamlarg'a kerekli boli'w ushi'n ne qi'li'w kerek?
3. Qosi'qti' woqi'n', wol haqqi'nda doslari'n'i'z benen pikirlesin'.

## QARAQALPAQTI' KO'P MAQTAMA KO'ZIMSHE

Qaraqalpaqti' ko'p maqtama ko'zimshe,
Qarmaqqa tez qabatug'i'n bali'qpan.
Ha'rkimnin' bir a'zzi jeri wo'zinshe,
Shortani'mday an'qi'ldaqlaw xali'qpan.

Jalg'i'z ati'n soyi'p berip qonaqqa,
Jayaw qali'p bul xali'q talay tari'qqan.
Soni' ayti'p maqtay g'oysan' biraq ta,
Wonnan da zori'n ko'rsetetin xali'qpan.

Sumli'q qi'lsa si'r aldi'rar baladay,
Kewilsheklik minezine ku'yemen.
Al, yendi woni'n' ken' ja'ziyra daladay,
Azamatli'q ken' peyilin su'yemen.

Tayi'n maqtap ati'n minsen' si'namas,
Men bul xali'qti'n' minezine qani'qpan.
Kewlim menin' Ja'yhun menen sag'alas,
Sa'l na'rsege yoshatug'i'n xali'qpan.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Shayi'r wo'z xalqi'n qalay ta'riyiplegen?
2. Qaraqalpaq xalqi'ni'n' basqa xali'qlardan wo'zgesheligi nede?
3. Qosi'qti'n' mazmuni'n tu'sinip woqi'n' ha'm yadlap ali'n'.
4. «Men — qaraqalpaq perzentimen» temasi'nda gu'rrin' jazi'n'.



## NAWRIZ JAPAQOV

*(1914 — 1975)*

Nawri'z Japaqov — shayi'r ha'm u'lken ali'm. Wol 1914-ji'li' Taxtako'pir rayoni'nda tuwi'lg'an. Shayi'rdi'n' jaslayi'nan baslap-aq a'debiyatqa qi'zi'g'i'wshi'li'g'i' arti'p baslaydi'. Woni'n' 1930-ji'llardi'n' wortalari'nan baslap qosi'qlari' ha'm maqalalari' ja'riyalana basladi'. Shayi'rdi'n' «Qun», «Quwani'shli' ku'n», «Shayi'r so'zi», «Baxi't», «Dosli'q da'stani'» degen toplamlari' baspadan shi'qti'.

N. Japaqov a'debiy miyraslardi' ji'ynaw ha'm jazi'p ali'wg'a da'slepkilerden boli'p jedel aralasadi', 30-ji'llari' «Qoblan» da'stani'n jazi'p aladi' ha'm basti'ri'p shi'g'ardi'. Wol qaraqalpaq folklori'ni'n' jigirma tomli'g'i'n basti'ri'p shi'g'ari'wg'a u'lken ja'rdem berip qoymastan wog'an basshi'li'q yetedi.

## MIYNETIM

Jani'mday su'yemen miynetim seni,
Tek wo'zin' ka'malg'a keltirdin' meni.
Sen wo'nerim ha'm jemisim, qurali'm,
Wo'zin'nen alaman go'zlesem neni.

Miynetim, miynetim, sen qi'zi'l gu'ldey,
A'lemge nur sepken quyashli' ku'ndey.

Soni'n' menen baxi't aldi'm shadlandi'm,
Bar ma basqa yelde baxi'tli' mendey!

Hu'rmetlisen' ha'm de jani'm wo'zimsen',
Ju'rer jolda ko'rer alg'i'r ko'zimsen'.
Senin' menen wo'lshenemen yermen men,
Xali'qqa tani'tar aynam, ju'zimsen'.

Seni su'ysem hu'rmet yetedi xalqi'm,
Senin' menen belli du'nyag'a dan'qi'm.
Sen jemistin', sen jen'istin' bayrag'i',
Sensen' menin' jen'islerde quwati'm.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Shayi'r miynetti ne sebep joqari' bahalaydi'?
2. Miynet adam ushi'n qanday a'hmiyetke iye?
3. «Miynet tu'bi — ra'ha't» naqi'li'ni'n' qosi'q penen baylani'si' bar ma?
4. Qosi'qti' yadlan' ha'm namasi' menen atqari'n'.



## XOJABEK SEYTOV

*(1917 — 2001)*

X. Seytov — shayi'r ha'm jazi'wshi'. Wol 1917-ji'li' Taxtako'pir rayoni'nda Qarabug'a awi'li'nda tuwi'ladi'. Woni'n' «Wo'mir soqpaqlari'», «I'zali' a'rman izleri» shi'g'armalari' bar. Bul shi'g'armada yeske tu'siriwleri, wo'z zamanlaslari', respublikami'zdi'n' ma'deniyat, ilim, a'debiyat xi'zmetkerlerinin', yel basshi'larini'n' da pida'kerlik islerin bayanlaydi' ha'm du'nyadan wo'tken xalqi' ushi'n hadal xi'zmet yetken azamatlarday yesine tu'siredi.

A'sirese, «Aral tariyxi'nan» qosi'g'i'ni'n' a'hmiyeti ulli'. Wonda Araldi'n' kelbeti jaqsi' su'wretlengen. Shayi'rdi'n' «Baxi'tli' wo'mir», «Wo'mir tan'i'», «Gu'llengen awi'l», «Tolqi'nlar», «A'miw qi'zi'» ha'm tag'i' basqa da toplamlari' baspadan shi'g'adi'.

## ARAL TARIYXI'NAN

Aydi'nli' Aral, tilge alsam ati'n'di',
Sen qozg'aysan' ju'rek muhabbati'mdi',
Wo'zin' kibi tolqi'nlati'p ji'ri'mdi',
Yosh beresen' ash! — degendey si'ri'mdi'.
Si'rlas boli'p menin' ata-babam da,
Arali'm dep, wo'sken senin' jag'an'da,
Sende wolar tu'rli ka'sip ka'r yetken,

Ata-babalardi'n' sen ko'rdin' ko'zin,
Tilin' bolsa aytar yedin' tap wo'zin',
Sag'an ma'lim kimnin' kelip ketkeni,
Qaysi' a'sirde wo'mirin'nin' wo'tkeni.
Dosli'q sezim toli' ju'rek boyi'n'da,
Bir waqi'tta Taras ju'rdi boyi'n'da,
Panaladi', wol da seni anam dep,
Sen de qushaq ashti'n', woni' balam dep.
Jag'an'da sayratti'n' bu'lbu'l Berdaqti',
Aynalan'a quri'p jatqan shati'rdi'.
Sen ko'rdin' xali'q uli' talay bati'rdi',
Sheksiz U'stirtlerde bawi'ri'n basi'p.
Joldasi'n'day jatti' sag'an si'rlasi'p,
Qara bultlar ko'ship ju'rdi u'stin'de,
Nuri'n shashi'p ku'n ku'lmedi ko'ksin'de,
Bult gu'rkirep, geyde jarq yetip jaqti',
Aspan jari'lg'anday shaqmaqlar shaqti':
Ala burqan dawlardi'n' ishinde,
Kimler gu'reskeni bar ma yesin'de?
«Baxi't ushi'n wo'lsem — wo'ldim demespen»
Dep gu'resken yerler shi'g'a ma yesten!
Degendey, Arali'm, si'r jati'r sende,
Si'ri'n'a su'n'giwge qushtarman men de.
Bir ku'sh terbep shayqali'si'p turg'anday,
Bir tolqi'ng'a birin' kelip urg'anday,
Jag'an'a soqli'g'i'p, ga' ishin tarti'p,
Ti'ni'msi'z suwi'n'a turman qumarti'p.
Tolqi'ni'n'da tariyxlardi'n' si'ri' bar,
Suw sestinde simfoniya sesti bar.
Ma'n'gilikke ashi'lg'an son' jamali'n',
Nurdi' qushi'p jati'ri'psan', Arali'm.
Qoyni'n'da tawsi'lmas tabi's jatqanday,
Paroxodlar alg'a ka'rwan tartqanday,
Ti'nbaydi' hesh ku'ndizi ha'm keshinde,
Bali'qshi'lar qosi'q aytar ishinde.
Ko'kte shapshi'p tolqi'nlasa suwlari'n',
U'stin'de ushi'p ju'r u'yrek, quwlari'n',
Tawsi'lmastay, bayli'q bolg'an xali'qqa,

Qoyni'n' toli', Aral, hasi'l bali'qqa,
Senin' su'wenin'di bir jegen adam,
Ha'wes boli'p ju'rer jew ushi'n mudam,
Tatqan adam bali'g'i'n'nan mazali',
— Qanday jaqsi' deydi, Aral sazani'!
Kespeleri «qoy go'shinen zi'yada»
Bekiren' belgili pu'tkil du'nyag'a,
Ne hasi'l bali'qlar, Aral, sende bar,
Wolardi' awlawg'a qumar adamlar,
Bali'qshi' doslardi' ko'rip ha'r ku'ni
Mende su'yiwshilik artadi' sende,
Arali'm, men jasap sen menen birge,
Ji'rdan tolqi'n shashsam deymen wo'mirge.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Shayi'r wo'zinin' ishki sezimlerin qosi'qta qalay ji'rlag'an?
2. Aral boyi'nda qanday tariyxi'y waqi'yalar ha'm ataqli', belgili adamlar bolg'an?
3. Araldi'n' adamlarg'a paydasi' qanday?
4. Aralda qanday bali'qlar bar?
5. Bali'qti'n' qanday tu'rlerin bilesiz?
6. «Baxi't ushi'n wo'lsem — wo'ldim demespen» degen qatarlardi'n' mazmuni'n so'ylep berin'.
7. «Araldi' qorg'ayi'q» degen temada qi'sqasha bayan jazi'n'.



## JOLDASBAY DILMURATOV
*(1928 — 2000)*

J. Dilmuratov 1928-ji'li' Shi'mbay rayoni'nda tuwi'lg'an. Woni'n' balalar ushi'n arnalg'an qosi'qlari', poemalari' ha'zirgi waqi'tta a'debiyati'mi'zda belgili wori'n tutadi'. Shayi'rdi'n' «Wo'mir gu'li», «Kiyikler», «Jolbari'sti'n' ta'g'diri», «Yertekte» toplamlari' balalar ushi'n arnalg'an. Da'slepki qosi'qlari' 1948-ji'ldan baslap jariyalanadi'. Ha'zirge shekem woni'n' «Jasli'q yoshi'», «Qaraman», «Ju'rek alg'i'si'», «Zaman zawqi'» atli' toplamlari' baspadan shi'g'adi'.

## KIMDIKI DURI'S?

Bazar ku'ni ha' demey,
Toldi' avtobus tazadan.
Tiyisli wori'n tawi'p ali'p,
Woti'rdi' tez ha'r adam.

Woni'n' ko'rkem ken' ishinde,
G'arri' menen jas ta bar.
Ha'mmeden de jasi' kishi,
Qalbay, Polat dos ta bar.

Sonda avtobus basqi'shi'nan,
Kirip keldi bir g'arri'.

Jetpislerge bari'p qalg'an
Shama menen jaslari'.

Wol jaylasi'p woti'rmay-aq,
Ju'rdi avtobus ilgeri.
Biraq, wori'n bermedi
Balalardi'n' hesh biri.

Aqi'ri'nda yeki dostan,
G'arri' wori'n soradi'.
Sonda, Qalbay ko'z alarti'p,
G'arri'g'a tez qaradi'.

— Ko'resen' be g'arri' wo'zin',
Mi'na jazi'w ne degen?
«Balalar ushi'n» dep qoyi'pti',
Wori'n bizge berilgen.

Wo'z dosti'ni'n' bul so'zine,
Ketti Polat qi'si'ni'p.
— Keshir ata! — dedi birden,
Wog'an wori'n usi'ni'p.

Bizin' Qalbay bilmey ati'r,
Ha'm umi'tqan hu'rmetti.
Bilip alg'an wo'jetlesiw,
Degen jaman a'detti.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Avtobusta qanday waqi'ya boldi'?
2. Qalbaydi'n' da'lili duri's pa?
3. Polat ne ushi'n qi'si'ndi', g'arri'g'a ne dedi?
4. Balalar sizlerdin' de, Qalbay qusag'an doslari'n'i'z bar ma?
5. «Jaqsi' a'det degen ne, jaman a'det degen ne?» degen temada disput wo'tkerin'.
6. Qosi'qti' ta'sirli woqi'p, wo'z so'zlerin' menen mazmunli' so'ylep berin'.

# A'DEBIYAT TEORIYASI'NAN MAG'LUWMAT

## A'DEBIY QAHARMAN HAQQI'NDA TU'SINIK

A'debiy qaharman — ko'rkem shi'g'armada qatnasatug'i'n adam. Ko'rkem shi'g'armani'n' janri'na qaray epikali'q qaharman, dramali'q yamasa lirikali'q qaharman boli'p bo'linedi. Epikali'q yamasa lirikali'q shi'g'armada qatnasi'wshi' adamlar bas ha'm yekinshi da'rejeli qaharmanlar boli'p sha'rtli tu'rde bo'linedi. Epikali'q ha'm dramali'q shi'g'armada jazi'wshi' qaharman obrazi'n woni'n' ju'ris-turi'si'n, minez-qulqi'n, is-ha'reketin, bir so'z benen aytqanda xarakterin beriw arqali', woni'n' basqa da qatnasi'wshi'lar menen baylani'slari'n ko'rsetiw arqali' jaratadi'.

A'debiyatti'n' belgili teoretikleri ko'rkem shi'g'armani'n' qatnasi'wshi'lari'n qaharmanlar dep yemes, al personajlar dep qollani'wdi' usi'nadi'. (Francuz tilinde personaj — maska, ni'qap degendi an'lati'p, son'i'n ala ko'rkem shi'g'armani'n' qatnasi'wshi'si' ma'nisinde qollani'latug'i'n bolg'an). Sebebi, shi'g'armadag'i' unamsi'z qa'siyetlerge iye adamlarg'a qaharman atamasi'n ku'ta' az qollanami'z.

Shi'ni'nda da, «Otello»dag'i' Yagoni', «Alpami's»tag'i' Ma'stan kempirdi, «Su'ymegenge su'ykenbe»degi G'odalaqti' unamli' qaharman dep atawg'a tilin' barmaydi'. Woni'n' u'stine shi'g'armada bir yamasa yeki ko'rinip ketetug'i'n ja'rdemshi personajlar da qaharman atag'i'n ko'tere almaydi'.

Solay yetip, epikali'q ha'm dramali'q shi'g'armada su'wretlengen jeke adamlar wo'zlerinin' tutqan worni'na, a'hmiyetine qaray qaharmanlar, xarakterler, qatnasi'wshi'lar ha'm personajlar boli'p atali'wi' mu'mkin. Son'g'i' personajlar atamasi'n basli' ha'm yekinshi da'rejeli, unamli' ha'm unamsi'z qatnasi'wshi'larg'a da tiyisli qollana beriwge boladi'.



## TA’JETDIN SEYTJANOV

*(1924 — 1998)*

T. Seytjanov Kegeyli rayoni’nda tuwi’lg’an. Qaraqalpaq a’debiyati’nda shayi’r, dramuturg si’pati’nda worni’ girewli. Woni’n’ «Azamat ji’ri’», «Ziyba», «Wo’mir filosofiyasi’», «Ba’ha’r sag’i’ndi’», «Jer so’yleydi», «Ana haqqi’nda a’psana» shi’g’armalari’ bar.

1942 — 45-ji’llari’ uri’sqa qatnasqan. Sonli’qtan da, woni’n’ do’retiwshiliginde uri’s, ana haqqi’ndag’i’ waqi’yalar u’lken wori’n iyeleydi.

## ANA HAQQI’NDA A’PSANA

*(An’i’z)*

Bunnan ko’p ji’l buri’n menin’ bir babam,
Bar du’nyasi’n jol-qa’rejet qi’li’pti’.
Iyman tilew ushi’n Ka’batulladan,
Segbir tarti’p jolg’a shi’g’i’pti’.

Birde jayaw, birde atli’, tu’yeli,
Jol ju’ripti awi’r ashli’qta hari’p.
Qa’rejet tawsi’li’p, tozi’p kiygeni,
U’sh ji’lda jetipti ma’nzilge tali’p.

Bas iyipti wo’tken «a’wliyelerge»,
Qara tas tu’binde woqi’pti’ ayat.

Pana tappay qi’rawli’ qi’s ku’nlerde,
Dalada tu’nepti misli bir sayaq.

Uri’lar tonapti’ son’g’i’ tillasi’n,
Ta’wir kiyimlerin wolay-pulayi’n.
Sonda, wol ko’l qi’li’p, ko’zinin’ jasi’n,
A’ptada boli’pti’, ku’n wo’tken sayi’n.

Sag’i’ni’p wo’z yelin, wo’tken ku’nlerin,
Wopali’ hayali’n, bala-shag’asi’n.
Yesine ali’pti’, son’g’i’ demlerin,
Jasap yelde qalg’an g’a’rip anasi’n.

Qolti’qta qanat joq ushi’p ketpege,
Ha’m de joq bayag’i’ din’ke-da’rmani’.
Sari’ sahralardi’ basi’p wo’tpege,
Pulsi’zdi’ mindirsin kimnin’ ka’rwani’.

Woylapti’. Qa’rejet tabarman qalay,
Malayli’q tabi’lar qaysi’ yesikten?
Bul yelde de az yemes si’yaqli’ malay,
U’mit yetiw qi’yi’n bunday nesipten.

Ji’g’i’li’pti’ bir ku’ni wol ashli’qtan,
Ku’n uzaq jati’pti’, di’n’ke-dimarsi’z.
Shi’dap ju’rgen yeken, jani’ qasli’qtan,
Du’zde qalmayi’n, — dep jat yelde jalg’i’z.

In’irde kelipti, woni’n’ qasi’na,
Bir miyrim shi’rayli’ a’ptada fellax.
Ha’m ali’p ketipti, wo’z qulbasi’na,
Diywali’ qi’rq tesik, ko’tere san’laq.

Awzi’na tuti’pti’, tapqan tag’ami’n,
Ha’m sebep boli’pti’, wol shi’qpas jang’a.
Yerten’ine sorap jag’dayi’n-hali’n,
Bir soraw beripti sonda babama.

«Ana bar ma, depti, a’y jora, sende?»
«Awa, g’a’rip anam bar» — depti babam.
«Wonda neg’i’p ju’rsen’, wo a’ttegene»,
Wol arti’q g’oy, bizin’ Ka’batulladan.

Bu’ytkenshe a’lpeshlep tuwg’an anan’di’,
Woni’ i’rza qi’lsan’ perzentlik si’ydan.
Quday abat qi’li’p yeki du’nyan’di’,
Sag’an berer yedi, tawsi’lmas iyman.

Wah, depti biyshara babam qi’ynali’p,
Ko’zinen jas yemes qan to’gip sonda.
Ko’p ji’l malay boli’p, uzaq g’amlani’p,
Bir ku’ni shi’g’i’pti’, an’sag’an jolg’a.

Arzi’w-a’rmanli’qta jetisip yelge,
Ko’zlerine su’rtip ana topi’raqti’.
Paqi’r qulbasi’na kirip kelgende,
«G’a’rip anam aman ba?» — dep sorapti’.

Juwapsi’z qali’pti’, bul sorawlari’,
Du’nyadan wo’tipti g’a’rip anasi’.
Yele de jaqsi’ yeken xali’q qatari’,
Aman yeken hayal, bala-shag’asi’.

Biraq, ana da’rti qi’ynapti’ jani’n,
At basi’nday a’rman boli’p ju’rekte.
Qayg’i’-da’rt ali’pti’, din’ke-da’rmani’n,
Kelgeninde tu’sip talay ha’lekke.

Ne sawda tu’speydi adam basi’na,
Bolar ma wonday da to’rt tu’ligi say!
Wog’an buyi’rmapti’ qa’bir tasi’ da,
Qalmapti’ izinde ha’wli-ha’rem jay.

Tek qali’pti’, sol a’rmanli’ babamnan,
«Ka’ban’ — anan’» degen jaqsi’ na’siyat.
Shi’ni’nda, mi’n’ million Ka’batulladan,
Anan’ni’n’ bir ku’lip baqqani’ zi’yat!

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Ka'batullag'a bari'wdag'i' babani'n' ko'rgen jol azabi'n tu'sindirin'.
2. Ashli'qtan din'kesi quri'p ji'g'i'lg'anda, wog'an kim ja'rdem berdi?
3. Wol babag'a qanday soraw berdi? Woni' tu'sindirip berin'.
4. Anag'a islegen hu'rmet-izzet qanday qa'siyetler menen aqlanadi' dep woylaysi'z?
5. Ana haqqi'nda naqi'llar jazi'n'.

**So'zlik**

**a'psana** — xali'q arasi'nda ken' taralg'an a'n'gime.
**malayli'q** — jallani'p islew.
**qulbasi'na** — xojali'q shatpasi'na, u'yine.

## AYTBAY BEKIMBETOV

*(1919 — 1979)*

Aytbay Bekimbetov — prozaik jazi'wshi'. Wol 1919-ji'li' 5-mayda To'rtku'l rayoni'ni'n' «Ulli' bag'» awi'li'nda tuwi'lg'an. Uri's qatnasi'wshi'si'. Woni'n' «Awi'r ta'g'dirdi jen'iwshiler», «Si'rli' izler izinen», «Awi'r si'naqlar», «Wo'mir joli'nda» ha'm t.b. povest ha'm romanlari' qaraqalpaq a'debiyati'nda belgili wori'n iyeleydi. A. Bekimbetovqa «Si'rli' izler izinen» shi'g'armasi' ushi'n Berdaq ati'ndag'i' ma'mleketlik si'yli'g'i' berildi.

A. Bekimbetov — O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen ma'deniyat xi'zmetkeri.

## WO'MIR JOLI'NDA

*(Povestten u'zindi)*

Jaslardi'n' bayrami'na tayarli'q gu'jip ketti... Ustaxanada urda-tut jumi's.

— Ne qi'li'p ati'r?

— Bayramg'a tayarli'q!

Ha'mmenin' awzi'ndag'i' so'z tek usi' g'ana boldi'.

Wo'zi soqqan Mavzoleydin' maketin «uh» dep jan'a sazlap boli'p, ustaxanadan shi'qqan Asqar Ziyneptin' ji'lap turg'ani'n ko'rdi.

— Kim tiydi sag'an?

— Mag'an heshkim tiygen joq. Gu'mistin' ayag'i'n iyt tislep si'ndi'ri'pti'. Men woni' azi'raq bag'i'w ushi'n arqadag'i' jon'i'shqa ati'zg'a apari'p jayg'an yedim. Ha'zir, wol wo'leyin dep ati'r. Aqi'ri', men woni' ayayman, — dedi Ziynep li'qli'g'i' tutqan baladay u'sti-u'stine yen'kildep.

— Gu'misin' kim? Klaslas qurdasi'n' yemes pe?

— Qoyanni'n' ati' — «Gu'mis». Wo'zin' de talay ret ko'rdin' g'oy, haw!

Asqardi'n' ishek-silesi qati'p ku'ldi. Wog'an Ziyneptin' ga' ashi'wi', ga' qorli'g'i' keldi. Sonli'qtan woni'n' tu'r-tu'si wo'zgerip irenjigendey boldi'. Asqar u'kesinin' azarsi'z haywang'a ayri'qsha g'amxorli'q yetetug'i'n bawi'rmanli'g'i'n jaqsi' bilgenlikten da'rriw ku'lkisin ti'ydi'. So'ytip, Ziynepti ti'ni'shlandi'ri'p kewilin ko'teriw ushi'n basi'nan si'ypalap kishkene wo'rimin u'ypa-juypa yetip tarqati'p jiberdi. Murni'ni'n' ushi'nan a'ste g'ana shi'mshi'lap:

— Gu'misin'di tez shi'pakerge apar!

Wol jerde u'lken shi'pakerler qoyanni'n' si'ng'an ayag'i'n jayi'na sali'p, da'rilep tan'adi'! — dedi de, tag'i' ustaxanag'a kirip ketti. Biraq, wol qaysi' shi'paker yekenin aytpag'an yedi.

Aq kewil qi'z a'jag'asi'ni'n' ayti'wi' menen waqi'tti' uzaqqa sozbay, tor ishinde ko'zlerin mo'ltildetip, azar shegip jatqan Gu'misin bawi'ri'na qi'si'p, awi'lli'q yemlewxanag'a qaray ju'rdi.

Ziynep yemlewxanag'a jetemen degenshe kitap woqi'wshi'lardi'n' di'qqati'n internatta sho'lkemlestirilgen qoyan wo'siriw do'gereginin' payda boli'w tariyxi' menen tani'sti'rami'z:

Bul qi'zi'q waqi'ya ata-anani'n' yerkesi Sadulladan baslanadi'. Wol wo'tken ji'li' internatqa kirgende, u'yindegi asi'randi' qoyanlari'nan yekewin wo'zi menen mektepke a'keldi. Wog'an balalar tor jasadi'.

Mine, sonnan beri wolar wo'sip-wo'nip di'm ko'beyip ketti. Woni' do'gerek ag'zalari' bag'adi'. Ha'r woqi'wshi' wo'zine bekitilgen qoyani'na ayri'qsha at qoyi'p alg'an. Jaslardi'n' qi'zi'q bayrami'n ulli' tabi'slar menen ku'tip ali'w ushi'n bul do'gerek ag'zalari' qoyanlardi'n' sani'n yeki ju'z basqa jetkermekshi.

— Mu'mkin be! — dep Ziynep yemlewxanani'n' yesigin qatti' qag'i'p ishke kirdi.

Azada bo'lmenin' to'rindegi gu'rsige woti'rg'an aq xalatli', ko'za'ynek taqqan worta jasar adam basi'n ko'terip, Ziynepke qaradi'.

— Ag'a, siz be shi'paker?

— Awa, qi'zi'm, shi'pakermen. Qay jerin' awi'radi'? Qa'ne, bermani'raq kelip, mi'na gu'rsige woti'r!

— Menin' hesh jerim awi'rmaydi', ag'a! Jan'araqta mi'na «Gu'misim»nin' ayag'i'n iyt tislep soni' a'keldim! — dedi Ziynep bawi'ri'na qi'si'p, u'stin woramal menen jawi'p kelgen qoyani'n ko'rsetip. Yelewsiz woti'rg'an shi'paker tan'lang'an tu'ri menen ga' aq kewilli qi'zg'a, ga' gu'mis tu'sli qoyani'na qaradi'. Keyin kewline yersi ko'ringen waqi'yag'a shi'day almay ku'lip jiberdi.

— Men haywanatlar shi'pakeri yemespen go'y, qi'zi'm-aw, senin' «awi'r jarali'» qoyani'n'di' qalay yemleymen? — dedi, wol ku'liwin dawam yetip.

Ziynep shi'pakerdin' u'zliksiz ku'lgenine ashi'wlang'anday, qoyani'ni'n' jumi'la baslag'an kishkentay ko'zine qarap lal boldi' da qaldi'. Birazdan keyin wol ayti'lajaq so'zin, woyi'n tapqanday:

— Siz awi'r keseldi u'lken adamlardi' yemlegende menin' kishkentay qoyani'mni'n' ayag'i'n yemley almaysi'z ba? — dedi qapa tu'rde. Ziyneptin' ga'wharday jaynag'an ko'zlerinde wo'zine ta'n sadali'q penen isenimlilik, wo'tinish belgileri sa'wlelenedi.

— Meyli, a'kel mi'nda, mayi'bi'n'di' ko'reyik, qa'ne! — dedi shi'paker qapa qi'zdi'n' kewlin ko'teriw ushi'n so'zdin' a'depki bag'dari'n wo'zgertip.

Ziynep quwang'ani'nan albi'raqlap woni'n' aldi'na juwi'ri'p bardi' da, hali' to'men «Gu'misin» abaylap a'ste g'ana wog'an uzatti'.

— Pay, netesen'-a'y, qoyanni'n' shep ayag'i' si'na qoyi'pti'! Hesh qi'si'nba, qi'zi'm, mag'an isene ber. Ha'zir qoyani'n'ni'n' si'ng'an su'yegin jayi'na sali'p buri'ng'i'si'nday yetemen! — dep shi'paker qaptalda turg'an shkafti'n' ishinen kishkentay taxtayshalar menen siyle aldi' da, mayi'pti'n'

si'ng'an jerine da'ri su'rtti de, taxtayshani' qoyi'p tan'a basladi'.

Shi'pakerdin' ha'rbir ha'reketine di'qqat qoyi'p woti'rg'an bawi'rman Ziynep qoyanni'n' ti'pi'rshi'lag'ani'na jani' ashi'p, ju'regi yeljirey basladi'.

— Tamam, qoyanni'n' ayag'i' ha'ptege qalmay ta'wir boli'p ketedi. Ma', yendi a'kete ber, qi'zi'm, — dedi shi'paker.

* * *

Birinshi topardi'n' barli'q balalari' ha'm yekinshi topardan 3 bala rayondi' kesip wo'tetug'i'n na'ha'n kanaldi'n' aqi'ri'na sali'ni'p ati'rg'an gidrotexnikali'q quri'li'sti' bari'p ko'riw ushi'n piyadalap sayaxatqa shi'qti'. Wolar jol boyi' wo'z rayonlari'ni'n' ta'biyiy bayli'qlari' menen tani'si'p, gerbariy jasaw ushi'n tu'rli wo'simlikler ji'ynadi'. Ha'r qi'yli' gu'belekler uslap iyneliklerdin' ushi'p-qoni'wi'na qi'zi'qti'. Sonday-aq, balalar wo'zleri jol boyi' ko'rgen bilgenlerinin' yen' qi'zi'qli'si'n qumarlani'w menen jol da'pterine jazi'p ju'rdi. Wo'z u'lkesinin' ti'rnaqtay jerin ko'rip, ku'ta' ta'sirlengen balalar quri'li'sqa jetip kelgenin bilmey-aq qaldi'.

— Qaran'lar! Qanday a'jayi'p mi'na quri'li's! — dep ha'mmeden buri'n jetken Asqar boldi'. Besjapti' biriktirgen u'lken quri'li'sqa, qatar-qatar sali'ng'an suli'w jaylarg'a, jer qazi'p ati'rg'an qu'diretli ekskavatorg'a juwi'ri'p quwani'shli' tu'rde qi'shqi'ri'p jiberdi.

Tezirek ko'riwge asi'qqan balalar quri'li'sti'n' qarasi'n ko'riwden-aq juwi'ri'si'p, ta'rbiyashi' menen jetekshinin' shaqi'rg'ani'n da yesitpey, yesitkeni ti'n'lamay alg'a umti'ldi'. Ha'mme ha' demey g'awi'rlasi'p, kanaldi'n' i'rashi'na shi'qti'. Wolardi'n' qi'zi'qsi'ng'an ko'zleri quri'li'sti'n' tu'rli mexanizmleri menen basqari'wshi' pultti'n' jayi'na, suw wo'tkeriwshi temir betong'a, tokarlar menen a'jayi'p wo'nerli ha'r tu'rli adamlarg'a tu'sti.

— Bul suwdi'n' ku'shi menen elektr quwati'n beretug'i'n stanciya ma yeken?! — dep sayaxatshi'lardi'n' birewi qasi'na kelgen qara pa'ren', ala ko'zli injenerden soradi'. — Joq, bul wonday yemes. Sizlerge tu'sinikli yetip aytqanda, bul suwdi' ha'rbir japqa kerekli mug'darda wo'lshep jiberetug'i'n

texnikali'q quri'li's. Pitkerilip iske qosi'lg'annan son', xojali'q-larg'a jerinin' ba'lent-pa'sligine qaray suw jiberiledi. Jeri ba'lent bolsa, suwdi' ko'p jiberemiz, jeri woy bolsa wog'an azg'antay suw-aq shi'g'a beredi, — dep wol sayaxatshi'larg'a tu'sinik berdi.

Japti'n' ultani'na na'zer taslag'an Asqardi'n' ko'zine tu'ri tani's birew wottay basi'ldi'.

— Sa'lem, ustaz, nege tigilip qaray beresen', ya tani'may tursan' ba, Asqarman g'oy! — dep qi'shqi'ri'p jiberdi wol, jer qazi'p ati'rg'an ekskavatordag'i' qara pa'ren' kombinezonli', buyra shash jigitke qarap.

— Ha'y, «yeski dos», «go'ne sha'kirt» qalaysan'?

Barmi'san'? — dep ekskavatorshi' jigit eksavatori'n ja'rdemshisine berdi de, wo'zi mashinadan i'rg'i'p tu'sip, Asqardi'n' jani'na keldi. Bul jigit, shi'ni'nda da, Asqardi'n' buri'ng'i' ustazi' A'liy qi'ytar yedi. Wol di'm wo'zgerip ketken. Semireyin depti.

— Yendi urmaysan' ba? — dep sa'lemlesti Asqar.

— Buri'ng'i' A'liy uri' bolsam, qan qaqsatar yedim, biraq men wol A'liy yemespen. A'liy ekskavatorshi'man. Qara, mi'na qollardi' anaw a'wkiygen na'rse menen mi'naw tawday topi'raqti' shi'g'arg'an usi' qollar! — dedi Asqarg'a alaqanlari'n ko'rsetip. Asqar qarsi' aldi'nda turg'an dug'i'ji'm deneli ekskavatorshi'g'a qi'zi'g'a qaradi': i'rastan da, usi' A'liy me? —dep tan'landi'.

Sayaxattan wolar shan'qay tu'ste qaytti'. Ku'n g'i'jlap qi'zdi'. Balalar qara suw boli'p terledi. Awzi' kewip ju'da' sho'lledi.

Wolar Besjapti'n' ko'pirine kelgende, birewdin' jatqani'n ko're sala, suwg'a shomi'layi'q dep usi'ni's yetti. Ha'mme, woni' quwatlay tu'sti. Ta'rbiyashi' menen jetekshi de qarsi'li'q yetpedi. Jigirmalag'an balani'n' ju'ziwdi biletug'i'nlari' da'rhal sheshinip salqi'n suwg'a wo'zlerin tasladi'. I'ssi'lap kiyati'rg'an balalar suwg'a kirgen bali'qtay boldi'. Wolar suwdi'n' betin ha' demey u'yrektey qapladi'.

— Ketti! Ketti! Ja'rdem yetin'! — degen qorqi'ni'shli' dawi'slar qa'pelimde ha'mmenin' to'be shashi'n tik turg'i'zi'p, tula boyi'n titiretip jiberdi.

Haqi’yqattan da, suwdi’n’ qatti’ ag’i’sli’ jerinde bir balani’n’ bati’p-shu’mip ketip barati’rg’ani’ ko’rindi. Jag’adag’i’ balalar shuwlasi’p sayada jatqan ta’rbiyashi’ jetekshini ja’rdemge shaqi’rdi’. Jan’a g’ana suwdan shi’g’i’p qumg’a awnap jatqan Asqar menen Dosan qa’weterli xabardi’ yesitiw menen i’rashtan wo’zlerin suwg’a atti’. Biraq, wolar menen suwg’a ketken balani’n’ arasi’ a’dewir jer yedi. Sonli’qtan, bulardi’n’ wo’z waqti’nda u’lgerip ja’rdem yetiwi gu’manli’raq boldi’. Woni’n’ u’stine ta’rbiyashi’ hayal menen jetekshi de sheshinip u’lgere almay ati’r. Al, ketip barati’rg’an bala bolsa hawli’qqani’nan tek qoli’n shalpi’ldata beredi. Usi’ waqi’tta tosattan payda bolg’an birew ko’pirdin’ yerneginen kiyimleri menen suwg’a sekirdi. Wol ken’ qulashi’ni’n’ ku’shli pa’ti menen suwdi’ jari’p, shaqqan ju’zdi de, ha’ demey balani’n’ jani’na jetip bardi’.

Wol suwg’a shu’mip ketken balani’ qarmalani’p tapti’ da, qami’rday ha’lsiz denesin ko’kiregine qoyi’p arqasi’ menen keyin ju’zip jag’ag’a keldi. Balalar ji’ldam woni’ i’rashqa shi’g’ardi’ da, qollari’n kerip, jasalma tu’rde dem alg’i’za basladi’.

— Haw, bul Sadulla g’oy, woy sorli’ yele ju’ziwdi bilmeydi yeken-aw! — dedi bir bala wo’z joldasi’n tani’p.

Sulq boli’p yesinen ayi’ri’li’p jatqan Sadullani’n’ awzi’nan atli’g’i’p i’lay suw shi’qti’. Woni’ aylana turg’an balalar ti’m-ti’ri’s boli’p ayani’shli’ ko’zlerin sira’ wonnan ayi’rmadi’. Jasalma dem aldi’ri’w wo’z na’tiyjesin berdi. Sadulla demin ali’p kem-kem wo’zine kele basladi’. A’ste g’ana ko’zin ashti’. I’n’i’rsi’p ja’n-jag’i’na, wo’zin ali’p qalg’an adamg’a qaradi’. Ku’sh penen yeki-u’sh ret tu’shkirdi. Basi’n qozg’ap turi’wg’a ha’reket yetti. Ha’mme quwani’si’p ati’r.

— Mi’rza ag’a, yele Sadullani’ wo’limnen qutqari’p qalg’an sen be yedin’, men sag’an i’rzaman! Bul da bir a’jayi’p qaharmanli’q! — dedi suwdan shi’g’i’p dosti’ni’n’ jani’na kelgen Asqar wo’zin asi’rap alg’an a’kesin ko’rip.

— Haw, Asqarmi’san’, aman-yesen ju’rsen’ be, balam! Bul qalay wo’z dosti’n’i’zdi’ tas bolmasa suwg’a jiberip yedin’izler! Aqi’ri’, abaylap sayi’zi’raq jerde shomi’lmaysi’z ba! — dep Mi’rza Ma’mbetov, Sadullani’ su’yep worni’nan

turg'i'zdi' da, balasi' menen ko'risip u'sti-basi'n sheship si'g'i'w ushi'n shetkerirekke shi'qti'.

Sadulla ketip qala ma dep za'rresi qalmag'an ta'rbiyashi' menen jetekshi ha'm barli'q balalar shofyor Ma'mbetovqa u'lken alg'i's aytti'. Ko'p balalar woni'n' bul yerligin, azamatli'g'i'n wo'mirdin' a'jayi'p wo'rnegi retinde da'pterine jazi'p usi' ku'nni'n' umi'ti'lmas tariyxi'na kirgizdi.

— Pay-pay! Usi'nday jerde jazi'wshi' menen fotokorrespondenttin' bolmag'ani'na qara, bunday waqi'yani' ko'pshilikke jetkermey sira' ayaqsi'z qaldi'ri'wg'a bola ma, aqi'ri', wol bir azamatti' wo'limnen aman ali'p qalg'an haqi'yqat qaharman g'oy, — dedi Dosan qasi'ndag'i' bir balag'a. Buni' yesitip qalg'an Mi'rza wog'an basi'n shayqadi' da:

— Sizler meni ko'termeley bermen', birewler yesitip qalsa, haqi'yqattan da, Ma'mbetov maqtanshaq boli'pti' dep woylar. Men tek g'ana wo'zimnin' adamgershilik wazi'ypamdi' atqardi'm, — dedi.

— Qa'ne, Asqar inin'di ko'riwge yendi barmaysan' ba, balam?

— Baraman, baraman. Ziynepti de yertip baraman. Sara apamdi' da sonday sag'i'ni'p ju'rmen. Ta'rbiyashi'mnan ruqsat alsam bolg'ani'.

Mi'rza balasi'ni'n' haq kewilli so'zine i'rza boldi' da:

— Wonday bolsa qaytarsi'n, mashinag'a mindirip ali'p ketemen.

— Boladi', boladi', joli'n'a qarap woti'raman wonda, — dedi Asqar kewilli tu'rde.

Sayaxatshi'lar qi'rag'i' shofyor menen kewilli tu'rde xoshlasti'. Asqar woni'n' mashinasi'n ko'z ushi'na shekem gu'zetip qaldi'.

A'llen waqi'ttan son' ku'n salqi'n tarti'p sayaxatshi'lar jolg'a tu'sti. Yen' aldi'nda Asqar. A'tirap bu'gin ku'ndegiden de go'zzal ko'rindi wog'an: ja'n-jag'i' ko'k shalg'i', al aspanda da poshsha torg'ay shi'ri'ldaydi'. Al, ken' gu'zar jol bolsa, iyretilip-iyretilip bari'p tuw ali'stag'i' aspanni'n' ko'k jiyegine bari'p su'ngiydi. Asqar wo'z doslari' menen usi' joldan barati'r. Bul jol wolardi' rayong'a da, mektepke de aparadi'...

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Jaslardi'n' 40 ji'lli'q bayrami'na qanday tayarli'q ko'rildi?
2. Ziynep ne ushi'n ji'ladi'? Asqar wog'an qanday ma'sla'ha't berdi?
3. Balalar sayaxatqa qayda bardi', wolardi' ne na'rseler qi'zi'qti'rdi'?
4. Suwg'a ketken balani' kim qutqardi'?
5. Sizler qanday do'gerekke ag'zasi'z?
6. Gu'rrin'di ta'sirli woqi'p, mazmuni'n so'ylep berin'.
7. «Adam — adamg'a dos» degen temada gu'rrin' jazi'n'.

## A'DEBIYAT TEORIYASI'NAN MAG'LUWMAT

### DIALOG HA'M MONOLOG HAQQI'NDA TU'SINIK

**Dialog** — (grekshe *dialogos* — yeki adamni'n' wo'z ara so'ylesiwi). Ko'rkem shi'g'armada waqi'yani' tu'sindiriwge, xarakterdi ashi'wg'a ja'rdem beretug'i'n usi'llardi'n' biri. Dialoglar tuwra ga'pler menen beriledi. Dramali'q shi'g'armalar tiykari'nan dialoglar formasi'nda beriledi. Epikali'q shi'g'armalarda da dialoglar jiyi qollani'ladi'. Wolar personajdi'n' til wo'zgesheligin beriwge yamasa qanday da bir jag'daydi' ko'rsetiwge ja'rdem beredi. Ma'selen, «Mi'n'lardi'n' biri» shi'g'armasi'nda avtor personajlardi'n' wo'z ara so'ylesiwi arqali' bir u'ydin' qi'yi'n jag'dayi'n ko'rsetip, turmi's shi'nli'g'i'n ashadi'.

— Tamag'i'mi'zdi' tawi'p asi'rap woti'rg'an sen yedin', sen ketsen', hali'mi'z ne boladi'? — dep kempir ji'ladi'.

— Qanli' qaqpang'a tu'sken janni'n' qayti'p shi'g'i'wi' qi'yi'n. Qayti'p kele almaspan, apa, — dep Aytbay basi'n to'men sala berdi.

— Apa! — dedi Hu'rziya, ji'laman', bosqa ji'lag'an menen hesh na'rse shi'qpaydi', aqi'l tawi'p qalay da ag'amdi' ali'p qali'wdi'n' joli'n tabayi'q.

— Ne ilaj tabami'z, qayi'g'i'mi'z qayi'ri'li'p woti'rg'an joq pa? — dep kempir qi'zi'na qaradi'.

*(M. Da'ribaev «Mi'n'lardi'n' biri»).*

**Monolog** (grekshe *monos* — bir ha'm *logos* — so'z) ko'rkem shi'g'armada qaharmanni'n' ko'pshilikke yamasa wo'zine qarata aytqan so'zleri. Monolog ko'binese dramali'q shi'g'armalarda ushi'rasadi'. Mi'sali', Shekspirdin' «Gamlet» tragediyasi'nda Gamlettin' monologi' woni'n' obrazi'n ha'm uluwma sol shi'g'armani'n' ideyasi'n ku'sheytip beriwge ja'rdem yetedi. Monolog roman, povestlerde lirikali'q sheginis si'pati'nda ushi'rasadi'. Wonda personajdi'n' tili menen woni'n' ishki sezimleri, keshirmeleri beriledi. Al, lirikali'q qaharmanni'n' ishki keshirmelerin, ruwxi'y halatlari'n beretug'i'n lirikali'q shi'g'armalar tikkeley monologqa jatqari'wg'a boladi'. Lirikali'q shi'g'armalardi' shayi'rdi'n' monologi' dese de boladi'.



## SAG’I’YDULLA ABBAZOV

*(1930 — 1990)*

Sag’i’ydulla Abbazov — balalar shayi’ri’. 1930-ji’li’ 5-mayda Taxtako’pir rayoni’nda tuwi’lg’an. Wol balalar ha’m jas wo’spirimler ushi’n ko’p g’ana shi’g’armalar do’retti. Woni’n’ «Si’rli’ a’lbom», «Kel ba’ha’rim!», «Mektepte de, u’yde de», «Menin’ inim», «Mektepte bayram» si’yaqli’ toplamlari’ ha’m tan’lamali’ shi’g’armalari’nan ibarat bir tomli’g’i’ jari’q ko’rdi. Woni’n’ bir qatar shi’g’armalari’ basqa tillerge de awdari’lg’an, namag’a tu’sirilgen qosi’qlari’ da bar.

## MILICIONER KELDI BIZIN’ KO’SHEGE

Milicioner keshe kelip, Polatti’,
«U’yi qayda?» dep ha’rkimnen sorapti’.
Nege woni’ izleydi dep adamlar,
U’ylerinen shi’g’a-shi’g’a qarapti’.

Birew aytti’: wog’an bir is bolg’an dep,
Birew aytti’: to’belesip qalg’an dep.
Birew aytti’: qarap ju’rmey wol bala,
Birew aytti’: awi’r jara salg’an dep.

Birew aytti’: aldawli’qqa yergen dep,
Birew aytti’: urli’q islep ju’rgen dep.

Milicioner keliwinin' sebebi,
Birew aytti': soni' birew ko'rgen dep.

Biraq, wolay bolmay shi'qti' izinde,
Mehribanli'q woti' jaynap ko'zinde.
Mektepten kelmegen, Polat joq yedi,
Ushi'rasti' ata-anani'n' wo'zine.

Sizin' Polati'n'i'z — dedi, azamat,
Joldan tawi'p alg'an yeken wol bir zat.
Wo'zi apari'p miliciyag'a tapsi'rdi',
Jazi'p aldi'q ha'mmesin de atpa-at.

Sol zatti'n' iyesi bizlerge keldi,
Joyti'lg'an na'rsesin sol jerden ko'rdi.
Nachalnik aytti' wol maqtani'sh yetip,
Polat degen bala a'kelip berdi.

Zati'n tapqan adam quwani'p qaytti',
Ju'zleri ku'limlep mi'n' alg'i's aytti'.
Polatti'n' da ata-anasi' bilsin — dep,
Bul jigitti miliciya jollapti'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

1. Milicioner ne sebep Polatti' izlep keldi?
2. «Ju'zleri ku'limlep mi'n' alg'i's aytti'» — degen so'zlerdin' ma'nisin tu'sindirip berin'.
3. «Alti'n alma — alg'i's al», — degen temada shi'g'arma jumi'si'n jazi'n'.

# ASSALAM, JAN’A JI’L — NAWRI’Z!



## XALMURAT SAPAROV

*(1932—2009)*

Xalmurat Saparov — balalar shayi’ri’. Wol 1932-ji’li’ 20-martta Shi’mbay rayoni’nda tuwi’lg’an.

Shayi’rdi’n’ «Na’lshe», «Jas usta», «Qurqi’ltay», «Baxi’tli’ balali’q», «Ayg’a ushi’p barg’anda», «Menin’ ku’nlerim», «Quslar menen si’rlasqanda», «Alti’n da’wran», «Watan sun’qari’», «Ta’biyat — wo’z u’yim», «Quyash balalari’mi’z», «Bala baqsha qosi’g’i’», «Ta’biyatqa sayaxat», «Ka’sibim maqtani’shi’m», «Sap denede — sap aqi’l», «Kiyikler» qosi’qlar toplamlari’ basi’li’p shi’qti’.

Woni’n’ «Jas usta» qosi’qlar toplami’ 1970-ji’li’ Tashkentte basi’li’p shi’qti’. «Qawi’nni’n’ shiresi», «Qasqi’rlar menen betpe-bet» gu’rrin’ler toplami’ «Qaraqalpaqstan» baspasi’nda jari’q ko’rdi.

X. Saparov 1984-ji’li’ «Baxi’tli’ balali’q», «Qurqi’ltay», «Ayg’a ushi’p barg’anda» ha’m «Jiyrentay» qosi’qlar toplamlari’ ushi’n Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Berdaq ati’ndag’i’ si’yli’qti’n’ laureati’ boldi’.

Sonday-aq, wog’an Qaraqalpaqstan Respublikasi’na miyneti sin’gen ma’deniyat xi’zmetkeri hu’rmetli atag’i’ berildi.

## NAWRI’ZLI’Q GO’JE

Toyi’p ali’p nawri’z go’jege,
Diyqan baba qolg’a bel aldi’.
Woti’ri’wg’a jani’ to’ze me,
Ati’z betke qaray jol aldi’.

U’miti zor diyqan babani’n’,
Jer qoyni’nan tuqi’m tu’sedi.
So’tilgen son’ qi’sti’n’ qamali’,
Balqi’p ati’r ton’lar keshegi.

Hu’rmet yetip ku’tedi jerdi,
Toyi’ndi’rg’an ha’mme xali’qti’.
Topi’raqti’ qi’si’mlap ko’rdi,
Ati’z tapqa kelip qali’pti’.

Diyqan baba qalmas boldi’ri’p,
Nawri’zdan son’ quwat alg’anday.
Qoyg’anli’qtan jerin qandi’ri’p,
Mol wo’nimge tiykar salg’anday.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar*:**

1. Nawri’z ayi’nda diyqan babada qanday ta’shwish payda boladi’?
2. Hawa rayi’nda qanday wo’zgerisler boladi’?
3. «Nawri’zli’q go’je», «Su’melek» tag’amlari’ tuwrali’ wo’z tu’sinigin’izdi ayti’p berin’. Basqa da qanday milliy tag’amlardi’ bilesiz?



## GU'LAYSHA YESEMURATOVA
(1930)

Qaraqalpaq prozasi'ni'n' belgili wa'killerinin' biri G. Yesemuratova 1930-ji'li' 18-fevralda Shi'mbay rayoni'nda tuwi'lg'an. Xi'zmet joli'n xali'q aynasi' — jurnalistlik xi'zmetten «Jetkinshek», «Jas Leninshi» (ha'zirgi «Qaraqalpaqstan jaslari'») gazetalari'nda, son'i'nan «A'miwda'rya» jurnali'nda bo'lim basqari'wshi'si', al 1991-ji'li' «Aral qi'zlari'» atamasi'ndag'i' hayal-qi'zlar jurnali'ni'n' bas redaktori' boli'p isledi.

Jazi'wshi'ni'n' «Dasturqan», «Keste», «Ayday qi'z», «Qi'zi'm, sag'an aytaman», «Ana», «Menin' ushi'n yele balasan'», «Ana sezimi», «Ma'yek bo'rek ha'm kempir», «Qara pi'shi'qti'n' i'laysan'i'» h.t.b. shi'g'armalari' baspaso'z betlerinde jari'q ko'rgen.

## JIYREN

*(Povestten u'zindi)*

### JIYREN TU'WE BAS QAYG'I'

Awi'l adamlari'ni'n' ma'net qayg'i'lari', uri's zardabi' kem-kem wo'zin tani'ti'p, baspalati'p barati'r. Bala-shag'a betin si'pi'ri'wg'a waqti' joq. Suwi'q, ashpi'z degendi awzi'na almaydi'. Mi'naw u'lkennin' jumi'si', mi'naw kishkenenin' jumi'si', deytug'i'ni' buri'n yeken, ha'zir ayi'rmaydi'. Qoli'nan

kelmeydi degendi tiline bassa ne deysen', hali'ni'n' bari'nsha qi'ymi'ldaydi'.

Kishemler bolsa sabi'li'p qas qarayg'anda u'yge zorg'a keledi. Jag'daylar buri'ng'i'day yemes, ku'nde birew ketip ati'rg'an. U'ylerdin' arasi' a'sten bosap ati'r. Soni'n' arasi'nda uri'sti'n' a'n'gimesi de ayti'li'p atadi'. Kimdi ko'rsen' sol, qi'yi'n boldi'-aw bala, bul na'let bolg'i'r fashist yen' bolmasa bizin' balalar barg'an son' keyin qaytama desek, kem-kem basi'p kiyati'rg'an ba'le g'oy, — dep qi'ynaldi'. Kimnin' balasi' ketken, kimnin' balasi' yendi ketedi. Ha'mme soni' qayg'i'radi'. A'ytewir, qarap woti'rg'an adam joq. Ba'ri de jawg'a qarsi' gu'resip, qoli'nan kelgen talapti'n' basi'nda. Menin' talabi'm Jiyrenge qaraw.

— Senin' Jiyrenge jaqsi'lap qarag'ani'n' jawg'a qarsi' woq atqan menen barabar, — degen Turdi'murat ag'amni'n' dawi'si' qulag'i'mda qali'p, wo'zimdi jaw menen ali'si'p ju'rgendey sezemen. Jiyrenge ji'ldag'i'day wot-jem de ji'ynay almadi'q. U'ydin' qasi'ndag'i' jon'i'shqani' wo'zim wori'p, ji'ynap qoy-di'm, wol ne boladi', qashshan qag'i'p saldi'. U'ydin' ishinin' de Jiyrenge basi' aynalmaytug'i'nday ko'rinedi mag'an. Kisheme ara-tura Jiyrennin' jag'dayi'n ayti'p ton'qi'ldayman.

— At tu'we iyesinen xabar bolmay wo'zlerimiz dag'dari'p ju'rippiz, — dedi. Bul so'z Turdi'murat ag'amdi' sag'i'ni'p ju'rgen mag'an ju'da' awi'r tiydi. Men ku'nde xat jazaman da woti'raman. Men ha'r xat jazg'an sayi'n anam qasi'mda woti'ri'p: «jas jigitlik yetip juqa kiyinbesin, tamag'i'ni'n' awi'ri'wi' shi'g'adi'. Qali'n' ko'rpe jami'lsi'n. Tepkilep ko'rpesin ashi'p taslaytug'i'n a'detin qoysi'n. Ashi'li'p qalsa jawi'p jiberetug'i'n men joq wog'an. Wol jerlerde awi'rsa kim qaraydi', aytago'r», — dep zinharlaydi'. Biraq, Turdi'murat ag'am bizlerdin' xati'mi'zdi' ala ma, joq pa, bilmeymen.

Bizler de, yendi bir mezgil woqi'saq, bir mezgil ati'zda apamlardi'n' jani'nda ju'remiz. Bug'in Qi'zlargu'l kishem de ati'zda. Wol buri'n ara-tura keletug'i'n bolsa, yendi ha'mmeden buri'n ati'zda ko'rinip, u'yi'ne ha'mmeden keyin ketedi. Wo'zi de paxta tergish. Ku'nine 100 — 150 kilogramm teredi.

Geyde bir ku'nde tuwi'lg'anday gil jas kelinshekler ji'ynali'p, qoli' ji'ri'lsa kishkene qa'yinlerin jani'na shaqi'ri'p,

wolar menen degiship ayqasi'p woynap ati'rg'ani'. Bir ku'ni gil kelinshekler Quwani'shbek ag'amdi' jani'na shaqi'ri'p aldi'. Umi'tpasam, wol sol waqi'tta won bes jaslari'nda. Boyi' zi'n'g'i'ttay, up-uzi'n.

–Ag'an'lar bolsa uri'sqa ketti. Sen bizlerdin' u'yimizden kirip shi'g'asan'... I'rastan da, Quwani'shbek ag'a go'dek pe, yerke me? Qay waq ko'rsem, sol waq u'yinin' ishinde wo'kpelep bulti'yi'p woti'rg'ani'. Bul ag'ami'z da kelesi ji'li' uri'sqa ketti...

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Turdi'murat uri'sqa keterinde qari'ndasi'na qanday tapsi'rma berdi?
2. Uri's da'wiri yelge qanday qi'yi'nshi'li'q tuwdi'rdi'?

## JIYRENNIN' QOSQA QOSI'LI'WI'

Mart ayi'ni'n' basi' yedi. Bul bir jag'i'nan to'gin to'gip, jayi'p, bir shetinen jer su'retug'i'n waqi't. Awi'ldag'i' bar ko'likti ji'ynap, qosqa qosi'p, arbag'a jegip ati'r. Qi'bi'rlag'an jan qi'yi' bar seyisxanani'n' jani'nda kimi shelek penen, kimi qapshi'q penen, a'ytewir, ko'kireginde jani' bar adam to'gin tasi'wda. Woni'n' u'stine kimdi ko'rsen' sol, ko'lik jetpeydi dep zar qaqsaydi'. Atlardi' bolsa uri'sqa ali'p ketti.

— Azamatlar qan maydanda ju'rgende mi'na Jiyrendi jumsap ra'ha'tin ko'rmeysen' be? — dep qoyadi', qi'yi'n is basi'na tu'sken jasi' u'lkenler... Jer aydalmay, shigit sebilmey ati'r. Aprel degen kelip qaldi'. Yele yegiletug'i'n jerdin' u'shten birine tuqi'm sebilgen joq. Buri'n apreldin' yari'mi' bolmay-aq jerge shigit tu'sip bolatug'i'n yedi. Bi'yi'l yeki g'ana ko'lemdi yegip boldi'. Bar xali'q islep-aq ati'r. Sonda da, is wo'nbeydi. Allamurat ag'am qi'si'ng'ani'nan Jiyrennin' aldi'-arti'nan aylani'p do'gerekley beredi. Yendi buni' da jumsayjaq-aw! Biraq, yele ashi'p aytqan joq. Jiyrendi jumsaw ushi'n ha'mmemizdin' kelisimimiz kerek...

— Qane, Gu'lxan Turdi'muratqa xat jaz!

Jiyren aman, kelgennen keyin toyg'a shabasan'? Hesh g'am jeme, inim ,— dep izine menin' ati'mdi' jaz, — dedi Allamurat ag'am. Jiyrennin' qosqa qosi'lg'ani'n basqalardan

yesitip ju'rer. Wo'zimnen xat alsa pitegene arqayi'n boladi' g'oy! Bul jaqtag'i' qi'yi'nshi'li'qti' qaydan bilsin — dep qoydi' bir ku'ni ati'zdan qaralay wo'ship keldi de.

Men jazbadi'm. Ha'mmemiz: apam da, atam da! Ne dep woti'rg'ani'n'a wo'zin' tu'sinesen' be? — dep shuwlasti'...

— Qansha shuwlasan'i'zda Jiyren qosqa qosi'lmasa bolmaydi'! — dep kesip aytti' Allamurat ag'am. Men Aysultan apama juwi'rdi'm. Meni Aysultan apam ti'ni'g'i'p ti'n'lap boli'p:

— A'lbette, jurtti'n' jalg'i'zi' ketken g'alaba iske Jiyren qarap jata ala ma? Biraq wol, woti'rdi', turdi', ti'pi'rshi'lap ti'ni'shi' ketti: «Yerten'nen baslap Jiyren qosqa qosi'ladi', desesh, — dep qoydi'. — Bir ku'n bolmasa bir ku'n solay boli'wi' kerek g'oy» — dep, suwi'q demin aldi' da, wo'z woyi' menen wo'zi ba'nt boldi'. Sol ku'ni Aysultan apam meni jibermedi, jani'na ali'p jatti'. Biraq, azanda yerte woyatti'... Tan' qaran'g'i'si'n qaq ayi'ri'p bizin' u'yge qaray tartti'. Izinde jorti'p kiyati'rman... Aysultan apamni'n' ne woylap kiyati'rg'ani'n tu'sinbeymen. Biraq, kewlinde qanday da bir gu'res, g'a'zepli jigerdi abaylayman. Izin ku'temen.

Yele ku'n shi'qpasa da, ali'stan-aq birewdi-birew ko'rgendey jaqti'. Ko'k da'rya ko'lat jerde qi'bi'rlag'an jan joq. Ti'm-ti'ri's. Qanday qorqi'ni'shli'. Bir waqi'tta Jiyrendi jetelep Allamurat ag'am Iyshanjapti'n' ko'pirine mindi... Ku'n jan'a shi'g'i'p kiyati'r. Ba'rinen de beter Aysultan apamni'n' ne woylap woti'rg'ani' mag'an jumbaq. Men u'ndemesten wo'zimdi tutsam da, ko'zimnen jasi'm monshaqtay jumalani'p barati'r... Ko'zimnin' jasi'n su'rtemen de izin ku'temen. Worni'mnan ushi'p turi'p, Jiyrenge juwi'rayi'n desem, Aysultan apam iynimnen basi'p qayta woti'rg'i'zdi'...

Al, Jiyren bolsa, qosqa kirse, qa'ne. Moyni'na moyi'nti'ri'q saldi'rmay aspang'a shapshi'ydi', qi'n'i'rli'q yetip kisneydi. Do'gerektegilerden ja'rdem sorag'anday alaqlap yelewreydi, kimnendur jaqsi'li'q ku'tedi, heshkimge si'r bermeydi. Bulqi'ni'p ari'stan shi'g'i'p ketip, ko'nbey ati'r. Juwg'arada ko'netug'i'n tu'ri joq. Shi'g'i'p ketken jerinen ku'shlep ari'sqa kirgizedi. Jiyrennin' bayag'i'si' bayag'i'. Qosqa qosi'lg'ani'na qayi'l bolmay, sol jerde turg'anlardan:

«meni ko'rip turi'p, i'rastan da qosqa qosasi'z ba?» degendey shag'i'ni'p qaraydi'. Wolar ju'zin buradi'... Ha'tte, birewdi ku'tkendey, bir di'bi'sti' yesitip turg'anday, qulag'i'n tikireytip qaytalap yelewreydi. Jiyrennin' na'zeri yele bizler ta'repte ... Allamurat ag'am so'ytip jerden bir shi'bi'q aldi'... (urayi'n degen niyeti boldi' ma, yamasa qosshi'lardi'n' qoli'na shi'bi'q ali'w a'detine aylang'anli'qtan ba). Urg'ani'n ko'rmey-aq, qoyayi'n dep, ko'zimdi tarsa jumdi'm. Aysultan apam bolsa, ku'ni menen tislenip shi'dasa da, Allamurat ag'amni'n' shi'bi'q alg'ani'n ko'riwi ma'ttal, ag'i'p turg'an u'lken arnadan qalay atlag'ani'n bilmeymen arjag'i'na sekirip-aq tu'sti.

— Wo'zim! Wo'zim! Shi'bi'qti' taslan'! Jiyrenge shi'bi'q tiygizben'! Wo'tinemen?! Shi'bi'qti' ko'zine ko'rsetpen'! Jiyrenge shi'bi'q tu'we, qol tiygiziwge haqi'n'i'z joq! Jiyren-nin' iyesi bar. Keledi! Keledi!!! — dep Aysultan apamni'n' Jiyrenge qarap, wo'kiren' qag'i'p juwi'rg'andag'i' wo'ksigin ma'n'gige ketiriw mu'mkin yemes. Men turg'an jerimde qati'p qali'ppan. Allamurat ag'am shi'bi'g'i'n uslawi' menen sileyip tur. «Wo'zim birge ju'remen, Jiyren menen wo'zim qosqa birge qosi'laman!!!» Jiyren apamni'n' qarasi'n ko'riwden-aq kisnep, qosti' su'yrewi menen Aysultan apamni'n' aldi'na qaray shapqanda, kishem betin basi'p qara jerge woti'ra ketti. Ha'mme ayag'i'nda turi'wg'a din'kesi quri'p to'men yen'keydi.

Aysultan apam yele juwi'ri'p kiyati'r, sho'p-shar ilip kiya-ti'rg'an uzi'n buri'mi'n basi'na yeki-u'sh ret aylandi'ri'p worap tasladi'. Shalg'ayi'n paqal ilip kiyati'rg'an mawi'ti' komzoli'n da sheship i'laqti'rdi'...

— Qarag'i'm, Jiyren, dosti'm Jiyren! Men mi'ndaman jani'n'daman, kewlin'de ne bari'n aytalmasan' da men bilemen, basqalar bilmeydi g'oy! Nege wo'jetlenesen'?! Wa'den'de yele turi'psan' ba, dep kele atti'n' moyni'nan qushaqlap, basi'n qoyi'p wo'ksiydi. Baslari'n si'ypap bir na'rse aytpaqshi' boladi'. Bizler ani'q tu'sine almaymi'z. Wo'kpesi wo'ship sharshag'anli'qtan so'zleri naqma-naq shi'q-paydi'. Jiyren qolti'g'i'na basi'n ti'g'i'p, Aysultan apamni'n' so'zlerin maqullag'anda Jiyrennin' ko'zinen jas shi'qqani'n

ani'q ko'rgenmen. Do'gereklegen adamlar ta'selle beriwden de ayi'ri'li'p tur. Aysultan apam ko'z jasi'n ti'yi'p wo'zine keldi...

— Menin' ne sharam bar. Bir wo'zimnin' qoli'mnan ne keledi?! Bolmaytug'i'n iske heshkimnin' de sharasi' joq. Yel ti'ni'sh, iyen' bolg'anda basqa ga'p. Senin' mi'na tentekligin' hesh jerge si'ymaydi', kewilge jayg'aspaydi'. Soni' da tu'sinbey tursan'. Turdi'murat keledi, toyda i'laq shabasan'! Jari'stan da wozasan' yele! Sol shadli' ku'nler tez kelip, bizlerdin' toyi'mi'zda shapqi'n' kelse, usi' jumi'sti' jelken' menen ko'termesen' bolmaydi'. Bul tek senin' qoli'n'nan keledi. Yeger qa'lesen', yekewimiz ten' atqarami'z. Pu'tkil yel, jawg'a qarsi' gu'resip ati'rg'anda senin' qarap turg'ani'n', wo'zin'e de jaraspaydi'. Qa'ne, atla! Wo'zim birge ju'remen.

Qa'ne, qa'ne dep, Aysultan apam Jiyrendi ji'lawlap, a'sten tapqa saldi'. Aldi' menen Jiyrennin' aldi'na wo'zi tu'sip, tap penen ju're basladi'. Izinen Allamurat ag'am gu'ndeni uslap barati'r. Men wo'z ko'zime wo'zim isenbeymen. Aysultan apam Jiyrendi ji'lawlap, qos aldi'nda ketip barati'ri'p, ne woylap barati'r yeken...

Yekewimiz qosi'li'p, yerten' bir ku'n toy degenimiz uri's boldi', woqi'wg'a atlanami'z degen niyetimiz to'gin to'gip, qos aydaw boldi', buni'n' izi ne boladi'? Wol da gu'milji! Joq, joq ba'ri de waqi'tsha, kewlim qayaqtag'i'ni' shaqi'rma! Yele barli'q jaqsi' niyetlerimiz iske asadi'. «Jas tilegi qabi'l» —deytug'i'n yedi jasi' u'lkenler. Sol jaslar bizler yemes pe?! «Ya Turdi'murat» — degen sesti de shi'g'i'p ketti Aysultan apamni'n'.

— Ne deysen', shi'rag'i'm? — dep qulag'i' yerben' yetti.

Allamurat ag'am.

— Hesh na'rse, hesh na'rse! — dep aldi'na qaray kete berdi. Uyalg'ani'nan tag'i': — Joq, joq hesh na'rse — dep qaytaladi' da, man'layi'nan terin bir si'yi'ri'p, yekinshi su'rimge aynaldi'...

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Uri's ji'llari'ndag'i' jumi'slar ne ushi'n qol ku'shi menen islenetug'i'n yedi?

2. Jiyrendi qosqa jegiwge ne ma'jbu'rledi?
3. Aysultan apaydi'n' Jiyrenge aytqan so'zlerin tawi'p woqi'p, mazmuni'n ayti'p berin'.
4. Qos aldi'nda barati'rg'anda, Aysultan qanday woylardi' ko'z aldi'na keltirdi?
5. G. Yesemuratovani'n' «Jiyren» povestin tawi'p woqi'n'.

**So'zlik**

**seyisxana** — at qora, arnawli' jay
**moyi'nti'ri'q** — atti'n' moyni'na, gu'ndeni tutasti'ri'wshi' qural
**ari's** — jer su'riwde gu'ndeni, moyi'nti'ri'qti' baylani'sti'ri'wshi' qural
**komzol** — u'st kiyim
**gu'nde** — jer su'retug'i'n qural



## ABBAZ DABI'LOV

*(1898 — 1970)*

Xali'q shayi'ri' Abbaz Dabi'lov 1898-ji'li' Taxtako'pir rayoni'nda tuwi'ladi'. Wol xali'q da'stanlari'n u'lken qi'zi'g'i'wshi'li'q penen woqi'g'an. Abbaz shayi'r poema janri'ni'n' rawajlani'wi'nda belgili wori'ndi' iyeleydi. Teren' ma'nili, ko'rkem, suli'w qosi'qlari'n jazi'w menen birge «Bahadi'r» da'stani'n do'retti. Shayi'rdi'n' «Na'ma'rt jigit nege da'rkar», «Ju'rekke jaqi'n adamlar», «Arnaw», «Jen'isler qosi'g'i'», «Qosi'qlar» atli' ha'm basqa da toplamlari' basi'li'p shi'qti'.

Shayi'rdi'n' ko'p g'ana qosi'qlari' wo'zbek, qazaq ha'm rus tillerine awdari'lip toplam boli'p basi'li'p shi'qti'. Wol — Qaraqalpaqstan xali'q shayi'ri', O'zbekistan xali'q ji'rshi'si'.

## JAZ MA'WSIMI

Ku'n to'bege kelip, nuri' shashi'ldi',  
Bilgenge belgisi jazdi'n' ma'wsimi.  
Qi'rmi'zi' qi'zi'l gu'l bag'da ashi'ldi',  
Yesittim sayrag'an bu'lbu'l dawi'si'ni'.

To'rt pasi'l izbe-iz kelmek du'nyag'a,  
Jarasi'qli' jaz keltirer giyag'a.  
Haywanat ju'n taslap, qus palapanlap,  
Jazdi'n' ku'ni tuwi'p, wo'ser uyag'a.

G'az, quwlarg'a ko'ldin' ishi jan'laydi',
Qayi'r menen ko'l-qopani' jaylaydi',
Jaz jaylawda qayta tu'lep pa'rlegen,
Jetilgen qanatlar ushsa talmaydi'.

Aq sun'qar, aq tuyg'i'n biyik tawlarda,
Ko'k g'arg'a, ko'gershin jarqabaqlarda.
Aq, sari' uyasi' shi'nar basi'nda,
Bu'lbu'ldin' ma'kani', sha'men bag'larda.

Jaz ma'wsimin ko'rsen', qalmas a'rmani'n',
Jemislerdin' baqshalarda turg'ani'n.
Ko'rsen' adam ishpey-jemey toyadi',
Arpa, jazli'q, aq biydaydi'n' qi'rmani'n.

Uzaqtan ko'riner biyik shi'narlar,
A'njir, badam, piste, a'narlar.
Qol uzati'p, ali'p miyweni,
Sali'p tur awzi'na, jemisqumarlar.

Qara tal, aq terek, na'rwan aq tali'm,
Tarti'p tur, sayasi' ja'ha'n samali'n.
Torsi'ldap asti'na tu'sip turi'pti',
Solqi'm ju'zim, yerik penen shabdali'm.

Aq paxta ag'ari'p saldi' gu'l-g'umsha,
Aq, qi'zi'lg'a do'ner paxta bolg'ansha.
G'arbi'z targ'i'llandi', pisti qi'yarlar,
Qawi'nlar tor boli'p, shi'qti' jambi'lsha.

Marjanday qi'zarg'an torsi'qtay jiyde,
Jemisler pisip tur ziyneme-ziyne.
Ayti'p ada yete almayman miyweni,
Jaz ma'wsimi — jalpi' jatqan g'a'ziyne.

Qaraqalpaq quw daraqli' yel yedin',
Ji'lap sho'listanda qaldi'm, — dep yedin'.
Jarasi'qli' jazg'a miyrin' qandi'ri'p,
Yeldi gu'lge, jerdi nurg'a bo'ledin'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Jaz ma'wsimine ji'ldi'n' qaysi' aylari' kiredi?
2. Ha'r ma'wsimnin' wo'zine ta'n wo'zgesheliklerin mi'sallar menen ayti'p berin'.
3. Jazda ta'biyatta bolatug'i'n wo'zgerislerdi shayi'r qalay su'wretleydi?

## DA'WLEN AYTMURATOV

(1933)

D. Aytmuratov — shayi'r, dramaturg ha'm ali'm. Wol 1933-ji'li' buri'ng'i' Bozataw rayoni'ni'n' Yerkinda'rya yelati'nda tuwi'lg'an. Shayi'rdi'n' da'slepki qosi'qlari' 1958-ji'li' basi'li'p shi'g'i'ladi'. Woni'n' baspadan «Qosi'q ha'm ti'msallar», «Ag'ar da'rya», «Ti'msallar», «Men shi'nli'qti' su'ydim», «Wolsi'z hesh na'rsede qa'dir joq» degen toplamlari' ha'm «Yalg'anshi'ni'n' isi» son'i'nan «Aqmaqli'q du'nyasi'nda» atli kitaplari' ja'riyalanadi'. Shayi'r qosi'qlari'n ti'msal ha'm a'llegoriya usi'li'nda jazg'an.

## ASQABAQ HA'M SEKERPARA

*(Ti'msal)*

Bultqa usag'an qap-qara,
Pa'lektin' asti'nda Sekerpara,
Tan' ag'ara baslag'an waqta,
Bi'lay dedi Asqabaqqa:
— A'y, Aseke, yekewmiz jasaymi'z bir pali'zda.
Biraq, keshir men, qarag'anda man'i'zg'a,
Aspan menen jer shelli pari'q arami'zda.
— Wol qanday pari'q? — dedi Asqabaq — Aytsan'i'z da?
Mine, so'ytip, Sekerpara bi'lay dedi Asqabaqqa,
Tu'r bildirip azi'raq ku'lgen:
— Tuwri', senin' gewden' u'lken,
Sen ha'm mendey jemissen'. Woni' ha'mme bilemiz,
Biraq, mazan' mennen kemis.
Ha'm seni adam jemeydi, pisip tu'spesen' tabaqqa,
Sol jerine keler azi'raq ari'm.
Al, meni almasti'ri'p bolmaydi' palg'a, qantqa, nabatqa,
Sol sebepten ko'p boladi' menin' ba'rha qardari'm!

Geyde qarayman dep kelgenler mag'an,
Ha'tte su'rinedi an'si'zda sag'an!
Sekerpara so'zin tamamlag'an waqta,
Shi'q asti'nda qaq ayi'ri'ldi' yeki jaqqa.
Qaysi'nday arti'qmashli'qqa iye bolsan' da arada,
Wo'zin'di ayri'qsha sanama.
So'ytip aylani'p ju'rme awarag'a,
Usap, ti'msaldag'i' Sekerparag'a.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Sekerpara qabaqqa qanday a'n'gimeler aytti'?
2. Sekerpara ne dep maqtandi'? Sekerparani'n' so'zin tawi'p woqi'n'.
3. Ti'msaldi' ta'sirli woqi'n', astarli' ma'nisin tu'sindirin'.

## A'DEBIYAT TEORIYASI'NAN MAG'LUWMAT

### TI'MSAL HAQQI'NDA TU'SINIK

Ti'msal — ko'rkem a'debiyat janrlari'ni'n' biri. Aqi'l beriw, u'git-na'siyat mazmuni'na iye boladi'. Ti'msal ko'binese allegoriyali'q (astarlap ayti'w) usi'li'n ko'birek qollanadi'. Qaraqalpaqsha atama ti'msaldi'n' wo'zi de «ti'msallap ayti'w» degen ma'nisten kelip shi'qqan. Ti'msal ha'r qi'yli' boli'wi' mu'mkin. Mi'sali', ti'msal — yertek, ti'msal — a'n'gime, ha'tteki ti'msal — povest yamasa ti'msal — drama ha'm t.b. Ti'msalg'a haywanlar, quslar, wo'simlikler personaj si'pati'nda kirgiziledi. Wolardi'n' minez-qulqi'n, ta'biyiy wo'zgesheliklerin birew arqali' adamlardi'n' ji'ynaqlang'an obrazlari'n beredi. Mi'sali', qasqi'r —a'shko'z, tu'lki — sum, ma'kkar, yeshek — wo'jet ha'm t.b.

Qaraqalpaq a'debiyati'nda ti'msal janri'ni'n' baslawshi'si' XIX a'sirde jasag'an Sari'bay shayi'r. Woni'n' «Jarg'anat penen ayti's», «Shi'mshi'q penen ayti's» do'retpeleri ti'msal janri'na kiredi. Wo'tken a'sirde de biraz shayi'rlar ti'msal jazdi'. Biraq, ti'msal janri'n teren' tu'sinip, woni' jetilistiriwde ko'p xi'zmet yetken Da'wlen Aytmuratov.

## ALLEGORIYA HAQQI'NDA TU'SINIK

Allegoriya — ko'rkem a'debiyatta tuwri' aytpay, obraz tu'rde astarlap ayti'w arqali' su'wretlewdin' bir tu'ri. Yerteklerdegi haywanlar, ti'msallardag'i' qatnasi'wshi'lar allegoriyali'q si'patqa iye. Mi'sali': Berdaqti'n' «Zamanda» qosi'g'i'nda allegoriya berilgen. Baylar — qasqi'r, tu'lki, xali'q — qoyan yeken, qaran'g'i' qaplag'an zamanda.

M. Gorkiy: «Allegoriya — aytayi'n degen woy pikirdi ku'ta' qolayli' ha'm ta'sirli beriw mu'mkinshiligine iye» dep tu'sinik beredi.

# TUWI'SQAN XALI'QLAR A'DEBIYATI'NAN

## A'LISHER NAWAYI'

*(1441 — 1501)*

Alisher Nawayi' XV a'sirde jasag'an wo'zbek a'debiyati'ni'n' dani'shpani', ulli' shayi'r. Wol 1441-ji'li' Gerat qalasi'nda tuwi'ldi'. Wol jaslayi'nan-aq Saadiy Sheraziy, Fadratdin Attar shi'g'armalari'n woqi'wg'a qi'zi'qqan. Nawayi'ni'n' «Xozoyin ul-maoniy» («Mag'analar g'a'ziynesi») shi'g'armasi' 4 kitaptan ibarat. 1482 — 83-ji'li' «Hamsa» atli' 5 kitaptan ibarat shi'g'armasi'n jazdi'.

## ARI'SLAN HA'M QUS

*(ti'msal)*

Bir tog'ayda Ari'slan menen Qus jasaydi' yeken. Ari'slanni'n' kishkene balasi' boli'p, wol yele ju'riwdi bilmeydi yeken. Anasi' woni' ju'da' jaqsi' ko'rgenlikten qumi'ri'sqa shag'i'p almasi'n dep, tisine tislep ali'p ju'redi. Ku'nlerdin' bir ku'ninde Ari'slan balasi'n tislep ali'p ju'rgeninde, Qus pi'r yetip Ari'slanni'n' to'besinen ushi'p wo'tipti. Ari'slan qorqi'p ketipti ha'm balasi'n bilmey qatti' tislep ali'pti' (balasi'ni'n' jani' awi'ri'p, ji'lap jiberipti).

Ari’slan bul isinen qatti’ qapa boli’pti’ (wol balasi’ni’n’ jara bolg’an jerin tili menen jalap-jalap jiberipti. Balasi’ ti’ni’shlani’pti’).

Qus Ari’slandi’ usi’lay qorqi’ti’p jiberiwdi a’detke aylandi’ri’pti’.

Ari’slan Qus penen doslaspaqshi’ boli’pti’ ha’m wog’an: —«Kel, usi’ tog’ayda birge dos boli’p, ti’ni’sh g’ana jasayi’q... Sen qosi’q ayti’p, meni yoshlandi’r. Kimdur seni qapa qi’lsa, men ha’mme waqi’t sag’an ja’rdem beremen», — depti («ju’da’ jaqsi’, kel, dos bolami’z», — depti qus).

Ku’nlerdin’ bir ku’ninde Qus: — «Men duzaqqa tu’stim, ja’rdem ber!» — dep qi’shqi’ri’pti’. Ari’slan ja’rdem beriw ushi’n juwi’ri’pti’. Qarasa, Qus woni’ aldapti’. Wol heshqanday duzaqqa tu’spegen yeken. Ari’slan dosti’nan qapa boli’pti’. Wog’an qarap: — «Wo’tirik so’yleme, wo’tirikshi xali’q aldi’nda uyali’p qaladi’», — depti. Biraq, Qus Ari’slanni’n’ ga’pine qulaq salmapti’, wo’tirikshiligin ha’m Ari’slandi’ aldawshi’li’g’i’n qoymapti’.

Ku’nlerdin’ bir ku’ni Qus haqi’yqattan da duzaqqa tu’sip qali’pti’. — «Way! Meni tuti’p aldi’! Ja’rdem ber!» — dep ja’n-ta’ni menen qi’shqi’ri’pti’. Ari’slan woni’ yesitipti. Ja’rdemge barmaqshi’ bolg’an yeken, birden woylani’p qali’pti’: «A’dettegidey bul ret te meni aldap ati’rg’an shi’g’ar. Barmayman».

Solay yetip, Qus wo’z wo’tirikshiligi sebepli dosti’nan ayri’li’p qali’pti’ ha’m an’shi’ni’n’ duzag’i’na ilinipti.

***Soraw ha’m tapsi’rmalar***

1. Qus Ari’slandi’ qalay qorqi’tti’?
2. Qus penen Ari’slan qalay doslasti’?
3. Wo’tirik so’ylewdin’ aqi’beti nelerge ali’p keletug’i’nli’g’i’ tuwrali’ ayti’p berin’.

## Naqi’l

1. Wo’tiriktin’ wo’miri qi’sqa.
2. Jaqsi’ dos basi’n’a is tu’skende bilinedi.

## G'AFUR G'ULAM

*(1903 — 1966)*

G'afur G'ulam 1903-ji'li' 13-mayda Tashkentte ka'mbag'al xojali'g'i'nda tuwi'ldi'. Da'slepki sawat ashi'wdi' ata-anasi'nan aldi'. Turmi'sti'n' ashshi' azabi' G'afurdi'n' basi'nan si'ypalamadi'. Sebebi', ata-anasi'nan yerte ayri'ldi'. Solay yetip, wol jaslay jetim qaldi'. Wol ha'r qi'yli' jumi's isledi. Wo'zinin' basi'nan wo'tkergen waqi'yalari'n «Sum bala» povestinde sheber su'wretlep berdi. Shi'g'i's ma'deniyati'n, filosofiyasi'n, tariyxi'n teren' tu'singen G'afur G'ulam wo'zbek a'debiyati' da'stu'rlerin XX a'sirde dawam yettirdi ha'm woni'n' bayi'p toli'si'wi'na salmaqli' u'les qosti'. Sonli'qtan da, wol: «Men wo'zbek shayi'ri'man, wo'z xalqi'mni'n' tilimen», — dep ayti'w da'rejesine ko'terildi.

## SUM BALA

*(U'zindi)*

... Uzi'n ko'shenin' won' ha'm shep ta'repindegi pa'slew tar ko'shelerde ul ha'm qi'z balalar ji'ynali'p, ha'r qi'yli' woyi'nlar woynaymi'z. «Gu'res», «Batpan-batpan», «Aq terek pe, ko'k terek», «Mindi-mindi», «Uri' keldi», «Jasi'ri'nbaq» t.b. woyi'nlari'mi'z bar.

Bulardi'n' ha'mmesi tu'ngi woyi'nlar. Ku'ndizgi woyi'nlari'mi'z basqasha: ha'r qi'yli' asi'q woyi'ni', jan'g'aq woyi'ni', top woyi'ni', woq jay ati'w, jalan'ash ju'riw, at jari'si' ha'm t.b. Uluwma bizler ya tu'nde boli'p, ya ku'ndiz boli'p, woyi'nnan sharshamas yedik...

Ata-analari'mi'zdi'n' ko'pshiligi mayda ka'sipler, qarawi'l, jallanba xi'zmetshi, suw tasi'wshi', atbag'ar, ju'k tasi'wshi', kepshik ha'm da'p qaplaytug'i'n, arqan yesetug'i'n, ayaq kiyim won'laytug'i'n ha'm t.b. wo'nerler menen shug'i'llanatug'i'n yedi. Wolardi'n' wo'nerlerin islew, yamasa qasi'nda ko'mekshi boli'p ju'riw bizlerdin' qoli'mi'zdan kelmeytug'i'n yedi... «Azannan keshke shekem ko'sheni shan'g'i'ti'p, ha'mmenin' jani'na tiyip, g'arg'i's yesitip, tayaq jep, gezip ju'retug'i'n bir topar jumi'ssi'z biyzar balalarmi'z. Qorg'asi'n quyi'lg'an ren'li bir sasi'q yamasa ustalar qi'ri'p bergen

ushqi'rli' saqa yaki jan'g'aq saqa hesh bolmasa bir saatti'n' qaqpag'i' bizlerdin' u'lken bayli'g'i'mi'z boli'p yesaplanadi'».

Ramazan ayi'nda woyi'ni'mi'zdi'n' tu'rleri ja'ne de ko'beyip ketedi. Kesh boli'wdan ko'sheme-ko'she, yesikpe-yesik ju'rip yaramazan aytami'z. Namazshamnan sa'ha'rlikke shekem meshitpe-meshit ju'rip, g'arri'lardi'n' qira'a'tlerin yesitemiz. A'sirese, aydi'n' ashi'q aqshamlari'nda ju'da' ra'ha'tlenip woynaymi'z. Jaz, gu'z ha'm ba'ha'r ma'wsimlerinde geypara ko'shelerde jumsaq may topi'raq bolg'anli'qtan woyi'nlari'mi'z ju'da' kewilli wo'ter yedi. Qi's ku'nleri bolsa, ko'sheler i'lay, batpaq bolg'anli'qtan ken' maydanshalarg'a yamasa basti'rmalardi'n' asti'nda woynaymi'z. Ha'r ko'shege sha'ha'r basli'g'i' ta'repinen bir pani's shi'ra berilgen. Woni' ha'r ku'ni keshte may quyi'p jag'i'p, ku'ndiz wo'shirip, morjasi'n tazalap ju'retug'i'n adamlari' boladi'. Woni' shi'rashi' dep ataytug'i'n yedi. Bul ko'she pani'slari'ni'n' jari'g'i' wonsha jaqsi' yemes. Uzaqtan qarag'an kisige qaran'g'i'dag'i' pi'shi'qti'n' bir ko'zine usap ji'lti'rap ko'rinedi. Shetine tas to'selgen tar ko'shelerden ketip barati'rg'an jolawshi'larg'a uzaqtan «Men barman» degendey qi'zg'i'sh shug'la ko'rsetedi, jari'q bermeydi.

Bul shi'ralardi'n' asti'nda woynap bolar ma yedi? U'lken adamlar da quptandi' woqi'r-woqi'mastan saat jeti-segizlerde-aq u'ylerine kirip ketedi. Ko'shede basqa heshbir jan ko'rinbeydi, tek jasi'ri'nbaq woynap ju'rgen bizler qalami'z. Qullasi', woyi'ni'mi'z ko'p: «Qusi'm basi'» woyi'ni'n ko'reyik: balalar yeki toparg'a bo'linip, wolardi'n' ishinen yekewi anabasi' boladi'. Wolar bir la'tteni qusqa uqsati'p tu'yedi. Ha'r yeki bala bir-birine si'bi'rlasi'p, bir qusti'n' ati'n jasi'radi'. Bali'qshi' qus pa, qumi'ri' ma, iytelgi me, qi'rg'i'y ma, muyqi' ma, a'ytewir bir qusti'n' ati'n jasi'radi'. Keyin balalarg'a la'tteden sog'i'lg'an qusti' ko'rsetip:

— Qusi'mni'n' basi' usi'nsha, dene-penesi menen.

— Mine, bunsha, tabi'n' newe, — dep soraw beredi. Balalar juwap beriwge asi'g'i'p.

— Shayqus pa? — desedi.

— Joq, taba almadi'n'i'z — dep juwap beredi anabasi'lari'mi'z.

— Tawi’q.
— Joq, tabalmadi’n’i’z.
— Qasqaldaq.
— Joq, taba almadi’n’i’z.
— U’ki.
— Tapti’n’i’z, tapti’n’i’z, — dep anabasi’lar juwap beredi.

Sol payi’tta tapqan ta’rep tabalmag’an ta’reptin’ balalari’n birew-birewden minip aladi’. «Shap yeshegim» dep belgilengen jayg’a shekem minip baradi’. Sol jerge barg’anda, anabasi’larg’a balalardi’n’ birewi: «Atli’ ma ya jayaw ma» — dep soraw beredi. Yeger anabasi’: «Asti’-u’stine» — dep belgi berse, mingenler tu’sip, minbegenler wolarg’a minip aladi’. Mi’naday qosi’qlar ayti’ladi’:

Xum-xum ha’ziretli xum,
Womarali’ xan Ma’da’libek,
Ma’da’libektin’ zamani’nda,
Boldi’ wah-ha!
Boldi’ wah-ha!

«Jalan’ash ju’ris» degen woyi’ni’mi’z da jaqsi’ woyi’n. Yeki toppi’ni’ shekemizge baylap, atti’n’ qulag’i’na usati’p, artqi’ yeteklerimizdi tu’yip quyri’q qi’li’p, tu’rli arali’qqa kim wozarg’a juwi’ri’sami’z. Bizlerdin’ woyi’nlari’mi’z «Tikenlimazar», «Qaratas», «Jalan’qari’», «Almazar», «Diywanbegi», «Qorg’anasti’» ja’ne t.b. ma’ha’llerdin’ arasi’ menen shama menen u’sh shaqi’ri’mday arali’qta juwi’ri’sami’z. Wozi’p aldi’n kelgen balalarg’a: «qol shappatlaw», «ay ba’rekella» ayti’li’p hu’rmet ko’rsetiledi. Yekinshi jari’sqa shekem wolar woyi’n jen’impazi’ boli’p ju’re beredi... Men Hasanbay mollada woqi’di’m. Wol bizlerdi «A’ptiyek»ten yemes, «Ustodu avval» kitabi’nan woqi’ti’p, tez sawati’mi’zdi’ ashti’.

Ma’ha’lledegi menin’ doslari’m: Aman, Obid, Bit Obid, Turabay, Yoldash, Husni, Solih, Abdullo, Polatxoja, Miraziz ha’m basqalar boldi’...

Amanni’n’ a’kesi Tursi’nbay ata qa’lemnin’ ush shi’g’arg’i’shi’ni’n’ pi’shag’i’n sog’adi’. Hayali’ wo’lip qali’p jalg’i’z jasaydi’. Aman jalg’i’z bala.

It Obidtin' a'kesi Zohid ata zat-patlardi' ji'ynawshi' yedi.

Bit Obidtin' a'kesi Rasulqozi ag'a pi'shaqti'n' qi'ni'n tiger yedi.

Nurabaydi'n' a'kesi Ziyamat ag'a paxta paqali'n ji'ynawshi' yedi.

Joldasti'n' atasi' Buvaka bolsa sherim yetik tiger yedi, biraq wol jasli'g'i'nda wo'lip qali'p, Joldas ata-anasi'z jurday jetim yedi. Bizlerdin' ko'p woylasi'g'i'mi'z Joldasti'n' u'yinde bolar yedi.

Xusnibibini'n' a'kesi Amanbay moyi'nti'ri'q tiger yedi.

Solihti'n' a'kesi baqsi' yedi.

Abdullani'n' a'kesi Aziz ag'a kerosin sati'wshi' yedi. Wol atarbasi' menen ko'sheme-ko'she ju'rip «Nobel» shirketinin' kerosinin satar yedi.

Polatxojani'n' a'kesi qala sawdageri boli'p, 5 — 6 ji'llap Qashqarda, Irbidte sawdagershilik penen shug'i'llani'p ju'rgen waqi'tta, wol anasi'ni'n' qarni'nda alti' ayli'q bala yedi, a'kesi kelgen ji'li' u'sh aydan son' tuwi'lg'an.

Usta Miraziz yetik tigiwshilik boyi'nsha menin' ustazi'm. A'kesi Sa'limbay suwpi' Sallaqxanadan jilik su'yeklerdi ali'p kelip qaynati'p, mayi'n ali'p tirishilik yeter yedi. Suwpi' ata bolsa wo'z waqti'nda—1860-ji'llarda Yaqi'pbektin' a'skeri boli'p, Qashqar ko'terilisinde bir Qi'tay qi'zi'n wolja yetip, atti'n' arti'na mingestirip kelip, musi'lmang'a aylandi'ri'p, nekesine alg'an yeken. Woni'n' qi'taysha ati'n Baxti'bubi dep wo'zgertken. Miraziz ag'a Baxtibubini'n' 3 uli'ni'n' yen' kishkenesi yedi. Ma'ha'llemizdegi men tani'ytug'i'n qon'si'-lari'mi'z mine usi'lar, yesimnen shi'qqanlari' bolsa yesime tu'skende jo'l jo'nekey aytarman.

Solay yetip, bul awi'r isti Joldas basladi'. Ma'ha'llenin' bir topar jas wo'spirim balalari' La'ylekmeshittin' sharbag'i'na ji'ynali'p asi'q woynap ati'r yedi. Men bu'gin ju'da' ko'p utqan yedim. Alashubar komzoli'mni'n' qaltasi', jen'im, qoyni'm asi'qqa toli'p turar yedi.

— Balalar qa'ne, asi'qlar mine, — dep quwang'ani'mnan baqi'ri'p turar yedim. Tap usi' arag'a Joldas won'bag'an sug'i'ldi' da, istin' wayrani'n shi'g'ardi'. Wol barli'q jeri

kirlep ketken sur kamzoli’ni’n’ yetegi menen murni’n’ qayta-qayta si’pi’ri’p so’yley basladi’.

Balalar qa’lpenikindey yetip isleymiz be?

— Bopti’ isleymiz.

— Qayerde?

— Rizxi qa’lpenin’ ko’ship ketken ha’wlisinde.

— Bopti’.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

1. Buri’n balalar qanday woyi’n woynag’an?
2. Sizler sol woyi’nlardi’n’ qaysi’ tu’rin woynaysi’z?
3. Sum balani’n’ tilinen sanap wo’tilgen ka’siptin’ tu’rlerin ayti’p berin’.
4. Sum balani’n’ doslari’ni’n’ ati’n atan’.
5. «Ka’siptin’ jamani’ joq» temasi’nda gu’rrin’lesin’.

**So’zlik**

**qira’a’t** — jag’i’mli’ dawi’s penen woqi’w
**anabasi’** — woyi’n basqari’wshi’
**mu’sa’pir** — g’a’rip adam
**medirese** — diniy joqari’ woqi’w worni’
**ma’rdikar** — jallanba xi’zmetshi
**mapaqa-azi’q** — awqat ma’nisinde
**qum i’di’s** — suw quyatug’i’n u’lken i’di’s
**gu’pi** — paxtali’ si’rmaq (qi’s kiyim)
**sungak** — maldi’n’ jilik su’yeginen ali’natug’i’n may.
**sallaqxana** — mal soyatug’i’n jay, mal soyi’latug’i’n wori’n.

# DU'NYA A'DEBIYATI'NAN

## UNSURULMANIY KAYQAWI'S

## QABUSNAMA

### ATA-ANANI' HU'RMETLEW HAQQI'NDA

A'y balam, aqi'l ju'ritip bilgil: ata-anani'n' hu'rmet-izzetin moyi'ng'a ali'w lazi'm, perzenttin' tu'p-tiykari' ata-anadur. Ne ushi'n ata-anamdi' hu'rmet qi'laman dep kewlin'e keltirme.

Wolar senin' ushi'n wo'limge tayar turadi'. Sen woni' biliwin' kerek. Yeger ha'rbir perzent aqi'lli', dana bolsa, ata-anani'n' mehir-muhabbati' ushi'n hesh na'rseni wori'nlawdan da bas tartpaydi'...

Ata-anani'n' jumi'si' seni ta'rbiyalap wo'siriw ha'm sag'an jaqsi'li'q u'yretiw. Ata-anani'n' kewlin hesh te irenjitpe, wolardi'n' ju'rek-bawi'ri'n dag'lama.

Sen ata-ana haqqi'nda din jag'i'nan a'mel qi'lmasan' da, aqi'l-mu'riwbet, adamgershilik ko'zqarastan a'mel qi'l. Ko'rgil: ata-ana sag'an ja'n-ta'ni menen g'amxorli'q qi'lar, yeger sen wolarg'a qa'te is qi'lsan', sen heshqanday jaqsi'li'qqa sazawar yemessen'. Sebebi, adam ata-anani'n' jaqsi'li'g'i'n bilmese, basqa birewdin' jaqsi'li'g'i'na baha bere almaydi'. Wo'z perzentin'nin' seni hu'rmet qi'li'wi'n qa'lesen', sen de wo'z ata-anan'di' hu'rmet qi'l, sebebi, ata-anan'a qanday is yetsen', perzentin' de sag'an sonday is yetedi.

Adam miywag'a, ata-ana daraqqa usaydi'. Daraqqa jaqsi' ta'rbiya bersen' ha'm hu'rmetti ko'birek yetsen', sen haqqi'n-dag'i' wolardi'n' duwasi' tezirek qabi'l boladi'.

Miyras ali'w niyetinde ata-anani'n' wo'limin hasla tileme. Wolardi'n' i'ri'sqi'si' arqali' i'ri'sqi'g'a iye bolasan', ku'n-delikli tirishilik dep wo'zin'di azapqa salma, birewdin' i'ri's-qi'si'n alaman dep ha'reket qi'lmag'i'l. Sennen hal-awhali' jaqsi'raq bolg'an adamg'a qi'zg'ani'sh penen qaramag'i'l.

Du'nya-malsi'zli'qtan jarli' bolsan' da, aqi'lg'a bay boli'wg'a ha'reket qi'l, sebebi du'nya-mal menen bay bolg'annan go're, aqi'lg'a bay bolg'an jaqsi'raq: aqi'l menen

du'nya-mal tabi'wg'a boladi', biraq du'nya-mal menen aqi'l tawi'p bolmaydi'. An'qaw, nadan tez ka'mbag'allasadi', biraq mi'na na'rseni bilgil: aqi'l — wol uri' ali'p kete almas, wotta janbas, suwda batpas bir qi'mbat bahali' na'rsedur.

Yeger aqi'li'n' bolsa, wo'ner u'yren, sebebi, wo'nersiz aqi'l —lipassi'z ta'n yaki bet-a'lpeti joq adam si'yaqli'. Bilim — bul aqi'l belgisi degen yekenler.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Perzent ata-anani' qalay hu'rmetlewi kerek?
2. Ata-anani' hu'rmetlegen perzent qanday da'rejege jetilisedi?
3. Tekstten tiyisli qatarlar tawi'p, tu'sinip woqi'n'.
4. Aqi'ldi'n' mal-du'nyadan arti'qmashli'g'i'n ayti'p ber.
5. Sizler ata-analari'n'a qanday hu'rmet isleysiz?

### Naqi'l

Alti'n alma, alg'i's al.

## DOS TAN'LAW HAQQI'NDA

Perzentim! Soni' bilgil: adam tirisinde dossi'z bolmaydi'. Adamni'n' dossi'z bolg'ani'nan ag'a-inisiz bolg'ani' jaqsi'. Bir dani'shpannan «Dos jaqsi' ma, ag'a ma», — dep sorapti'. Dani'shpan: «Dos jaqsi'» — depti.

Soni'n' ushi'n doslardi'n' isi tuwrali' woyla, wolarg'a sawg'alar jiber ha'm mu'riwbet qi'l, sebebi, ha'rkim wo'z doslari'n yadta tutpasa, doslar da woni' yadi'nda saqlamaydi'. Aqi'betinde, wol adam ha'mme waqi't dossi'z qalatug'i'n boladi'.

Ha'mme waqi't dos tuti'wdi' a'det qi'l, sebebi, ha'rbir adamni'n' dosti' ko'p bolsa, ayi'plari' da bilinbeydi, jaqsi' qa'siyetleri ko'beyedi. Biraq, jan'a dos tapqani'n'da yeski dosti'n'nan keshpe, wolardan ju'zin'di burma, sonda ha'mme waqi't dosti'n' ko'p bolar.

Ma'selen, jaqsi' dos adamg'a ulli' da'wlet degen yeken. Senin' menen dos boli'p ju'rgen adamlar haqqi'nda woylap ko'r: birew yari'm dos boladi', sondaylar menen jaqsi' mu'na'sibette bol, wolar menen ha'r tu'rli jaqsi' ha'm jaman

ma'selelerde doslas, wo'ytkeni, wolar sennen ko'p jaqsi'li'q ko'rse, keyinirek a'ste-aqi'ri'n jan dosti'n' boli'p qalar.

Ma'selen, Iskenderden: «Az g'ana qa'rejet penen sonshama ko'p yeldi qalay wo'zin'e qaratti'n'?» — dep sorapti'. Iskender: Jaqsi' qatnas ma'mile menen dushpanlardi' wo'zime qaratti'm, kelisim joli' menen doslardi' jolg'a saldi'm, sol sebepli, ko'p yeldi iyeledim, — dep juwap beripti.

Ja'ne bilgil, doslardi'n' doslari' da senin' doslari'n', itimal, woni'n' wol adamg'a dosli'g'i' senin' dosli'g'i'n'nan ko'birek bolg'an shi'g'ar. Yeger dosti'n' senin' dushpani'n'di' jaqsi' ko'rse, wonday dostan abayli' bol. Dos yeger sennen sebepsiz wo'kpelese, woni'n' dosli'g'i'nan u'mit ku'tpe, du'nyada wonnan ayi'pli'raq, wonnan jamani'raq adam bolmaydi'. Du'nyada kemshiliksiz adam bolmaytug'i'ni'n bil, biraq sen saqawatli', miyrim-sha'pa'a'tli bol, sebebi, saqawatli', miyrim-sha'pa'a'tli adamlarda kemshilik kemirek boladi'. Mu'riwbetsiz, pazi'yletsiz adamdi' dos tutpa, bunday adamni'n' qa'siyeti bolmaydi'. Bunday adamlardi' nan doslari' qatari'na kirgiz, sebebi wolar ar-nami's dosti' yemes, nan doslari'nan boli'p yesaplanadi'.

Jaqsi' menen jaman adamdi' bilgil, yekewine de dosli'q qi'l, jaqsi'larg'a kewil menen, jamanlarg'a til ushi' menen dosli'q qi'l. Soni'n' menen bul yeki taypa sag'an dosli'q penen qaraydi', sebebi, adamni'n' qa'jeti tek dosqa g'ana tu'speydi, adamni'n' jumi'si' za'ru'rlikten jamanlarg'a da tu'sip qalatug'i'n waqi't boladi'. Demek, bul yeki taypani'n' da dosli'g'i'n wo'zin'e qarati'p al.

Aqi'lsi'z adamlar menen ha'rgiz dos bolmag'i'l, aqi'lsi'z dos sonday is qi'ladi', woni' aqi'lli' dushpan da yete almaydi'. Ma'rt, ken' peyilli, mu'riwbetli, ilimli, wopali' adamlar menen dos bolg'aysan', sen wo'zin'nin mu'riwbetin', miyrim-sha'pa'a'tin', ilimin' menen belgili bolg'aysan'. Mu'riwbetsiz, miyrim-sha'pa'a'tsiz, ilimsiz adamlar menen woti'rmag'i'l, bunday adamlar menen woti'ri'wdan jalg'i'zli'q jaqsi'. Sag'an ayi'p taqpawi' ushi'n doslardi'n' haqi'n hesh biykarg'a jibermegil.

Adamlardi' yeki toparg'a bo'lediler: birewi — doslardi'n' haqi'n biykarg'a jiberiwshiler, yekinshisi — jaqsi'li'qti' jaqsi' dep

biliwshiler. Bilgil, dos boli'wg'a i'layi'q adamdi' yeki na'rse menen biliwge boladi': biri — dosti'na mu'shkil is tu'sken wag'i'nda du'nya-mali'n wonnan ayamaydi' ha'm ka'mbag'alli'q wag'i'nda wonnan betin burmaydi', dosti' bul du'nyadan wo'tken son' dosti'ni'n' balalari'n ag'ayin-tuwi'sqanlari'n shaqi'ri'p ali'p, wolarg'a jaqsi'li'qlar qi'lar ha'm ha'r waqta dosti'ni'n' qa'birine bari'p ziyarat yeter ha'm duwalar woqi'r.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Shi'g'armada dos tan'law haqqi'nda qanday wa'siyat berilgen?
2. Qanday adamlar menen dos boli'wg'a boladi'?
3. Iskender patsha (Iskender Zulqarnayn) adamlardi' qalay wo'zine qaratqan?
4. Tekstti tu'sinip woqi'p, dosli'q haqqi'nda so'ylep berin'.

## NASRATDIN RABG'UZIY

*(XIV a'sir)*

Nasratdin Rabg'uziy XIV a'sirdin' wortalari'nda Xorezmde wo'mir su'rgen belgili so'z ustalari'ni'n' biri. Wol jasli'g'i'nan a'debiyat, tariyx ha'm filosofiyag'a qi'zi'g'i'p, yel awzi'nan ko'p g'ana an'i'z ha'm qi'ssalardi' ji'ynap, woni' xatqa ko'shirip ayti'p ju'rgen. Wol arab tilinde jetik bolg'anli'g'i' ushi'n da, sol tildegi ko'p kitaplardi' woqi'p, wondag'i' a'wliye ha'm payg'ambarlar haqqi'ndag'i' qi'ssalar jo'ninde bir kitap jazdi'.

Wol «Qi'ssa — sul a'nbiya» atli' kitap jazdi'. Bul kitap 1859 — 1881-ji'llari' Qazan qalasi'nda birneshe ma'rtebe baspadan shi'qti'. Son'i'nan Tashkent qalasi'nda basi'ldi'. Kitap keyin 72 qi'ssadan ibarat «Qi'ssaiy Rabg'uziy» degen atamada shi'qti'.

Qi'ssalar negizinen payg'ambarlardi' na'siyatlaw tiykari'nda jazi'lg'an.

## NUX PAYG'AMBAR HAQQI'NDA RA'WIYATLAR

Qi'ssada Nux payg'ambar pu'tkil tirishilikti topan suwi'nan qutqari'p qaladi'. Kemeni ti'shqan teskende, bir ji'lan u'sh bu'klenip ti'g'i'n boladi'. Ji'lan pu'tkil du'nyani' apattan qut-

qari'w ushi'n yen' mazali' qandi' sori'p awqatlani'wi' kerek yedi. Soni'n' ushi'n da, du'nyadag'i' yen' mazali' qandi' ani'qlaw niyetinde Nux payg'ambar peshshe shi'bi'ndi' jiberedi. Peshshe, yen' mazali' qan adamni'n' qani', — dep qarli'g'ashqa xabarlaydi'. Qarli'g'ash: mazali' qan sori'g'an tilin'di bir ko'reyin, — dep woni'n' tilin qi'rqi'p alg'an. Soni'n' ushi'n da, shi'bi'n ses shi'g'ara almay di'zi'lday beredi yeken. Wol payg'ambardi'n' aldi'na barg'anda da, wo'z pikirin bayan yete almay di'zi'lday beripti. Qarli'g'ash: woni'n' so'zinin' mag'anasi'n tu'sindirmekshi boli'p, wol du'nyadag'i' yen' mazali' qan qurbaqani'n' qani' dep ayti'p tur, — depti. Sol ku'nnen baslap ji'lan qurbaqani' awqat yetetug'i'n bolg'an.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Rabg'uziy qaysi' a'sirde jasag'an?
2. Nux payg'ambar haqqi'ndag'i' ra'wiyatta ne ayti'ladi'?
3. Wo'zlerin'iz ji'lan, qarli'g'ash, ti'shqan haqqi'nda qanday yertek ha'm ra'wiyat bilesiz?

**So'zlik**

**ra'wiyat** — xali'q awzi'nda ayti'li'p ju'rgen so'zler
**qi'ssa** — da'stan ma'nisinde
**peshshe shi'bi'n** — su'yir shi'bi'n

## QARI'NBAY HIKAYATI'

Qari'nbay ha'zireti Muwsag'a u'mmeti jetik sha'kirtlerinen biri yedi. Keyin ala wol du'nya quwi'p bayli'qqa berilip na'psiqawli'qqa awi'p ketipti...

Muwsa alayhissalamg'a Qari'nbaydan basqa dushpani'raq adam joq boli'p, woni' ko'rerge ko'zi joq yedi.

Bir ku'ni ha'zireti Muwsa sho'listanli'qta ketip barati'rsa, aldi'nan bir gedey shi'g'i'pti'.

— Ju'da' ka'mbag'alli'qta jasayman, balalari'm da ko'p, isherge asi'm, kiyerge kiyimim joq, — depti.

— Wonday bolsa, — depti ha'zireti Muwsa: — sho'listandag'i' taslardi' ji'ynap ali'p ku'ydirsen', wol alti'ng'a aylanadi' depti.

Gedey woni'n' ayti'wi' boyi'nsha taslardi' terip ju'rgen yedi, Qari'nbayg'a dus boldi'.

— Usi'nshama taslardi' jiynap ne qi'lasan'? — dep soradi' Qari'nbay wonnan.

Gedey bolg'an so'zlerdi wog'an ayti'p berdi.

— Tasti'n' alti'ng'a aylang'ani'n bul wo'mirin'de ko'rip pe yedin'iz, sira', — dedi Qari'nbay ha'm wog'an ko'p-ko'p na'siyatlar ayti'p, tog'i'z nan berdi. Sog'an quwani'p ketken gedey da'rriw u'yine qayti'pti'.

Qari'nbay qullari'na sho'listandag'i' taslardi' ji'ynatti'. Ji'ynalg'an taslar qi'rq qi'rman boli'pti'. Wolardi' wo'rtetti. Ha'mmesi wo'rtenip qi'zi'l alti'ng'a aylani'pti'. Qari'nbay u'zliksiz jeti ayg'a deyin alti'n tasi'pti'.

Qari'nbay sonday bir tawsi'lmas alti'ng'a tap boldi' deysen', bir ku'nde to'rt mi'n' qul sati'p ali'p, ha'mmesinin' u'stine kiyim-kenshek, at ha'm azi'q-awqat penen ta'miyinlep, u'yli-jayli' yetip, sawda-sati'q islerine jumsar yedi. Insan ushi'n du'nyada ne za'ru'r bolg'an bolsa soni'n' ha'mmesin sati'p aldi'. Alti'ndi' qi'rq jaydi'n' pa'tigine jetkerip ji'ynap qoydi'. G'a'ziynenin' giltlerin qi'rq pilge arti'p ju'rer yedi. Biraq ta, adamg'a bir tislem nandi' zi'yat bermes yedi.

Jayi'ni'n' diywallari'n bir alti'n gerbish, bir gu'mis gerbish penen wo'rgizdirip, ju'da' bir na'sheletip pardozlag'an yedi. Yeger ko'shege shi'g'a qoysa, qara g'ashi'rg'a minip, to'rt mi'n' quli' a'tirapi'nda qorshalap payi'w-piyada ju'rer yedi.

Ku'nlerden bir ku'ni Muwsa a'layhissalam Qari'nbayg'a bi'lay dedi:

— Bul tapqan du'nya-mallari'n'a maqtanba... Alla taala sag'an jaqsi'li'q yetti, sen ha'm woni'n' bendelerine jaqsi'li'q isle!

Qari'nbay bi'lay dedi:

— A'y Muwsa, men bul mal-du'nyamdi' aqi'l-woyi'm menen tapti'm. Yendigi jag'i'nda mag'an heshkimnin' qatnasi' joq.

Bir ku'ni Muwsa alayhissalam waz ayti'p turg'an yedi. Qari'nbay woni'n' qarsi' aldi'nda alti'n gu'rsige woti'rg'an yedi. Wortadag'i' qosi'qshi' masqarapaz benen birge sharap iship, Muwsa a'layhissalamdi' masqaralar yedi. Shamit atli'

bir hayal bar yedi. Bir ku'ni Qari'nbay wog'an bir tu'yir alti'n berip, bi'lay dedi:

— Muwsa waz ayti'p turg'anda wog'an jala so'ylep do'hmet qi'l. Woni' yesitken Muwsa shermende bolsi'n, — dedi.

Hayal la'bbay dep bergen alti'ni'n aldi'.

Yerten'ine Muwsa alamandi' ji'ynap u'git-na'siyat ayti'p turg'ani'nda Shamit Qari'nbay u'yretken so'zlerdi ayti'w ushi'n keldi ha'm Muwsag'a bi'lay dedi:

— A'y, Muwsa, Qari'nbay meni shaqi'rtti'ri'p ali'p, azan menen xali'q maydanshag'a toplang'anda Muwsag'a do'hmet so'z ayt, — dep buyi'rdi'. Men ne ushi'n do'hmet so'z ayti'wi'm kerek yedi. Sol duri's pa?

Bul so'zlerdi yesitken Muwsa a'layhissalam woylani'p qaldi'.

— Aspannan saza kelip «A'y Muwsa Qari'nbayg'a ayt, mal-du'nyasi'ni'n' jarti'si'n da'rwishlerge zakat ushi'n bersin.

Bul so'zdi Qari'nbayg'a bari'p aytti'. Wol ba'dbaq bi'lay dedi:

— Men senin' qudayi'n'nan heshbir zat almag'anman, sonday yeken, wol ha'm mennen hesh na'rse tilemesin!

Tag'i' da: «Mal-du'nyasi'n to'rt bo'lip, birisin paqi'r-puqaralarg'a bersin», — degen saza keldi. Qari'nbay buni' da qabi'l yetpedi. Yeki qulag'i'na g'a'plet paxtasi'n ti'g'i'p, barg'an sayi'n tasmiytin bola berdi.

Muwsa darg'azap boli'p:

— A'y, qara jer, Qari'nbaydi' jut! — dedi.

Sol zamatta-aq jer la'rzege kelip, Qari'nbay huwshi'n jog'altti', ha'm de jerge lars yetip quladi'. Qara jer woni'n' tobi'g'i'na deyin jutti'. Biraq, ba'ri bir ko'nbedi. Dizesine shekem, son'i'nan alqi'mi'na deyi'n jutti'. Sonnan keyin bari'p wol: — «Yendi ta'wbege keldim-m!» — dedi. Muwsa a'layhissalam: «Yendi woni' jerdin' u'stine shi'g'ari'n'lar!» — dedi. Qari'nbaydi' jerdin' jari'g'i'nan suwi'ri'p ali'p, bosati'p jiberdi. Wol shi'qqannan son' mal-du'nyasi'ni'n' qi'rqtan birisin aji'rati'p berdi. Sharwasi' ken' sahrani' jaylar yedi. Biraq, wonnan birisen de bermedi.

Muwsa a'layhissalam bi'lay dedi:

— A’y, qara jer, Qari’nbaydi’ jut!

Jer woni’ beline shekem jutti’. Qari’nbay bi’lay dedi:

— A’y, Muwsa, Firahunni’n’ mali’n ali’p la’zzetlendin’, yendi menin’ mali’mdi’ da almaqshi’mi’san’?

Ha’zireti Muwsa bi’lay dedi:

— A’y, qara jer. Qari’nbaydi’ jut!

Qari’nbay taxti’w-baxti’ ha’m de saraylari’ menen tola jer asti’na aralasi’p sin’ip ketti. Izinde wonnan nami’w-ni’shan qalmadi’.

## Naqi’llar

Ko’zi toymag’anni’n’ wo’zi toymas.
Qanaatqa bereket, tiri jang’a ha’reket.
Qanaat qari’n toydi’radi’,
Biyqanaat jalg’i’z ati’n soydi’radi’.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

1. Hikayatti’ dawi’slap woqi’n’, tu’siniksiz jerlerin mug’allimnen soran’.
2. Qari’nbay qanday adam? Woni’n’ minez-qulqi’na kewil awdari’n’.
3. Ha’zireti Muwsa sho’listanda ushi’rasqan gedeyge ne aytti’?
4. Qari’nbay gedeyge ne berdi ha’m neshe qi’rman tas ji’ynadi’?
5. Qari’nbay aspannan kelgen sazani’n’ aytqan wo’tinishin wori’nladi’ ma?
6. Qara jer Qari’nbaydi’ jutqanda, wol insapqa keldi me?
7. Yeger taslardi’ alti’ng’a gedey aylandi’rg’anda, wol ne isler yedi? Wo’zlerin’izdin’ pikirlerin’izdi ayti’n’.

## So’zlik

**u’mmeti** — isenimli adami’ ma’nisinde
**pardozlaw** — nag’i’slaw ma’nisinde
**do’hmet** — jala jabi’w ma’nisinde
**da’rwish** —diywana, tilenshi ma’nisinde

# EZOPTI’N TI’MSALLARI’

## TASBAQA HA’M QOYAN

Tasbaqa menen qoyan: — «Qay birimiz qatti’raq juwi’-rami’z»,— dep tarti’si’p qaldi’ da, buni’ bellesiw bari’si’nda ani’qlaymi’z degen qararg’a keldi. Qoyan wo’zinin’ tuwma

juwi’rg’i’shli’g’i’na isenip wonshelli jan ku’ydirmedi: joldi’n’ shetine janbasladi’ da qatti’ uyqi’g’a ketti. Tasbaqa bolsa wo’zinin’ di’m a’ste juretug’i’ni’n bilgeni ushi’n toqtawsi’z juwi’ra berdi. Na’tiyjede, ba’sekide jen’iske yerisip si’yli’q aldi’.

Ga’ptin’ qi’sqasi’, insanni’n’ a’melge aspay qalg’an tuwma talanti’nan go’re ko’binese woni’n’ miynet su’yiwshiligi jen’iske yeristiredi.

### Naqi’l

1. Miynet tu’bi ra’ha’t.
2. Sabi’r tu’bi sari’ alti’n.

## YEKI QORAZ HA’M BU’RKIT

Yeki qoraz ma’kiyenlerge talasi’p uri’si’p qaldi’ da, biri yekinshisin ayawsi’z shoqi’p, qi’p-qi’zi’l qang’a bo’lendi. Jen’ilgen qoraz tasa jerge jasi’ri’ni’p aldi’, al jen’genine ma’s bolg’an qoraz bolsa ushi’p diywalg’a qonaqladi’ da, bar dawi’si’ menen qi’shqi’ra basladi’. A’l hawadan jerdi alaqandag’i’day baqlap ju’rgen bu’rkit woqtay ushi’p keldi de, diywaldag’i’ tayar woljani’ ildi de ketti. Tasada turg’an qoraz mekiyenlerdin’ jalg’i’z iyesi boli’p qaldi’.

Ga’ptin’ qi’sqasi’, peyli jaman adamlar da usi’g’an uqsas: ja’rdem yetip ati’rg’anday boli’p ko’ringeni menen, wolardi’n’ paydadan ko’re zi’yani’ ko’birek.

### Naqi’l

Menmenliktin’ zawali’ bar,<br>
Kemliktin’ kamali’ bar.

## QURBAQALAR HA’M QOYANLAR

Qoyanlar wo’zlerinin’ ju’da’ qorqaq yekenligin an’lap jetti de, bulay jasag’annan go’ri suwg’a sho’gip wo’lgenimiz abzal degen qararg’a keldi. Ha’mmesi ji’ynali’si’p ha’wiz betke qaray ju’rdi, al wolardi’n’ ayaq dawi’slari’n yesitken qurba-

qalar wo’zlerin ha’wizge atti’. Buni’ ko’rgen qoyanlardi’n’ birewi bi’lay dedi: «Biradarlar qoyi’n’lar, biykarg’a wo’zimizdi nabi’t qi’lmayi’q. Wo’ytkeni, du’nyada bizden de qorqaq maqluqlar jasap ati’rg’an yeken-g’o!»

Ga’ptin’ qi’sqasi’, wo’zlerin baxi’tsi’zban dep nali’p ju’rgen adamlar wo’zlerinen de baxi’tsi’zlardi’n’ hali’na na’zer salsi’n.

### Naqi’l

Qorqaqti’ ko’p quwsan’ bati’r boladi’.

## YESHEK HA’M QURBAQALAR

U’stine woti’n arti’lg’an yeshek batpaqli’qtan wo’tip ati’ri’p tayi’p ji’g’i’ldi’. Wol worni’nan turi’wg’a qansha umti’lsa da, tura almadi’. Qorqi’p ketken yeshek aqi’ra basladi’. Batpaqli’qta jasawshi’ qurbaqalar woni’n’ bul ayani’shli’ jag’dayi’n ko’rip bi’lay dedi: «Biradar, batpaqli’qqa jan’a g’ana ji’g’i’li’p yedin’, usi’g’an da nala shegiwge bola ma, bizge usap wo’mirin’ usi’ jerde wo’tkende ne qi’lar yedin’?!»

Ga’ptin’ qi’sqasi’ ayi’ri’m adamlar azg’antay qi’yi’nshi’li’q aldi’nda da yesen’kirep, ruwxi’ sho’gip qaladi’, al basqa birewler bolsa, bunnan won yese awi’r mashaqatlardi’ da sabi’rli’li’q penen jen’ip wo’tedi.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

1. Tasbaqa menen jari’sta qoyan ne ushi’n jen’iliske ushi’radi’?
2. Maqtanshaqli’qti’n’ aqi’beti nelerge ali’p keledi?
3. Qoyanlar qanday qararg’a keledi ha’m ne sebep wo’z qararlari’nan qaytadi’?
4. Ezopti’n’ ti’msallari’n woqi’n’ ha’m mazmuni’n so’ylep berin’.

## LEV NIKOLAEVICH TOLSTOY

*(1828 — 1910)*

## KAVKAZ TUTQI’NI’

*(Gu’rrin’nen u’zindi)*

Bir to’re Kavkazda oficer boli’p xi’zmet isleytug’i’n yedi. Woni’n’ ati’ Jilin yedi.

Bir ku'nleri wog'an u'yinen xat keldi. Woni'n' kempir sheshesi: «Jani'm balam, men yendi qartaydi'm, wo'ler aldi'mda seni ko'rgim keledi. Kelip menin' menen xoshlas, wo'z qoli'n' menen jayg'asti'r, wonnan son' xi'zmetin'e qayti'p ketersen'. Men sag'an bir jaqsi' qi'z da tawi'p qoydi'm. Wo'zi suli'w, wo'zi aqi'lli', ha'wli-ha'remi de bar. Jaqsa u'ylenip, ba'lkim, usi'nda pu'tkilley turi'p ta qalarsan'» — dep jazg'an yedi. Jilin woylani'p qaldi'. Shi'ni'nda da solay, kempirdin' de hal-awhali' to'menlegen, ko'rmey qali'wi' da mu'mkin. Bari'wi'm kerek, al yeger de tapqan qi'zi' jaqsi' bolsa, u'ylensem de boladi'.

Wol polkovnikke bari'p, u'yine ketiwge ruqsat aldi', jol-daslari' menen xoshlasti' ha'm ketiwdin' a'njami'na kiristi. Wol waqi'tta Kavkazda uri's boli'p turg'an yedi. Jollarda ku'ndiz de, tu'nde de wo'ter jer joq. Kim de kim ruslardan, qorg'annan atli' yamasa sa'l shetke shi'qsa, woni' tatarlar ya wo'ltiredi, yamasa tawg'a ali'p ketedi. Sol sebepli qorg'annan-qorg'ang'a qatnap ju'retug'i'n adamlardi' gu'zetiwshi soldatlar ha'ptede yeki ma'rte ali'p baratug'i'n yedi.

Jaz ku'nleri yedi. Tan' azannan qorg'anni'n' si'rti'nda at, arba, ka'rwanlar toplandi'. Qorg'annan gu'zetshi soldatlar shi'qti' da, ha'mmesi jolg'a ju'rip ketti. Jilin atli' yedi, al woni'n' ju'kli arbasi' ka'rwan menen kiyati'rg'an yedi.

Jigirma bes shaqi'ri'm jol ju'riw kerek yedi. Ka'rwan a'ste ju'rdi, birese soldatlar toqtaydi', birese ka'rwanda kiyati'rg'an birewdin' arbasi'ni'n' degershigi wog'i'nan shi'g'i'p ketedi yamasa turi'p qaladi', sol waqi'tta ha'mme toqtap ku'tedi.

Tu's awi'p ketti, al ka'rwan joldi'n' jarti'si'na jan'a g'ana jetti. Shan', i'ssi'li'q, ku'nnin' ko'zi ku'ydirip baradi': pana-laytug'i'n hesh jer joq. San'i'raw dala: ag'ash, puta degennen hesh na'rse joq.

Jilin ilgeri wozi'p ketip ka'rwanni'n' keliwin ku'tip toqtadi'. Ka'rwan jaqtan naydi'n' sesti yesitildi, ja'ne toqtaw kerek. Jilin: soldatlarsi'z jalg'i'z wo'zim kete bersem be yeken? Asti'mdag'i' ati'm di'm jaqsi', yeger de tatarlarg'a gezlesip qalsam, qashi'p quti'laman yamasa tursam ba yeken? — dep woyladi'.

Toqtap woylandi'. Sol waqi'tta woni'n' qasi'na mi'lti'g'i' bar, atli' Kostilin degen yekinshi oficer kelip jetti.

Wol:

— Ju'r Jilin, wo'zlerimiz kete bereyik. Din'kem quri'di', ash ta boldi'm, ku'n de i'ssi', ko'ylegim si'g'i'p alg'anday, —dedi. Kostilin toli'q adam, wo'zi semiz bolg'anli'qtan, ter ha'mme jerinen seldey ag'i'p tur. Jilin woylani'p turdi' da:

— Mi'lti'g'i'n' woqlawli' ma? — dedi.

— Woqlawli'.

— Jaqsi', wolay bolsa ju'reyik. Biraq, ayri'li'spayi'q, wa'de sol bolsi'n.

Wonnan son' wolar jolg'a tu'sip, alg'a ju'rip ketti. Maydanli'q penen barati'ri'p wo'z ara so'ylesti, a'tirapi'na qarasti'. Ja'n-jag'i'ni'n' barli'g'i' ani'q ko'rinip tur. Dalali'q jan'a g'ana tawsi'lg'anda, yeki tawdi'n' arali'g'i'na kelip kirdi.

Jilin:

— Tawdi'n' basi'na shi'g'i'p, ja'n-jaqqa qaraw kerek, bolmasa tawdi'n' arti'nan taslani'p shi'qqani'n bilmey de qalami'z, —dedi.

Al, Kostilin:

— Neni qaraymi'z? Alg'a ju're bereyik, — dedi. Jilin woni'n' so'zin ti'n'lamadi'.

— Joq, usi' jerde tur, al men tawdi'n' basi'na shi'g'i'p bir qarayi'n.

Soni' ayti'wdan shep qaptali'ndag'i' tawdi'n' u'n'girine qaray ati'ni'n' basi'n burdi'. Jilinnin' ati' hasi'l tuqi'mli' at yedi (u'yirde tay boli'p ju'rgen wag'i'nda, woni' ju'z manatqa sati'p ali'p, wo'zi asi'rap wo'sirgen yedi). Jilin tawg'a jan'a g'ana shawi'p shi'g'i'p yedi, bir tanaptay jerde woti'zlag'an atli' tatarlar turg'an yeken. Wolardi' ko're sala da'rriw qaytti'. Tatarlar da buni' ko'rip, woni'n' izine tu'sti, shawi'p kiyati'ri'p mi'lti'qlari'n qabi'nan shi'g'ardi'. Jilin bar ku'shi menen atqa qamshi'ni' basi'p, to'men qarap si'rg'i'p shawi'p kiyati'ri'p, Kostilinge:

— Mi'lti'g'i'n'di' al! — dep baqi'rdi', al wo'zi ati'na qarap: «Bir jerge ayag'i'n' su'rnigip qalmasi'n jani'war, su'rniksen'

nabi't bolami'z. Mi'lti'q qolg'a tiyse wolarg'a an'satli'qta berilmespen» — dep woyladi'.

Al, Kostilin ku'tip turi'wdi'n' worni'na, tatarlardi' ko'rgennen qorg'ang'a qaray, bar pa'ti menen zi'tqi'di'. Shawi'p barati'ri'p qamshi' menen ati'ni'n' woyaq-buyag'i'na sabay berdi. Tek shan'ni'n' arasi'nan ati'ni'n' qi'ypan'lag'an quyri'g'i' g'ana ko'rinedi.

Jilin bir istin' bolatug'inin sezdi. Mi'lti'qti' bolsa ali'p qashi'p ketti, wol ketip qaldi'. Bir qi'li'sh penen hesh na'rse isley almaysan'. Wol atti'n' basi'n keyin buri'p, soldatlar ta'repke tuwri' jiberip, wolarg'a jetpekshi boldi'. Biraq, atli' kisinin', woni'n' aldi'n kes-keslep kiyati'rg'ani'n ko'rdi. Jilinnin' asti'ndag'i' ati' jaqsi', biraq wolardi'n' atlari' bunnan da jaqsi'raq, woni'n' u'stine wolar aldi'n worap kelmekte. Jilin ati'ni'n' basi'n tarti'n'qi'rap, keyin qayi'rmaqshi' boli'p yedi, ati' qurg'i'r basi'n burmay, tatarlarg'a qarap ushi'p barati'r. Qarasa, ko'k atqa mingen, jiyren saqalli' bir tatar wog'an jaqi'nlasi'p qali'pti'. Wol tatar si'g'i'rayi'p, tislerin i'rji'yti'p, mi'lti'g'i'n ati'wg'a tayarlandi'.

«Al yendi, — dep woyladi', Jilin, — sizlerdey shaytanlardi' bilemen, yeger de tiriley uslap alsa, shu'n'gil woyg'a sali'p qoyadi', arqan'da du'rre woynatadi'. Tiriley qolg'a tu'spey-men...»

Jilin kelte boyli' bolsa da, yebeteyli yedi. Qi'li'shi'n suwi'ri'p ali'p, jiyren saqalli' tatarg'a qarap at qoydi'. Wol: «ya atqa basti'raman, yamasa qi'li'sh penen shawi'p wo'ltiremen», —dep woyladi'.

Biraq, Jilinnin' ati' go'zlegen jerge jetkermedi, arqasi'nan ati'lg'an woq ati'na kelip tiydi. Ati' bar pa'ti menen jerge du'rs yetti. Jilinnin' ayag'i' atti'n' asti'nda qaldi'.

Wol worni'nan turayi'n dep yedi, biraq yeki tatar u'stinen basi'p woti'ri'p, woni'n' qollari'n arqasi'na tawladi'. Wol bir julqi'ni'p woni' basi'p woti'rg'an tatardi' ushi'ri'p tu'sirdi. Sol zamatti'n' wo'zinde u'sh tatar atlari'nan sekirip tu'sip, wog'an asi'ldi', mi'lti'qti'n' qundag'i' menen woni'n' basi'na ura basladi'. Woni'n' ko'zleri ti'ni'p, ten'seldi. Tatarlar woni' g'abi'r-g'ubi'r basti', yerlerindegi awi'si'q ayi'llari'n sheship,

tatarshalap qazi'q baw shali'p, qollari'n arqasi'na tan'di' da, yerdin' basi'na baylayi'n dep su'yrep ketti. Jilin wo'z ati'na buri'li'p qaradi'. Ati' sol qaptallap ji'g'i'lg'an qa'lpinde, ayaqlari'n sa'rren'letip jati'rg'an yeken, basi'nda u'n'ireyip turg'an jerden atli'g'i'p shi'g'i'p aqqan qara qan bir arshi'nday jerdegi shan'di' boyadi'.

Bir tatar atti'n' qasi'na bardi' da, woni'n' u'stinen yer turmani'n ala basladi'. At ti'pi'rshi'lap ati'r. Wol qanjardi' shi'g'ari'p atti'n' tamag'i'na taqap turi'p, tarti'p jiberdi. Qan burqi'rap aqti', atti'n' silesi qatti' da qaldi'.

Tatarlar wo'lgen atti'n' yer turmani'n ali'p boldi'. Jan'ag'i' jiyren saqalli' adam ati'na mindi, basqalari' Jilindi woni'n' arti'na min'gestirdi, ji'g'i'li'p ketpesin dep qayi's penen tatardi'n' belbewine taqap baylap, tawg'a qaray ali'p ketti.

Jilin tatardi'n' arti'na min'gesip woti'ri'p, shayqali'p, beti tatardi'n' arqasi'n du'gip woti'rdi'. Jilinnin' basi' jari'lg'an, aqqan qan ko'zinin' aldi'nda uyi'si'p qalg'an. Wol atti'n' u'stine ya jayg'asi'p woti'ra almadi', ya aqqan qani'n su'rte almadi'. Qollari' arqasi'na sonshelli qayi'ri'li'p tan'i'lg'an, ha'tte palwan su'yekleri de si'rqi'rap awi'rdi'.

Wolar tawdi'n' u'stine qaray uzaq waqi't ju'rdi. Bir da'r-yani' jag'alap keship wo'tti, jolg'a shi'g'i'p taw arasi'ndag'i' saydi' jag'alap ju'rip ketti.

Kesh boli'p qas qaraydi', tag'i' bir wo'zekten wo'tip, taslaqli' biyik tawg'a ko'terile baslag'anda, tu'tinnin' iyisi kelip, iytlerdin' u'rgeni yesitildi. Bir awi'lg'a keldi. Tatarlar atlari'nan tu'sti. Tatarlardi'n' bala-shag'alari'na shekem qalmay ji'ynaldi'. Jilindi qorshap ali'p, wolar baqi'ri'si'p quwani'sti', tas i'laqti'rdi'. Bir tatar kisi balalardi' quwi'p jiberdi. Jilindi attan tu'sirip, xi'zmetkerin shaqi'rdi'. Bet almasi' tompayg'an, ko'ylekshen' nog'ay keldi. Ko'ylegi ji'rti'q-ji'rti'q, woni'n' ko'kiregi ashi'q, tatar wog'an bir na'rseni buyi'rdi'. Xi'z-metker bir ag'ash kisendi ali'p keldi. Yeki yemen ag'ash, temir bilezikke kiygizilgen. Woni'n' bir ushi'nda qulpi' ha'm zulpi' bar. Jilinnin' qoli'n sheship kisenledi de, malxanag'a ali'p kelip, woni' iyterip jiberip, si'rti'nan quli'plap ketti. Jilin da'ristin' u'stine ji'g'i'ldi'. Biraz jatqannan son'

qaran’g’i’da si’ypalani’p ju’rip, jumsag’i’raq bir jerdi tawi’p aldi’ da jatti’.

Wolardi’n’ awhali’ wog’ada qi’yi’n, jaman boldi’. Ayaqlari’nan kisen ali’nbadi’, jaqti’li’qqa shi’g’armadi’. Wolarg’a iytke bergendey yetip, tek qami’rdi’ taslaydi’, du’mshe menen suwdi’ shuqi’rg’a tu’siredi... Kostilin ani’q kesellendi, isip ketti, ha’mme jeri si’rqi’rap awi’ratug’i’n boldi’, ba’rha i’n’qi’ldaydi’ da jatadi’ yamasa uyqi’laydi’. Jilin de istin’ shataqlasqani’n bilip, qi’ynali’p qaldi’. Quti’li’wdi’n’ heshqanday joli’n taba almadi’. Wol shuqi’rdi’n’ ishin gewley baslap yedi, topi’rag’i’n qoyi’wg’a wori’n bolmadi’ ha’m de xojayi’n ko’rip qali’p, «wo’ltiremen» dep qorqi’tti’.

Bir ku’ni wol shuqi’rda ju’resine woti’ri’p, azatli’q haqqi’nda woylani’p, zerigip woti’rg’an yedi. Qa’pelimde woni’n’ dizesine joqari’dan bir sho’rek, wonnan son’ yekinshisi tu’sti. Wolardi’n’ arti’nan shiye de quyi’ldi’. Joqari’g’a qarap yedi, Dina turg’an yeken. Wol Jilinge qarap ku’ldi de qashi’p ketti. Jilin: «Dina ja’rdem bermes pe yeken?» — dep woyladi’. Wol shuqi’rdi’n’ bir mu’yeshin tazalap i’lay iyledi, i’laydan quwi’rshaqlar jasay basladi’. Adamlardi’n’, iytlerdin’ mu’sinin jasadi’ da «Dina kelse, wog’an beremen» — dep woylap qoydi’. Yerten’ine Dina kelmedi. Jilin atlardi’n’ tuyag’i’ni’n’ du’sirlesken sestin yesitti. A’lleqanday adamlar keldi, tatarlar meshittin’ aldi’na ji’ynaldi’, wolar ko’risip qi’shqi’ri’sti’ ha’m wori’slar jo’ninde bir na’rselerdi aytti’. G’arri’ni’n’ da dawi’si’n yesitti. Wolardi’n’ ne haqqi’nda so’yleskeni wog’an ma’lim bolmasa da, Jilin wori’slardi’n’ jaqi’nlasi’p kelgenin, wolardi’ awi’lg’a keledi dep qorqqani’n ha’m tutqi’nlardi’ ne qi’li’w kerekligi haqqi’nda so’yleskenin an’lap qaldi’. Tatarlar so’ylesip boli’p tarqasi’p ketti. Qa’pelimde joqari’dan bir na’rsenin’ ti’si’rli’si’ yesitildi. Jilin joqari’ qarasa: Dina basi’n yeki dizesinin’ arasi’na sug’i’p yen’keyip, shashbawlari’ salbi’rap, wordi’n’ awzi’nda shayqali’p turg’an yedi. Ko’zleri juldi’zday jalt-jult yetedi. Jen’inen yeki gu’lshe shi’g’ari’p Jilinge tasladi’. Jilin woni’ ali’p, Dinag’a:

— Nege ko’pten beri kelmedin’? Men bolsam, woyi’nshi’qlar islep qoydi’m. Ma’, al, — dep quwi’rshaqlardi’ birimbirimlep i’laqti’ra basladi’.

Dina basi’n shayqadi’ da hesh qaramadi’.

— Kerek yemes, — dedi. Biraq, u’ndemey turi’p qoli’n moyni’na qoyi’p ko’rsetip:

— Ivan, seni wo’ltirmekshi.

— Kim wo’ltirmekshi?

— A’kem, g’arri’lar wog’an buyri’q berdi. Al, menin’ sag’an reyimim keldi.

— Yeger reyimin’ kelse, mag’an uzi’n ag’ash a’kelip ber. Qi’z basi’n shayqap «bolmaydi’» degen isharat qi’ldi’. Jilin qollari’n qawsi’ri’p wog’an jali’ndi’:

— Dina, bereket tap! Jani’m, Dina, ali’p kel!

— Joq, bolmaydi’, ko’rip qaladi’, ha’mmesi u’yde woti’ri’pti’, — dedi de ketip qaldi’.

Keshquri’n Jilin: «Ne bolar yeken?» — dep woylani’p woti’rdi’. Wo’zi joqari’ qarap qoyadi’. Aspanda juldi’zlar ko’rinedi. Yele ay tuwg’an joq. Ma’zi azan aytti’. Wonnan son’ barli’g’i’ ti’m-ti’ri’s boldi’.

Jilin uyqi’si’rap woti’ri’p: «Qi’z qorqadi’-aw» — dep woyladi’.

Qa’pelimde woni’n’ basi’na topi’raq tu’sti, joqari’g’a qarasa, uzi’n bir qadani’n’ ushi’ shuqi’rdi’n’ yekinshi qaptali’na tireldi. A’ri-beri tirelip woyg’a tu’se basladi’. Jilin quwani’p, qadani’ uslap to’men qarap tu’sirdi, qada mi’qli’ yedi. Wol bul qadani’ xojayi’nni’n’ jayi’ni’n’ to’besinde buri’n ko’rgen yedi. Joqari’g’a qaradi’, aspanda juldi’zlar jarqi’rap ko’rinedi. Shuqi’rdi’n’ awzi’nda qaran’g’i’li’qta Dinani’n’ ko’zi masaladay jani’p tur. Dina shuqi’rdi’n’ yernegine yen’keyip:

— Ivan, Ivan! — dep si’bi’rladi’. Al, wo’zi betinin’ qasi’na qollari’n bi’lg’ap «U’ndeme» — degen isharat qi’ldi’.

— Ne? — dedi Jilin.

— Ha’mme ketti, u’yde tek yeki adam qaldi’.

Sonda Jilin Kostilinge:

— Qa’ne, ju’r yendi ketemiz, yen’ son’g’i’ ma’rtebe qashi’p ko’reyik, men seni su’yep shi’g’araman, — dedi.

Kostilin ti’n’lag’i’si’ kelmedi.

— Joq, yendi mag’an bunnan ketiw qayda. Qozg’ali’wg’a da’rmani’m joq, qayda baraman? — dedi Kostilin.

— Wolay bolsa, hesh kewlin’e jaman na’rse alma, — dedi de Kostilin menen su’yisti.

Jilin Dinag’a qadani’n’ basi’n uslap tur dedi de, wo’zi asi’li’p shi’g’a basladi’. Dina kishkene qollari’ menen zor berip, woni’n’ ko’yleginen uslap tartti’, al wo’zi ku’ledi.

Jilin qadani’ uslap turi’p:

— Dina, mi’nani’ worni’na apari’p qoy, bolmasa seni uradi’, — dedi.

Dina qadani’ ali’p ketti, al Jilin tawdi’n’ yetegine qarap jo’neldi. Tawdi’n’ yetegindegi bir sayg’a tu’sip, qoli’na wo’tkir tas ali’p, kisennin’ qulpi’n si’ndi’ri’wg’a kiristi. Biraq, quli’p bekkem yeken. Hesh si’nbadi’ ha’m won’ay-si’zda yedi. Ti’n’lap ko’rse, tawdan a’llekimnin’ a’ste sekirip kiyati’rg’ani’ yesitildi. «A’lbette, Dina boli’wi’ kerek» — dep woyladi’. Dina yeken. Wol juwi’ri’p keldi, qoli’na tas ali’p:

— Qa’ne, men urayi’n dedi.

Tez dizerlep woti’ri’p, quli’pti’ si’ndi’ri’p buzi’p ashi’wg’a kiristi. Biraq, qollari’ jin’ishke, hesh ku’shi joq. Tasti’ jerge i’laqti’ri’p ji’lap jiberdi. Jilin tag’i’ da tas ali’p, quli’pti’ buzi’wg’a kiristi, al Dina woni’n’ jani’nda woti’ri’p, iyninen uslap turdi’. Jilin ja’n-jag’i’na qaradi’, shep jag’i’ndag’i’ tawdi’n’ u’stinen tap jani’p turg’an wottay boli’p, ay tuwi’p kiyati’rg’an yedi. «Qalay bolsa da ay shi’qqansha saydan wo’tip, tog’ayg’a jetip ali’wi’m kerek» — dep woyladi’. Worni’nan turi’p tasti’ tasladi’. Kisenli bolsa da ketiw kerek.

— Xosh yendi, Dina! Seni wo’mirimshe umi’tpayman! Dina ali’p kelgen sho’reklerin beriw ushi’n Jilindi uslap turi’p, wol-bul jag’i’n si’ypaladi’. Jilin sho’reklerdi aldi’.

— Raxmet sag’an, aqi’lli’ qi’z. Yendi mensiz sag’an kim quwi’rshaq sog’i’p berer yeken? — dedi de woni’n’ betinen si’ypaladi’.

Dina ji’lap jiberdi. Betin qoli’ menen basi’p i’laqtay sekirip tawg’a shi’g’i’p ketti. Qaran’g’i’da tek woni’n’ shashbawi’ndag’i’ ten’gelerinin’ si’n’g’i’rlag’an dawi’si’ g’ana yesitiledi.

Jilin shoqi’ni’p bolg’annan son’, shi’n’g’i’rlamasi’n dep kisennin’ qulpi’n uslap jol menen ju’rip ketti. Ayag’i’n su’yrep basi’p, shi’g’i’p kiyati’rg’an ayg’a qaray berdi.

Joldi’ wol tani’di’. Usi’ menen tuwri’ ketsen’, segiz shaqi’ri’m ju’riw kerek. Ay joqari’g’a ko’terilgenshe tog’ayg’a jetip alsa bolg’ani’. Japtan wo’tip alg’anda, tawdi’n’ arjag’i’ a’lle qashan jaqti’lang’an yedi.

Jilin tog’ayg’a jetti. Heshkim gezlespedi. Wol qaran’g’i’da bir jer tawi’p ali’p, dem alg’i’si’ keldi. Demin aldi’, bir sho’rek jedi. Bir tas tawi’p ali’p, kisennin’ qulpi’n ja’ne buzi’wg’a kiristi. Barmaqlari’ qanap qaldi’, biraq buza almadi’. Worni’nan turi’p jol menen ju’rip ketti...

Tu’ni menen ju’rdi. Atli’ yeki tatar g’ana gezlesti. Biraq, Jilin wolardi’ ali’stan ko’rip, terektin’ arti’na jasi’ri’ndi’. Woti’z adi’mday ju’rip wo’tti, qarasa tog’ay tawsi’li’p qali’pti’. Tog’aydan shi’qsa ha’mme jer jap-jari’q. Aldi’ni’n’ ken’ jazi’q dalan’da qorg’an alaqanda turg’anday boli’p ko’rinedi: wol shep jaqta, tawdi’n’ yeteginde wot ji’lti’ldaydi’, tu’tin shi’g’i’p jayi’li’p ati’r, wotti’n’ a’tirapi’nda adamlar ko’rinedi.

Tigilip qarasa mi’lti’qlari’ ji’lti’raydi’, kazaklar, soldatlar ko’rinedi.

Jilin quwani’p ketip, bar ku’shin ji’ynap, tawdi’n’ yetegine qaray ju’rip ketti. Kiyati’rg’anda wo’zi quday saqlasi’n, bunday ashi’q dalada atli’ tatar ushi’rasa qoysa, jaqi’n qalg’an bolsa da, quti’li’p kete almaysan’, — dep woyladi’.

Aylanasi’na jan’a g’ana aylani’p qarasa: shep jaqtag’i’ to’benin’ basi’nda u’sh tatardi’n’ turg’ani’n ko’rdi. Wolardi’n’ ko’zi Jilinge tu’siwi menen, wog’an qaray at qoydi’. Qorqqani’nan Jilinnin’ ju’regi jari’li’p kete jazladi’. Qollari’n bi’lg’ap dawi’slari’ni’n’ bari’nsha:

— Ha’y, ag’ayinler, qutqari’n’lar... ag’ayinler..., — dep qatti’ baqi’ra berdi.

Kazaklar buni’ yesitip, atlari’na sekirip mindi de tatarlardi’n’ joli’n kesip, Jilinge qaray shapti’.

Kazaklar ali’s, tatarlar jaqi’n yedi. Ja’ne de Jilin bar ku’shin sali’p, kisendi uslap, kazaklar kiyati’rg’an jaqqa qaray juwi’ra berdi. Ne bolg’ani’n wo’zi de bilmeydi, shoqi’ni’p tek:

— Ag’ayinler! Ag’ayinler! Ag’ayinler!... — dep baqi’ra berdi.

Kazaklar won bestey bar yedi.

Tatarlar qorqi'p, ji'lawlari'n tarta basladi'. Jilin de juwi'ri'p kazaklardi'n' aldi'na jetip bardi'.

Kazaklar Jilindi qorshap aldi'. Woni'n' kim yekenin, qaydan kiyati'rg'ani'n soradi'. Al, Jilin ne bolg'ani'n bilmey ji'lay berdi.

— Ag'ayinler! Ag'ayinler! — degennen basqa so'z ayta almadi'.

Soldatlar juwi'ri'p kelip, Jilindi qorshap aldi', birewi nan, birewi araq berip ati'r, birewi shinel a'kelip japti'. Birewi kisennin' qulpi'n buza basladi'.

Oficerler tani'di', woni' qorg'ang'a ali'p ketti. Joldaslari', soldatlar quwani'si'p, Jilinnin' jani'na ji'ynaldi'. Jilin basi'nan wo'tkenlerin bayanlap berdi de:

— Mine, men so'ytip u'yge bari'p ta, u'ylenip te boldi'm. Joq, nesip qi'lmag'an shi'g'ar, — dedi. Sonnan son' Jilin Kavkazda xi'zmet yetip qaldi'. Al, Kostilindi bir aydan son' g'ana mi'n' qun to'lep qutqari'p aldi'. Tek shi'qpag'an jani'n g'ana ali'p keldi.

**So'zlik**

**din'kem** — ku'shim, hali'm
**bir arshi'n** — bir metrdey
**ishara** — belgi

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Jilin ne ushi'n u'yine qaytpaqshi' bolg'an yedi?
2. Jilin qalay tutqi'ng'a tu'sti?
3. Jilin Dina menen qalay doslasti'?
4. Dina Jilinge nege ko'mek berdi?
5. Kostilin tutqi'nnan qalay quti'ldi'?
6. Gu'rrin'di woqi'p, mazmuni'n so'ylep berin'.

## MARK TVEN

## TOM SOYERDIN' BASI'NAN KESHIRGENLERI

*(Povestten u'zindi)*

Shembi ku'ninin' de tan'i' ati'p, tirishiligi qaynag'an jadi'rag'an jazdi'n' jayma shuwaq ku'ni baslandi'. Adamlardi'n' ju'zinde quwani'sh woynap ha'r qa'demde ba'ha'rdin' lebi seziletug'i'nday. Akaciya gu'llep hawada jupar iyisi an'qi'ydi'.

Qalani’n’ qay tusi’nan qarasan’ da buldi’rap ko’rinip turatug’i’n Kardif tawi’ ko’k maysag’a bo’lenip ali’stan a’jayi’p bir ti’ni’shli’q a’lemindey boli’p qol bi’lg’aydi’.

Tom qoli’na bir shelek ha’k penen chyotkani’ ali’p ko’shege shi’qti’: Usi’ waqi’tta qan’i’lti’r shelegin uslap, wo’zinshe i’n’i’ldap yergenekten Djim shi’g’a keldi. Qaladag’i’ qudi’qtan suw tasi’w buri’n Tomg’a azap boli’p ko’rinetug’i’n yedi, al ha’zir wol bug’an basqasha qaradi’. Wol suwdi’n’ basi’na ko’p adam ji’ynalatug’i’ni’n yesine tu’sirdi. Bul jerde aq deneli ha’m negr balalari’ sonday-aq qi’zlardi’n’ wo’z gezegin ku’tip dem alatug’i’ni’n ayti’si’p-shertisip, bir-birin mazaqlap, woyi’nshi’qlari’n bo’lisetug’i’n yedi. Qudi’qqa shekem bari’-jog’i’ 150 qa’dem bolg’ani’ menen Djimnin’ wog’an ketse, bir saatsi’z qaytpaytug’i’ni’n, wonda da izinen birewdi jiberiwge tuwra keletug’i’ni’ yesine keldi.

— Djim, sen mi’na jerdi ha’klep tur, suwg’a men-aq bari’p keleyin, — dedi Tom.

— Yaq, wolay yete almayman, mister Tom. Xojeyin kempir jolda irkilmey suwdi’ tez ali’p qayt dep jiberdi. Wol, mister Tom, sira’, seni joldan uslap ali’p diywaldi’ ha’klep tur dewi de mu’mkin, biraq sen irkilmey kel, diywaldi’ wo’zim-aq isleymen.

Sen wog’an qulaq aspa, Djim. Aytsa ayta bersin. A’kel shelegin’di ber men tez bari’p keleg’oyayi’n. Wol menin’ barg’ani’mdi’ bilmey-aq qaladi’.

— Qoy, qorqaman mister Tom. Xojeyin kempir moyni’mdi’ burap juli’p aladi’ g’oy!

— Wol ma? Wol heshkimge de tiymeydi. Sondag’i’ qorqatug’i’ni’n’ woymaq kiygen sawsag’i’ menen basi’n’a shertkeni me? A’lbette, woni’n’ aytpaytug’i’n na’rsesi joq. Biraq, quri’ ga’pten ne payda? Tek woni’n’ ji’laytug’i’ni’ bar-da’. Djim men sag’an sharigimdi beremen. Suli’w, aq ma’rmerden islengen sharigimdi ayti’p ati’rman.

Djim yekilene basladi’.

— Appaq ma’rmer sharik, Djim! Bul tegin sharik yemes, saqani’n’ da’l wo’zi g’oy!

— Woh, a’jayi’p tu’rde jalti’rawi’n aytsan’-o! Biraq, men kempirden di’m qorqaman mister Tom.

— Al, yeger qa'lesen', men sag'an awi'rg'an ayag'i'mdi' da ko'rseteyin.

Djim ne degen menen de adam balasi' g'oy, aldasti'rg'ang'a ko'ngenin bilmey-aq qaldi'. Wol qoli'ndag'i' shelegin jerge qoyi'p, aq sharikti qoli'na usladi'. Tom ayag'i'ndag'i' bintin sheship ati'rg'anda, woni'n' jaraqatlang'an si'yrag'i'na qi'zi'g'i'wi' menen qarap turdi'. Bunnan son' Djim arqasi'n qasi'di' da, shelegin ali'wi' menen ko'she boylap zi'ti'p kete berdi. Tom bolsa, da'rriw diywaldi' ha'klewge kirise basladi'. Polli apasi' qoli'nda tufliyi, uri's maydanshasi'nan kekshiyiwi menen ju'rip kete berdi.

Biraq, Tomni'n' shi'dami' ko'pke jetpedi. Woni'n' usi' ku'ndi kewilli wo'tkergisi kelgeni yesine tu'sti de, qaytadan da'rti ku'sheye basladi'. Ko'p uzamay balalar u'ylerinen shi'g'i'p, ha'r qi'yli' kewil ko'teretug'i'n jerlerine ji'ynaladi' da, Tomni'n' jumi'sqa jegilgenin ko'rip, woni' mazaqlay baslaydi'.
— Mine, usi' woydi'n' wo'zi-aq woni' jegidey jeydi. Wol qaltasi'ndag'i' bar du'nyasi'n qoli'na ali'p, birim-birim awdari'p to'n'kerip qarap shi'qti': si'n'g'an woyi'nshi'qlar, sharikler, ja'ne de basqa mayda-shu'yde zatlar. Wolardi' basqa na'rselerge awmasti'ri'wg'a bolg'ani' menen, bir saatli'q yerkinlikti sati'p ali'wg'a jaramaydi'. Balalardi' aldasti'ri'w jo'nindegi woyi'nan bas tarti'p Tom wo'zinin' bar bayli'g'i'n qaltasi'na ti'qti'. Tap usi' awi'r ma'writte-aq wog'an a'jayi'p bir woy sap yete qaldi'. Woy bolg'anda qanday woy deysen'!

Wol ha'k chyotkasi'n qoli'na aldi' da, jumi'si'na asi'qpay qaytadan kiristi. Azdan keyin mu'yeshten Ben Rodjers ko'rindi. Ba'rinen de usi' balani'n' mazag'i'nan ju'da' qorqatug'i'n yedi. Wol a'piwayi' ju'rip kiyati'rg'an joq, sekirip-sekirip woynap kiyati'r. Bul bolsa kewili ba'ha'rdey, wo'mirden ku'teri mol adami'ni'n' keypiyati'nan da'rek berer yedi. Qoli'ndag'i' almasi'n kemirip jep, i'n'i'ldap qosi'q ayti'p, geyde «din-don-don, din-don-don» dep to'men dawi'sqa sali'p, paroxod si'yaqli' boli'p ju'rip kiyati'r. Jaqi'nlap kelgennen son' wol tezligin pa'seytip, ko'shenin' worta ta'repine qaray buri'li'p, won' jag'i'na qi'ysayi'p asi'qpay jag'a ta'repke ketti. Bul ha'reketlerdin' ba'rin ju'da' kelistirip, sheberlik penen isledi. Wo'ytkeni, wol suwg'a

tog'i'z fut bati'p turg'an «U'lken missuriy» paroxodi'ni'n' wo'zi boli'p kiyati'r yedi. Wol misli ha'm paroxod, ha'm kapitan, ha'm paroxod qon'i'rawi' boli'p kiyati'r yedi: kapitan rolinde turg'anday boli'p, wo'zine-wo'zi buyri'q berip, woni' wo'zi wori'nlap kiyati'r.

— Toqta mashina. Tin-lin-lin! Mashina toqtap, paroxod a'ste jag'a ta'repke taqaldi'. — Artqa bas, woni'n' yeki qoli' to'men tu'sti. — Won'g'a bur! Tin-lin-lin! Ch-gu-u! Chu! Usi' ma'ha'lde qi'ri'q futli'q do'n'gelek roldi sa'wlelendirgen woni'n' won' qoli' saltanatli' tu'rde shen'ber isley basladi'.

— Shepke bur! Tin-lin-lin! Chu-ch-chu-u! Yendi shep qoli' shen'ber isley basladi'. — Toqta, won' qanat! Tin-lin-lin! —Toqta sol qanat. — Aqi'ri'n! Toqta mashina! Yen' to'men tezlik! Kin-lin-lin! Chu-u-u! — Arqanni'n' ushi'n uzat! Tezirek! Arqanlari'n' qayda? Irkilmen'ler! Qazi'qqa qarap tart! Usi'lay, usi'lay, yendi bosati'p jiber! Mashina toqtadi', ser! Tin-lin-lin! Sht-sht-sht! (bul puwdi' shi'g'ari'p ati'rg'ani').

Paroxodqa heshqanday kewil bo'lmey Tom jumi'si'n isley berdi. Ben wog'an tan'lani'p qaradi' da:

— He, qolg'a tu'stin' be? — dedi.

Tom wog'an juwap qaytarmadi'. Ha'klegen jerine shen'berdin' ko'zinin' arasi'nan bir qarap jiberdi de, diywalg'a yeplemey qi'li'p ja'ne bir ret ha'k jag'i'p, isinin' na'tiyjesin ko'riw ushi'n keyin qaray shegindi. Ben jaqi'nlap jani'na kelip turdi'. Woni'n' jep turg'an almasi'n ko'rgende Tomni'n' awzi'ni'n' suwi' shubi'ri'p qoya berdi. Biraq, wog'an itibar bermey, qaytadan wo'z jumi'si'na i'qlaslana kirisip ketti. Ben:

— Haw, bati'r bala, jumi'sqa jegildin' be? — dedi.

Tom jalt buri'li'p wog'an:

— Haw, Ben bul sen be yedin'? Men abaylamay qali'ppan, — dedi.

— Hey, bilesen' be, men suwg'a tu'siwge barati'rman. Mu'mkin, sen de bararsan'? Biraq, sen jumi's isleytug'i'n shi'g'arsan'-a'? Jumi's islegen qi'zi'q shi'g'ar ya?

Tom wog'an ko'zinin' asti'nan a'sten qarap turi'p:

— Senin' jumi's dep turg'ani'n' ne? — dedi.

— Haw, mi'naw jumi's yemey ne?

Tom qaytadan sharbag'i'n ha'klewge nemquraydi' keyip penen kirisip ketti.

— Jumi's bolar, bolmas ga'p wonda yemes. Men soni' ani'q bilemen, a'ytewir, usi'ni'n' wo'zi Tom Soyerge ju'da unaydi', — dep juwap berdi wol.

— A'y, qoyi'sh! Sen i'ra'si'nda da usi'ni' jang'a jayli' jumi's degin' kelip tur ma? Tom shyotkasi'n si'ypap turi'p:

— Awa-da'. Bul qalay jaqpaytug'i'n jumi's boli'wi' mu'mkin? Senin'she meni ku'nde sharbaq ha'klep ju're berer dep woylaysan' ba?

...Bir ma'ha'li wo'zinen wo'zi Ben:

— A'y Tom. Mag'an ber, men de az g'ana ha'kleyin! — dedi.

Tom yekilenip, shyotkini wog'an bergisi kelip turg'anday ko'rindi de, biraq wolay yetpedi.

— Yaq, Ben bere almayman. Polli apay bul sharbaqqa ju'da' muqi'yatlap qaraydi'. Bayqap tursan' ba, sharbaq ko'she jaqqa qarag'an, yeger ishki ta'repke qarasa wonda ga'p basqasha bolar yedi. Wol da men de heshten'e demes yedik. Bug'an wol ju'da' qatan' qaraydi'. Woni' qalay ha'klew kerek yekenin bilesen' be? Menin'she bizin' balalardi'n' mi'n'nan biri, kerek desen' yeki mi'n'nan birinin' buni' aytarli'qtay yetip, jaqsi'lap ha'klew qoli'nan kelmeydi.

— Qoyi'sh, i'ras pa? A'kel berman, az da bolsa ha'klep ko'reyin, senin' worni'n'da bolsam, bergen bolar yedim.

— Ben i'rasi'n aytsam, men sag'an quwana-quwana bergen bolar yedim, biraq Polli apa bug'an ne deydi? Djimnin' de ha'klegisi kelip yedi. Wog'an ruqsat bermedi. Sid te kelip sorap yedi, wog'an da bergizbedi. Ko'rdin' be, qa'nshelli qi'yi'n yekenin? Sen ali'wi'n alarsan' da, kim biledi, bir na'rsesin bu'ldirsen'...

— Qoyi'sh, Tom, men sennen jaman islemewge umti'laman g'oy. Qa'ne, islep ko'reyin. Men mi'na almamnan sag'an qaldi'ri'p beremen.

— Al wonda meyli!... Yaq, men bolmaydi' qorqaman...

— Men almani'n' ba'rin-aq bereyin!...

Tom ishinen quwang'ani' menen shyotkani' zordan bergendey boldi'.

Buri’ng’i’ «U’lken Missuri» paroxodi’ arqasi’nan ku’n wo’tip, qara terge tu’sip, mi’qshi’yi’p ha’klep ati’rg’anda, jumi’stan qol bosag’an Tom ko’len’kedegi u’lken gellek ag’ashqa ayag’i’n salbi’rati’p minip aldi’ da, almasi’n gu’ysep woti’ri’p, an’qaw balalardi’ qolg’a tu’siriwdin’ joli’n qarasti’rdi’. Wolar da ko’p ku’ttirgen joq. Balalar minut sayi’n ko’shege shi’g’i’p, Tomdi’ mazaq yetiw ushi’n keledi de sharbaqta qala beredi... Tom usi’lay bu’gingi ku’nin heshten’e islemesten kewilli wo’tkizdi. Balalar kerek desen’, sharbaqti’ u’sh ret ha’klep te u’lgerdi...

...Tom wo’mir su’riw degen kewilsiz na’rse yemes yeken g’oy, dep woyladi’ ishinen. So’ytip, woti’ri’p adam balasi’ni’n’ ha’reketine ta’n bir ni’zamli’li’qti’ ashti’: wol meyli yeresek bolsi’n, meyli awzi’nan sari’si’ ketpegen bala bolsi’n wo’zine kerek bir na’rseni qoli’na tu’sirgisi kelse, wol na’rsege yerisiw ju’da’ qi’yi’n boli’wi’ sha’rt. Yeger wol, usi’ kitapti’n’ avtori’nday, ulli’ dani’shpan, woyshi’l bolsa, jumi’s adamni’n’ minneti yekenligin, al woyi’nni’n’ bunday minnetli is yemes yekenligin tu’singen bolar yedi. Buni’n’ wo’zi qag’azdan gu’l jasawdi’n’ yamasa shelek penen suw tasi’wdi’n’ jumi’s yekenin, al Molbi’lan tawi’ni’n’ basi’na shi’g’i’w tek kewil ko’teriw g’ana yekenin tu’siniwine ja’rdemlesedi.

Angliyada jazg’i’ saratanda jaraytug’i’n at jegilgen pochta arbasi’n wo’zi aydag’andi’ jaqsi’ ko’retug’i’n bardamli’ adamlar barshi’li’q, wo’ytkeni bul wolarg’a qi’mbatqa tu’sedi, al yeger bul iske ayli’q alatug’i’n bolsa, usi’ woyi’n jang’a batatug’i’n jumi’sqa aylani’p, qi’zi’g’i’ bolmas yedi.

Wo’zinin’ ha’zirgi jag’dayi’ndag’i’ yelewli wo’zgerislerdi biraz woy ta’rezisinen wo’tkergennen keyin Tom bas shtabqa ma’limleme jasawg’a ketti.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

1. Poli apa diywaldi’ ha’klewdi ne ushi’n Tomg’a isenip tapsi’rdi’?
2. Tom menen Djim arasi’ndag’i’ gu’rrin’lesiwdin’ mazmuni’n ayti’p berin’.
3. Ben Rodjerstin’ keleshekte paroxodti’n’ kapitani’ boli’wg’a degen qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ tuwrali’ ayti’p berin’.
4. Tom qalayi’nsha balalardi’ diywaldi’ ha’klewge ma’jbu’rley aldi’?

## QOSI'MSHA WOQI'W USHI'N MATERIALLAR

### ALDAR KO'SE, MUXTAR KO'SE, DUXTAR KO'SE

Buri'ng'i' wo'tken zamanda, Xorezmnin' yelinde Aldar ko'se degen birew bar yeken. Buxarada da Muxtar ko'se, Duxtar ko'se degen yeki ko'se boli'pti'. Xorezmnen Buxarag'a barg'anlar «Xorezmde Aldar ko'se bar, sizlerden ko'selikti wo'tkeredi» dese «wah, soni' bir ko'rse» deydi yeken.

Buxaradan kelgenler «Buxarada Muxtar ko'se, Duxtar ko'se degen yeki ko'se bar. Wolar sennen ko'selikti wo'tkergen» dese, Aldar ko'se turi'p «wah, solardi' bir ko'rsem, sol jaqqa ketsem» — deydi yeken.

Bir ku'ni Duxtar ko'se menen Muxtar ko'se shi'day almay Xorezmge kelipti.

— Aldar ko'se, seni sonday aldag'i'sh deydi, bizler menen bir kelle ko'rsen' qa'ytedi? — depti. Aldar ko'se tu'rip:

— U'yimde woti'rg'an qonaqsi'zlar, sonli'qtan uyat bolar, du'zge shi'g'ayi'q, — depti. Analar da buni' maqul tawi'pti'.

Aldar ko'se bir qadaq gu'rish, woni' pisiretug'i'n bir qazan tawi'p ali'p, bir tog'aydi'n' ishine bari'p qazandi' asi'p, gu'rishin sali'p, dem beripti de:

— Al Muxtar, Duxtar jora, kim jaqsi' tu's ko'rse, sol jesin, — depti.

Analar maqul dep, u'shewi woshaqti'n' u'sh jag'i'nda jati'pti'. Duxtar ko'se menen Muxtar ko'se i'rastan uyqi'g'a ketken ma'ha'lde, wo'tirik uyqi'lag'ansi'p jatqan Aldar ko'se worni'nan turadi', palawdi'n' bir gu'rishin qoymay jep aladi' da, ja'ne uyqi'lag'an boli'p jati'p aladi'. Analar bir ma'ha'lden son' turi'p Aldar ko'seni woyatadi'. Aldar ko'se turi'p:

— Qa'ne joralar, tu'slerin'di ayti'n', — dedi.

— Men aq at minip aq bultqa shi'qti'm, — deydi Duxtar ko'se.

— Men ko'k at minip, ko'kke shi'qti'm, — deydi, Muxtar ko'se. Aldar ko'seden: — Sen ne tu's ko'rdin'? — deydi. Aldar ko'se: — Sizlerdin' aq at, ko'k at minip barati'rg'ani'n'i'zdi'

ko'rip, keler, keler dep ku'ttim, yendi kelmes dep palawdi' jep qoydi'm, — deydi. Analar qazandi' ashi'p qarasa, hesh na'rse joq.

Pa'nt jegenin bilgen Muxtar ko'se sol jerde turi'p «men toba yettim, Aldar ko'sen' qursi'n, men qaytaman» dep Buxarag'a ketedi. Duxtar ko'se turi'p:

— Joq, men qaytpayman, bul ko'se menen ja'ne bir, yeki ka'lle ko'remen, — dep ketpey qaladi'.

Duxtar ko'seni yertip Aldar ko'se u'yine qayti'p ketedi, wog'an bi'lay deydi:

— Duxtar jora, bizin' yeldin' patshasi' jaqi'nda wo'lip, woni'n' worni'na balasi' patsha bolg'an yedi. Men bir sag'an aqi'l aytaman, biraq ta aldap ketpeysen'!

Sen sol patshag'a bar. Sa'lem berip kir. Men Buxaradag'i' Duxtar bayman de. A'ken'iz a'skerinin' g'a'rejeti jetpey, mennen mi'n' tilla qari'z ali'p yedi. Men a'ken'izdin' densawli'g'i'n bileyin, sa'lem bereyin, sol mi'n' tillamni'n' deregin sorasti'rayi'n dep kelip yedim. Kelsem a'ken'iz du'nyadan qayti'pti'. Yendi a'ken'izge pa'tiya yeteyin ha'm sol mi'n' tillamni'n' deregin bileyin dep sizin' aldi'n'i'zg'a kelip turman de, patshani'n' balasi' isenbey turar. Sen sonda: — Yeger de, isenbesen'iz a'ken'izdin' go'rine barayi'q, a'ken'iz bir pirli adam yedi, men Duxtar bay keldim desem, wol bir saza berer de. Al, sizler bul jaqtan kelemen degenshe men patshani'n' go'rine kirip jati'p, aytatug'i'n so'zlerdi kelistiremen,—deydi.

Duxtar ko'se Aldardi'n' aytqani'n isleydi. Patsha woni'n' so'zine inanbay woti'radi'.

Duxtar turi'p:

— Yeger de inanbasan'i'z atan'i'zdi'n' go'rine ju'rin'. Atan'i'z bir pirli adam yedi. Men, Duxtar bay keldim desem, qalay saza bermes yeken, — deydi.

Patshani'n' balasi' menen Duxtar ko'se patshani'n' go'rine keledi. Duxtar ko'se quran woqi'p boli'p, patshani'n' go'rine qarap:

— Taqsi'r patsham, siz tiri waqti'n'i'zda shi'n a'dalatli' patsha yedin'iz. Men bayag'i' Buxarada sizge mi'n' tilla bergen Duxtar bayman. Sizge sa'lem beriwge ha'm sol

mi'n' tillani' sorawg'a kelsem, siz bunday boli'psi'z. Quday sizge beyishten jay berip, hu'rdin' qi'zi'n qushaqlap jati'rg'an shi'g'arsi'z. Mi'na balan'i'zg'a ayti'n'. Menin' mi'n' tillamdi' bersin. Go'rden saza yesitiledi:

— Duxtar baydan mi'n' tilla qari'z alg'ani'm i'ras. Menin' shi'n hadal perzentim bolsan', mi'n' tillasi'n yeki mi'n' tilla yetip ber.

Aldar ko'se patshani'n' go'rinen ku'ndiz shi'g'i'wg'a qorq-qani'nan keshke deyin jati'p, qaran'g'i' tu'skennen son' u'yine kelip qati'ni'nan soraydi'.

— Duxtar ko'se keldi me?

— Joq.

— Pay, maqaw ko'se-ay. Bizdi aldap ketken-aw, — dep wo'zinin' man'layi'na wo'zi du'mpeshlep qalag'a baradi'. Qalag'a bari'p Duxtar ko'seni ko'rgen bar ma dep sorasa, «Duxtar ko'se 17 ten'gege bir yeshekti sati'p ali'p, Buxarag'a ketti» — degen xabardi' yesitedi.

Aldar ko'se baradi' da birewdin' ati'n ali'p, mi'na jerge bari'p kelemen, sag'an 1 tilla beremen dep, minip jolg'a shi'g'adi'. Ketip barati'ri'p yetikshiden qari'zg'a bir ba'ykemi aq yetik sati'p aladi' da, atli' shawi'p izinen ketedi. Jolda Duxtar ko'senin' qosi'q ayti'p barati'rg'an dawi'si'n yesitip, joldan shi'g'i'p tog'ay menen aldi'n worap bari'p, ba'ykem yetiktin' bir payi'n taslaydi' da, wo'zi ag'ashti'n' panasi'nda jasi'ri'ni'p turadi'. Duxtar ko'se jol menen kiyati'ri'p yetikti ko'rip:

— Pay, mi'na yetikti alar yedim, biraq bir payi' g'ana bar yeken, — dep wo'te beredi.

Aldar ko'se ati'n tog'aydi'n' ishi menen shawi'p woti'ri'p tag'i' Duxtardan wozi'p wo'tip jolg'a yetiktin' yekinshisin taslaydi'. Duxtar ko'rip:

«A'ttegene-ay, bir payi' mi'nda tu'sken yeken g'oy, pay jan'ag'i'ni' nege almadi'm, da'wlettin' azi'-ko'bi bola ma» — dep yesheginen tu'sip yetikti aladi', woni' qorji'ni'na sali'p keynine qaray juwi'ri'p ketedi. Sol ma'ha'l Aldar ko'se keledi de qorji'ni'ndag'i' tillani' ali'p, tog'aydi'n' ishinen keyin qaytadi'. Duxtar ko'se yetikti ali'p, yeshegine kelse, tilla tu'we hesh na'rse joq, «wah, menin' sori'm qursi'n.

Bul is Aldar ko'seden basqa heshkimnin' de isi yemes» — dep, bul da keyin qaytadi'.

Aldar ko'se u'yine qayti'p keledi de, alti'ndi' shi'g'ari'p wortag'a qoyi'p hayali'na bi'lay deydi:

— Mi'na alti'n yekewimizdin' wo'le-wo'lgenshe jewimizge jetedi. Biraq, Duxtar ko'se kelmey qalmaydi'. Sonnan bir ilaji'n tawi'p quti'li'w kerek. Men bari'p patshani'n' go'rine kirip jatayi'n, sen mag'an nan-suw a'kelip turarsan'. Duxtar ko'se keliwden ku'yewim senin' menen birge ketip yedi, ku'yewimdi sen wo'ltirdin', bolmasa tawi'p ber dep shawqi'mdi' shi'g'ari'p jag'asi'nan ali'p jiberme. So'ytip, wonnan quti'lmasaq basqa ilaj joq. — Al, alti'ndi' qay jerge ko'memiz?

Hayali' yekewi woylasi'p, alti'ndi' qazanni'n' tu'beleginin' asti'na ko'mip, u'stine qazandi' qoya beredi. Aldar ko'se qoyni'na yeki nan sali'p, patshani'n' go'rine bari'p kirip jata beredi.

Hayal keyninen tamaq apari'p qayti'p ju'rgenin Duxtar sezgen yedi.

«Bul tillani' Aldar ko'sege bersem, meni quday bir ku'ni urar» dep Aldardikine jetip keledi. Keliwden Aldar ko'senin' hayali' jag'asi'nan tuti'p ali'p, shawqi'mdi' saladi'.

— Ku'yewim senin' menen ketip yedi. Bayi'mdi' sen wo'ltirdin', bolmasa tawi'p ber! — dep betinen ala ketedi.

— Qurdas, toqtap tur, ketken bolsa keler.

— Joq, bayi'mdi' tawi'p ber.

— Al, qurdas, men Buxaraga' qaytpaqshi' boli'p, xoshlasayi'n dep kelip yedim. Mag'an bul jerde dayi'm yeki yeshki, jiyenim yeki yeshki, nemerem yeki yeshki, barli'g'i' alti' yeshki berip yedi. Aldap keteyin desem wol bolmadi', satayi'n desem bul bolmadi', yeshkiler ari'q, yele ko'gin almag'an. Ha'rqaysi'si'ni'n' izinde bir-bir jas i'lag'i' bar. Qoy, buni' dosti'm Aldarg'a berip keteyin, sawi'p iship, ko'gin aldi'ri'p mal yeter dep keldim. Yeshkiler ana to'benin' arjag'i'nda jayi'li'p ju'r, soni' ali'n'lar, — dep, Duxtar ko'se u'yinen shi'g'i'p bir jerde jasi'ri'ni'p jatadi'. Hayali' ku'yewine aparayi'n dep bir gu'zege jarmani' quydi' da «bes yeshki i'lag'i' menen bir talay mal g'oy» dep woylap,

gu'zeni jerge qoyi'p, yeshkini qi'di'ri'p bir to'beden asti', yeki to'beden asti'. Duxtar ko'se gu'zeni aldi' da a'wliyege bari'p, hayali'ni'n' ku'ndegi ju'retug'i'n soqpag'i' menen patshani'n' go'rine bari'p, si'rttan gu'zeni beredi. Hayal dawi'si' menen:

— Ma', Aldar ash boli'p qalg'an shi'g'arsan'-aw, — dedi.

— Duxtar ko'se keldi me?

— Joq, joq kelgen joq. Biraq, yesiktin' aldi'nan uzag'i'raqtan wo'tti.

— Kelse jan'ag'i'ni' isle, alti'n bar ma?

— Aytpaqshi' Aldar-aw. Men sol alti'ndi' qay jerge ko'mgenimizdi umi'ti'p ketip, degbirden sasti'm g'oy.

— Woy, wo'zin' miyaylan yekensen' g'oy. Qazanni'n' asti'na ko'milgeni qayda?

— Aytpaqshi' solay yeken-aw. Miyim qursi'n menin'. Qoy, men qaytayi'n, — dep Duxtar ko'se juwi'ri'p Aldar ko'senin' u'yine keledi. Alti'ndi' aladi', gu'zege qaytadan jarmani' tolti'ri'p worni'na qoyadi' da wo'zi Buxarag'a qaray hayt qoyadi'.

Hayal bes to'beden asti', biraq heshqanday yeshkini taba almadi', sharshadi', yeshkisi de quri'si'n, i'lag'i' da quri'si'n ku'yewim ash boli'p qalg'an shi'g'ar dep u'yine wo'lip-tali'p jetedi. Gu'zeni ala sala a'wliyege qaray juwi'ri'p, Aldar ko'sege baradi'.

— Aldar, Aldar.

— Bul kim?

— Men, ma' mi'na jarmani' iship al!

— Jan'a a'kelip yedin' g'oy.

— Alla ba'rekella, Duxtar ko'se yeken-aw. Sen qayda yedin'? Hayal ba'rin ayti'p beredi. Ku'n bati'p qarang'i' tu'skennen son' Aldar go'rden shi'g'i'p, u'yine kelip hayali'na uri'si'p:

— Qoy, yendi bolmas, wol ko'se yendi jetkermeydi. Ko'y-lek-i'shtani'mdi' juwi'p ber, men Buxarag'a ketemen, — deydi:

Aldar ko'se azi'qlani'p, yeshekli Buxarag'a rawana boladi'.

Duxtar ko'se u'yine jetip alti'ndi' wortag'a qoyadi' da, hayali' menen ken'esedi.

— Mi’naw yeki mi’n’ tilla. Yekewimizdin’ wo’le-wo’lgenimizshe jewimizge jetedi. Biraq, maqaw Aldar ko’se, yerten’ bir ku’n jetip keler. Wonnan yeplep quti’li’p alti’ndi’ wo’zimizge qaldi’rayi’q. Wol ha’rdayi’m mi’na ku’nbati’s ta’repten keledi, yeki ko’zin’ usi’ jaqta bolsi’n. U’ydin’ ana jerine bir boyra to’sep, peshexanani’ quri’p qoy. Ko’rgennen men wo’lgen boli’p jatayi’n, sen way-waydi’ sala ber. So’ytip, bir wonnan quti’layi’q — deydi.

Bir ku’ni Duxtar ko’se menen hayali’ tu’ste shay iship woti’rsa, ku’nbati’s jaqtan yeshekli birewdin’ kiyati’rg’ani’ ko’rinedi.

— Ana birew kiyati’ri’pti’ g’oy, — deydi hayal.

Duxtar qarasa, Aldar ko’senin’ tap wo’zi. Bari’p boyrani’n’ u’stine jata qaladi’, qati’ni’ bay-baydi’ sala beredi. Bir ma’ha’l hayal sharshap bay-bayi’n qoyg’annan keyin Aldar ko’se mun’ayi’p ji’lamsi’rap:

— Duxtar menin’ bir joram yedi. Woni’ hu’rmetlep wo’z qoli’m menen aq jawi’p, ari’w kepinlep ko’meyin. Suw i’si’t qurdas, — deydi.

Aldar ko’se wo’likti arqasi’na tan’i’p ali’p kete beredi. Bir waqlari’ tog’aydi’n’ ishindegi bir a’wliyege baradi’. Za’n’gige tan’i’lg’an Duxtar ko’senin’ ayag’i’n joqari’ qarati’p, basi’n to’men qarati’p bir mazardi’n’ diywali’na su’yep qoyadi’ da, wo’zi sol jerdegi bir jayg’a kiredi. «U’h» dep demin ali’p woti’rg’anda g’awi’rlasi’p bir top adamlar kele beredi. Aldar qasi’nda turg’an gewek tomarg’a kirip jata beredi. Bul kelgen qi’rq qaraqshi’ yeken. Usi’ jerge kelip urli’qtan tapqan dunyalari’n bo’lisedi yeken. Ha’mmesi attan tu’sip wortag’a du’nya, puldi’ qoyadi’. Bir jas u’lkeni ha’mme na’rselerdi ten’ bo’ledi. Bo’linbey tek bir hasi’l qi’li’sh qaladi’. Wol qi’li’shti’ jigitlerdin’ barli’g’i’ da alg’i’si’ keledi. Woni’ qaraqshi’lardi’n’ basli’g’i’ sezip:

— Bul qi’li’shti’ anaw turg’an u’lken gewek tomardi’ bir urg’anda kim qi’yi’p tu’sirse, sol aladi’, — deydi. Bir jigit sekirip turi’p:

— Men shabaman, — dep qi’li’shti’ ko’tere bergende, Aldar ko’se shi’g’a ta’p beredi:

— Wo’liler, tirini basi’n’? — dep baqi’radi’.

Duxtar ko'se de kepinin ji'rti'p, qoli'n shi'g'ari'p, za'n'gisin su'yretip:

— Wo'liler, tirini basi'n', dep baqi'ri'p, qaraqshi'larg'a ta'p beredi. Qaraqshi'lar du'nyani' taslay sala atlari'na minip qashadi'. Qashi'p bi'lay shi'qqan son' basli'g'i':

— Usi' a'wliyege buri'n yeki qoydan sadaqa a'keletug'i'n yedik. Bul sapari' na'psiqawli'q yetip, qoy a'kelmedik. A'ne, soni'n' na'tiyjesi shi'g'ar. Yendi sonsha du'nyani' qalay qi'yi'p taslap ketemiz, aqi'ri'n g'ana an'li'p kelin', — dep yeki adamdi' jiberedi.

Wolar bari'p diywaldan si'g'alap turi'p ishtegi: «Ha', menin' jari'm puli'm qayda» — dep baqi'ri'sqan sesti yesitedi.

Sol waqi'tta su'yewli turg'an tabi'ttag'i' Duxtar, qasi'nda ti'n'lap turg'anlardi'n' taqi'yasi'n i'laqti'ri'p, «jetpese ma' sag'an» — dep baqi'radi'. Bulardi'n' qorqqani' sonday, barg'an son' yentigip zorg'a so'yleydi.

Qaraqshi'lar «du'nyasi' quri'si'n» dep ketip qaladi'.

Aldar ko'se woljani'n' ha'mmesin wortag'a sali'p:

— Ali'p kel yeki mi'n' tillani', qosi'p bo'lemiz, — deydi Duxtarg'a.

Duxtar ko'se yeki mi'n' tillani' ali'p keledi. So'ytip, du'nyani'n' ba'rin ten' bo'ledi. Wortada tek pul qaladi'. Soni' bir-birewine ko'zi qi'ymay ko'p waqi't woti'radi'. Aqi'ri'nda woni' qi'li'sh penen yeki bo'lip aladi'. So'ytip, Aldar ko'se Xorezmge qaytadi'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar:***

1. Aldar ko'se haqqi'nda ja'ne qanday a'n'gimelerdi bilesiz?
2. Aldar ko'se, Muxtar ko'se ha'm Duxtar ko'senin' so'zlerin obrazg'a tu'sip ayti'p berin'.
3. Ata-anan'i'zdan Wo'mirbek laqqi' ha'm Aldar ko'se haqqi'ndag'i' ku'ldirgi so'zlerdi sorap jazi'p ali'n'.

## SUMLI'G'I' BASI'NA JETKEN TU'LKI

Buri'ng'i' wo'tken zamanda tu'lki, sag'al, don'i'z, g'arg'a, ayi'w besewi joldas boladi'. Jolda barati'ri'p wolar ash boli'p, sag'al tu'lkige:

— Tu’lki jora, ash boldi’q g’oy, bir ilaji’n tappaysan’ ba? —deydi. Sonda tu’lki:

— Tu’lki-tu’lki tu’n asar,
Quyri’qlari’ mi’n’ asar,
Sag’al bolsa shadi’bek,
Don’i’z bolsa dosi’bek,
G’arg’a bolsa g’an’qi’ldaq,
Kelin’ jeyik ayi’wdi’! — deydi.

Sol jerde ha’mmesi bas sali’p ayi’wdi’ jep qoyadi’. Tag’i’ da alg’a kete beredi. Bir jerlerge barg’anda sag’al ash boli’p, tu’lkige qarap:

— Tu’lki jora, ash boldi’q g’oy, bir na’rse taba go’r, — deydi. Sonda tu’lki tag’i’:

— Tu’lki-tu’lki tu’n asar,
Quyri’qlari’ mi’n’ asar,
Sag’al bolsa shadi’bek,
G’arg’a bolsa g’an’qi’ldaq,
Kelin’ jeyik don’i’zdi’! — deydi.

Sonnan keyin wolar don’i’zdi’ da jep aladi’. Tamaqlari’n toydi’ri’p ali’p, sol jerde ja’ne kete beredi. Bir jerlerge barg’anda, ja’ne sag’al ash boladi’ ha’m wol tu’lkige wo’tinip:

— Tu’lki jora, bizlerdi ashtan wo’ltiretug’i’n bolmasan’, ja’ne bir ilaji’n iretlestirego’r? — dep jali’nadi’. Sonda tu’lki turi’p:

— Tu’lki-tu’lki tu’n asar,
Quyri’qlari’ mi’n’ asar,
Sag’al bolsa shadi’bek,
G’arg’a bolsa g’an’qi’ldaq,
Kelin’ jeyik g’arg’ani’! — deydi.

Tu’lki menen sag’al g’arg’ani’ da jep qoyadi’. Yekewi alg’a qarap kete beredi. Bir waqi’tlari’ tu’lki sag’aldan wozi’p ketip, bir putani’n’ tu’binde woti’ri’p, wo’zinin’ jasi’ri’p ash bolg’anda jermen dep ju’rgen isheklerin shi’g’ari’p ali’p, jep baslaydi’. Buni’n’ u’stine sag’al kelip:

— Tu'lki jora, sen ne qi'li'p ati'rsan'? — deydi.

— A'y, nesin soraysan', ash bolg'anli'qtan qarni'mdi' pi'shaq penen jari'p, wo'z ishegimdi wo'zim jep ati'rman, jora, —deydi tu'lki. Ash boli'p kiyati'rg'an sag'al bug'an inani'p:

— Woy-boy tu'lki jora, wonday bolatug'i'n bolsa, pi'sha-g'i'n'di' mag'an da berip tur, men de qarni'mdi' jari'p, ishegimdi ali'p jeyin, — deydi. Tu'lki sag'alg'a pi'shag'i'n beredi. Sag'al ishine pi'shaq uradi' ha'm sol jerde wo'lip qaladi'.

Tu'lki sag'aldi' da jep boli'p, jo'nine kete beredi. Jolda kiyati'ri'p wol bir kiyiktin' qaqpang'a tu'sip ati'rg'ani'n ko'redi. Tu'lki kiyikti jeyin dese qaqpang'a tu'sip qalarman dep qorqi'p, kiyikke jaqi'n jerdegi bir putani'n' tu'binde si'rttan an'li'p jata beredi. Jatqanni'n' u'stine basqa bir sag'al kelip:

— Ha'y tu'lki jora, qasi'n'dag'i' kiyikti jemey ne qi'li'p woti'rsan'? — dep soraydi'.

— Ha'y jora, sorama, menin' awi'zi'm woraza yedi, sira' sag'an buyi'rg'an shi'g'ar, sen-aq jey g'oy, — deydi. Sag'al tu'lkinin' aytqani'na inani'p, keyikti jeyin dep ati'rg'anda quri'wli' turg'an qaqpang'a tu'sip qaladi'.

Tu'lki bul sag'aldi' da, kiyikti de jep tog'aydi'n' ishinde mardan'lap kiyati'rsa, wotlap ju'rgen bir yeshkige duslasadi'.

Tu'lki yeshkige kelip:

— Ha'y yeshki jora, men seni ha'zir jeymen, — deydi.

— Jaq, tu'lki jora, menin' bir wo'zimdi jegen menen nen' shi'g'adi'.

U'yde u'sh i'lag'i'm qali'p yedi, solardi' ha'zir yertip kele-yin, u'shewimizdi qosa jey g'oy, — deydi yeshki. Tu'lki buni' maqul ko'redi. Yeshki tu'lkiden quti'lg'ani'na quwani'p, i'laq-lari'na qosi'ladi'. Tu'lki yeshkinin' aldap ketkenine ashi'wlani'p kiyati'rsa, aldi'nan bir qoy shi'g'adi'.

— Al, qoy jora, men seni jeymen, — dep ta'p beredi. Sonda qoy:

— Jaq, tu'lki jora, sen meni jemey tur. Menin' ha'r tu'rli woyi'nlari'm bar.

Sen sol woyi'nlari'mdi' ko'r, wonnan keyin jesen' i'rza-man, — dep wo'tinedi. Tu'lki kelisim beredi. Qoy: A'nekey,

minekey ko’rdin’ be, qi’zi’q pa? — dep shapshi’p-sekirip ju’rip iyesinin’ u’yine keledi de, qorag’a kirip ketedi. Tu’lki qoydan da pa’nt jep, qapa boli’p kiyati’rsa, aldi’nan bir at shi’g’adi’. Sonda tu’lki turi’p:

— Al, at jora, men seni jemesem bolmaydi’.

— Jesen’ jey g’oy, biraq art betimde jazi’lg’an xati’m bar yedi, soni’ woqi’p boli’p, wonnan keyin jesen’ ku’ta jaqsi’ bolar yedi, — deydi at. Tu’lki wog’an inani’p, wol qanday xat yeken, dep atti’n’ arti’na aylana bergende, at ayaqlap turi’p sa’ddelep jiberedi. Tu’lkinin’ man’layi’ qaq ayri’ladi’. Wo’leyin dep ati’ri’p tu’lki:

— Aldi’mnan shi’qti’ bir yeshki,
Nege kerek yedi u’sh yeshki?
Aldi’mnan shi’qti’ qoyi’m,
Nege kerek yedi woyi’n?
Aldi’mnan shi’qti’ bir at,
Nege kerek yedi wol xat?

— Way-way, man’layi’m! — dep zir-zir qati’p, wo’z sumli’g’i’ basi’na jetip, jatqan jerde jan tapsi’radi’.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

1. Tu’lki yeshkiden ha’m attan qalay aldanadi’?
2. Tu’lkinin’ sumli’g’i’ wo’z basi’na qalay jetti?
3. Yertekti rolge bo’lip woqi’n’.
4. Mug’allimnin’ ja’rdemi menen yertektin’ astarli’ ma’nisin ayti’p berin’.

## Naqi’l

Birewge go’r qazba wo’zin’ tu’sersen’.

## BAYNIYAZ QAYI’PNAZAROV

## TEGIN NAN

*(Xali’q yertegi boyi’nsha)*

Wo’miri wo’tken du’z benen,
Yen’keyip bir sho’p u’zbegen.

Yep-sep penen ku'n keshirip,
Miynet yetpey ha'z izlegen.

Tegin nang'a bas saladi',
Qoli' jetpey ash qaladi'.
Su'wretlep ko'rsetiw ushi'n
Yertek bi'lay baslanadi':

Qi'yi'nshi'li'qti' pisent qi'lmay,
Bilegine ku'shi si'ymay.
Tan'nan turi'p ko'k shalg'i'nda,
Diyxan pishen wordi' ti'nbay.

Jigerlenip miynet yetip,
A'bden sharshap hali' ketip.
Saya jerge woti'rdi' wol,
Dem alayi'n dep ha'z yetip.

Shi'g'ari'p bir tu'yinshikti,
Aqi'ri'n awzi'n sheshipti.
Aldi'na jayi'p dasturqan,
Nan jemekke kirisipti.

Wog'ada qarni' ash bolg'an,
Bir qasqi'r shi'g'i'p wormannan.
Sayali' jerde ko'ripti,
Diyqandi' nan jep woti'rg'an.

Qaseken' jorti'p-jelipti,
Jani'na jaqi'n kelipti.
— Sen neni jep woti'rsan', — dep
Juti'ni'p soraw beripti.

Dalada ju'rgen an' deydi,
Wo'zin' bir qi'zi'q jan deydi.
Miynetimnin' miywasi' bul,
Jegenim menin' — nan, — deydi.

— Nan degen shiyrin be, qanday?
— Mazali' bolg'anda palday.
— Da'minen tati'p ko'reyin,
Mag'an da bershi azg'antay.

Degenin maqul ko'ripti,
Diyqanni'n' kewli iyipti.
Si'ndi'ri'p ali'p nani'nan,
Qasqi'rg'a je dep beripti.

Jep ko'rse tawi'p won'aydi',
Qasqi'rg'a nan di'm unaydi'.
— Keledi jegim ha'r ku'ni,
Joli'n ayt sen dep soraydi'.

Qasqi'rman ju'rgen wormanda,
Nan turma mag'an bul manda.
Qa'ytkende jeymen nan tawi'p,
Aqi'l ber wo'zin' wonnan da.

— Meyli, bi'lay buni'n' jo'ni,
Dedi diyqan ti'n'la meni.
Qaydan, qalay nan tabi'wg'a,
U'yreteyin yendi seni.

Dep qasqi'rg'a tigip ko'zin,
U'yretedi istin' jo'nin.
Aldi' menen mayda yetip,
Jerdi su'riw kerekligin.

Dedi sonda nan bola ma?
— Joq tura tur, albi'rama.
Su'rip bolg'annan son' tag'i',
Jerge basi'w kerek mala.

Diyqanni'n' so'zlerin ti'n'lap,
Nan jew mu'mkin be dep shi'ntlap.

Ushi’p-ushi’p quwanadi’
Qaseken’ quyri’g’i’n bi’lg’ap.

— Qanday shi’damsi’zsan’, to’zsen’,
Qol qabarti’p miynet yetsen’.
Wol wo’nim beriwi kerek,
Jerge da’slep buwday yeksen’.

— Nan tayi’n bola ma sonda?
Dedi qasqi’r juti’ndi’ da.
— Joq, ku’te tur, yekken buwday,
Ko’geredi gu’z bolg’anda.

Qi’sta suwi’qqa u’sedi,
Ba’ha’rde ko’klep wo’sedi.
Baslaydi’, gu’llep da’n baylap,
Ha’sette toli’q pisedi.

Qaseken’ gu’rsindi qatti’,
Uzaq ku’tiw jang’a batti’.
Al, sonda buwday piskende,
Nan jeymen be dep til qatti’.

— Nan jew qayda yele sag’an,
Maqul bolar asi’qpag’an.
Soni’n’ ushi’n deydi diyqan,
Qulag’i’n’di’ sal mi’nag’an.

Da’slep buwdaydi’ worasan’,
Da’stelep qatar qoyasan’.
Wonnan son’ ta’rtip boyi’nsha,
Da’steni ku’nge jayasan’.

Wolardi’ samallatasan’,
Ha’m quyashta quwratasan’.
Wonnan son’ woni’ gu’dilep,
Qi’rman jayg’a ji’ynatasan’.

— Sonda men jeymen be nandi'?
— Qoya tur sen asi'qqandi'!
Yen' birinshi isler isin',
Tu'yeklew kerek paqaldi'.

Qapshi'qqa da'nin salasan',
Qarazg'a ali'p barasan'.
Wol jerde woni' tartti'ri'p,
Un yetip ali'p qaytasan'.

— Bolg'ani' ma? — Joq, qoya tur!
Unnan iylenedi qami'r.
Ashi'g'an son' kerek woni',
Jabi'w ushi'n qi'zg'an tandi'r.

— So'ytip, sonda pise me nan?
— Awa, yendi pisedi nan,
Qa'legenshe jey beresen',
Dep so'zin tawi'sti' diyqan.

Qasqi'r woylani'p qaladi',
Jelkesin qasi'p aladi'.
Mi'nawi'n' qi'yi'n yeken dep,
Gu'rrin'in dawam qi'ladi'.

— Joq, bul mag'an unamaydi',
To'zimim de shi'damaydi'.
Mashaqatli', wo'zi qi'yi'n,
Uzaq ku'tiwge bolmaydi'.

Wonnan da ken'es ber mag'an.
Ashli'q da'rti wo'tti jaman.
Miynet yetiw xosh jaqpaydi',
Qalay tegin nan tabaman?

— Wonda meylin', — dedi diyqan,
Miynet yetip jemesen' nan.

Jan qi'ynap ko'rmey wo'zin'nin',
Qa'legenin' je tegin nan,

Ur adi'mdi' i'lg'al yetip,
Jaylaw betke bar tez jetip.
Wol jerde at jayi'li'p ju'r,
Yerkinshe wotlap ha'z yetip.

Qa'seken' jaylawg'a keldi,
Wotlap ju'rgen atti' ko'rdi.
— Ha, at jora, ha, at jora,
Al, men seni jeymen dedi.

— Meyli, jesen' je dedi at,
Tek sol ushi'n bolaman shad.
Wo'zin' ju'da' ash boli'psan',
Jep ala g'oy yensin quwat.

Puxta yetip islerin'di,
Da'slep sali'p ku'shlerin'di.
Ayag'i'mnan tag'ani' al,
Si'ndi'rmasi'n tislerin'di.

Bul da bir duri's ga'p yeken,
Dedi kelisip qaseken'.
Tag'asi'n alsam ayaqtan,
Tep-tegin awqat-as yeken.

Dedi de mag'an sol kerek,
Sekire shapshi'p pa'tlirek.
Tag'asi'n ala bergende,
At tepti qatti' sa'ddelep.

Tiygen waqta pa'tli tepki,
Qaseken' jumalap ketti.
Wo'limnen zorg'a quti'li'p,
Ag'i'sli' da'ryag'a jetti...

Ju'rmeymen yendi ash qali'p,
Aldanbayman da bos qali'p!
Joli'mda ne joli'qsa da,
Men jeymen woni' bas sali'p...

Dep turg'an waqta so'ylenip,
Bayag'i' diyqan dus kelip.
Na'r tatpag'an ash qasqi'rg'a,
Tigilip turdi' irkilip.

Yesitip ma'nissiz so'zin,
Hayran qali'p qadap ko'zin.
Mardi'yi'p so'yledi diyqan,
Mazaqlap qasqi'rdi'n' wo'zin:

— Tayi'ng'a tayar qayri'ldi'n',
Jey almay woni' mayri'ldi'n'.
Miynetin shekpey nan izlep,
Aqi'ri' wonnan ayri'ldi'n'.

Yertekte ma'ni ko'p yeken,
Miynetkesh diyqan toq yeken.
Usi' bir jalqaw qasqi'rday,
Is jaqpasqa nan joq yeken!

***Soraw ha'm tapsi'rmalar:***

1. Poemada qasqi'r obrazi' arqali' neler su'wretlengen?
2. Diyqan qasqi'rg'a nelerdi wa'siyat yetti?
3. At qasqi'rdi' qalay jazaladi'?
4. Diyqan menen qasqi'rdi'n' dialogi'n tekstten tawi'p woqi'n', mazmuni'n ayti'p berin'.
5. «Miynet tu'bi — ra'ha't» atamasi'nda shi'g'arma jazi'n'.

## Naqi'l

Jaqsi'ni'n' jati' bolmas,
Jamanni'n' uyati' bolmas.

## TO’LEPBERGEN MA’TMURATOV

## ISENBEYMEN BASQA JA’NNET BAR DESE

Isenbeymen,
Basqa naman’ bar dese,
Isenbeymen —
Basqa anan’ bar dese,
Isenbeymen
Basqa atan’ bar dese,
Isenbeymen —
Basqa Watan bar dese,
Isenbeymen-
Basqa ziynet bar dese,
Isenbeymen —
Basqa hu’rmet bar dese,
Sen ja’nnetsen’,
Sen ja’nnetsen’, Watani’m,
Isenbeymen —
Basqa ja’nnet bar dese.
Wo’z Watani’m,
Bawi’ri’na tarti’p tur.
Topi’rag’i’ paxta wo’sken dalamni’n’.
Ko’kke wo’sken
Tokiodan arti’qdur,
Bir qi’si’m bop
Nyu-Yorkta ju’rgenshe,
Ju’reyin-da’ Shaxamanda shalqi’p bir!
Ay-hay, jerim,
Ay-hay, ana topi’rag’i’m,
Anali’q senin’ iyisin’
An’qi’p tur mag’an, an’qi’p tur.

### *2*

Xalqi’m bar menin’,
Birligin ayti’p,
Hu’rligin ayti’p maqtarman.
Wo’tse de waqi’t

Wo'shpeydi ati' xatlardan.
Ju'rekke worap,
Sezimge worap saqlarman.

*3*

Wo'z yelimde tas to'sep ber,
Jatayi'n.
Basqa yeldin',
Mami'g'i'nda jatpayman,
Zat kerek pe,
Az kerek pe, ko'p kerek pe,
Satayi'n.
Biraq ta, men
Watani'mdi',
Xalqi'mdi',
Ideyamdi' satpayman.

## AYI'RMA

Men haqqi'nda shi'g'ari'p hu'kim,
Ayi'r meni bayram-toyi'n'nan.
Bolsi'n desen' shadli'g'i'm pu'tin,
Qosi'g'i'mnan meni ayi'rman'.

Aq ko'kirek bolsa ha'r adam,
Sumli'q bolmas aqi'l-woyi'nda.
Ayi'r meni wo'tirik-jaladan,
Hadalli'qtan meni ayi'rma.

Shadli'q tawi'p usi' bostannan,
Quwani'shi'm si'ymas qoyi'ng'a.
Ayi'r meni jalg'an doslardan,
Hadal doslari'mnan ayi'rma.

Bul du'nyada i'ras so'zlerden
Qi'mbati'raq ne bar shayi'rg'a!
Ayi'r meni shiyrin tu'slerden,
Ashshi' haqi'yqattan ayi'rma.

Ne bir, ne bir awi'r ju'klerden,
Salmaq tu'sip tursi'n moyi'ng'a.
Ayi'r meni jen'ilteklerden,
Awi'rli'qtan meni ayi'rma.

Watani'ma so'z aytpa woynap,
Tu'simde de wonnan ayi'rma.
Jazalasan', jazala baylap,
Ana jerde wo'sken qayi'n'g'a.

Shi'rayi'mdi' urlayi'n desen',
Jasli'g'i'mnan ayi'r qayi'lman.
Ardan ju'da' qi'lmayi'n desen',
Ana jerden meni ayi'rma.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar:***

1. «Isenbeymen basqa ja'nnet bar dese» qosi'g'i'nda shayi'r wo'z watani'n qaysi' qalalardan u'stin qoyg'an?
2. Shayi'r «Ayi'rma» qosi'g'i'nda wo'z watani', ar-nami'si' ushi'n nelerden ayri'li'wg'a qayi'l boladi'? «Wo'zge yelde patsha bolg'ansha, wo'z yelin'de shopan bol» atamasi'nda shi'g'arma jazi'n'.
3. Qosi'qti' yadlan' ha'm mazmuni'n so'ylep berin'.

## YAQI'PBAY A'JIMOV

## TEN'IZDI TOLTI'RG'AN YEGIZ BATI'RLAR

Buri'ng'i' wo'tken zamanda Iyrim atli' u'lken ko'k ten'iz boli'pti'. Ten'iz payda bolmastan buri'n bul jer mudami' iyrimlenip turatug'i'n ko'l bolg'an yeken. Woni'n' iyrimi talay bali'qshi'lardi' juti'p ketken. Sol sebepli woni' xali'q Iyrim dep atapti'.

Iyrimnin' jag'asi'na yesap-sansi'z xali'q ma'kan basi'pti'. Wol xali'qti'n' ku'ni usi' ten'izdin' bali'g'i', qusi' ha'm an'lari' menen keshipti. Negizgi talabi' da bali'q awlaw boli'pti'. Al, ten'iz barli'q tiri marjang'a bay bolg'an yeken. So'ytip, xali'q a'sirler boyi' baxi'tli', uwayi'm-qayg'i'si'z jasay beripti.

Ku'nlerden bir ku'n xali'q ten'izinin' qayti'p, quri'p barati'rg'ani'n sezipti. Ne islerin bilmey ha'mme ta'shwishlene baslapti'.

— Wo, ta'n'irim, sen bizin' bul ku'nimizdi ko'p ko'rdin' be? Jalbari'ni'p sorayman, mi'na qara ko'zlerin'di aya, — dep aq saqalli' g'arri'lar qudaydan ma'det sorapti'. Sadaqa beripti. Biraq, ten'iz suwi' ku'nnen-ku'nge azaya beripti.

— Joq, joldaslar, bunnan is pitpeydi. Qudayg'a qansha jalbari'ng'an menen bir tamshi' suw qosi'lmaydi'. Buni'n' ilaji'n ko'riw kerek! — depti ko'pshiliktin' ishinen birew.

— Qa'ne, sonda ne islew kerek? Ne demekshisen'? — depti yekinshi birew.

— Ko'p yeglenbey «suw patshasi'»na bari'p ma'sla'ha't soraw kerek.

— Joq, bizge basqa xali'qlar ja'rdem bersin!

— Yeger basqalardi'n' ja'rdemin ku'tsek, kesh qalami'z. Son' wo'kinemiz. Ha'zir-aq «suw patshasi'»na barayi'q!

Bir topar adam «suw patshasi'»ni'n' u'yine kelipti. Suw patshasi' ju'z jastan asqan, soqi'r, appaq saqali' beline tu's-ken g'arri' yedi. Wol g'arri'ni'n' ata-babasi' da «suw pat-shasi'» degen laqap penen wo'lip ketken. Wo'ytkeni, buri'n da Iyrim qayti'p, xali'q basi'na qayg'i' tu'skende, usi' g'arri'ni'n' bir babasi' ten'izdi qayta tolti'ri'p bergen yeken.

— Men qartaydi'm. Ayaq joli'mdi' ko're almayman. Ku'sh-quwati'm joq. Biraq, ma'sla'ha't bereyin, — depti g'arri'. — Ishin'izde ari'slan ju'rekli, ma'rt jigitler bar ma?

Adamlar bir-birine qarasi'pti'.

— Yer ju'rek adamlar bolmasa, men aytqan ma'sla'ha'tti wori'nlaw qi'yi'n boladi'. Bul ju'da' qa'wipli ha'm masha-qatli' is. Aqi'ri', basi'n'di' wo'limge tigiwge de tuwra keledi, —depti g'arri'. — Ma'rtlik penen qosa aqi'lli'li'q kerek.

Adamlar ja'ne bir-birine qarasi'p, iynin qi'si'pti'.

— Yaq ata, ishimizde wonday ma'rtler joq ko'rinedi, — depti adamlardi'n' birewi. — Biraq, xali'qti'n' ishinen tabi'li'p qalar.

— Wolay bolsa, xali'qti' ji'ynan'. Men wolardi'n' aldi'nda aytayi'n, — depti g'arri'.

Xali'q ji'ynali'pti'. G'arri' wolardi'n' aldi'nda turi'p:

— Xalqi'm, tirishiligimiz tiregi bolg'an ten'izimiz quri'p barati'r. Bul bizge Ta'n'irim jibergen apat yemes, woni' tolti'ri'wg'a boladi'. Bul ushi'n bizin' ma'rtligimiz, qaysarli'g'i'mi'z ha'm aqi'l-parasati'mi'z kerek! Yag'ni'y, tezirek bultlar ha'm da'ryalar patshali'g'i'na jol ali'wi'mi'z za'ru'r. Jolda aydarha, da'w ha'm jalmawi'z kempirler bar. Wolar menen ayqasqanday ku'sh, hiyle kerek. Wolardi' jen'ip, da'ryalardi'n' bo'getlerin, bultlardi'n' ti'g'i'nlari'n ali'p qaytpasaq, tirishiligimiz qa'wip asti'nda qaladi', — depti soqi'r ko'zinen jas tami'p.

— Woy-buw! Ku'ta' qorqi'ni'shli' yeken g'oy. Aydarha, da'w, jalmawi'z kempir, joq-joq, jasag'i'mi'z keledi, — depti ko'pshilik bir-birine qarasi'p.

— Sizler jasarsi'z, biraq, balalari'n'i'zdi'n' keleshegin woylamaysi'z ba?... Wolay bolsa, wo'zlerin'iz bilin'. Biraq, xali'q ushi'n, mi'na jawdi'rasqan qara ko'zler ushi'n wo'lip ketiwdin' wo'zi baxi't! — depti g'arri'.

Tag'i' biraz ji'm-ji'rtli'q hu'kim su'ripti.

— Bizler barami'z!!!

Ha'mme kishkentay yeki balani'n' topti' qaq jari'p, wortag'a shi'g'i'p kiyati'rg'ani'n ko'rip, awi'zlari' ashi'li'p qali'pti'.

— Ha'y balalar, bul woyi'n na'rse yemes!

— Bizler woynap turg'ani'mi'z joq. Barami'z dedik pe, barami'z! — depti yeki bala.

Bular «suw patshasi'»ni'n' aqli'qlari' — Ari'slan ha'm Azat yedi.

— Ata, — dep Ari'slan, — biz, Azat yekewimiz kelisip aldi'q. Men bultlar patshali'g'i'na, al, wol da'ryalar patshali'g'i'na jol aladi'. Qollari'mi'zda mine, ata-babalari'mi'zdan qalg'an terige si'zi'lg'an qupi'ya si'zi'lma. Bunda qalay bari'w kerekligi si'zi'p ko'rsetilgen.

— Ha' ba'leler, qashshan tawi'p ali'psi'zlar-da'! Bul ten'izdi tolti'ri'w tek bizlerdin' u'rim-putag'i'mi'zdi'n' man'layi'na jazi'lg'an ko'rinedi. Ne ila'j! Men sizlerdin' ma'rt yekenliklerin'izdi de biletug'i'n yedim. Biraq, yele jassi'zlar g'oy, jan'a won alti'g'a shi'qti'n'i'z.

— Yaq, ata, barayi'q! Wonnansha bizge aq pa'tiyan'i'zdi' berin'?!

— Ma'yli, balalari'm, — depti g'arri' biraz woylani'p turi'p. — Haq jol, sizlerge! Aman bari'p, saw qayti'n'! A'wmiyin! — dep g'arri' aq pa'tiyasi'n beripti.

Ari'slan ha'm Azat jolg'a atlani'pti'.

* * *

Bultlar patshali'g'i'ni'n' qupi'ya si'zi'lmasi'n qoli'na uslag'an Ari'slan tuwri' taw u'n'girinde jasaytug'i'n jalmawi'z kempirge kelipti. Bul gezde jalmawi'z kempir shi'rt uyqi'g'a ketip, qatti' quri'ldap ati'r yeken. A'ste yen'beklep, sezdirmesten woni'n' qasi'na kelipti. Saqli'q kerek, aqi'ri'! Jalmawi'z kempir sezgir boladi'. Wol soni' woyladi' da, tawdi'n' tasi'na wo'sip turg'an uwli' sho'pti jalmawi'z kempirdin' murni'na ti'qti'. Yendi qorqpasa da boladi'. Wol jalmawi'z kempirdin' basi'na dastani'p jati'rg'an si'pi'rani' tawi'p aldi', son' wog'an woti'rdi' da, bultlar patshali'g'i'ni'n' da'rwaza-si'ni'n' aldi'na kelip qoni'pti'. Da'rwazani'n' yeki jag'i'nda yeki da'w bir-birine su'yenip uyqi'lap turg'an yeken. Da'w bolg'anda qanday! Ha'rqaysi'si' bes metr keledi-aw, sira'! Wonnan qalay wo'tse boladi'? Woylana basladi'. Wolar menen ayqasi'wg'a ku'shi jetpeydi. Bul jerde tek hiyle kerek. Wol uzaq woylani'pti'. Birden alti'n ha'ripler menen jazi'li'p, diywalg'a qi'sti'ri'lg'an terige ko'zi tu'sipti ha'm woni' woqi'y baslapti'. «Kim de kim bultlar patshasi'ni'n' qi'zi' Minay malikag'a u'ylengisi kelse, mi'na to'mendegi u'sh sha'rtti wori'nlawi' tiyis.

Birinshisi: patshani'n' bas ken'esshisinin' qa'legen u'sh sorawi'na juwap beriw;

Yekinshisi: patshani'n' yen' genje hayali'n qa'stelikten qutqari'w;

U'shinshisi: u'sh dani'shpanli'q ga'p, wol ga'pler bultlar patshasi' ushi'n a'hmiyetke iye boli'wi' tiyis — degen jazi'wlar yeken.

Bala tag'i' woylani'pti': — Nege yendi usi' sha'rtlerdi wori'nlay almayman? A'lbette, wori'nlawi'm tiyis, — depti wo'zinshe. Son' da'wlerge ko'rsetpesten sha'rtler jazi'lg'an

terini juli’p ali’pti’ da, qoyni’na ti’g’i’p, da’rwaza aldi’na kelipti. Woni’ ko’rgen da’wler:

— Ha’y bala, toqta! Kelis qaydan, bari’s qayda? — depti yekewi birden dawi’s qosi’p.

— Men bultlar patshali’g’i’ni’n’ aldi’na kiyati’rman. Jer wa’kilimen. Mi’na dag’azani’ ildiripsizler. Patsha qi’zi’na u’ylenbekshimen, — depti bala.

— Patsha qi’zi’na! Malikag’a! Mi’na sen, ya? Pah, tapqan yekensen’ a’wmeser da’wlerdi! Ket! Kelgen joli’n’a tu’s. Bolmasa... Da’wler balani’ alaqani’na woti’rg’i’zi’p ali’pti’.

— Isenbeysizler me? Aqi’ri’, men sizlerdey ku’shli, suli’w, aqi’lli’, da’wlerdi aldawg’a qalay ju’reksinemen? Yeger aldap ati’rg’an bolsam, sizler meni qa’legen waqi’tta jep qoyi’wi’n’i’z mu’mkin, — depti bala hesh seskenbesten.

— Awa, awa, duri’s aytadi’, — depti da’wler bir-birine qarasi’p. — Usi’ mushtay balani’n’ qoli’nan ne keler diysen’? Barsi’n, bara bersin, sha’rtlerdi wori’nlay almasa ba’ribir bizlersiz-aq basi’ ketetug’i’ni’ turg’an ga’p g’oy.

Da’wler alti’n da’rwazag’a qulpi’ri’lg’an alti’n quli’plardi’ ashi’p, Ari’slandi’ sarayg’a kirgizipti. Ja’lladlardi’n’ birewi woni’ tuwri’ patshani’n’ aldi’na ali’p kelipti.

— Yeger sha’rtlerdi wori’nlay almasan’ basi’n’ gewden’nen juda bolatug’i’ni’n bilesen’ be? — depti patsha.

— A’lbette, taqsi’r! Bul jerge sog’an qayi’l bolg’anlar g’ana kelse kerek.

— Astawpi’ralla! Mi’na mushtay balani’n’ juwabi’na qara! Wo’zi de yer ju’rek, qaysar qusaydi’! — depti wa’zirlerdin’ birewi.

— Ko’len’kege qarap ko’ylek pishpeydi, — depti bala.

Patsha bul so’zdin’ ma’nisin shag’a almay, bas ken’esgo’yine qarapti’. Bas ken’esgo’yi de iynin qi’si’pti’. Son’ patsha tag’i’ bas ken’esgo’yine qarap:

— Qa’ne, balag’a birinshi sha’rtin’di ayt, — depti.

Bas ken’esgo’yi basi’n qasi’p, biraz woylani’p turi’pti’ da:

— Woy, jer wa’kili yekensen’, qaysi’ millettensen’, — depti balag’a qarap.

— Qaraqalpaqpan.

«Qaraqalpaq!... He, anaw Yerejep tentek penen Yernazar alako’zdin’ Watani’nan dese?! A’ytewirde qaysarsan’-aw! Wo’z

xalqi’n’ni’n’ tariyxi’n bilsen’ kerek?... Men sag’an rus xalqi’na baylani’sli’ soraw beremen. Qa’ne aytshi’, rus patshasi’ menen a’skerbasi’lari’nan kimlerdi bilesen’?

Bala ko’p woylani’p turmay:

— Petr I, Nikolay, Ivan Grozni’y, Kutuzov, Suvorov, Pugashyov, Stepan Razin... — dep dizip kete beripti.

— Balani’n’ juwabi’na ha’mme hayran qali’pti’.

— Yendi yekinshi sorawi’m, — depti ba’s ken’esgo’y. — Ma’nisi wo’tkir u’sh naqi’l ayt.

Bala tag’i’ woylani’p turmastan:

— Taqi’r bas tazdi’ ku’nleydi, Soqi’r sawdi’ jetelemes bolar, Iyt patshag’a da u’redi, — depti taq-taq so’ylep.

— Astawpi’ralla, astawpi’ralla! — dep patsha ken’esgo’yi jag’asi’n uslapti’.

— Yendi u’shinshi sorawi’m, — depti bas ken’esgo’yi, — sen so’zdi qay qulag’i’n’ menen yesitkendi, al zatti’ qay ko’zin’ menen ko’rgendi maqul ko’resen’?

— Geyde mag’an yeki qulaq ta kerek. Geyde birewi de jetkilikli. Al, geyde yekewi de kerek yemes, — depti bala.

— Tu’sindirip ayt, — depti bas ken’esgo’y.

Geyde yeki qulaq ta kerek degenim, wo’zin’ ushi’n ku’ta’ za’ru’r so’zlerdi yeki qulaq penen de ten’dey ti’n’law kerek. Al, geyde birewi de jetkilikli degenim, shug’i’l so’zlerdi birewi menen ti’n’law kerek. Wo’ytkeni, wol yekinshisinen shi’g’i’p ketetug’i’n bolsi’n. Al, geyde yekewi de kerek yemes degenim, wo’zime za’ru’r bolmag’an so’zlerge qulaq tu’rmeymen, — depti bala.

— Al, ko’riw ma’selesine kelsek, wol da sonday. Geyde yeki ko’z benen ko’riwge, geyde yeki ko’zdi tas qi’li’p jumi’wg’a da tuwra keledi.

Bul juwapti’ yesitken patshani’n’ qi’zi’ Ari’slandi’ unati’p qali’pti’.

— Yendi yekinshi sha’rtke wo’temiz, — depti patsha. — Menin’ yen’ genje hayali’mdi’ qa’stelikten qutqari’p beresen’.

— Meyli, — depti bala.

Wolar patshani’n’ hayali’ jatqan sarayg’a kelipti. Bala hayaldi’n’ tami’ri’n uslap ko’ripti de:

— Bul hayalg'a yele heshkim tati'p ko'rmegen taza bulaq suwi' za'ru'r, — depti.

— Taza bulaq suwi'? Woni' qaydan tabami'z? Bolmag'an ga'pti aytpa! Bul bala awzi'mi'zg'a i'lay si'ypamaqshi', — depti patsha ha'm ja'lladlarg'a woni' darg'a asi'wdi' buyi'ri'pti'.

— Taqsi'r, aytqani'n'i'z duri's. Biraq, woni'n' ko'zin yeki da'w jawi'p tur. Bulaq da'wlerdi ko'terip atli'g'i'p shi'g'i'wg'a a'zzilik yetedi, — depti bala. Balani'n' ayti'wi' boyi'nsha patsha da'rwazada turg'an yeki da'wdi aldi'ri'pti'. Da'wler ketiwden-aq wolar turg'an wori'nnan bulaq suwi' atli'g'i'pti'. Wonnan patshani'n' hayali'na ishkizipti. Bulaq suwi'n ishken hayali' ko'zin ashi'p, worni'nan turi'pti'. Al, bulaqti'n' ko'zin jawi'p turg'an yeki da'wdi darg'a asi'pti'.

— Yendi son'g'i' sha'rt, — depti patsha.

Bala tag'i' ko'p irkilmey dani'shpanli'q ga'plerden ayta bas-lapti'.

— Bir patshani'n' bir tabaq alti'ni' urlani'pti'. Wa'zirler bir xi'zmetkerden gu'manlani'p, woni' uslap ali'pti'. Biraq, wol ayi'bi'n moyni'na almapti'. Sol waqi'tlari' shette woti'rg'an bir g'arri':

— Mine, mi'na jerdi qazi'n'lar, — dep hassasi' menen bir jerdi ko'rsetipti. Gu'man menen uslang'an adam yerksiz «who!» dep jiberipti. Sol jer qazi'p ko'rilse, urlang'an alti'n shi'g'i'pti'. Sonda patsha g'arri'dan: — Alti'nni'n' ko'milgen jerin qalay bildin'? — dep sorapti'.

— Wol na'ma'rt yeki ko'zin sol jerden ayi'rmadi', — depti g'arri'.

Bir dani'shpan aqmaq patshani'n' woqti' ni'shang'a tiygize almay turg'ani'n ko'rip, wo'zi ni'shanni'n' jani'na bari'p turi'p ali'pti'. Ji'ynalg'anlar: — Nege wonday yettin'? — dep sorapti'. Dani'shpan wolarg'a: — Woq mag'an tiyip ketpesin dep saqli'qtan kelip woti'rdi'm, — depti.

Bir ashi'wshaq patsha boli'pti'. Wol arzi'mag'an na'rsege ashi'wlani'p, natuwri' pa'rman shi'g'ara beredi yeken. Is bul awhalda dawam yete berse aqi'beti jaman bolatug'i'ni'n tu'singen wa'zir bir sumli'q woylapti'. Patshani'n' qaq man'-layi'ndag'i' diywalg'a «Ashi'w kelse, aqi'l ketedi» dep jazi'p

ketipti. Sonnan keyin patsha ne islese de, ne aytsa da, yerksiz diywalg'a qarap, woylani'p so'yleytug'i'n ha'm woylani'p hu'kim shi'g'aratug'i'n boli'pti'».

Ari'slanni'n' bul ga'plerin patsha sarayi'ndag'i'lar uyi'p ti'n'lapti'. Balani'n' aqi'lli'li'g'i'na, yer ju'rek ha'm qaysarli'g'i'na qayi'l qalg'an patsha wog'an qi'zi'n beriwge i'razi' boli'pti'.

Patshani'n' qi'zi' da jigittin' aqi'lli'li'g'i'na quwani'p, wog'an turmi'sqa shi'g'i'wg'a qayi'l boli'pti'. Balag'a patshali'qti'n' qa'legen jerinde ju'riwge huquq berilipti.

Bir ku'ni Minay menen Ari'slan bag' aralap shi'g'i'pti'. Jolda wol qi'zg'a;

— Minay, men seni jaqsi' ko'remen. Yendi yekewimiz wo'mirinshe joldas bolami'z. Biraq, bir na'rseni sennen jasi'rmay ayti'wi'm kerek. Bul jaqqa kelgendegi maqsetim, xalqi'mni'n' ma'pi. Sen mag'an ja'rdem beriwin' kerek, — depti.

— Ayt, ayta ber, a'lbette ja'rdem beremen, — depti Minay.

— Bizin' tirishiligimiz qa'wip asti'nda. Ten'izimizdin' suwi' quri'p, xali'q tu'rli nawqaslarg'a ushi'rap ati'r.

— Mi'na bultlar patshali'g'i'ndag'i' bultlardi'n' ti'g'i'ni'n da ala almaysan'. Wo'ytkeni, bultlardi'n' ti'g'i'ni'ni'n' gilti jalmawi'z kempirdin' arshasi'nda saqlawli'. Tek men woni' qalay aldawdi'n' hiylesin bilemen. Ha'zir-aq biz woni'n' u'yine barami'z. Biraq, wol seni ko'rmewi kerek. Men woni' aldasti'ri'p ga'pke aylandi'raman. Shashi'ni'n' ushi'na baylang'an arshani'n' giltin sheship ali'p, sag'an i'laqti'raman. Sen arshani' ashi'p, bultlar ti'g'i'ni'ni'n' giltin alasan'.

Wolar tap usi'layi'nsha islepti. Jalmawi'z kempir sezbey-aq qali'pti'.

— Buni'n' menen is pitken joq, — depti Minay. — Tag'i' jalmawi'z kempirge bari'wi'mi'z kerek. Bul ret wog'an ko'rinsen' de boladi'. Aqi'ri', bultlar ti'g'i'ni' jeti qabat temir menen qaplang'an. Woni' buzi'w qi'yi'n. Jalmawi'z kempirdi aldasti'ri'p, kemesin aydatsaq, isimiz rawaj. Sebebi, wol keme menen bultlardi' aydap, bir-birine soqli'qti'radi'. Na'tiyjede, shaqmaq payda boladi'. A'ne, temirlerdi sol shaqmaq arqali' yeritemiz. Wolar jalmawi'z kempirge kelipti:

— Jalmawi'z kempir, mi'na jigit Jerden bizge miyman boli'p kelgen. Qoli'nda bultlar patshali'g'i'ni'n' gu'wali'g'i' bar. Woni' kemen'izge mindirip, patshali'qti' bir qi'di'rti'n', — depti.

— Meyli, maliykam! Sizin' aytqani'n'i'z bolsi'n.

Bala kemede uzaq qi'di'ri'pti'. Bultlar bir-birine soqli'g'i'si'p, ku'shli nayzag'ay payda boli'pti'. Bultlar ti'g'i'ni'ni'n' jeti qabat temiri yerip tu'sipti. Son' bala menen qi'z ti'g'i'nni'n' qulpi'n ashi'p sarayg'a qayti'pti'.

— Yendi sen bul giltke bekkem bol. Jerge ali'p ketsen' de boladi'. Bul jaqta qalsa, jalmawi'z kempir bultlarg'a tag'i' ti'g'i'n basi'p, qulpi'ri'p taslaydi'. Bul jerde bunnan basqa gilti joq, — depti qi'z.

Ko'p uzamay Ari'slan bultlar patshali'g'i' menen xoshlasi'p, su'yiklisi Minaydi' wo'zi menen birge Jerge ali'p ketipti. Jerge kelse, ten'iz u'sti dumalani'p, jawi'n sheleklep quyi'p ati'r yeken.

Da'ryalar patshali'g'i'na jol alg'an Azattan xabar yesitin'. Wol Iyrim da'ryasi' ushi'n basi'lg'an bo'getlerge patsha ta'repinen qi'rq bo'getke qoyi'lg'an qi'rq aydarhani' joq yetiw kerek yeken. Qullasi', bes mi'n' shaqi'ri'm jer ju'rip, da'ryalardi'n' birinin' son' birinin' bo'getleri ali'ni'p, Iyrimge suw tu'siriwi tiyis.

Qi'rq aydarhani' wo'ltiriw Azatqa an'sat bolmapti'. Wol tek yer ju'rek, ma'rt bolg'anli'g'i' sebepli aydarhalardan qori'qpay ayqasi'pti'. Wolar awzi'nan wot u'plep, balani' jag'i'p jibermekshi boli'pti'. Biraq, u'stine sawi't kiyip alg'an Azatqa wol ta'sir yetpepti.

— Woho! Bul qanday qu'diretli ku'sh! — dep hayran qali'pti' aydarhalar. — Biz bunday yer ju'rekti ko'rmegen yedik. Ko'rdin' be, bizlerdin' aldi'mi'zdag'i' jigirma aydarhani'n' basi'na jetken yeken-da', wol!

— Qarsi'lasqani'n'i'z benen paydasi' joq. Ba'ribir ba'rin'izdin' gellen'iz ketedi, — depti Azat.

Toqta, toqta! Bu'ytip ha'ddin'nen aspa! Bilip qoy, da'ryalar patshasi'ni'n' aldi'na jetpey-aq bizlerdin' qarni'mi'zda bolasan', —depti qa'ha'ri kelgen jigirma birinshi aydarha.

— Jep bopsan'! Qa'ne, sol jeytug'i'n tislerin'di qag'i'p alayi'n! — depti Azat ha'm woq jaydi' aydarhani'n' qatarlasqan

jeti basi'n go'zep ati'p jiberipti. Woq aydarhani'n' jeti basi'na birden shanshi'li'pti'.

Azat qoli'ndag'i' si'zi'lmag'a tag'i' bir ret qarap ali'pti' da, jigirma yekinshi aydarha qori'p jati'rg'an bo'getke kelipti. Bul aydarha menen de uzaq ayqasi'p, woni' wo'ltiripti. Son' jigirma u'sh... jigirma bes... woti'z bes... qi'rqi'nshi' aydarhag'a kelipti. Yesaplap qarasa, aradan u'sh ji'l wo'tipti. Azatti' ko'rgen qi'rqi'nshi' aydarha qarsi'li'q ko'rsetiw paydasi'z yekenin tu'sinipti.

— Hu'rmetli bati'ri'm, men senin' dan'qi'n'di' yesittim. Yeger sen meni wo'ltirmesen', sag'an jaqsi'li'q yeteyin.

— Sag'adag'i' suw isher, ayaqtag'i' uw isher — degen naqi'l bar. Da'ryalar patshasi' barli'q suwdi' baylap, wo'z patshali'g'i'n abat yetip ati'r. Wo'zge xali'q ta'g'dirin woylamaydi'. Aqi'ri', patsha rehimsiz boladi' g'oy. Men seni wo'tkerip jiberemen. Bo'getti de wo'zim ali'p taslayi'n, — depti qi'rqi'nshi' aydarha. — Sen tuwri' patshani'n' aldi'na jol al. Biraq, da'ryalardi'n' bo'getin ali'wg'a kelgenin'di aytpa. Toyi'n'a kelgen bati'rman deysen', wol jerdegiler seni quwani'p qarsi' aladi'. Sebebi, yerten' qi'rq patshali'qtan shaqi'ri'lg'an palwanlar gu'reske tu'sedi. Patsha sol gu'reste jen'gen bati'rg'a kim boli'wi'na qaramastan qi'zi'n bermekshi. Yeger, gu'reste jen'ip, qi'zi'n ala qoysan', wonda isim won'i'nan keldi dey ber. Qi'zi'n alsan' taji'-taxt ta seniki. Wo'zi qartayi'p boldi'ri'p qaldi'.

Azat aydarhani'n' ken'esin wori'nlapti'. Shi'ni'nda da, patsha sarayi'ndag'i'lar woni' bati'r retinde ku'tip ali'pti'. Yerten'ine palwanlardi'n' gu'resi boli'p, Azat jen'ip shi'g'i'pti'. Wol gu'reske tu'sken qarsi'laslari'ni'n' jetewinin' qabi'rg'asi'n, u'shewinin' palwan su'yegin si'ndi'ri'pti'. So'ytip, qi'rqi'nshi' aydarha aytqanday, patsha wa'desinde turi'p, Azat woni'n' qi'zi'na u'ylenipti. Taji'-taxtqa iyelik yetipti. So'ytip, Azat da'ryalar patshasi' atani'pti'.

A'ne, sonnan berli Azat ha'm Ari'slan tolti'rg'an Iyrim toli'p-tasi'p tur yeken. Solay yetip, xali'q tag'i' baxi'tli' wo'mirge qayti'pti'.

**So'zlik**

**iyrim** — suwdi'n' do'n'gelenip, aylani'p ag'atug'i'n jeri.

**si'pi'ra** — qami'r iylew, jayi'w ushi'n ha'm un sali'wg'a arnali'p teriden, basqa materialdan islengen zat.

**nayzag'ay** — jawi'n jawar aldi'ndag'i' hawada ji'ynalg'an elektr zaryadlari'ni'n' ku'shli jari'g'i'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar.***

1. Teni'zidi suwg'a tolti'ri'w ushi'n kimler atlandi'?
2. Ari'slan bultlar patshali'g'i'na bari'p qanday sha'rtlerdi wori'nladi'? Tekstten tawi'p woqi'n'.
3. Azat da'ryalar patshali'g'i'na bari'p bo'getlerdi ashi'w ushi'n neshe aydarha menen gu'resip jen'ip shi'qti'?
4. Yertekte berilgen «Ashi'w ari'z, aqi'l dos» ha'm «Sag'adag'i' suw isher, ayaqtag'i' uw isher» naqi'llari'ni'n' ma'nisin tu'sindirin'.
5. Yertektin' son'i'nda «da'ryalar patshasi'» kim boldi'.

## Naqi'llar

1. Bilegi ku'shli birdi ji'g'adi',
   Bilimi ku'shli min'di' ji'g'adi'.
2. Ko'z — qorqaq, qol — bati'r
3. Miynet tu'bi — ra'ha't.

## ALLANAZAR A'BDIEV

## WOYI'NNAN WOYMAQ

Qoni'sbay mektepten kelip awqatlandi'. Son' ku'ndegi a'detinshe divanda jati'p, bir saattay uyqi'lap ta aldi'. Jaqsi' ti'ni'g'i'p, kewli sergek tartti'. Bet-qoli'n juwi'p, su'rtindi. Keyin papkasi'n ali'p, u'yge tapsi'rmalardi' wori'nlawg'a woti'rdi'. 5-klastag'i' a'japasi' Anardi'n' ja'rdeminde qaraqalpaq tili, matematikadan berilgen tapsi'rmalardi' tayarladi'. Yendi su'wret pa'ninen tayarlasa boldi', keshke shekem qoli' bos, arqayi'n televizor ko'rip woynasa da boladi'.

Mug'allim jaydi'n' su'wretin sali'p keliwdi tapsi'rg'an yedi. A'japasi' Qoni'sqa jaydi'n' su'wreti bar wo'zinin' kitabi'n u'lgi ushi'n berip:

— Usi'g'an qarap sala ber. Aldi'n basqa bir qag'azg'a sali'p qoli'n'di' u'yretip al. Son'i'nan su'wret da'pterin'e salasan'. Men apama u'y jumi'slari'na ja'rdemlesemen. Kerek bolsam shaqi'rarsan', — dep tu'sindirip shi'g'i'p ketti.

Usi' ma'ha'l Qoni'sti'n' woti'rg'an wo'jiresinin' a'ynegi taqi'ldadi'. Wol a'ynek aldi'na juwi'ri'p barsa, qag'i'p turg'an qon'si'si', klaslasi' Joldas yeken. Qoli'nda tobi' bar.

— Qoni's, ju'r, arg'i' ko'shenin' balalari' menen bizin' ko'shenin' balalari' futbol woynayjaq. Kettik.

— Joq, — dedi Qoni's. — Sabaq tayarlap ati'rman.

— Kelip tayarlaysan'-g'o ju'rse. Shi'q tez.

Joldasti'n' yesi-da'rti woni' futbolg'a ali'p ketiw. Sebebi, Qoni's jaqsi' woyi'nshi', a'sirese, da'rwazada tursa, yekinshi ta'rep top wo'tkeriwden gu'derin u'ze berse de boladi'. Maymi'lday shaqqan, sheber da'rwazaman. Sonli'qtan ali'p ketejaq, wo'tken sapardag'i'day uti'li'p qali'wdan qorqi'p turi'pti'.

— Keyin baraman.

— Basqalari'n boldi'n' ba?

— Awa.

— Way, wonda yemi an'sat g'oy. Men degen ju'da' suli'w yetip si'zi'p qoydi'm. Qoni's, tez, sonday suli'w, shi'rayli', «5» alatug'i'nday yetip sali'wdi'n' joli'n u'yreteyin be?

— U'yret, — dedi wol qi'zi'qsi'ni'p.

— Biraq, mug'allimge ayti'p ju'rmeysen'.

— Yaqshi', — dedi Qoni's woylanbastan-aq.

— Bizin' u'yde jaydi'n' su'wreti si'zi'lg'an kitap bar. Wol kitaptag'i' jaydi'n' su'wreti bar betinin' asti'na su'wret da'pterin'nin' taza betin qoyasan' da, u'stinen ruchkani' qatti' si'zasan' — da'pterge su'lderi tu'sedi. Sol su'lder boyi'nsha qa'lem menen si'zi'p shi'g'a qoyasan'. Jaydi'n' da'l wo'zi boli'p shi'g'adi' ha'm tez bolasan'. Men jan'a so'yttim. Kitapti' a'kelip bereyin be?... He, aytpaqshi' 5-klastag'i' a'japamni'n' kitabi' g'oy. Senin' de a'japan' besinshide woqi'ydi', soni'n' kitabi'n alsesh. Men u'yge bari'p ju'rmey-aq qoyayi'n. Bol, tez si'zi'p al da, ju'r. Sen barmasan' bolmaydi'. Wo'tken ha'ptedegidey ja'ne uti'li'p qalami'z. Wonda da sen barmap yedin'. Yendi bu'gin ja'ne uti'latug'i'n bolsaq, di'm uyat boladi', shermende bolami'z. Mazaqqa qalami'z.

— Joldas, men kitapti' bu'ldire almayman. Sen de kitapti' bu'ldirip qa'te islepsen'. Kitap bu'lingen, woni'n' u'stine

wo'zin' sali'p u'yrenbesen' ne paydasi' boldi'? Qoni'sti'n' da qatti' woynag'i'si' kelip tur yedi. Lekin, dosti'ni'n' bunday islegeni wog'an maqul tu'spedi. Wol ha'rqashan da, mektepke barg'ali', yag'ni'y u'sh ji'ldan berli, ag'asi', apasi'ni'n' u'yretip taslag'ani', sabaqlari'n tayarlamay woyi'n-poyi'ng'a bet burg'an yemes, sol wog'an u'rdis boli'p ketken. Ha'zir de taza topti' ko'rip, arqasi' qozsa da shi'qqi'si' kelmedi.

— Ha'y, wo'zin' bil wonda. Bir ret wo'ytken menen su'wret sabag'i'nan to'menlep ketersen' be? Sen de bir ti'rji'ydi'n' g'oy.

— Joldas, ti'rji'yi'p woti'rg'ani'm joq. Bir saatlardan keyin woynayi'q. Sog'an shekem sali'p bolaman.

— Woynap kelip-aq salg'anda ne qi'ladi'?

— Bir woyi'ng'a shi'qqannan keyin, ku'ndi bati'rmay qayta alami'z ba? Woni'n' u'stine sharshap kelesen', su'wret sala alasan' ba, sag'an? Sabaqlari'mdi' tayarlamay woyi'ng'a shi'qsam, apam baqi'radi'.

— Hay, qoysa, u'seytip ko'shenin' abi'royi'n tartpasan' yekinshi ret woyi'ng'a qospaymi'z. Seni joram dep ju'rmenaw.

Joldas tap ji'lag'anday boli'p wo'kpelep, qoli'n bir siltep maydani'na qaray juwi'ri'p ketti. Shi'ni'nda da, woni'n' wo'kpelewinin' reti bar. Sebebi, yekewi jan jora, ha'tteki, klasta bir partada woti'radi'.

Bir waqi'tta Joldas ja'ne a'ynekti qaqti'.

— Qoni's, aytpashaq, menin' jan'ag'i'day yetip kitaptan ko'shirip si'zg'ani'mdi' mug'allimge ayti'p qoyma. Jan'a aytpayman dep yedin' g'oy. Wa'den'de tur, yaqshi' ma?

Qoni's nenin' ne yekenin bilmey turi'p «aytpayman» dep wa'de berip qoydi' g'oy. Bunday kitapti' bu'ldirip, mug'allimdi aldap, jaqsi' sali'wdi'n' ko'zboyawshi'li'q joli'n u'yretpekshi yekinin aldi'n bilgende kelisim bermes yedi. Ha'zir bolsa wo'z so'zinen wo'zi uslani'p woti'r. Sonli'qtan basi'n iyzedi. Son' bari'p stuli'na woti'ri'p, su'wret si'zi'wg'a kiristi.

Wol u'sh-to'rt betti shi'jbaylap bu'ldirdi. Ani'g'i'nda bu'ldirgen joq-ta', biraq salg'an jayi' wo'zine unan'qi'ramadi'.

Qapi'lg'i'r, kitaptag'i'ni'n' da'l wo'zindey shi'rayli' shi'qpay ati'r. Wo'z isi menen mashqul, wol waqi'tti'n' da wo'tkenin bilmeydi. Bir payi'tta ja'ne a'ynek du'kildedi.

— Kimsen'? — dep dawi'slap a'ynek aldi'na barsa, kelgen Joldas yeken. Yentigip zorg'a demin aladi', top quwalap sharshag'an, woni'n' u'stine juwi'ri'p kelgen bolsa kerek.

— Al, Qoni's, ju'rmesen' bolmay turi'pti'. Birinshi taym tamam boldi'. Bizler u'shke nol boli'p uti'li'p ati'rmi'z. Da'rwazada Pirniyaz turi'p yedi. Wo'zin' bilesen' g'oy, woni'. A'ytewir, arqayi'n uslawg'a bolatug'i'n topti' da uslap bilmeydi: yebi joq. Boldi'n' ba?

— Yaq, bolg'an joqpan. Ha'zir won bes-jigirma minutlardan bari'p qalarman. Shamalap turman.

— Qoysa, ju'rse tezirek. Ha'zir yekinshi taym baslanadi'. Yendi bizler wolarg'a gol urg'i'zbay, wo'zlerimiz keminde to'rt gol, qapi'lg'anda u'shewin wo'tkermesek bolmaydi'.

— Bara ber, men azg'antaydan baraman.

Bir su'wretin yezip ja'ne-ja'ne sala bergennen keyin wonin' qoli' u'yrenisip, ko'nligip te qalg'an yedi. Biraq, sonda da yele su'wret wo'zinin' woyi'ndag'i'day boli'p shi'qpay woti'r. Lekin, wol jaqqa da barmasa bolmaydi'. Joldas ja'ne jag'daydi' ayti'p ketti, bir jag'i'nan wo'zinin' de woyi'ng'a barg'i'si' kelip woti'r. Soni'n' ushi'n jaydi'n' su'wretin asi'g'i's pitkerdi de, kitap-da'pterlerin ji'ynasti'ri'p, woyi'n maydani'na qaray qustay ushti'.

Hapli'g'i'p kelse, yesap beske bir yeken. Ko'she balalari' da'rhal Pirniyazdi'n' worni'na da'rwazag'a Qoni'sti' shaqi'rdi'. Woyi'n qi'zi'p ati'r. Qoni'sti'n' ko'shesinin' balalari' da futboldi' jaqsi' woynaytug'i'n yedi.

Lekin, sheber da'rwazaman joqli'g'i' sebepli wo'tken sapari' ha'm usi' woyi'nni'n' birinshi taymi'nda uti'li'p qalg'an. Wolar yendi ta'jiriybeli da'rwazaman kelgennen keyin arqayi'nlasi'p, qorg'ani'wdi' qoyi'p hu'jimge wo'tti. Bes minut wo'tpey bir topti' wo'tkerip u'lgerdi. Birli-yari'm da'rwazag'a tebilgen topti' Qoni's maymi'lday shaqqanli'q penen qaytari'p turdi'. Solay yetip, woyi'n aqi'ri'nda yeki komanda da alti'g'a-alti' boli'p, woyi'n ten'ge-ten' menen juwmaqlandi'. Balalar u'ylerine qaytqanda quyash ta batqan yedi.

Qoni's azanda yerte turdi'. Su'wret sabag'i'nan tapsi'rmani' toli'q, woyi'ndag'i'day yetip wori'nlamag'ani' yadi'na tu'sken wol da'pterin ashi'p su'wretke ja'ne qaradi'. Jaman yemestey. Yeger ja'ne yari'm saattay shug'i'llang'anda bunnan jaqsi', suli'w boli'p shi'g'ar yedi. Netesen'. Bul da jaman yemes, «5» qoymasa da mug'allim «4» qoyari' ani'q. Su'wret pa'ni mug'allimi woqi'wshi'lardi'n' ha'mmesine partalari'nda da'pterlerin ashi'p qoyi'wi'n sorap, birme-bir ko'zden wo'tkerip, baha qoya basladi'. Joldasti'n' si'zg'an jayi', shi'ni'nda da, a'jayi'p, suli'w yeken. Woni'n' jani'na kelip su'wretti ko'rip, tan'lang'an muga'llim:

— Wo'zin' saldi'n' ba? — dep soradi'. Joldas a'ste g'ana «awa» dedi. Wog'an «5» qoydi'.

Qoni'sti'n' su'wret da'pterine birinshi ma'rte «4» bahasi' tu'sti.

— Jaqsi'. Biraq, Joldastikindey boli'p shi'qpag'an. Ko'birek qoli'n'di' shi'ni'qti'rmapsan'. Aytti'm g'oy, jaqsi' boli'p shi'qqansha sala berin', sala berin' dep.

Qoni's ashi'wlani'p, ari' keldi. Joldasti'n' kitapti' bu'ldirip, ko'shirip alg'ani'n ayti'wg'a birneshe ret woqtali'p turdi' da, so'z bergennen keyin u'ndey almadi'. Wol bolsa ma's boli'p woti'r.

Mug'allim ha'mmenin' da'pterin tekserip boli'p, Joldasti'n' salg'an su'wretin basqalarg'a u'lgi tuti'p maqtay basladi'. Usi' waqi'tta «Mug'allim» degen Qoni'sti'n' arti'ndag'i' partada woti'ratug'i'n Gu'lzadani'n' dawi'si' shi'qti'.

— Qaljanova, newe? Ne aytpaqshi'san'? — dep soradi' wonnan mug'alli'm. Gu'lzada wori'nan turdi'.

— Mug'allim, bul su'wretti Joldasti'n' wo'zi salg'an joq, woni' besinshi klastag'i' a'japasi'ni'n' kitabi'nan bati'ri'p si'zi'p, ko'shirip alg'an. Sol kitabi' ha'zir papkasi'nda. Qoni'sti' da su'wret sabag'i'nan tapsi'rmasi'n duri'sli' wori'nlatpay asi'qti'ri'p ali'p ketip, furbol woynag'an. Bag'ana maqtani'p wo'zi aytti'. Kitapti' da ko'rsetti. «5» alaman dep maqtandi'.

Joldas arti'na buri'li'p Gu'lzadag'a jaman ko'zi menen qarap qoydi'.

— Qa’ne, A’limbaev, taxtag’a shi’q! Nege qaraysan’?! Shi’q, beri! Papkan’dag’i’ jan’ag’i’ aytqan kitapti’ da ali’p kel.

Joldas na’ylaj kitapti’ ali’p, moyni’ salbi’rap taxtani’n’ aldi’na keldi.

Mug’allim kitapti’ ashi’p, jaydi’n’ su’wreti sali’ng’an betti ashi’p ko’rdi de wog’an tiyisip ketti. Baqi’ri’p ati’r. Ko’p waqi’t keyidi. Uyaltti’. Ayti’lmag’an so’z qalmadi’. Ha’tte, itibarsi’zli’g’i’ sebepli a’japasi’ni’n’ da kitabi’n wo’zinin’ papkasi’na sali’p ali’p kelgenligin de aytti’. «Yekinshi aldama, jen’ildin’ asti’ menen ju’rme» — dedi. Qullasi’, ko’p baqi’ri’slar, na’siyatlar ayti’ldi’. Keyin da’pterge qoyg’an «5»tin’ u’stinen yeki si’zi’p, son’i’nan shi’yi’ri’p, badi’rayti’p «2» bahasi’n qoydi’. Joldas buri’shtay qi’zardi’. Islegen islerinen pushayman jep, moyni’ salbi’rap to’men qarap turdi’.

Mug’allim bunin’ menen de ti’nshi’madi’. Qoni’sti’ tu’rgeltip wo’tken ku’ni ne bolg’ani’n bastan baslap ayti’p beriwin talap yetti. Wol barli’q waqi’yani’ dizip ayti’p berdi.

Barli’g’i’n ti’n’lap, woy yeleginen wo’tkergen mug’allim Qoni’sqa da: «Sen nege Joldasti’n’ ko’shirip alg’ani’n aytpadi’n’?» — dep uri’sti’. Yekinshi ret u’yge tapsi’rmani’ wori’nlawg’a itibarsi’zli’q penen qaramawi’n, bundaydi’ qaytalamawi’n yeskertip qoydi’.

Mug’allim Gu’lzadag’a haqi’yqatli’qti’ wo’z waqti’nda ashi’q aytqani’ ushi’n maqtaw so’zler ayti’p, alg’i’s bildiriwdi de umi’tpadi’.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

1. Qoni’sbay ne ushi’n to’men baha aldi’?
2. Gu’rrin’degi Joldasti’n’ ha’reketine qalay qaraysi’z?
3. Sizin’ klasi’n’i’zda da Joldas qusag’an balalar bar ma?
4. Sizler woqi’wdan bos waqi’tlari’ neler menen shug’i’llang’andi’ maqul ko’resiz?.
5. Gu’rrin’di woqi’p, mazmuni’n so’ylep berin’.

## SA’DIRBAY ISMAYLOV
*(1955)*

## BIZLER BIR U’YDE JASAYMI’Z
*(Povestten qi’sqarti’li’p ali’ndi’)*

Azang’i’ salqi’n hawadan Azat ko’kiregin kere dem aldi’. Bul woni’n’ buri’nnan son’g’i’ a’deti. Taza hawadan toyg’ani’nsha jutadi’, son’ dene shi’ni’g’i’wi’na kirisedi. Wol wo’zi jati’p shi’qqan qara u’yge qaytadan kirdi. Dala bir qansha salqi’n boli’wi’na qaramastan u’y ishi laplap turg’an yedi. Wol elektr qi’zdi’rg’i’shlari’n toktan aji’rati’p, jani’p turg’an elektr jari’g’i’n wo’shirdi. Qaytadan yesik aldi’na shi’qqani’nda apasi’ mal qora betten su’t toli’ shelekti ko’terip kiyati’rg’an yedi...

Woshaqqa wot jag’i’p, su’t pisiriwge kiristi.

Azat juwi’ni’p-shayi’ni’p ishkerilegende su’tli qoyi’w shay da dasturqang’a keldi.

— Quwatjan menen kelin yertelep jumi’slari’na ketti. Jaqsi’ uyqi’ladi’n’ ba, balam?

— Uyqi’m jaqsi’ boldi’. Qara gu’zdin’ qatti’ salqi’nlari’ da ka’r yetpeytug’i’nday elektr pechkalari’ wornati’lg’an yeken. Ji’p-ji’lli’, Azat qoyi’w shaydan ra’ha’tlene urtlap qoydi’, —shayi’n’ di’m mazali’ bolg’an ba, apa?

— Jan’a sawi’lg’an si’yi’rdi’n’ su’tinen demlengen shay bolg’annan son’, a’lbette, mazali’ boladi’ da!...

— Apa, bu’gin Berdan atam bali’q awlawg’a mira’t yetip woti’r. Barmasam qolaysi’z, woni’n’ u’stine awi’ldag’i’ ko’ldi ko’rmegenime de ko’p waqi’t boli’pti’.

— Alji’g’an g’arri’, aldi’mdi’ worag’an yeken. Men seni bu’gin tu’n’lik seplewge qasi’mda ali’p qalmaqshi’ yedim. Jabi’qti’ jamasi’wg’a da ja’rdem bermesen’ bir wo’zimnin’ qoli’mnan keler yemes...

— Sonda ne apa, yendi men senin’ qasi’n’da jabi’q jamasi’p woti’rayi’n ba? Balalardan uyatti’. Wolar ne deydi...

— A’y, ma’yli, sol Berdanni’n’ mi’lji’n’i’n ti’n’lawdan jali’qpasan’ bara g’oy. Biz woni’ qi’z ku’nlerimizde «Mi’lji’n’» deytug’i’n yedik. Qartaysa da sol minezi qala qoymag’an.

— Apa, men woni'n' yekinshi laqabi'n da bilemen. Woni' bir waqi'tlari' awi'l balalari' «Berdan professor» dep te atag'an qusaydi' g'oy.

— A'dira' qaldi'q, sonnan professor shi'g'i'p...

— Azat qoli'ndag'i' kesesin dasturqan shetine to'n'kerip qoydi' da, apasi'ni'n' ruqsati' menen dalag'a shi'g'i'p ketti. Woni' ko'l jag'asi'nda Berdan ata ku'ter yedi.

Irasi'nda da, qami'sli' ko'l jag'asi'nda woni' Berdan g'arri' ku'tip aldi'.

— Da'l waqti'nda keldin'-da', balam. Bali'qlardi'n' da yendi uyqi'dan turi'p woyanatug'i'n waqti'.

— Bali'qlar uyqi'laymeken?

— Uyqi'lamay... nege uyqi'lamaydi' yeken? Uyqi'lag'anda ko'zin jumbastan uyqi'laydi'-a'!

— Ko'zine suw kirip ketpey me?

— Qayaqtan kiredi... ha'y, qayaqtan kiredi... — g'arri' balag'a da'pinip basi'ndag'i' taqi'yasi'n qayi'q u'stine ati'p urdi' da, wo'zinin' qayi'qta, suw ishinde turg'ani'n ko'rip worni'na woti'ra qoydi', son' tu'rilgen jen'in jazdi'ri'p uzaq ken'kildep ku'ldi...

Azat balag'i'n dizesine shekem tu'rip, Berdan ata turg'an qayi'qqa ji'li'sti'.

— Bayag'i' uri's ji'llari', — dedi g'arri' bir uzaq a'n'gimege kirisetug'i'ni'n sezdirgendey tamag'i'n qi'ri'ni'p, ten'izdin' bir qolti'g'i'nda quralli' dushpanlar shog'i'rlani'p ati'rg'ani' haqqi'nda xabar keldi. Wolar neshe korablde ha'm qurallari' qanday yekenligi jo'ninde mag'luwmati'mi'z joq yedi. Barlawg'a bir adam jiberetug'i'n boldi'.

— Meni jiber joldas komandir, — dedim, awi'lda bali'q awlag'anman, keme aydawdi' jaqsi' bilemen, a'kem... tiyebersin Palmurat bali'qshi'...

— Soldat qi'sqa so'ylewi kerek. Sizge neshe ret yeskertemen Palmuratov joldas! — komandir mag'an buri'ldi'. «Joldas» degeni, demek, jaqsi' ko'rgeni.

— Meni jiberin'. Tapsi'rmani' bulji'tpay wori'nlayman, joldas komandir!

Wonday bolsa tek bir wo'zin' ketesen'. Sol shi'g'anaqqa bekingen jawdi'n' ku'shin ani'qlaysan'. Tapsi'rma tu'sinikli me?

— Tu’sinikli, joldas komandir!

— Wori’nla!

Asti’mda usi’nday kishkene qayi’q, suwdi’ qaq ayi’ri’p kiyati’rman. Aldi’mda jaw turg’anda da, taw turg’anda da iybener yemespen. Jawi’nger doslari’mnan uzay bergenimnen son’-aq jamg’i’r sheleklep quyi’p qoya berdi. Wo’zime kartadan ko’rsetip berilgen qolti’qqa shekem yele biraz ju’riwime tuwra keledi. Usi’ arali’qtan tuwri’ ten’izge jaqi’n jaylasqan atawg’a jetiwim tiyis, wonnan son’ sol ataw qaptali’ndag’i’ qali’n’ qami’sli’qti’ panalap barlaw jasawg’a tiyispen. Tu’ngi ses ali’sqa yesitiledi, degen menen suwdi’ si’ldi’rlatpay ju’zip kelemen. Ara-tura dushpan ta’repke de qarap uzaq ti’n’ ti’n’layman. Qayi’q ishinde shalqama jatsam dawi’slar ani’q yesitiletug’i’nday. Usi’layi’nsha atawdi’ bag’darlap uzaq ju’zdim. Jawi’n bolsa yele u’detip jawi’p tur. Qaytama bul bir jag’i’nan mag’an qolay da boldi’. Jamg’i’rdi’n’ shuwi’ldi’si’nan menin’ jaqi’nlap barg’ani’mdi’ dushpan bayqamaydi’ g’oy.

Tan’ qi’zari’p ati’p kiyati’rg’an ma’ha’lde atawg’a jetip, woni’ arg’i’ jag’ali’qtan aylana basladi’m. Bul gezde ku’ni menen ti’ni’msi’z jawg’an jawi’n da toqtag’anday boldi’. Ti’ni’shli’q. Si’lt yetken ses joq. A’ste-aqi’ri’n qami’sli’qti’ jag’alap ji’li’slap kiyati’rman. Atawdi’n’ shi’g’i’s mu’yeshine jetkende g’ana ali’stan qarawi’ti’p u’lgere qoymag’anday, biraz an’lasam da tirishilik belgisi sezilmeydi. Az g’ana waqi’t bug’i’p jatqannan keyin basi’mdi’ ko’terip alg’a ju’ze bergendi maqul ko’rdim. Tek bir g’ana korabl yeken. Yendi wonda qansha adam bar yekenligin, qural-jarag’i’n ani’qlawi’m sha’rt.

Yendi g’ana qami’sli’qqa qaray umti’li’p ju’ze bergenim, sol ko’k jelke ta’repimnen jaqi’nlap qalg’an g’arbi’zdi’n’ u’lkenligindey qi’p-qi’zi’l sharg’a ko’zim tu’sti. Bul ne ba’le? Shaytan ba, jin be? Heshqaysi’si’ da yemes... tuppa-tuwri’ mag’an kiyati’ri’pti’. Aldi’mdag’i’ jal qami’sli’qqa shekem won bes metrdey jer bar yedi. Yeskekti bari’nsha siltep, ala qashti’m. Ju’risim wo’nbeydi, al wol bolsa, men qalay qarap qashsam sol ta’repke buri’li’p quwi’p kelmekte. Asi’qpaydi’, albi’ramaydi’, a’ste-aqi’ri’n ji’lji’p kelmekte. Men wonnan sayi’n qayi’g’i’mdi’ burran’-burran’ yettirip buri’p qashaman.

Wog'an ba'ribir, menin' izimnen yerip kelmekte. Bul men ko'rmegen, yaki yele heshkim duslaspag'an fashistlerdin' ushar minasi' ma yeken? Qorqqani'mnan aldi'mnan dus kelgen bir tutam qami'sqa jabi'si'p bir wori'nda qi'ymi'lsi'z qati'p qaldi'm. Sekund sayi'n jari'li'sti' ku'temen. Wo'mirim wo'lshewli turg'anday. Qi'zi'l shar jen'il qozg'ali'wi' menen tap qulag'i'mni'n' tu'binde toqtadi', mine ko'zim menen qaptallasti'. Yendi dem alg'andi' da qoydi'm. Men qi'ymi'l-damag'ang'a yeregisip wol da qi'ymi'ldamay biraz waqi't turdi' da aqi'ri' alg'a qaray qozg'ali'p ketti-aw. U'h! Bir jag'i'nan qi'zi'l shar qayta aynali'p kele me dep te za'rrem qalmaydi'. Sol buqqan qa'lpimde yendi woni'n' bag'dari'n bayqap jati'rman. Qi'zi'l shar ji'lji'wi' menen korablge qaray ketti. Qarap turman. Ashi'q yesikten mu'mkin tesikten, ishke kirip ketti. Yendi ne bolar yeken? Ishte qansha adam bolsa, barli'g'i' joqari'g'a shi'g'i'wi' tiyis dep woylayman ishimnen. Usi'nday ala-sapi'randa wolardi'n' sani'n bilip almaqshi'man. Ha'zirshe jalg'i'z g'ana korabl, basqa jan balasi' ko'rinbeydi.

Ten'izdin' mayda tolqi'nlari' birin-biri quwi'p woynaydi'. Salqi'n samal qami'slari' aralay yesip kelip betin'di jelpeydi. Usi' payi'tlari' jer-ja'ha'ndi la'rzemge keltirip jari'li'w ju'z berdi. Ko'z aldi'mda ko'terilip barati'rg'anday tawday tolqi'ndi' g'ana ko'rip qaldi'm. Basqasi' yesimde joq. Huwshi'ma yengenimde aq xalatli' shi'pakerlerdin' «tiri, yesin ji'ynadi'» degen dawi'slari'n yesittim. Sonda sol qi'zi'l shar korabldin' ishine kirip jari'lg'an yeken. Jari'li'stan serpilgen giddiman tolqi'nlar meni qayi'qpayi'g'i'm menen atawdi'n' wortasi'na ati'p uri'pti'. Joldaslari'm meni sol ku'ni kesh-quri'n sol atawdan yemlewxanag'a jo'neltipti.

Jen'il jarali' yekenmen. Bir-yeki ku'nnen keyin-aq jawi'n-ger doslari'mni'n' arasi'nda boldi'm. Komandirim bolsa, meni sap aldi'nda aspang'a shi'g'ari'p maqtadi'. «Nag'i'z qahar-man», «Yer ju'rek jawi'nger» degenler de boldi'.

Jawdi' bir wo'zi ni'pqi'rt yetken. Tis-ti'rnag'i'na shekem qurallang'an fashistlerdin' bir korablin suw asti'na shu'mdirip jibergen, nag'i'z qaysar biz boldi'q. Solay yetip bul jaman atan'ni'n' abi'rayi' jer jari'p, bir ko'terilip qalg'an yedi. Si'rli' qi'zi'l shi'raydi'n' si'ri'n jaqi'nda g'ana bilip ju'rmen-

aw. Wo'mirde ne bolmaydi' deysen'?! Barli'g'i'n da ko're beresen'.

— Ata, yendi qalay «Professor» atang'ani'n'di' ayti'p ber?

— Ha', bul ga'pti apan'nan yesitkensen' g'oy, shamasi'. Menin' sendey bala gezlerim...

— Jasli'g'i'mi'z qi'yi'n waqi'tlarda wo'tti. Sol qi'yi'n-shi'li'qqa qaramay mektepte sabaqlari'mi'zdan jaqsi' woqi'r yedik. Mug'allimnin' ha'r ga'pin qi'zi'g'i'p ti'n'lap qag'i'p alami'z. Bir ku'ni Wortabay mug'allim Aydi'n' da bizin' jerimizdey planeta yekenligin ayti'p qaldi'. Wonda kraterler ko'p bolar yemish. Salmaq joq, bizlerdey balalar bir arba qawi'ndi' bir wo'zi ko'terip kete berer yeken. Bunday woydi'm-woydi'm kraterler jerde de az yemes qusag'an, geybir kraterler teren'ligi jerdin' kindigine shekem baradi' yemish. Basi' usi' boldi' da, biz awi'l balalari' krater izlewge kiristik.

Ekspediciya ag'zalari' wonshelli ko'p yemes yedi. Men, yag'ni'y keleshektegi «Professor» Berdan, Arti'q ha'm A'bdisamat «Aq ko'kirek» u'shewimiz yedik. Arqan, bel, qol shami' menen qurallang'anbi'z. Paxtadan yesilgen bul shamdi' A'bdisamat «Aq ko'kirek» u'yinen ali'p shi'qti'. Wo'ytkeni, teren' kraterlerge joli'g'i'p qalsaq, jer kindigine tu'skende tapti'rmaydi' dep wo'jetlesken de wo'zi. Solay yetip, ekspediciyami'z awi'l a'tirapi'ndag'i' tog'aylardi' toli'q aralap hesh qanday belgi tappay u'mitimiz push boli'p qaldi'.

— Bir degennen isi ju'risip ketken heshqanday ekspediciya bolmag'an, woni' tariyxtan jaqsi' bilemiz, — dedi Arti'q arti'-mi'zdan yerip kiyati'r gu'n'kildep, moyi'n to'men yen'key-mesin, doslar. Bu'gin bolmasa yerten'. Aqi'ri' tabi'latug'i'ni' haqi'yqi'y g'oy. Woni' Wortabay mug'allim de biykarlamaydi'.

Ko'p ju'rip sharshag'an u'shewimiz yendi bel menen arqan da awi'rli'q yete basladi'. Arqani'mi'zdi' su'yretken qa'lpimizde bizin' go'ne qorag'a kirip keldik. Al, beldi bolsa, Arti'q ali'p kiyati'rg'an yedi. Wol ayag'i'na kirgen tikendi ali'p taslamaqshi' boli'p yen'keygende belin qaptali'na taslap jibergen. Tabani'nan pildey u'n'ilip, tikendi taslap tikeyse, ku'ni boyi' ko'terip ju'rgen beli joq. U'shewimiz

de woni’n’ a’ti-rapi’n u’nilip ju’rip izledik. Zi’mg’ayi’p shaytan ba, jin be?

— Azannan qara keshke qoli’ma uslap ju’rgende jog’almag’an beldin’ tap usi’ jerge kelgende aspang’a ushi’p ketkendey joq boli’wi’n aytsan’-a... — dey bergende Arti’g’i’mi’zdi’n’ wo’zi de ku’tilmegende ko’zden g’ayi’p boldi’. Qayda ketti yeken, si’rli’ waqi’ya ju’z berdi me?

— Tapti’m, tapti’m, mi’nda yeken! — degen dawi’s shi’qti’ jer asti’nan gu’n’girlep. Juwi’ri’p jetip barg’ani’mi’zda aji’ri’qli’q asti’nan tal-tal yesitilgen sesti g’ana sezgendey boldi’q.

— Arti’q qaydasan’?

— Men mi’ndaman... mi’nda...

U’lken aji’ri’qqa shi’rmali’p wo’sken su’tilmek sabaqlari’n ko’terip asti’na u’n’ilsek, wonsha teren’ yemes jar qabaqqa asi’li’p tur. Dizesine jeter-jetpes jerde beldin’ sabi’ da ani’q ko’rinip tur.

Mi’naw i’rasi’nda da, u’n’gir me, — dep qaldi’ A’bdisamat an’qawlani’p. Woni’ dos ta’g’diri yemes, mi’na, tosattan tabi’lg’an u’n’gir qupi’yasi’ ko’birek qi’zi’qti’rg’ani’n tu’sindim. Men de beldi qoya berip ja’n-jaqti’ puqtali’q penen izertley basladi’m. Al, Arti’q usi’ payi’tta ja’rdem sorap buri’ng’i’dan da beter qi’shqi’ra basladi’.

— Baqi’ra berme?! — dep jekirindim ku’ni menen bul woyi’qti’ jeterli teksergenmen, — ko’rmey tursan’ ba, beldin’ qaptali’n’da jati’rg’ani’n, ayag’i’n’ bolsa jerge tiyip turi’pti’. Arg’i’ jag’i’n’ bolsa, jaypawi’t. Tap tabani’n ji’lan shag’i’p ati’rg’an adamday quyg’i’ra beresen’!

Usi’ so’zdin’ ayti’li’wi’ mun’ yeken, wol arg’i’ ta’repten zi’ti’p-aq shi’qti’.

— I’rasi’nda da, ji’lan bar shi’g’ar-aw! Sen ku’ni menen qalay turdi’n’? — dedi yendi woni’ A’bdisamat a’bden albi’rati’p. Arti’q u’nsiz. Qorqqannan qalsh-qalsh yetedi. Ko’zi de alari’p, uyasi’nan shi’g’i’p barati’rg’anday.

Men tu’sip ketken beldi ali’p, mayda putaqlardi’ shaba basladi’m. Bul payi’tta shuqi’rdi’n’ u’sti ashi’li’p bir ta’repi a’dewir tazalani’p qalg’an yedi.

— Mine, ko’rdin’i’z be, bul bizler izlep ju’rgen krater, — dedi A’bdisamatti’n’ ko’regenligi qozi’p.

— Shi’ni’nda da, do’p-don’gelek g’oy, kraterge ayni’may usaydi’.

Bul pikirge yekilenbesten isendim. «Krater» diametri birneshe adi’mdi’ ali’p ati’rg’ani’, tu’binin’ ji’p-ji’lmag’ay tegis boli’wi’, asti’nan si’ng’an taslardi’n’ ushi’ni’n’ ko’rinip turi’wlari’ menin’ woylari’mdi’ tasti’yi’qlag’anday yedi.

— Bunnan million ji’l buri’n bul jerde meteorit qulag’an, —dedi ja’ne A’bdisamatti’n’ wa’liyligi tuti’p, — ha’zir gewlesek kosmos qonag’i’ meteorittin’ qaldi’g’i’n tawi’p ali’wi’mi’zg’a so’z joq. Qazayi’q?

— Asi’qpa? — dedim men, a’wele ko’lemin wo’lshep alami’z, son’ kosmosli’q ji’ni’sti’n’ qanday bag’i’t penen qulag’ani’n yesaplap shi’g’arami’z.

Kraterdin’ diametri won bes adi’m shi’qti’. Shuqi’rdi’n’ tik boli’p keliwi kosmosli’q meteorit bir qi’ya yemes tikke shashi’li’p qulag’ani’nan da’rek berip turg’anday. Qag’azg’a si’zi’p wo’lshey basladi’m. Yeger meteorit da’l wortag’a shashi’li’p qulag’anda wonnan ushqan taslar u’n’girdin’ joqari’ ta’repinde irkilip qali’wi’ kerek, al basqalari’ bolsa awi’ldi’n’ bir shetinen tabi’li’wi’ itimal. Bel menen kraterdin’ to’rt ta’repin belgilep berdim de «qaran’i’zlar» dep buyi’rdi’m ana yekewine. Wolar men shuqi’g’an jerdi gewlew menen boldi’.

— Tabi’ldi’! — dedi a’llen waqi’tta Arti’qtan saza shi’g’i’p, — meteorit si’ni’qlari’!

Woni’n’ alaqani’nda qi’p-qi’zi’l si’ni’q taslar bar yedi. Al, A’bdisamat qansha yempen’legeni menen hesh na’rse taba almadi’.

— Bu’ginshe usi’ da jetedi, — dedim men bati’p barati’rg’an quyashti’n’ qi’zi’l shapag’i’na ra’ha’tlene qarap turi’p — mine, ani’q yesaplawdi’n’ na’tiyjesi, danali’q! Krater tabi’ldi’, krater!

Bizlerdin’ bul shawqi’mi’mi’z keshki ti’ni’q hawada pu’tkil awi’lg’a tarap ati’rg’an yedi. Bir worni’mi’zda sekirip du’sirlese bergennen son’ da worpan’ topi’raq worni’nan ko’shken yedi. Alaburqan shan’g’i’tti’ ko’rgen awi’l adamlari’ da usi’ payi’tta bul jerge i’rastan da, meteorit qulag’an yeken-aw dep woylarli’qtay. Samalsi’z, ti’ni’q hawada ko’terilgen shan’g’i’t ta sol ko’terilgen worni’nan taramastan tur...

— A’ne, balam, sonnan baslap men awi’lda «professor» atandi’m. Birazlari’ yelege shekem aytadi’. Biraq, yendi, awi’ldan da’lil bolarli’qtay basqa meteorit worni’ tabi’lmasa qa’yteyin.

G’arri’ a’n’gimesin tamamladi’.

***Soraw ha’m tapsi’rmalar:***

1. Azat apasi’nan ne tuwrali’ soradi’, apasi’ qanday juwap qaytardi’?
2. Berdan ata uri’sta bolg’an waqi’yalardi’ qalay ayti’p berdi?
3. Berdan atani’n’ balali’q waqti’ qalay wo’tti, woni’ ne ushi’n «professor» dep atadi’?
4. Tekstti tu’sinip woqi’p, mazmuni’n ayti’p berin’.

* * *

— Ko’ldin’ de wortasi’na kelip qali’ppi’z-aw, usi’ jerge qarmaq qursaq ta bolar yeken. Bali’q tuti’w sha’rt yemes, biraq taza hawada dem ali’w yekewimizge de paydali’. Sebep penen kewil ko’teremiz. Senin’ a’ken’, tiyebersin paqi’r, menin’ yen’ jaqi’n dosti’m yedi. Woni’n’ menen ba’rqulla usi’ a’tirapta birge bali’q awlaytug’i’n yedik. Bali’q awlawg’a shi’qti’q degenimiz benen ko’birek suw boyi’nda seyil yetkendi ta’wir ko’remiz. Suw menen aspan arasi’nda ta’biyiy baylani’s bar si’yaqli’, ti’p-ti’ni’q.

— Aspan yeki qabat deytug’i’n yedi atam, — dep so’zge aralasti’ Azat. — Buni’n’ ma’nisi ne, wol waqi’tlari’ wonshelli woy juwi’rta qoymappan. Mu’mkin, siz bilersiz?

— Atan’ bir na’rseni bilmese aytpaydi’, balam. Wol sha’rtli tu’rde yeki qabat dep atag’an. Shi’ni’nda, yeski ra’wiyatlarda aspan jeti qabat dep atalsa da, woni’ yeki jag’dayg’a bo’liwge boladi’. Buni’n’ sebebi: qi’rdag’i’lar ushi’n mi’na to’bemizdegi aspan — aspan. Al, suwda jasawshi’ haywanlar ushi’n suwdi’n’ joqarg’i’ ju’zi — aspan. Bulay dewimizdin’ sebebi suwdan joqari’g’a shi’g’i’p ketkennen keyin wolar ushi’n tirishilik te, wo’mir de joq. Tilsim bir du’nya, si’rli’ kosmos boli’p yesaplanadi’. Al, adamlar ushi’n aspan a’dewir ken’eygen. Bizler sanali’ tu’rde aspani’mi’zdi’n’ neshe qabatqa bo’linetug’i’ni’n, kosmosti’n’ shegarasi’n ani’q bile alami’z. Adamlardan bir wo’zgesheligi suw asti’ jani’warlari’

wo'z aspani'n wo'zleri pataslamaydi'. Al, pataslana qoysa, woni' qorg'ay da almaydi'. Sonli'qtan adamzat suw asti' tirishilik iyelerine ba'rqulla g'amxorli'q yetiwleri tiyis. Yen' bolmag'anda wolardi'n' ti'ni'g'i'n i'lay-lamawg'a, ti'ni'sh wo'mirine qol suqpawg'a umti'li'wi'mi'z kerek, biraq wo'mirde bulay boli'p ati'rg'an joq.

Ata, sonda du'nyada da'slep adamlar payda bolg'an ba, yaki bali'qlar ma?

— Uli'm, mi'nani' yesin'de tut. Du'nyada yen' wo'mirshen' na'rseler, yen' qa'dirli na'rseler son' payda bolg'an. Uzaq wo'tmishti tu'rlerdi yelep, yekshep woti'ratug'i'n yelewish dep tu'sinetug'i'n bolsaq, waqi't si'ni'nan yen' shi'damli' tu'rler g'ana wo'te alg'an. Bul ta'biyiy tan'lap ali'ni'w boladi'. Adamlar da ta'biyati'mi'zdi'n' son'g'i' perzenti. Bunnan bali'qlar buri'ni'raq payda bolg'an degen juwmaq shi'g'adi'.

— Bali'qlar yen' a'yyemgi tu'r bolsa, nege aqi'lli' bola almag'an?

— Bali'qlar aqi'lsi'z yemes, uli'm. Wolar so'yley aladi'. Lekin, wolarg'a tu'sine biliw kerek. Mi'sali', wo'zi bali'qlar qatari'na kiretug'i'n delfindi alayi'q, wol woylaw ha'm sezimtalli'g'i' jag'i'nan adamlardan qali'spaydi'. Wol insanlardi'n' jaqsi'li'g'i'n da, jamanli'g'i'n da ayi'ra aladi'. Wol jo'ninde sen mennen ko'birek biletug'i'n boli'wi'n' kerek.

— Shi'ni'nda da, delfinler jo'ninde ko'p woqi'g'anman. Ha'tte, wolardi'n' arqasi'na mina baylap suw asti' kemelerin apatqa ushi'ratqan.

— Balam, ti'n'la, menin' tu'sinigimshe, bizge yele ma'lim bolmag'an ja'ne bir aspan bar. Wol — da'rya, ten'iz, okeanlardi'n' ultani'. Suw asti' haywanlari'ni'n' yen' qa'dirli aspani'. Woni'n' girshiksiz, taza boli'wi' wonda jasawshi'lardi'n' ta'g'dirinin' qanday bolari'n belgileydi. Soni'n' menen birge, adamlardi'n' aspani' menen parallel ha'm qarama-qarsi' jaylasqan bolsa da, tiykari'nda bir-biri menen ko'binese, su'tinler menen baylani'sadi'. Bir so'z benen aytqanda, joqari'dag'i' aspandi' suw asti'ndag'i' sol aspan ko'terip turadi'. Suw asti'ndag'i' aspani'mi'zdi' ko'zdin' qarashi'g'i'nday qa'sterley almasaq, to'bemizdegi aspani'mi'z irip-shiriydi.

— Sonda qalay, ata? Suw asti'nda...

— He balam, tan'lanba, suw asti'nda wo'mir bar. Tiykari'nda biz adamlar a'wladi' da suw asti'nan shi'qqanbi'z, suwda payda bolg'anbi'z. Sol aspannan dem alg'anbi'z, ka'malg'a kelgenbiz. Yendi bolsa biz wo'z pari'qsi'zli'g'i'mi'z benen yeki aspani'mi'zdi' da pataslay basladi'q. Yag'ni'y, biz wo'zimiz an'lamag'an, qa'lemegen bolsaq ta, wo'zimiz woti'rg'an shaqani' jarg'i'lap ati'rmi'z.

— Ju'da' wonshelli yemes g'oy, ata... Siz qatti' ketip ati'rsi'z. Keleshek a'wladlar ushi'n da bul aspan taza qa'lpinde saqlani'p qaladi'. Bul ushi'n barli'q ilajlar islenip ati'r g'oy.

— Islenip ati'r, bug'an dawi'm joq. Lekin, kesh qalmadi'q pa yeken, uli'm?

Men juwap berip u'lgermesimnen buri'n-aq g'arri' worni'nan turi'p ketti. Ali'sta suw u'stinde quyi'ldi'ri'p, zi'mi'rap kiyati'rg'an motorli' qayi'q ko'rindi. Qami'slardi' jari'p ha' demey-aq, qasi'mi'zg'a toqtadi'. Tolqi'nlardi'n' yepkini bizin' qayi'g'i'mi'zdi' g'arq yetejaqtay ten'seltip jiberdi.

— Ha', brakonerler! Shan'qay tu'ste bali'q awlawg'a shi'qti'n'lar ma? Sen g'arri'da uyat degen na'rse bar ma wo'zi? Bul jerde bali'q awlawg'a bolmaydi' dep neshe ret aytaman sag'an!

Toli'g'i'raqtan kelgen sari' jigittin' sa'leminen buri'n a'kesindey adamg'a ali'p-topi'li'wlari' g'i'ji'rdani'mdi' qaynati'p jiberdi. Lekin, u'ndey almadi'm. Berdan ata birden shalt worni'nan turdi'.

— Brakonerin' ne? Biz wo'ytip bali'qqa qi'ran keltirip ati'rg'ani'mi'z joq. Bilsen', ha'zir bali'q awlawdi' qadag'an yetetug'i'n waqi't yemes, woni'n' u'stine bizler qarmaq penen shi'qqanbi'z. Bir-yeki bali'q alsaq alami'z, almasaq jay qi'di'ri'spa yetip qayta beremiz. Wo'nes-ay, brakoner kerek bolsa, basqa jaqtan izle.

— G'arri', ko'p so'z benen basti' qati'rma. Bul jerden ket dedim be — ket, ga'p tamam.

— Al, ketpegenim, — g'arri' ashi'wdan terisine si'ymay isinip, jelke tami'rlari' da bo'rtip ketkendey tu'yildi, — jutti'ratug'i'n qurbaqan' bolsa — jutti'r...

— Tasla! — dedi wol aqi’ri’nda ushqi’shqa, — amanali’ni’n’ besewin de tasla! Ayama, g’arri’ni’n’ da u’stine tasla! Ko’rip aldi’m men bul jerdin’ jabayi’lari’n!

Motor dawi’si’ gu’rildedi. Ko’p uzamay suwdi’ aspang’a shapshi’ti’p amanali’ jari’ldi’.

Jarali’ tolqi’nlar wo’ksip-wo’ksip kelip jag’ag’a uri’lar, son’ shi’lpa’rshe boli’p keyin serpiler yedi.

Wolar u’sh ku’n degende yesine keldi. Balani’n’ basi’ tan’i’wli’ yedi de, g’arri’ni’n’ qollari’ gipslengen. Shi’pakerlerdin’ ayti’wi’nsha wolar awi’r awhalda ali’p kelingen yedi. Keyin bilse, waqi’ya bi’lay boli’pti’. Vertolyottan taslang’an amanali’ni’n’ birewi qayi’qqa jaqi’n tu’sip jari’li’pti’. Jari’li’s tolqi’ni’ qayi’qti’ joqari’ bir ko’terip taslag’ani’nda, Berdan ata Azatti’ tas qi’li’p uslap alg’an yeken. Qayi’q suwg’a soqli’qqanda, Azatti’n’ basi’ yernewge uri’li’p, g’arri’ni’n’ qoli’n qayi’qti’n’ qi’ri’ won’bag’anday yetipti. Awi’l adamlari’ wolardi’ awi’r awhalda yemlewxanag’a ali’p kelgen yeken.

Berdan atani’n’ qoli’ iykemge kelip, palatadan kirip shi’g’a alatug’i’n da’rejege jetkende, ku’nlerdin’ birinde ko’l qori’qshi’si’ kirip keldi. Bayag’i’ ali’p-topi’lg’an aybati’ joq.

— Ata, densawli’g’i’n’i’z qalay? Jaqsi’ boli’p kettin’ler me?

— Shu’kirmiz, balam. Senin’ sharapati’n’nan usi’nday ku’nlerge tu’sip qaldi’q. Wo’zin’ amanbi’san’, a’ytewir? Basli’g’i’n’nan baqi’ri’s yesitpedin’ be? Bir tekshe hamalg’a wo’sirgen bolar?

— Qayda, ata...sol na’letiylerdi jolatpawi’m kerek yeken,— dedi g’arri’ni’n’ kekesinin abaylag’an qori’qshi’, — iyt terimdi basi’ma qapladi’.

«Buyri’qti’ nege wori’nlamaysan’», Ko’lde nege adam ju’rgizesen’?» «Haywansan’, aqmaqsan’!» «sotlati’p jiberemen!»

Ko’lde amanali’lardi’ jarg’annan keyin, tula boyi’mdi’ ko’kala qoyday yetti. Jon arqamnan qayi’s penen shupqi’rtti’, son’ amanali’ taslag’an biz boli’p shi’qti’q. Wolar vertolet penen qori’q jerlerdi aralap ju’rip usi’nday qi’lmi’sli’ istin’ u’stinen tu’siptimish. Ko’lge keltirilgen zi’yan, wo’ltirilgen bali’qlar... barli’g’i’ menin’ moyni’ma sho’kti. Wo’limshi tayaq jegenimdi aytpay-aq qoyayi’n. Ha’zir tergewdemen. Jaqi’nda

sud boladi’. Biraz ji’ldi’ moyi’ng’a qi’yi’p saladi’ g’oy deymen. Aldi’n’a bas iyip kelip ati’rman. Tu’kirsen’ minaw betim. Ayasan’ birden bir gu’wa wo’zin’. Bolg’an istin’ haqi’yqatli’g’i’n ayti’p mag’an ja’rdem yet, ata...

— Sonda iyt bolmaw kerek yedi, — dedi Berdan ata g’a’zep penen, — su’yekke ma’s bolmaw kerek yedi, mine aqi’beti, tisin’di si’ndi’rdi’n’. Jaz tiyisli jerlerge! Aqla wo’zin’di. Haqi’yqatli’q bar bolsa, aqi’ri’ bir jerden shi’g’adi’. Menin’ sag’an azg’antay da bolsa jani’m ashi’p woti’rg’an joq. Solay da, shi’nli’q ushi’n, tek haqi’yqatli’q ushi’n sag’an ara tu’semen. Ku’shim jetkenshe.

G’arri’ni’n’ bul so’zi az da bolsa qori’qshi’g’a demew boli’p, iyilgen moyni’ sa’l ko’terilgendey boldi’.

Bul is dawli’ ma’sele boli’p shi’qti’. Yemlewxanadan shi’qqannan son’, Berdan ata birden sudqa arza berdi. Haqi’yqatli’qti’ jasi’rmay aytti’. Azatti’ da gu’wag’a shatti’. Na’tiyjesi...

— Yendi kesh, — dedi ko’za’ynekli sudya yekewine gezekpe-gezek qarap, ma’sele a’lleqashan sheshilgen. Barli’q shi’g’i’n ayi’pkerdin’ moyni’na qoyi’lg’an.

Ni’zam so’zi bir boladi’. Gu’waman deysen’, shi’nli’q deysen’. Bes birdey gu’wani’n’ aldi’nda sen g’arri’ kim boli’psan’? A’ytewir, bir g’arri’ dep sud wo’z qarari’n buza almaydi’. Yendi wolarg’a zaldi’ bosati’p shi’g’i’p ketiwden basqa jol qalmag’an yedi. Berdan ata bul jerden tuwri’ ko’l jag’asi’na jol aldi’.

— Ko’l jag’asi’nda tur. Asaw tolqi’nlar ishin tarti’p kelip jag’ag’a uri’lar, son’ shi’l-pa’rshe boli’p keyin serpiler yedi...

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

1. Berdan atani’n’ aspan tuwrali’, bali’qlar tuwrali’ gu’rrin’in di’qqat qoyi’p woqi’n’.
2. Motorli’ qayi’qtag’i’ adamlar ne maqset penen kelgen yedi?
3. Berdan atani’n’ arzasi’n sud ti’n’ladi’ ma?
4. Tekstti ta’sirli woqi’n’.

## MAZMUNI’

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ma’mleketlik gimni .......... 3
Bilip qoyg’ani’n’i’z jaqsi’ .......... 4

**G’a’rezsizlik joli’ — aydi’n jol**

1-sentyabr—O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ g’a’rezsizlik alg’an ku’ni .......... 4
Heshkimge bermeymiz O’zbekistandi’ .......... 4
Kirisiw .......... 6

**Qaraqalpaq xali’q awi’zeki do’repesi — xali’q aynasi’**

Xali’q awi’zeki do’retpesi haqqi’nda tu’sinik .......... 8
Balalar qosi’qlari’ .......... 9
Tu’lkishek .......... 10
Ha’kke qayda? .......... 11
A’welemen, du’welemen .......... 11
Ha’ tu’yeler, tu’yeler .......... 12
Wo’tirik wo’len’ .......... 12
Jumbaqlar .......... 13
Jumbaq u’lgileri: .......... 13
Jan’i’ltpashlar .......... 16
Jan’i’ltpash u’lgileri: .......... 16
Ha’zirgi da’wirdegi jan’i’ltpashlardan u’lgiler .......... 17
Naqi’l-maqallar .......... 18
Naqi’l-maqallar u’lgilerinen .......... 19

**Yertekler jaqsi’li’qqa jetekler**

Yertekler haqqi’nda tu’sinik .......... 22
Sheshen bala .......... 24
Tu’lki, tasbaqa ha’m taskene .......... 30
Ti’yi’n .......... 33
Miynet penen tabi’lg’an aqsha .......... 40
An’i’zlar .......... 43
Tumaris .......... 44
Shi’raq .......... 46

**Sheshenlik wo'neri**

Jiyrenshe sheshen haqqi'nda ........................................................ 48

**Ku'ldirgi so'zler**

Wo'mirbek laqqi' ........................................................ 52
Shappasan'i'z da jetesiz ........................................................ 52
Xoja Nasraddin ........................................................ 53
A'debiyat teoriyasi'nan mag'luwmat ........................................................ 54
Xali'q awi'zeki do'retpesi menen jazba a'debiyatti'n' baylani'si' ha'm wo'zgesheligi .... 54

**Jazba a'debiyattag'i' yertekler**

Jazba a'debiyattag'i' yertek haqqi'nda tu'sinik ........................................................ 54
Mi'rzag'aliy Da'ribaev. Alti'n ju'zik ........................................................ 55
Tilewbergen Jumamuratov. Kiyiktin' yeki i'lag'i' ........................................................ 60
Jumaniyaz Wo'teniyazov. Yeki maqtanshaq ........................................................ 67
A. S. Pushkin. Bali'qshi' ha'm alti'n bali'q haqqi'nda yertek ........................................................ 71

**Tuwi'lg'an jer ta'biyati'**

Seyfulg'a'bit Ma'jitov. To'rt ma'wsim ........................................................ 80
Bayniyaz Qayi'pnazarov. Gu'z keldi ........................................................ 83
Babash Ismaylov. Awi'li'm haqqi'nda qosi'q ........................................................ 85
A'debiyat teoriyasi'nan mag'luwmat ........................................................ 86

**Xalqi'mi'zdi'n' wo'tmishtegi miyraslari'nan u'lgiler**

Jiyen Amanli'q uli'. I'lag'i'm ........................................................ 87

**XIX a'sirdegi a'debiyat**

Ku'nxoja Ibrayi'm uli'. Jaylawi'm ........................................................ 91

**Jigit qalqan bolar ana jurti'na**

A'jiniyaz Qosi'bay Uli'. Bardi' ........................................................ 93
Berdaq G'arg'abay uli'. Xali'q ushi'n ........................................................ 96
Jaqsi'raq ........................................................ 97

## XX a’sirdegi a’debiyat


A’met Shamuratov. Menin’ Jolbari’s penen joli’g’i’si’wlari’m ........ 99
Jolbari’s ti’rnag’i’nda ........ 99
Qa’wendershilik ........ 104
Jolbari’s penen ayqasti’m ........ 106
G’az atpag’a barg’anda ........ 108
Jolbari’sti’n’ tu’yege mingenin ko’rdin’ be? ........ 110
To’lepbergen Qayi’pbergenov. Mug’allimge raxmet ........ 112
Ibrayi’m Yusupov. Jaqsi’ adamlar ........ 120
Qaraqalpaqti’ ko’p maqtama ko’zimshe ........ 122
Nawriz Japaqov. Miynetim ........ 123
Xojabek Seytov. Aral tariyxi’nan ........ 125
Joldasbay Dilmuratov. Kimdiki duri’s? ........ 128
A’debiyat teoriyasi’nan mag’luwmat. A’debiy qaharman haqqi’nda tu’sinik ........ 130
Ta’jetdin Seytjanov. Ana haqqi’nda a’psana ........ 131
Aytbay Bekimbetov. Wo’mir joli’nda ........ 134
A’debiyat teoriyasi’nan mag’luwmat ........ 141
Dialog ha’m monolog haqqi’nda tu’sinik ........ 141
Sag’i’ydulla Abbazov. Milicioner keldi bizin’ ko’shege ........ 143


## Assalam, Jan’a ji’l — Nawri’z!


Xalmurat Saparov. Nawri’zli’q go’je ........ 145
Gu’laysha Yesemuratova. Jiyren ........ 147
Jiyren tu’we bas qayg’i’ ........ 147
Jiyrennin’ qosqa qosi’li’wi’ ........ 149
Abbaz Dabi’lov. Jaz ma’wsimi ........ 154
Da’wlen Aytmuratov. Asqabaq ha’m Sekerpara ........ 156
A’debiyat teoriyasi’nan mag’luwmat. Ti’msal haqqi’nda tu’sinik ........ 157
Allegoriya haqqi’nda tu’sinik ........ 158


## Tuwi’sqan xali’qlar a’debiyati’nan


A’liysher Nawayi’. Ari’slan ha’m qus ........ 158
G’afur G’ulam. ........ 160
Sum bala ........ 160


## Du’nya a’debiyati’nan


Kayqawi’s. Ata-anani’ hu’rmetlew haqqi’nda ........ 165
Dos tan’law haqqi’nda ........ 166

Nasratdin Rabg'uziy ........ 168
Nux Payg'ambar haqqi'nda ra'wiyatlar ........ 168
Qari'nbay hikayati' ........ 169
Ezopti'n' ti'msallari'. ........ 172
Tasbaqa ha'm qoyan ........ 172
Yeki qoraz ha'm bu'rkit ........ 173
Qurbaqalar ha'm qoyanlar ........ 173
Yeshek ha'm qurbaqalar ........ 174
Lev Nikolaevich Tolstoy. Kavkaz tutqi'ni' ........ 174
Mark Tven. Tom Soyerdin' basi'nan keshirgenleri (Povestten u'zindi) ........ 183

**Qosi'msha woqi'w ushi'n materiallar**

Aldar ko'se, Muxtar ko'se, Duxtar ko'se ........ 189
Sumli'g'i' basi'na jetken tu'lki ........ 195
Bayniyaz Qayi'pnazarov. Tegin nan (Xali'q yertegi boyi'nsha) ........ 198
To'lepbergen Ma'tmuratov. Isenbeymen basqa ja'nnet bar dese ........ 205
Ayi'rma ........ 206
Yaqi'pbay A'jimov. Ten'izdi tolti'rg'an yegiz bati'rlar ........ 207
Allanazar A'bdiev. Woyi'nnan woymaq ........ 217
Sa'dirbay Ismaylov. Bizler bir u'yde jasaymi'z ........ 223

**JUMANBET PIRNIYAZOV, PERDEBAY NURJANOV,
JUMAGU'L UMATOVA**

# A'DEBIYAT

5-klass ushi'n sabaqli'q-xrestomatiya

*Yekinshi basi'li'm*

«Bilim» baspasi'
No'kis — 2015

Redaktori' *S. Baynazarova*
Ko'rk redaktori' *I. Serjanov*
Tex. redaktori' *Z. Allamuratov*
Operatori' *A. Begdullaeva*

**Licenziya: AL №108, berilgen waqti' 2008-ji'l 15-iyul.**

Original-maketten basi'wg'a ruqsat yetilgen waqti' 24. 06. 2015. Formati' 70x100 1/16. Tip «Times» garniturasi'. Ofset usi'li'nda basi'ldi'. Kegl 12. Ko'lemi 15,0 b.t. 17,5 sha'rtli' b.t. 15,9 yesap b.t. Nusqasi' 11318 dana. Buyi'rtpa № .

«Bilim» baspasi'. 230103. No'kis qalasi', Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9.

«Sharq» baspa-poligrafiyali'q akcionerlik kompaniyasi' baspaxanasi'.
100000, Tashkent qalasi', Buyuk Turan ko'shesi, 41.

**Ijarag'a berilgen sabaqli'q jag'dayi'n ko'rsetetug'i'n keste**

| № | Woqi'wshi'-ni'n' ati' a'kesinin' ati' | Woqi'w ji'li' | Sabaqli'q-ti'n' ali'ng'an-dag'i' jag'dayi' | Klass basshi'si'-ni'n' qoli' | Sabaqli'q-ti'n' tapsi'ri'l-g'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'si'-ni'n' qoli' |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

**Sabaqli'q ijarag'a berilip, woqi'w ji'li' aqi'ri'nda qaytari'p ali'ng'anda joqari'dag'i' keste klass basshi'si' ta'repinen to'mendegi bahalaw wo'lshemlerine tiykarlani'p tolti'ri'ladi'**

| | |
|---|---|
| Jan'a | Sabaqli'qti'n' birinshi ret paydalani'wg'a berilgendegi jag'dayi' |
| Jaqsi' | Muqabasi' pu'tin, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen aji'ralmag'an. Barli'q betleri bar. Ji'rti'lmag'an, betleri almasti'ri'lmag'an, betlerinde jazi'w ha'm si'zi'qlar joq. |
| Qanaat-landi'rarli' | Muqaba jelingen, bir qansha si'zi'li'p shetleri qayri'lg'an, sabaqli'q-ti'n' tiykarg'i' bo'liminen ali'ni'p qali'w jag'dayi' bar, paydalani'wshi' ta'repinen qanaatlanarli' qa'lpine keltirilgen. Ali'ng'an betleri qayta jelimlengen, ayi'ri'm betlerine si'zi'lg'an. |
| Qanaat-lanarsi'z | Muqabag'a si'zi'lg'an, ji'rti'lg'an, tiykarg'i' bo'limnen aji'ralg'an yamasa pu'tkilley joq, qanaatlanarsi'z remontlang'an. Betleri ji'rti'lg'an, betleri toli'q yemes, si'zi'p, boyap taslang'an. Sabaqli'qti' qayta tiklew mu'mkin yemes. |